Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534
Katalog

Katalog # : 1534
Titel : Babad Panambangan
Versi : Pakêmpalan Mangkunagaran
Tahun : 1918
Image : Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534
Tipe : Terbitan
Bentuk : Prosa
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Menceritakan liku-liku perjalanan Raden Mas Said ketika melakukan pemberontakan melawan Pakubuwana III dan mertuanya yaitu Mangkubumi (Hamengkubuwana I). Dalam melakukan pemberontakan tersebut, Raden Mas Said dibantu oleh Rangga Panambangan yang menyumbangkan harta bendanya untuk bekal selama melakukan pemberontakan tersebut.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, gancaran, jawa, jawi
Data digital :
1. Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 001-075). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #222.
2. Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 076-152). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #779.
3. Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 153-213). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #780.
Deskripsi

Judul
Luar : -
Dalam : Sêrat Babad Panambangan
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Commissie voor de Volkslectuur
Penyusun
Jumlah : 1 dari 1
Peran : Pengarang
Peran ref. : -
Nama depan : -
Nama belakang : Pakêmpalan ngarang sêrat ing Mangkunagaran
Kedudukan : -
Lokasi : -
Tanggal : -
Jilid
Jumlah : 1 dari 1
Jilid # : 1
Series ref. : Commissie voor de Volkslectuur No. 392
Jilid titel : -
Penerbit : Indonesisê Drikkêre
Tempat : Wèltêprèdhên
Tanggal : 1918
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 213
Gambar : -
Kosong : -
Sumber
Jumlah : 1 dari 1
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 1534
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.6 x 10.6 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 213 + I-VI ringkasan cerita + 1 halaman kosong + 1 daftar isi. Angka Arab.
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Nov 2002
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #1534 Fotocopy

Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 001-075)

Alih Aksara

Katalog : Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534
Sambung :
1. Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 001-075). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #222.
2. Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 076-152). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #779.
3. Babad Panambangan, Pakêmpalan Mangkunagaran, 1918, #1534 (Hlm. 153-213). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #780.
Commisie voor de volkslectuur. Serie No. 392

Sêrat Babad Panambangan

Anyariyosakên Aluran ing Mangkunagaran Karanganipun Pakêmpalan Ngarang Sêrat ing Mangkunagaran

Kaêcap ing Indhonesi Sêdrikkêre Wèltêprèdhên 1918

--- 4 ---

Bêbuka

Wiyosipun, ingkang minôngka purwakaning Sêrat Babad Panambangan jilid I, punika anyariyosakên lêlampahanipun Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang jumênêng sapisan ing Surakarta, dipun wiwiti saking Ingkang Sinuhun Mangkurat Jawi ing Kartasura, mawi sajarahipun para lêluhur ing Mangkunagaran.

Mila sêrat punika dipun wontênakên, amargi sangking dèrèng wontên sêrat babad ingkang maligi nyariyosakên aluran ing Mangkunagaran, wontên ugi ingkang kasêbut ing sêrat babad sanès-sanèsipun amung sawatawis, punika andadosakên cuwanipun ingkang sami nguningani, môngka lêlampahanipun Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang jumênêng sapisan wau kathah patilasanipun ingkang elok, dumugi sapunika taksih wontên tôndha yêktinipun, punapadene lêlabêtanipun ingkang kenging sinudarsana.

Ing pangangkah karangan punika kangge anggampilakên sintên ingkang karsa nguningani, utawi malih para darah tuwin para têdhaking punggawa sampun ngantos botên uninga dhatêng lêlabêtaning para lêluhuripun.

Wondene sagêdipun kasêmbadan angwontênakên sêrat babad punika, botên liya saking pitulungan pèngêtanipun para darah tuwin para punggawa ing Mangkunagaran, saha malih mêthik saking:

1. Babad Tanah Jawi têmbung Jawi. Karanganipun Radèn Ngabèi Yasadipura

2. Babad Kartasura têmbung Jawi. Karanganipun Radèn Ngabèi Yasadipura

3. Babad Pacina têmbung Jawi. Karanganipun Radèn Ngabèi Yasadipura

4. Babad Giyanti têmbung Jawi. Karanganipun Radèn Ngabèi Yasadipura

5. Babad Itih Kraton Surakarta. Karanganipun Radèn Ngabèi Yasadipura

6. Babad Tanah Jawi têmbung Walandi (Prof. P.J. Veth).

7. Babad Itih ing Mangkunagaran, karanganipun Rôngga Panambangan.

8. Hikayat Tanah Indhia (têmbung Mlayu).

Karanganipun para pakêmpalan ngarang sêrat.

--- 5 ---

Punika babad ing Mangkunagaran, ingkang kangge jêjêring cariyos, nalika sasurud dalêm, Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana ingkang sapisan, ing nagari Kartasura, inggih punika ingkang jêjuluk Sinuhun Pugêr.

Bab 1. Jumênêngipun Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Prabu Mangkurat Jawi, ing Kartasura.

Wiyosipun, nalika Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana sapisan sampun surud, taksih tunggil taun, lajêng kagêntosan ingkang putra Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom, ajêjuluk Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Prabu Mangkurat Jawi, ing Kartasura, amarêngi taun Jawi 1643. Sinangkalan mantri papat ngrasa tunggal,[1] ing taun Walandi 1719.

Kacariyos, jumênêngipun sang prabu wau sampun apêputra, ingkang pambajêng kêkasih Radèn Mas Sura, pêparab Radèn Mas Sandi, miyos saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Sumanarsa, wijil ing Dhusun Kêblokan, tanah Nglaroh (Surakarta) salajêngipun kajunjung sêsêbutan Radèn Ayu Kilèn, utawi Radèn Ayu Sêpuh, rajaputra wau wiwit timur kapundhut putra angkat dhatêng ingkang paman Pangerak[2] Adipati Purbaya, lajêng kasantunan nama Radèn Mas Damar, sarta dêdalêm nunggil wontên ing Kapurbayan. Diwasanipun taksih mênangi ingkang eyang Sinuhun Pakubuwana sapisan, kaparingan nama Pangeran Riya, lajêng dipun kramakakên angsal putranipun Panêmbahan Cakraningrat ing Madura, ingkang seda wontên kapal, nama Radèn Ayu Ragaasmara, sarta lajêng krama malih angsal kalihan putrinipun [pu...]

--- 6 ---

[...trinipun] ingkang paman piyambak, Pangeran Adipati Balitar, kêkasih Radèn Ajêng Wulan, dados dhaup kalêrês sadhèrèk nak dhèrèk, inggih punika ingkang nurunakên trah-tumêrahing praja Mangkunagaran.

Amangsuli cariyos, sang prabu utusan matêdhani sêrat dhatêng Patih Cakrajaya, ingkang sawêg pêrang anggêbag pambangkangipun Adipati Jayapuspita ing Surabaya, paring sumêrêp bilih ingkang rama sampun seda, ing mangke sang prabu anggêntosi jumênêng nata ing Kartasura, sarta paring dhawuh supados Patih Cakrajaya sampun ngantos mantuk, taksih apacak baris wontên ing Surabaya ngantos sarampunging pêrang.

Kala samantên sang prabu lajêng misudha Ki Tumênggung Kartanagara, kajunjung dados patih lêbêt, minôngka sisihanipun Patih Cakrajaya.

Wiwit sajumênêngipun sang prabu ing nagari Kartasura taksih gêmah aripah tata raharja, sadaya dhêdhawuhan botên ewah kados adat kala jumênêngipun ingkang rama suwargi, sabên ing dintên Sênèn Kêmis, sang prabu miyos siniwaka, yèn ing dintên Sêtu miyos watangan. Sarêng lami-lami sang nata kagungan karsa mranata para pangeran, paring dhawuh dhatêng Patih Kartanagara, bilih ingkang rayi, 1. Pangeran Adipati Purbaya, 2. Pangeran Adipati Balitar, badhe kalorod sêsêbutanipun adipati, sarta gêgadhuhanipun siti ing Blora, dalah gêgadhuhanipun prajurit jagasura, sami kapundhut wangsul, amung kantun lênggahipun pangeran santana, jalaran lênggahipun ingkang suwau kagalih kagêngên. Patih Kartanagara sangêt anggènipun amambêngi karsanipun sang nata wau, amargi kala taksih sugêngipun suwargi ingkang rama sampun mêling wantos-wantos, ing wingking sampun ngantos nyêrikakên manahipun ingkang rayi Pangeran Adipati Balitar, [Bali...]

--- 7 ---

[...tar,] nanging sang prabu botên karsa anggalih ing atur wau, kalampahan kadhawuhakên dhatêng ingkang rayi kalih pisan. Pangeran Adipati Purbaya sarêng nampèni dhawuhipun sang prabu lajêng mupus narimah ing pandum, awit rumaos yèn kawisesa ing ratu, amung Pangeran Adipati Balitar ingkang sakalangkung garantês saha gêrah panggalihipun, ngantos kalampahan ing wanci dalu ngaturi ingkang paman Pangeran Arya Mataram, sumêdya dipun taringi[3] ingkang dados karsanipun, sasampunipun dhatêng saha lênggah satata, Pangeran Adipati Balitar ngunjal napas kalair pangandikanipun: Dhuh, paman, kadospundi badhe kadadosanipun badan kula punika, putra jêngandika kakang prabu têka kêsangêtên têmên anggènipun siya-siya dhatêng badan kula, sêsêbutan kula dipun lorot, upacara kula dipun rucati, sadaya gêgadhuhan kula sami dipun dhèdhèl, dados botên pisan-pisan angèngêti sarta ngèstokakên wêlingipun kangjêng rama suwargi, yèn makatên saèstunipun kula inggih kapêksa supe dhatêng sadhèrèk sêpuh, awit ingkang sapisan kula botên amiwiti, kaping kalih rumaos sami gadhah waris karaton ing Kartasura, mila saking kadêrênging manah kula karaton ing Kartasura sumêdya kula rêbat.

Pangeran Arya Mataram, sarêng mirêng aturipun ingkang putra sakalangkung kagèt ing galih sarta sangêt anggènipun gêtun, ngantos sapandurat botên sagêd ngandika. Sarêng sampun lêrêm lajêng amangsuli sarwi atêbah jaja: O anggèr karsa sampeyan ingkang makatên wau kula botên nyuwawèni, rèhning kula punika tiyang gêrang, pantêsipun inggih dados pêpalang, saking pangraos kula piyambak, yèn lumawana dhatêng sadhèrèk sêpuh kados botên prayogi, mila kula kumapurun mambêngi ingkang makatên, awit kadang sêpuh punika

lintuning bapa dhasar jumênêng nata, wajib dipun turut saparentahipun, [sapare...]

--- 8 ---

[...ntahipun,] malah raka jêngandika Pangeran Dipanagara, ingkang sampun balela ing ratu, madêg baris wontên ing Madiun, punika manawi kenging, prayogi dipun aturana kondur dhatêng Kartasura, sampun ngantos kalajêng-lajêngakên karsanipun, awit manawi kalampahan hara-huru, nagari nêmahi karisakan, sintên ta ingkang kecalan, inggih amung kula kalihan jêngandika sasadhèrèk sadaya.

Pangeran Adipati Balitar mangsuli atur: Saking pangandikanipun paman, inggih lêrês sadaya, ananging bilih kaka prabu wau botên adamêl sakiting manah kula, sarêng kasangêtên anggènipun siya-siya, kula botên kuwawi kaèsi-èsi ing kathah, rumaos wirang ningali dhatêng tiyang ing Kartasura, sanadyan badhe kadospundi kadadosanipun, sampun kula têmah, manah kula saya botên kenging kula ampah, dene bilih paman badhe tumut ingkang sampun jumênêng nata tur mukti wibawa, inggih môngsa boronga, dhasar kula punika tiyang nama nistha papa.

Pangeran Arya Mataram awêwarah malih: O, anggèr sampun ngantos sêling-sêrêp, kula punika tiyang sêpuh botên pisan nêdya tumut dhatêng sintên-sintên, pundi ingkang katurunan nurbuwahing Pangeran, inggih punika ingkang kula susupi, dene manawi anggèr sampun botên karsa andhahar dhatêng atur kula, kêdah kêncêng ingkang dados raosing sêdya botên langkung saking wêling kula, mugi sampeyan karsa atantunan dhatêng raka jêngandika Pangeran Adipati Purbaya, awit katêmpah sadhèrèk sêpuh, kados-kados kuwawi ambiyantoni ing karsa sampeyan, sapisan lakar widigdaya ing ayuda, kaping kalih sugih bala tur linulutan têtiyang sanagari.

Ing dalu punika ugi, pangeran kêkalih lajêng sami dhatêng ing Kapurbayan, dipun panggihi wontên ing gêdhong pajungutan, ing ngriku Pangeran Adipati [A...]

--- 9 ---

[...dipati] Balitar mratelakakên dhatêng ingkang raka kathah-kathah sarta matur ingkang dados kêkêncênging sêdyanipun. Pangeran Adipati Purbaya sarêng midhangêt aturipun ingkang rayi, saklangkung rudah ing

galih, sanalika gêrêng-gêrêng sarwi ngusap pranaja, sangêt kamiwêlasên dhatêng ingkang rayi botên wande badhe anêmahi kasrakat sarta kontrang-kantring lêlampahanipun.

Pangeran Adipati Balitar matur malih dhatêng ingkang paman Pangeran Arya Mataram: Paman, botên sapintêna cuwaning manah kula nalika upacara kula kapundhut ing kakang prabu, nanging sarêng gêgadhuhan kula sami dipun dhèdhèli, punika andadosakên karêrantaning manah, rumaos sakalangkung apês badan kula, dene sangêt botên kajèn, yatalah ora kayaa kakang prabu, bangêt gone anglarakake atining sadulur, apa jagat mung sagodhong kelor ambane.

Pangeran Adipati Purbaya akathah-kathah anggènipun ambêbolèhi dhatêng ingkang rayi supados wudhara ingkang dados kakêncênganing manahipun, ananging Pangeran Adipati Balitar sampun botên sirêp, bêbasan botên sagêd lipur ing pangimur, botên sagêd rapih ing pangarih-arih, wusana kasapih ing wanci sampun byar raina lajêng bibaran, sami kondur sêsowangan.

Kacariyos, Pangeran Adipati Balitar, sadumugining dalêm saya katêtangi pangigit-igiting panggalih botên kenging kasarèhakên, tumuntên utusan abdi ingkang kapilih, paring sumêrêp dhatêng tuwan kapitan kumêndhan ingkang jagi karaton, bab ingkang dados karsanipun badhe ngraman, mawi anodhi punapa purun ambiyantu ing saliranipun, punapa lêstantun sumungkêm ingkang prabu. Wangsulanipun kaptin dhatêng utusan wau:

--- 10 ---

Kowe matura marang gustimu, kang dadi karsane iku, Kumpêni ora mèlu-mèlu, sabab rêbutan nagara padha sadulure dhewe, dene Kumpêni gone ana tanah Jawa iki suwita ngupaya kauntungan, sapa kang unggul iya dipanggul, sapa kang kalah bakal dijarah, sapa kang ana karaton, iya iku gustiku. Utusan tumuntên wangsul matur ing gustinipun kados wangsulanipun tuwan kapitan wau.

Kala samantên Pangeran Adipati Balitar wiwit tata-tata, angumpulakên wadyabala, kintên-kintên tiyang kalih bêlah èwu, sawega sadêdamêlipun. Rêmbagipun para pinisêpuhing abdi, tuwin para kaji ingkang ambêbaluhi sampun gilig, golong abiyantu sabaya pêjah, tumuntên sami apradandosan, sarêng sampun samapta ing wanci lingsir dalu ungêling bêdhug tiga, lajêng bidhal dalah kulawarganipun sadaya, mawi mampir ing Kapurbayan. Pangeran Adipati Purbaya taksih panuju sare, nanging

kagèt saking gumuruhing têtiyang kathah, enggal amapagakên dhatêng ingkang rayi, ing ngriku Pangeran Adipati Balitar lajêng nungkêmi sampeyanipun ingkang raka sarwi akalara-lara karuna, têmbungipun: Adhuh kangmas kula nyuwun amit pêjah, pintên banggi amanggih gêsang, botên langkung kula amung nyuwun pangèstu ing salampah-lampah kula. Pangeran Adipati Purbaya sarêng mirêngakên sambatipun ingkang rayi, sanalika anjêggrêg botên sagêd ngandika, lathinipun kados kinunci, sangêt ing pangungunipun, dene dadi kaya mangkene, wêkasan rêntah wêlasipun dhatêng ingkang rayi lajêng angunjal napas sarwi ngandika: Yatalah ora kayaa adhiku, dene gêdhê têmên kanêpsonmu, wis mênênga adhi mas, puluh-puluh kapriye manèh, iya aku kang bakal anglabuhi kang dadi karêpmu, têlungane kakang prabu kang wis mukti wibawa. Adhi mas, ayo padha anjujug [anjuju...]

--- 11 ---

[...g] marang ing Mataram bae dhisik, sêdhêng bisa tata-tata ana ing kana, saka kiraku ing buri wong Kartasura kaya-kaya akèh kang padha nusul ing lakuku. Pangeran Adipati Purbaya lajêng dhawuh dhatêng garwa putra tuwin para abdi sadaya, sami kinèn pradandosan, malah putranipun sang prabu pambajêng ingkang kakasih Pangeran Riya labêt saking trêsnanipun dhatêng ingkang rama angkat, inggih botên purun kantun, kêdah andhèrèk ing sapurug, sarêng sampun samapta ing wanci bangun lajêng sami bidhal, kêbut dalah garwa putra tuwin abdi sadaya angiring sagunging wadyabala sikêp dêdamêl. Lampahipun tansah rêreyongan, wontên ing margi kèndêl sadalu. Enjingipun andumugèkakên lampah, dhatêngipun ing Mataram anjujug ing bale kajênar, tilas kithanipun ingkang eyang Sinuhun Sultan Agung, rumiyin nama ing Kuthakarta, lajêng kaêlih nama ing Kartasêkar, têtiyang ing Mataram sampun sami suyud, lajêng katarubakên tuwin tiyang padhusunan sakiwa-têngênipun, ing Kartasêkar katingal agêng bawahanipun, Pangeran Adipati Purbaya karsa anglêmpakakên para tapa, tuwin para ngulama, dalah para kaji sawontênipun sami dipun timbali, punapadene Kyai Wanagiri, pradikan ing tanah Mataram sakarerehanipun ugi sampun sowan sadaya, sami katarubakên sarta ginagulang ulahing pêrang.

Nuju satunggiling dintên, pangeran adipati sakalihan miyos siniwaka, para wadya sampun pêpak sadaya, ing ngriku Pangeran Adipati Purbaya jumênêng majêng sarwi angandika sora: Hèh sarupaning kawula kang padha seba ing dina iki kabèh, padha anêksènana yèn adhi mas Pangeran Adipati Balitar, ing mêngko manira junjung jumênêng nata, angadhaton ana ing Kartasêkar, jêjuluk Sultan Ibnu Mustapa, Pakubuwana Senapati [Se...]

--- 12 ---

[...napati] ing Ngalaga. Para wadya sadaya gumuruh jumurung asaurpêksi, tumuntên kasambêtan para ngulama andêdonga, lajêng sami ingaminan ambal-ambalan ambatarêbah. Pangeran Adipati Purbaya enggal anarik astanipun ingkang rayi kalênggahakên ing dhampar, ingkang raka lênggah ing kursi wontên têngênipun, sarta lajêng angundhangakên malih, yèn ing mangke karsa santun nama jumênêng Panêmbahan senapatining prang, dene ingkang putra Pangeran Riya kaangkat dados Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara. Abdi kamisêpuh bêktan saking Kartasura nama Ki Garwakôndha, kawisudha dados patih nama Tumênggung Jagabrata, punapadene para abdi ing Kablitaran, tuwin ing Kapurbayan, sami kawisudha kalênggahanipun sapangkat-pangkat, dene Kyai Wanagiri, kaangkat minôngka pinisêpuh dados têtantunan, awit kaanggêp saaturipun. Rikala samantên Sang Panêmbahan lajêng karsa dhêdhawuh dhatêng para wadyabala, sami kinèn angêlar jajahan.

Kacariyos, para mantri bopati dalah têtiyangipun alit ing Kartasura, kathah ingkang sami tilar balewismanipun, sadintên-dintên anglur sami anusul dhatêng ing Mataram, ing nagari Kartasura lajêng katingal samun, kawêwahan lajêng môngsa pacêklik, para têtiyang alit sami kêkirangan têdha, sang nata kaisisan wadya. Ing ngriku wontên satunggiling sudagar sugih nama Pranaduta, kathah têtiyangipun tumbasan, sami kablônja kadosdene Kumpêni. Sang prabu rèhning rumaos atis, ngantos kagungan tindak reyoh, inggih punika misudha dhatêng tiyang ingkang botên labêt nagari, Ki Pranaduta kaparingan pangkat nama Tumênggung Subrata, dupèh punika ingkang mitulungi têdhanipun para abdi salêbêting kadhaton, mila sang prabu lajêng paring sêrat dhatêng Tuwan Amral, ingkang sawêg angêpang ing Surabaya, suraos aparing pariksa bilih ingkang rayi Pangeran Adipati Purbaya, tuwin Pangeran [Pange...]

--- 13 ---

[...ran] Adipati Balitar mêdal saking nagari, sami ngraman makuwon wontên ing Mataram. Tuwan Amral tuwin Patih Cakrajaya dalah para bopati ingkang sami pacak baris, katimbalan sami kadhawuhan mantuk dhatêng ing Kartasura, dene Tuwan Amral, kalihan Adipati Cakrajaya numpak baita mêdal ing Samarang.

Gêntos kacariyos, Pangeran Dipanagara ingkang ngraman wontên ing Madiun, sagêd kêmpal kalihan Adipati Jayapuspita ing Surabaya, mila wadyabalanipun saya wêwah agêng. Pangeran Dipanagara lajêng santun nama ajêjuluk Panêmbahan Hèrucakra, pacakbaris wontên ing dhusun

Padonan, tanah Sokawati, ing ngriku lajêng iyasa kadhaton mawi alun-alun, ngimba pasang rakitipun karaton Kartasura.

Kacariyos malih Pangeran Arya Mataram, ingkang taksih kantun wontên ing Kartasura, sarêng anguningani yèn dalajading praja katingal risak, sakêdhap-kêdhap tansah wontên Pailan, têtiyang alit sami kakirangan têdha, balegriyanipun kathah ingkang katilar suwung, para kawula sami ura-uru botên kantênan pangidhêpanipun, mila lajêng lolos saking nagari. Pangeran Arya Mataram, nêdya badhe tata-tata ayasa kadhaton wontên ing Pathi, lampahipun tumuju ing Garobogan, bopatinipun sampun nungkul, Pangeran Arya Mataram lajêng madêg barisanipun wontên ing ngriku, nêlukakên nagari sakiwa-têngênipun. Kala samantên, môncanagari sakalangkung rêsah, tansah bahak-binahak, rayah-rinayah rêbat unggul, para tiyang alit awayang-wuyungan, tambuh-tambuh pangungsenipun, wontên ingkang suyut dhatêng Panêmbahan Hèrucakra, wontên ingkang suwita ing Pangeran Arya Mataram, sawênèh wontên ingkang ngayom dhatêng ing Kumpêni.

--- 14 ---

Kacariyos lêlampahanipun Tuwan Amral kalihan Patih Cakrajaya sampun dumugi ing Samarang lèrèh sawatawis dintên, ing wêkdal punika tuwan komisaris tampi nawala dalêm saking Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan, suraos angenggalakên anggènipun animbali Tuwan Amral dalah wadyabala Kumpêni, awit lajêng badhe kakarsakakên anglurug dhatêng ing Mataram, ingkang kaping kalih andhawuhakên supados tuwan komisaris lajêng angunjara dhatêng Patih Cakrajaya, jalaran ginalih ngubungi pangramanipun Pangeran Adipati Purbaya, tuwin Pangeran Adipati Balitar. Tuwan komisaris sarêng maos sêrat wau sakalangkung ngungun, lajêng awêwartos dhatêng Tuwan Amral, dene kados makatên karsanipun sang prabu, môngka Patih Cakrajaya wau tiyang sae, nanging kadospundi malih inggih kêdah nglampahi ingkang dados dhawuhing nata. Patih Cakrajaya lajêng kalêbêtakên ing pakunjaran, sarèhning Tuwan Amral sampun sae sarta dangu anggènipun kêkêmpalan kalihan Patih Cakrajaya nalika anggêbag pêrang wontên ing Surabaya botên pisah, mila tansah tuwi dhatêng ing pakunjaran, saha anyagahi samôngsa sampun dhatêng ing Kartasura badhe nyuwunakên pangapuntên dhatêng sang prabu, mila Patih Cakrajaya winêling sampun sangêt-sangêt prihatos. Sarêng sampun sawatawis dintên anggènipun tata-tata wadya, bala Kumpêni sampun samêkta, Tuwan Amral tumuntên bidhal angirid prajurit bôngsa warni-warni. Sadumugining nagari Kartasura, lajêng sowan ing ngarsanipun sang prabu, ngaturakên kawontênanipun wadyabala Kumpêni ingkang kabêkta, saha cumadhong pandamêlan badhe nglampahi punapa sadhawuhipun sang prabu. Sang nata sakalangkung

bingah ing panggalih, lajêng dhawuh kinèn mapanakên pakuwonipun, sampun ngantos wontên ingkang kêkirangan.

--- 15 ---

Sasampunipun lêrêm sawatawis dintên, Tuwan Amral arêrêmbagan kalihan Patih Mangkupraja (bokmanawi Patih Kartanagara kala samantên sampun santun nama Mangkupraja) anamtokakên kêdah anggêbag ing Mataram rumiyin, amargi sami-sami karaman agêng piyambak barisanipun, ing ngriku lajêng tata-tata sakapraboning ayuda, sarêng sampun samêkta lajêng nyuwun pamit ing sang prabu, bidhalipun sêsarêngan, Patih Mangkupraja ingkang angirid wadyabala ing Kartasura, sadumugining Mataram, kapêthukakên wadyabala ing Kablitaran, lajêng campuh pêrang rame, bala ing Kartasura karepotan, bala Kumpêni atêtulung, Sultan Ibnu Mustapa nyalirani piyambak nyêrêgakên wadyabalanipun, dipun tadhahi prajurit Kumpêni kalayan angrutugi mimising sanjata, wadya ing Kablitaran kathah ingkang pêjah kasulayah, songsongipun Sultan Ibnu Mustapa kabuncang ing Punglu ngantos malêsat têbih, saking kagèting panggalih lajêng lumajêng dalah pangayapipun. Pangeran Riya ingkang sampun kaangkat Pangeran Adipati Anom, angadhangi plajêngipun wadya ing Kablitaran, kalayan anguman-uman: Maratuwaku iku pancèn jirèh ora wani mati, pêrang pêng-pêngane mung lumayu bae, lajêng atêtulung sabalanipun, mapagakên pangangsêging Kumpêni. Dene Panêmbahan Purbaya sarêng mirsani ingkang putra nanggulangi prajurit Kumpêni kalayan nirbaya nirwikara, enggal angirid wadyanipun, mangsah nalabung saking ngiringan, Pangeran Riya ngatingalakên kaprawiranipun ing pêpêrangan, prajurit Kumpêni têmah karisakan, kathah ingkang pêjah kados babatan pacing, bala Kumpêni lajêng ngunduri amung bala ing Kartasura taksih pêrang rame kalihan wadya ing Kablitaran, dangu-dangu wadyabala ing Kablitaran kasêsêr, lajêng kèngsêr dhatêng ing Kêdhu, Tuwan Amral wangsul dhatêng ing Kartasura, angaturi uninga ing sang prabu

--- 16 ---

bilih kraman ingkang wontên ing Mataram, sampun kaungsir kèngsêr dhatêng ing Kêdhu. Sang nata sakalangkung suka saha anarima, Tuwan Amral tumuntên andarbèni atur: bilih salajêngipun ingkang sinuhun taksih ngarsakakên ing damêl kula, saèstu kula badhe botên suminggah, ananging panyuwun kula mugi wontêna pangapuntênipun ingkang sinuhun dhatêng Adipati Cakrajaya, kula kadugi tanggêl ing kasaenanipun, supados kenginga kala kanthi anglampahi ayahan sabaya pêjah. Ing ngriku Dêmang Urawan anyambêti atur: Gusti, pun Patih Cakrajaya punika salêrêsipun rêsik bêbudènipun, saha tumêmên

anggènipun rumêksa nagari dalêm, nalikanipun pêrang ing Surabaya, rintên dalu Amral botên pisah kalihan Patih Cakrajaya, wondene ingkang madulakên awon punika namung saking manah jêjailan, amrih kalêpatanipun Patih Cakrajaya kemawon.

Sang prabu sarêng midhangêtakên aturipun Dêmang Urawan kathah-kathah, têka lajêng lilih dukanipun, tumuntên andhawuhakên pangandika dhatêng Tuwan Amral: Mungguh kang dadi panjalukmu iku ingsun wus marêngake, Patih Cakrajaya ing mêngko wus ingsun ngapura, mulane tumuli ulihna marang ing Kartasura. Tuwan Amral sakalangkung bingah lajêng nyuwun pamit mantuk dhatêng ing Samarang, mêthuk Patih Cakrajaya, sang prabu kapirênan sarwi paring wêwêling aja suwe-suwe ana ing Samarang tumuli balia marene.

Tuwan Amral matur sandika, saunduripun saking kadhaton tumuntên bidhal, dumugining Samarang andhawuhakên timbalanipun sang nata dhatêng tuwan komisaris, Patih Cakrajaya lajêng kawêdalakên saking pakunjaran, sanès dintên Tuwan Amral wangsul dhatêng ing Kartasura malih, sarwi ngirid Patih Cakrajaya, sarta ambêkta banton para bopati pasisir dalah [da...]

--- 17 ---

[...lah] balanipun, sarêng dumugi ing Kartasura sowan ing ngarsanipun sang prabu, Patih Cakrajaya enggal anungkêmi pada sarwi nangis anggalolo kadosdene pawèstri, mawi sêsambat dhatêng suwargi ingkang rama sang nata. Sarêng sang nata midhangêt sambatipun Patih Cakrajaya, panggalihipun kados jinait, kagagas-gagas kala taksih sugêngipun ingkang rama, têmahan angêmbêng waspa sarwi ngandika: Wis mênênga wakne, aku mundhak mèlu nangis. Sasampunipun sami luwaran, sang prabu lajêng andhawuhakên dhatêng Tuwan Amral supados tumuntên tata-tata badhe pangungsiripun karaman ingkang wontên ing Kêdhu samangke sampun wangsul dhatêng Mataram, aturipun sandika lajêng kalilan mundur saking kadhaton.

Kacariyos, sarêng sampun samêkta ing ayuda, Tuwan Amral kalihan Patih Cakrajaya tuwin Adipati Mangkupraja, ngirid wadyabala bidhal saking Kartasura, sadumugining Mataram, lajêng campuh pêrang kalihan prajuritipun Panêmbahan Purbaya, tuwin Pangeran Adipati Anom Mangkunagara, ing sabên dintên gêntos kalindhih, sarêng dangu-dangu bala ing Kartasura saya agêng barisanipun, awit wêwah-wêwah saking prajuritipun para bopati môncanagari sami anusul, sarta dipun biyantoni prajurit saking ing Madura, mila Tuwan Amral tuwin Patih Cakrajaya lajêng

sagêd angrigênakên, wadyabala ingkang sapratigan katindhihan para bopati pasisir, kapurih anggêbag barisanipun Pangeran Adipati Balitar ingkang wontên ing Kêdhu, wadya ing Kablitaran botên kaconggah tumanggah, lajêng lumajêng wangsul dhatêng ing Mataram malih, ngêmpal dados satunggal kalihan baris Kapurbayan, tuwin Mangkunagaran. Ing ngriku pêrangipun sangsaya agêng, sadintên-dintên sami long-linongan, wadyabala ing Mataram dipun pêngkuhana kados [kado...]

--- 18 ---

[...s] punapa inggih mêksa kasêsêr, jalaran ingkang sapisan, kawon kathah saha pêpak pirantosipun, kaping kalih sampun kadangon pêrangipun, dados sami kêkirangan têdha. Mila sarêng sampun sangang wulan dangunipun balanipun Sultan Ibnu Mustapa kèngsêr saking Mataram, dhatêng ing Rêdikidul saurutipun mangetan mêdal ing Kaduwang, taksih dipun lud dening wadya Kumpêni dumugi ing Panaraga, lajêng dipun sêsêk malih kaplajêng mangalèr dhatêng ing Madiun, lajêng menggok mangetan anjog ing Kadhiri, mêksa taksih kabujêng, ngantos kaplajêng malih dumugi ing Malang lajêng anjrak, ing ngriku pambujêngipun wadyabala ing Kartasura kandhêg jalaran lajêng kambah ing sêsakit warni-warni, Adipati Mangkupraja tuwin Radèn Suradiningrat sami anêmahi pêjah kenging sêsakit. Mila Tuwan Amral kalihan Adipati Cakrajaya wangsul dhatêng nagari Kartasura, lajêng ngaturi uninga ing sang prabu, bilih karaman ingkang wontên ing Mataram sampun kaungsir, kaplajêng mangetan ngantos dumugi ing Malang, sarta amratelakakên kawontênanipun para abdi dalêm ingkang sami nêmahi pêjah.

Sang prabu sakalangkung ngungun, dene pêjahipun Adipati Mangkupraja tuwin Radèn Suradiningrat, namung kenging sêsakit botên saking sarana pêrang, ewadene sang prabu lajêng andhawuhakên, anakipun para abdi dalêm ingkang sami pêjah salêbêtipun anglampahi ayahan, supados kawisudha gumantos kalênggahaning bapa, sarta Patih Cakrajaya kakarsakakên santun nama Radèn Adipati Danurêja.

Kacariyos, Pangeran Adipati Balitar ingkang sampun sêsilih Sultan Ibnu Mustapa, tuwin ingkang raka Panêmbahan Purbaya, sarêng makuwon wontên ing Malang, ragi angsal ombèr sawatawis, mila lajêng sagêd atata-tata barisanipun malih ngiras anêntrêmakên panggalih, ananging

--- 19 ---

botên antawis dangu Pangeran Adipati Balitar kataman anandhang gêrah rêkaos, ngantos andadosakên sedanipun, layon kakondurakên dhatêng ing Kartasura, sagarwa putra dalah para abdi sadaya, kadhèrèkakên Patih Jayabrata, sadumugining Kartasura lajêng kalapurakên ing sang prabu, saking timbalanipun sang prabu layon kadhawuhan anglajêngakên sumare ing Imagiri, dene para garwa putra kadhawuhan manggèn padalêmanipun lami ing Kablitaran. Sampun kalêksanan sadaya, sasedanipun Pangeran Adipati Balitar ingkang sinuhun tansah anahên sungkawa, sadaya karsanipun ingkang sampun kalajêng rumaos kaduwung, saha kagalih kalintu ing tindakipun, botên pisan-pisan ngintên bilih anjalari hura-huruning nagari, saha andadosakên sakiting manahipun para putra, kathah ingkang sami mêdal saking nagari lajêng angraman, mila sang prabu sakalangkung panalangsaning panggalih, rintên dalu tansah ngêngirangi dhahar sare, ingkang kacipta muhung angsala pangapuraning Pangeran, nagarinipun sagêda manggih rahayu pulih tata têntrêm, botên wontên kara-kara, sampun ngantos wontên sambekalanipun.

Amangsuli cariyosipun Panêmbahan Purbaya kalihan ingkang putra Pangeran Riya taksih anglajêngakên pangramanipun wontên ing Malang, saha angêlar jajahan dumugi ing Lumajang. Ing ngriku sagêd kêmpal kalihan Panêmbahan Hèrucakra, Adipati Natapura, Adipati Suradilaga, tuwin Adipati Surapati, andadosakên agênging barisanipun.

Kala samantên Tuwan Amral sampun andhatêngi ngalurug malih, pacak baris wontên Gêmbong Pasuruan, rêrêmbagan kalihan para bopati môncanagari, sarèhning pêrang punika sampun lami botên wontên wusananipun, ing mangke nêdya angrimuk dhatêng Panêmbahan Purbaya, sarana kentun sêrat [sê...]

--- 20 ---

[...rat] suraos angaturi rawuh dhatêng Pasuruan, Panêmbahan Hèrucakra supados pêpanggihan kalihan Kumpêni, sêngadi badhe kajumênêngakên nata. Ugi para bopati sami angrujuki, anjawi sêrat ingkang katur panêmbahan, Tuwan Amral prayogi akintuna sêrat piyambak dhatêng Adipati Surapati, awit punika ingkang sakalangkung kinasih saha kaanggêp saaturipun, saha mawi dipun êbanga, samôngsa karsanipun Tuwan Amral sagêd kasêmbadan, Adipati Surapati badhe kaganjar nagari Pasuruan. Rêmbagipun para bopati wau Tuwan Amral inggih anyondhongi. Sarêng pandamêling sêrat sampun dados, lajêng milih ingkang badhe dinuta, inggih punika Ngabèi Tohjaya kanthi Dêmang Kaligawe sagah anglampahakên. Sasampuning sêrat katampèn sarta winêling-wêling saparlunipun, lajêng kalilan bidhal, dumugi paregolaning mêngsah, lajêng

kaandhêg kalihan ingkang jagi kori, tumuntên kalapurakên. Adipati Surapati mêdal amanggihi, duta lajêng ngaturakên sêrat kêkalih, satunggal dhatêng Adipati Surapati piyambak, satunggalipun katur Panêmbahan Purbaya. Sêrat ingkang dhatêng Adipati Surapati lajêng kabikak, suraosipun sampun kadhadha, duta kêkalih lajêng kapurih ngêntosi ing pamondhokan, Adipati Surapati enggal ngaturakên sêrat ingkang katur Sang Panêmbahan Purbaya. Sarêng sêrat sampun kapariksa Adipati Surapati nuntên matur kathah-kathah, kaparênga andhahar aturipun Tuwan Amral, awit kamanah badhe prayogi kadadosanipun. Panêmbahan Purbaya têka gampil pinanggih ing galih, nêdya anut pratikêlipun Adipati Surapati, sagah pêpanggihan kalihan Kumpêni, ananging mawi mundhutakên pangapura dhatêng 1. Panêmbahan Hèrucakra, 2. Adipati Natapura, 3. Adipati Suradilaga, 4. Adipati Surapati. Mila adipati [adi...]

--- 21 ---

[...pati] piyambak ingkang kautus lumampah pêpanggihan rumiyin kalihan Tuwan Amral, wontên ing Pasuruan. Kalampahan lajêng bidhal sêsarêngan wangsuling duta kêkalih wau, sadumuginipun ing Pasuruan, lajêng mratelakakên dhatêng Tuwan Amral, sadaya ingkang dados karsanipun Panêmbahan Purbaya. Tuwan Amral ugi sampun anyagahi, mila lajêng miji kapitan kêkalih ambêkta karerehanipun, 2 Kumpêni sarta para bopati sawêtawis, ingkang mêthuk dhatêng ing Lumajang. Panêmbahan Purbaya dalah para ingkang nguyun-uyun sawadyabalanipun, sami dipun boyongi dhatêng ing Pasuruan, sarawuhipun lajêng têtabean kalihan Tuwan Amral, ing ngriku Tuwan Amral anggadhahi atur pamrayogi, mugi panêmbahan karsaa têdhak ing Samarang, lajêng badhe kajumênêngakên nata wontên ing ngrika, nglêluri kados nalika jumênêngipun suwargi ingkang rama Pangeran Pugêr. Panêmbahan Purbaya inggih amituruti. Enggaling cariyos lajêng bidhal mêdal ing Surabaya, saha lajêng mancal nitih baita sampun dumugi Samarang. Tumêdhakipun saking baita mawi kinurmatan kapêthuk piyambak dening tuwan komisaris.

Kacariyos, sarêng sampun lêrêm wontên ing Samarang sawatawis dintên, lajêng tampi utusanipun tuwan gupêrnur, bilih Panêmbahan Purbaya dalah pandhèrèkipun, kaaturan dhatêng Batawi, utawi malih wontên utusanipun ingkang sinuhun mêthuk Pangeran Riya katimbalan dhatêng ing Kartasura, awit sang prabu sakalangkung onêngipun. Lajêng sami andum wilujêng bidhal sêsowangan. Wusana sarêng dumugi Batawi Panêmbahan Purbaya lajêng kadunungakên ing bètèng alang-alang inggih salêjuting[4] nagari Batawi. Dene Panêmbahan Hèrucakra lajêng kabucal Dhamakap (tanah Aprikah sisih kidul) sarta malih, 1. Adipati [Adipa...]

--- 22 ---

[...ti] Natapura, 2. Adipati Surapati, 3. Adipati Suradilaga, sami kabucal dhatêng ing pulo Selong. Mila sadaya wau sakalangkung ngungun, dene makatên kadadosanipun, wêkasan sangêt ing piduwungipun, rumaos kenging apuskrama.

Kacariyos, lampahipun Pangeran Riya sadhatêngipun ing nagari Kartasura tumuntên kairid dening patih kalihan tuwan kumêndhan, sowan wontên ing ngarsanipun sang nata lajêng angraup pada, sang prabu sarêng anguningani ingkang putra karaos-raos panggalihipun, sarwi angunadika: Bocah iki sêmune akèh wêdine, labêt durung kawong marang ingsun, ijih kabotan trisna marang bapakne adhi mas Purbaya, jalaran dimong wiwit cilik mula, pisah lan jênêng ingsun. Ing ngriku lajêng dhawuh dhatêng Adipati Danurêja: Yèn ing mêngko putraningsun Pangeran Riya, ingsun paringi sêsêbutan, kaaran Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ing Kartasura, lan ingsun paringi lungguh bumi sèwu karya, sarta ingsun parêngake angênggoni tilas omahe bapakne ana ing Kapurbayan, aturipun ki patih sandika, sasampunipun sang prabu jêngkar lajêng bibaran, Patih Danurêja lajêng andhawuhakên ingkang dados karsanipun sang nata sampun kalêksanan sadaya.

Botên kacariyos kawontênaning lêlampahan ing nagari Kartasura, salêbêtipun...taun, sarêng sang prabu sampun ragi yuswa, kagungan karsa anggalih dhatêng putra ingkang badhe gumantos jumênêng nata, inggih punika ingkang sêpuh piyambak, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, amung kogêl dening Pangeran Adipati Anom, wah malih tansah dipun gubêl ingkang garwa Kangjêng Ratu Kadipatèn, putranipun kakung sakawan, sami taksih timur, punika kapiliha salah satunggal, sagêdipun sumilih [sumi...]

--- 23 ---

[...lih] anggêntosi kaprabon, dene putra sakawan wau, 1. Radèn Mas Sêkti, diwasanipun nama Pangeran Arya Buminata, nanging lajêng seda, 2. Radèn Mas Kadhaton, nunggak sêmi nama Pangeran Arya Buminata, sarêng ngraman santun nama Sultan Dhandhun Martèngsari, 3. Radèn Mas Pamade, nama Pangeran Arya Mataram, sarêng ingkang raka ngraman, santun nama Pangeran Arya Buminata, 4. Radèn Mas Sunaka, nama Pangeran Arya Singasari, sarêng ngraman nama Sunan Prabujaka, sang prabu salêbêtipun giyuh ing panggalih lajêng kataman gêrah, tumuntên nimbali Patih Danurêja, dipun paringi dhawuh: Danurêja ingsun gawèkna layang marang tuwan guprênur ing Batawi, manawa ingsun

tinêkakake ing janji, kang ingsun lilani anggêntèni madêg nata, putraningsun kang tuwa, yaiku Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, manawa ora kalakon, iya putraningsun Pangeran Adipati Anom, dene yèn karo pisan ora kalakon, iya putraningsun kang saka bok Ratu Kadipatèn, papat pisan dipiliha salah siji, aja tan ora. Aturipun Patih Danurêja sandika, enggal damêl sêrat, sasampunipun dados tumuntên dipun asmani, lajêng utusan anglampahakên dhatêng ing Batawi, sang prabu kambuhan gêrahipun malih.

Kacariyos Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, tuwin para pangeran punapadene para bopati sami tuguran wontên ing kadhaton, ing ngriku Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dipun susul abdinipun, ngaturi uninga ingkang garwa putri ing Kablitaran badhe kagungan putra. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara enggal kondur mundur saking patuguran, sadumuginipun ing dalêm, ingkang garwa lajêng babar miyos kakung, nuju ing dintên Akat Lêgi tanggal kaping 4 wulan Ruwah taun Jimakir ôngka 1650 marêngi wuku Warigagung, dipun wastani Sênggani Praba. Inggih punika musthikaning [musthi...]

--- 24 ---

[...kaning] wêdalan. Para sadhèrèk ugi sami martuwi, jabang bayi kapangku gêntos-gêntos, punapadene para nujum ingkang sami nênggani sami amêca bilih jabang bayi punika ing têmbe dados prajurit linangkung. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara enggal wangsul ing kadhaton ngunjuki wuninga ingkang rama sadaya kawontênanipun ingkang garwa anggènipun anglairakên putra. Sang prabu sangêt suka sokur ing galih, sarta maringi namaning jabang bayi Radèn Mas Said, têgêsipun ingkang sinuhun sampun anêksèni.

Kacariyos kala samantên gêrahipun sang prabu saya santêr, lajêng animbali Patih Danurêja, kadangu sêrat ingkang dhatêng Batawi: aturipun dèrèng angsal wangsulan, sang prabu angandika: Patih wêkas ingsun marang sira yèn ingsun tinêkakake ing jangji, kang ingsun lilani madêg nata kaya surasane layang ingsun kang marang ing Batawi, poma iku èstokna aja tan ora. Sang prabu lajêng mundhut wangkingan sarwi dhawuh dhatêng ingkang garwa Kangjêng Ratu Agêng: Bok ratu kêris pusaka iki paringna marang anakmu Pangeran Adipati Arya Mangkunagara. Kangjêng ratu lajêng nampèni kalihan muwun, panggalihipun awrat, nanging ajrih manawi botên anglampahana, mila wangkingan inggih lajêng kaulungakên dhatêng Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, kalayan ngandika: Thole aku titip adhimu Pangeran Adipati Anom. Ing ngriku gêrahipun sang prabu sangsaya mêtêk kalajêng seda amarêngi taun Jawi 1650, sinangkalan sirna tata rasa tunggal,[5]

salêbêting kadhaton gumêrah swaraning tangis, para garwa putra sami umyung awayang-wuyungan, layon nuntên kaupakara, sasampunipun samêkta aparipurna nuntên kaangkatakên sumare ing astana Ngimagiri, sapêngkêripun layon gapura tuwin sadaya kori kadhaton sami katutup, [katu...]

--- 25 ---

[...tup,] para putra santana botên kenging mêdal saking kadhaton, Patih Danurêja tuwin tuwan kapitan ugi tugur wontên ing nglêbêt, dene para bopati sami tugur wontên pasowanan jawi, makatên wau nêtêpi adat wiradating nagari.

Wondene Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Prabu Mangkurat Jawi ing Kartasura, punika kala sugêngipun apêputra sadaya 42 uruting sêpuh kados ing ngandhap punika:

1. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ing Kartasura, saking garwa Radèn Ayu Kilèn utawi Radèn Ayu Sêpuh.

2. Radèn Ajêng Dèwi, pêparab Radèn Ajêng Sobrah, saking garwa pangrêmbe nama Radèn Surtikanthi, diwasanipun nama Radèn Ayu Tumênggung Suralaya, ing Brêbês.

3. Radèn Ayu Pambayun, saking garwa padmi Kangjêng Ratu Agêng, seda timur.

4. Radèn Ajêng Aminah, pêparab Radèn Ajêng Supani, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Tejawati, diwasanipun nama Radèn Ayu Rôngga Kaliwungu. Pêgat nuntên krama malih nama Radèn Ayu Adipati Pringgalaya, sarêng ingkang garwa seda, katrimakakên Radèn Tumênggung Wiradigda.

5. Radèn Mas Sandeya, saking garwa pangrêmbe Radèn Erawati, nama Pangeran Ngabèi.

6. Putri saking garwa Radèn Ayu Kilèn, seda timur.

7. Radèn Mas Suraya, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Côndrapati, nama Pangeran Arya Pamot.

8. Radèn Mas Kala, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Bandadari, nama Pangeran Dipanagara.

--- 26 ---

9. Radèn Mas Sudiman, pêparab Radèn Mas Rêgu, saking garwa pangrêmbe Radèn Ayu Rêtnadi, nama Pangeran Danuwaya.

10. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara, saking garwa padmi Kangjêng Ratu Agêng, jumênêngipun nata jêjuluk Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping 2.

11. Radèn Mas Samdaya, saking garwa pangrêmbe Radèn Erawati seda timur.

12. Radèn Mas Surasa, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Côndrawati nama Pangeran Arya Mangkubumi, seda wontên ing pagêlaran, nuju tingalanipun sinuhun.

13. Radèn Mas Utara, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Gôndaarum, nama Pangeran Arya Martasana, ngalih nama Pangeran Adinagara.

14. Radèn Ajêng Siti Sundari, saking garwa padmi Kangjêng Ratu Agêng, nama Kangjêng Ratu Madurêtna, krama Pangeran Cakraningrat ing Madura, pêgat lajêng katrimakakên Radèn Arya Endranata, ngarangulu ingkang rayi.

15. Radèn Ajêng Kati, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Tilam, seda timur.

16. Radèn Ajêng Branti, pêparab Radèn Ajêng Patri, saking garwa pangrêmbe Radèn Ayu Pandhansari, nama Radèn Ayu Tumênggung Mangkuyuda, sarêng sampun rôndha katrimakakên tuwan kaji ing Kêdhu seda Pangolan.

17. Radèn Mas Subandi, pêparab Radèn Lindhu, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Erawati, seda timur.

18. Radèn Mas Subêkti, saking garwa pangrêmbe Radèn Ayu Pandhansari, [Pandhansa...]

--- 27 ---

[...ri,] nama Pangeran Arya Pamot, ngalih nama Pangeran Adiwijaya. Seda pêrang wontên ing Kaliabu tanah Kêdhu.

19. Radèn Mas Subrônta, saking garwa pangrêmbe Radèn Bandasari seda timur.

20. Radèn Mas Sêkti, pêparab Radèn Mas Asih, utawi Radèn Mas Bumi, saking garwa nèm, Ratu Kadipatèn, nama Pangeran Arya Buminata, botên dumugi lajêng seda.

21. Radèn Mas Sujana, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Tejawati, nama Pangeran Arya Mangkubumi, sarêng jumênêng nata jêjuluk Kangjêng Sultan Hamêngkubuwana kaping sapisan, ing Ngayogyakarta.

22. Radèn Mas Kadhaton, saking garwa nèm, Ratu Kadipatèn, nunggak sêmi ingkang raka nama Pangeran Arya Buminata, sarêng ngraman nama Sultan Dhandhun Martèngsari wontên ing Kêsine tanah Sêmbuyan.

23. Radèn Mas Pamade, saking garwa nèm Ratu Kadipatèn, nama Pangeran Arya Mataram, sarêng ingkang raka ngraman anggêntosi nami Pangeran Arya Buminata.

24. Radèn Ajêng Tajêm, saking garwa pangrêmbe, Radèn Bandadari nama Radèn Ayu Wiratmêja, lajêng santun nama Radèn Ayu Arya Mêgatsari.

25. Radèn Ajêng Sutari, pêparab Radèn Ajêng Intên. Saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Tejawati, nama Radèn Ayu Dêmang Urawan, ingkang

raka kaganjar nama Pangeran Arya Purbaya, lajêng kabucal dhatêng ing Kadêmèn.

26. Radèn Ajêng Sêmi saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Rondhonsari nama Radèn Ayu Pakuningrat, ing Sampang.

27. Radèn Mas Surata, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Wrêdiningsih, nama

--- 28 ---

Pangeran Rôngga, lajêng ngalih nama Pangeran Cakranagara.

28. Radèn Mas Yadi, saking garwa pangrêmbe Mas Mundri, nama Pangeran Arya Silarong.

29. Radèn Mas Langkir, saking garwa pangrêmbe, Mas Ayu Murdaningkung nama Pangeran Arya Prangwadana.

30. Radèn Ajêng Srigati, pêparab Radèn Ajêng Umik, saking garwa pangrêmbe, Radèn Rarasati, nama Radèn Ayu Surawinata.

31. Radèn Mas Gêtêr, saking garwa pangrêmbe, Radèn Pandhansari nama Pangeran Arya Panular.

32. Radèn Mas Patêr, saking garwa pangrêmbe Radèn Pandhansari nama Pangeran Arya Mangkukusuma.

33. Radèn Mas Sunaka, saking garwa nèm Ratu Kadipatèn, nama Pangeran Singasari, sarêng ngraman nama Sunan Prabujaka.

34. Radèn Ajêng Margantên, pêparab Radèn Ajêng Mantên, saking garwa pangrêmbe Radèn Rarasati, ngarang ngulu ingkang bakyu nama Radèn Ayu Mêgatsari.

35. Putri saking garwa nèm Ratu Kadipatèn, dèrèng kaparingan nama lajêng seda timur.

36. Radèn Ajêng Yadah, saking garwa pangrêmbe Mas Mundri, nama Radèn Ayu Sujanapura.

37. Radèn Mas Sardan, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Rantansari, nama Pangeran Dipasônta.

38. Radèn Ajêng Rêmbe, saking garwa Mas Ayu Rondhonsari, nama Radèn Ayu Endrawinata. Sarêng pêgat, dipun karang ulu ingkang bokayu, Kangjêng Ratu Madurêtna, lajêng katrimakakên Radèn Tumênggung Yudanagara, [Yu...]

--- 29 ---

[...danagara,] ing Banyumas, ing wêkasan kawisudha dados patih ing Ngayugyakarta, nama Radèn Adipati Danurêja.

39. Radèn Ajêng Rêsmiyah, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Rondhonsari, seda timur.

40. Radèn Ajêng Lamsiyah, saking garwa pangrêmbe Mas Mundri, seda prawan.

41. Radèn Ajêng Warsah, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Rantansari seda timur.

42. Radèn Ajêng Jali, saking garwa pangrêmbe Mas Ayu Rondhonsari seda timur.

Bab 2. Lêlampahanipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ing Kartasura, Sasurudipun Ingkang Rama, Dumugining Kakendhangakên

Wiyosipun, kacariyos malih, sarêng para pangeran anggènipun tugur wontên salêbêting karaton Kartasura, sampun sawatawis dangu, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sasurudipun ingkang rama tansah karêrantan, awit saking rumaos katêmpah sêpuh, môngka ingkang rayi-rayi kathah saha taksih sami timur, mila sakalangkung kapêtêk putêking galih,

wêkasan pamitan dhatêng Adipati Danurêja: Uwa patih, aku lilanana arêp mêtu marang jaba, nêdya ngenggar-enggar pikir sadhela.

--- 30 ---

Wangsulanipun Patih Danurêja: Dhuh anggèr sampeyan sampun miyos saking kadhaton, awit lêrêsipun botên kenging, prayogi ngenggar-enggar panggalih wontên salêbêting pura kemawon, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara mêksa miyos dhatêng srimanganti, pinarak wontên ing pasowanan, Patih Danurêja ugi andhèrèkakên, sarêng sampun sawatawis lajêng matur: Anggèr, sampun dangu sumôngga sami wangsul lumêbêt ing kadhaton malih, mugi sampun kathah-kathah ingkang karaosakên, lakar paduka putra ingkang sêpuh piyambak, sintên ingkang sayogi gumantos jumênêng nata, kajawi amung anggèr. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dèrèng karsa wangsul, amung angecani pangandika: Iya mêngko uwa antèkna sadhela, malah lajêng miyos malih tindak dhatêng pagêlaran, pinarak wontên ing bangsal pangrawit. Patih Danurêja taksih kêkinthil, sarwi sangêt-sangêt anggènipun tansah ngaturi wangsul, ananging Pangeran Adipati Arya Mangkunagara mêksa dèrèng karsa wangsul. Sampun dilalah karsaning Allah, kêdah dados jalaran panjanging lêlampahan, Patih Danurêja rumaos botên dipun paèlu, têmahan sakit manahipun, ing ngriku katungka utusanipun Kangjêng Ratu Agêng animbali Patih Danurêja, mila Pangeran Adipati Arya Mangkunagara lajêng katilar piyambak. Patih Danurêja enggal-enggal wangsul lumêbêt ing dhatulaya, sasampuning sowan Kangjêng Ratu Agêng, lajêng dipun jak pêpanggihan kalihan tuwan kapitan kumandhan, wigatosing rêmbag, Kangjêng Ratu Agêng pêrlu amasrahakên ingkang putra Pangeran Adipati Anom, kaborongakên dhatêng tuwan kapitan, sagêdipun jumênêng nata anggêntosi kaprabonipun ingkang rama, kalihan lampah sêsidhêman, Kangjêng Ratu Agêng karsa amaringi bêbana dhatêng tuwan kapitan, warni [war...]

--- 31 ---

[...ni] rajabrana sapratiganing kagunganipun, sarêng sampun sami golong ing rêmbag, nuntên bibaran, tuwan kapitan ugi lajêng ngaturi sêrat pamrayogi dhatêng ing Batawi, kalayan lampah sêsiliban. Patih Danurêja enggal andhawuhakên nutup gapuraning karaton mawi kajaga dening Kumpêni, saha dhawuh animbali para bopati nayaka môncanagari tuwin pasisir, supados sami sowan malêbêt mêdal ing kori bêbutulan. Sarêng para bopati sampun kalampahan ngalêmpak sadaya, ing ngriku Patih Danurêja lajêng amêdharakên wacana, mila kônca sadaya kula ajak parêpatan, kula nêdha timbangan jêngandika, samangke kula badhe damêl sêrat katur dhatêng ing Batawi, suraos sampun mupakat para

prikônca nyuwunakên idi jumênêngipun nata Pangeran Adipati Anom, anggêntosi kaprabonipun ingkang rama swargi. Sadaya para bopati botên wontên ingkang purun mangsuli, ciptaning manahipun dupèh Pangeran Adipati Anom taksih timur, amung Pangeran Madurarêja ingkang mangsuli, têmbungipun: Manawi condhong kalihan karsanipun kiyai lurah, aluwung putra ingkang sêpuh Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, kula mrayogèkakên gumantosa jumênêng nata, awit panggalihanipun jêmbar, sarta sampun katitik sagêd momong dhatêng para sadhèrèk, bokmanawi pawingkingipun, nagari badhe manggih rahayu, miwah tata têntrêm. Manawi putra ingkang taksih timur kajumênêngakên nata, pandugi kula ing wingking botên wande badhe nuwuhakên rêngkaning nagari, awit dèrèng sagêd angyêktosi mênggahing lêrês lêpat, kabêkta taksih kêneman, dados dèrèng sagêd ajêg panggalihanipun, bingah nuju kagungan karsa ngadat botên kenging kapambêngan. Ki Dipati Jayaningrat ugi anyambêti rêmbag: Saking pamanggih kula mrayogèkakên amiliha [a...]

--- 32 ---

[...miliha] putra ingkang sampun diwasa salah satunggal, nanging ingkang bagus warninipun, sarta ingkang sêmbada pasang sariranipun, awit putra ingkang sêpuh piyambak punika sayêktosipun warninipun kirang bagus, dêdêg ngadêg tuwin sariranipun kirang mungguh, dados taksih kuciwa ing sêmu upami jumênênga nata.

Sakathahing ginêm wau Patih Danurêja botên anyondhongi, nuntên damêl sêrat kados ingkang sampun dados kakêncênganipun piyambak, sasampunipun dipun capi, para bopati lajêng kinèn tumut angêcapi sangandhapipun, ugi sami manut angêcapi ngantos athirik-thirik, sarampungipun lajêng sami bibaran. Patih Danurêja nuntên amanggihi tuwan kapitan, masrahakên sêratipun wau, supados kaaturakên dhatêng ing Batawi. Kala samantên Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang wontên ing bangsal pangrawit sampun dipun aturi, saha karsa lajêng wangsul lumêbêt dhatêng ing dhatulaya malih.

Kawuwusa ing nagari Batawi, tuwan guprênur sarêng anampèni sêrat saking sang prabu ing Kartasura, dèrèng ngantos kawangsulan lajêng tampi sêratipun tuwan kapitan, sarta katungka sêratipun Patih Danurêja, nunggil suraos ngaturi pariksa bab sedanipun sang prabu, saha nyuwunakên idi ingkang sayogi gumantos umadêg nata, mila guprênur lajêng utusan kumêndur Tuwan Liyundriyan, kapatah ambêkta sêrat wangsulan, botên kacariyos lampahipun, wontên ing margi, sarêng badhe dumugi ing Kartasura wontên ing Banyudana kapêthukakên Pangeran Adipati Anom, dalah para putra santana, saha kadhèrèkakên dening Patih

Danurêja, kanthi para bopati, ing ngriku Patih Danurêja ngaturakên Pangeran Adipati Anom, dhatêng tuwan kumêndur, mila lajêng nampèni [nampè...]

--- 33 ---

[...ni] sêrat wangsulan saking tuwan guprênur. Sarêng binuka suraosing wangsulan, putranipun sang prabu ingkang nampèni sêrat punika ingkang jumênêng nata anggêntosi ingkang rama. Pangeran Adipati Anom sasampuning nglairakên suka panarimahing panggalih, lajêng sami bidhal sêsarêngan, dumugining Kartasura dipun panggihi Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, mawi mratelakakên bilih sariranipun punika putranipun sang prabu ingkang sêpuh piyambak. Tuwan kumêndur kagèt, wangsulanipun: O, kadospundi punika wau, sêrat saking tuwan guprênur dipun tampèni rayi jêngandika Pangeran Adipati Anom, dados sampun kalajêng rayi jêngandika ingkang katamtokakên jumênêng nata. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara mangsuli: Botên wontên bedanipun, kula kalihan adhi mas Pangeran Adipati Anom, jêr sami putra têtilaranipun kangjêng rama prabu. Tuwan kumêndur ugi lajêng angrêrapu: Sokur bage sèwu dene jêngandika kagungan panggalih ingkang luhur makatên, kula rumaos botên sagêd anginggahi. Sarêng sampun binojakrama sawatawis lajêng sami bibaran amakuwon sowang-sowang.

Enggaling cariyos sarêng ing dintên pasowanan para putra santana tuwin Patih Danurêja, dalah para bopati saandhahanipun, punapadene kyai pangulu kêtib pratikan ngulama saprikancanipun sampun sami pêpak sumewa sadaya, tuwan kumêndur nuntên manabda sora, ngêpyakakên bilih ing mangke Pangeran Adipati Anom kajunjung jumênêng nata, anggêntosi kaprabonipun ingkang rama, ajêjuluk Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana Senapati ing Ngalaga Ngadurahman Sayidin Panatagama, ingkang kaping 2, ing Kartasura, saha lajêng katarik astanipun kalênggahakên ing dhampar. Para putra santana tuwin [tuwi...]

--- 34 ---

[...n] kawula sadaya sami angèstrèni, kyai pangulu lajêng andonga nurbuwah, dipun amini dening para ngulama sadaya. Sarampungipun Radèn Ngabèi Tirtawiguna, majêng wontên ing ngarsa nata, amaos sêrat prajanjian ingkang saking tuwan guprênur ing Batawi, Kumpêni mawi angurmati ungêling drèl barondongan tuwin mariyêm arambah-rambah. Para sadhèrèk ingkang kalêrês sêpuh nuntên sami asêsalaman, dene ingkang ênèm dalah para santana, punapadene patih saha para bopati, kang sarta kyai pangulu sakalerehanipun sami ngabêkti ing sang prabu

gêntos-gêntos. Satêlasipun ingkang sinuhun lajêng jêngkar angadhaton, pinèngêtan marêngi dintên Sênèn, wulan Sura taun Alip, sinêngkalan ing warsi tinata raras tunggal[6] (bokmanawi lêrêsipun ing siti tinata raras tunggal[7] dados, ôngka 1651) utawi ing taun Walandi nuju 1727. Kala samantên tuwan kumêndur anggènipun wontên ing Kartasura sawatawis dangu, sarêng sampun rampung sadaya saprêlunipun, nuntên nyuwun pamit ing sang prabu, saha lajêng bidhal wangsul dhatêng ing Batawi.

Amangsuli cariyos, jumênêngipun Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan sarèhning taksih kirang yuswa, pramila pangwaosing karaton katindakakên dening pêpatih dalêm, amung tumrapipun kasêntanan mawi lêlayanan Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, makatên ugi Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sakalangkung pamomongipun dhatêng ingkang rayi Sinuhun Kangjêng Susuhunan, kalayan ginulang-gulang bab pangastaning kaprabon, têmahan Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan dahat sihipun dhatêng ingkang raka Pangeran Adipati Arya Mangkunagara. Sarêng diwasanipun yuswa lajêng angasta pusaraning praja pribadi, ananging kalamangsanipun bilih nuju kataman pakèwêt, utawi ingkang pêrlu-pêrlu, inggih botên liya ingkang kakarsakakên [kakarsaka...]

--- 35 ---

[...kên] ngêmbat salajêngipun linaksanan, amung saking pamanggihipun ingkang raka Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, pramila Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ugi katumusan trêsna dhatêng ingkang rayi Sinuhun Kangjêng Susuhunan.

Nêngna malih, mênggah lêlampahanipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, garwanipun putri saking Kablitaran seda, sapêngkêring layonipun ingkang garwa, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sangêt anandhang brôngta, tansah kèngêtan solah-bawanipun ingkang garwa agawang-gawangan. Ngantos supe dhahar sare, dumugining kawan dasa dintên sawêk marêk sowan Sênèn Kêmis. Sanadyan sampun wontên karsanipun badhe krama malih, ananging dèrèng wontên ingkang dados panujuning panggalih.

Kacariyos, wontên ampeyanipun sang prabu ingkang kakêbonakên, asli saking Samarang nama Mas Ayu Larasati, anakipun Dêmang Cakrayuda ing dhusun Karang, kawartos pranakan Cina, warninipun ayu amêrak ati, kulitanipun jêne amaya-maya, sampun dangu sinuhun botên karsa animbali. Ampeyan wau asring kintun sinjang tuwin konyoh dhatêng Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, kala sapisan kaping kalih botên

karsa anampèni, awit kagalih botên prayogi kadadosanipun, ewadene mêksa tansah kintun kemawon, bokmanawi ugi winoran ing gunadhêsthi. Saking sagêdipun ingkang dados congkok, kanthi luwêsing pamiluta amêlasasih, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kagiwang panggalihipun, wêkasan karsa anglanggati mêmanising ginêm, satêmah wontên ingkang wêwadul ing sang prabu, pratingkahing ampeyan wau anggèning lambang asmara kalihan kangjêng pangeran, sanalika sang prabu lajêng botên rêna panggalihipun dhatêng ingkang raka, sasolah-bawanipun [sa...]

--- 36 ---

[...solah-bawanipun] tansah ingewanan. Sarêng sampun sawatawis lami, dumadakan Pangeran Adipati Arya Mangkunagara katuwuhan panggalih ngarah apa, kamipurun canthèl atur konjuk ing sang prabu, sarèhning ampeyan ingkang kakêbonakên pancèn sampun botên kagêm, manawi kaparêng kasuwun piyambak. Sang nata sarêng midhangêt atur ingkang makatên, punika kados ginugah dukanipun, sampuna èngêt yèn kadang sêpuh saèstu sampun kawisesa ing pidana, dados amung sinamun ing netya supados sampun kawistara ing kathah, amargi ingkang garwa pinuju bobot sêpuh, ananging gêtêm-gêtêming panggalih botên kenging sinirêp.

Kacariyos, Patih Danurêja ingkang tansah angulat-ulatakên obah osiking karaton, sarêng pirsa yèn sang prabu anahên duhkita awit saking angampêt duka dhatêng ingkang raka Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, mila enggal lumêbêt ing kadhaton sowan sang nata piyambakan, angaturi pamrayogi, supados ingkang raka wau kapasrahakên dhatêng Kumpêni, sagêda kasingkirakên dhatêng ing pambucalan, murih sampun ngantos wontên ingkang ngregoni jumênêngipun sang nata ngasta pusaraning praja. Ingkang sinuhun sarêng miyarsa aturing patih makatên wau, sakalangkung lêganing panggalih, dene katuju ingkang dados karsanipun, mila Patih Danurêja kalilan mundur lajêng andhawuhna punapa sapêrlunipun, dumugining jawi animbali Adipati Cakraningrat, dipun wangsit ingkang dados karsanipun sang prabu, sarêng enjingipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dipun irid dhatêng ing ngloji, sadumugining ngloji datan sarônta lajêng kasikêp saking wingking, saha lajêng kapasrahakên dhatêng Kumpêni, kalayan andhawuhakên ingkang dados kaparêngipun ingkang sinuhun, sanalika wontên gara-gara ing ngakasa mêndhung dhêdhêt angêndhanu, jawah

--- 37 ---

dêrês kêlat[8] thathit aliwêran mawi lesus kadi pinusus, kêkajêngan sami sol sawênèh abosah-basih, têtiyang sanagari sami tintrim akêtir-kêtir, pratôndha satriya têdhaking kusuma anandhang sangsara, dene garwa putra dipun kaboyongan dhatêng dhatulaya, ing dalêmipun kadhawuhan anjarahi. Angkatipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dhatêng ing Samarang, mawi kairid bopati kalih, 1. Radèn Tumênggung Natamijaya, 2. Ki Tumênggung Nitinagara, ingkang kalilan andhèrèk mung sêlir kêkalih, pawongan tiga, putra kakung satunggal ingkang pambajêng nama Radèn Mas Ngali, abdi jalêr wolu kalêbêt patihipun nama Ki Mas Sumadijaya, dumugining Samarang kalajêngakên dhatêng Batawi. Sapêngkêripun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara wau sang prabu saya muntab panggalihipun, sadaya dhêdhawuhanipun katingal sawênang-wênang, têtiyang sanagari sami miris angêmu prihatos, awit sapisan kendhangipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sakalangkung amêlasarsa awit botên timbang kalihan dosanipun, kaping kalih sadaya ingkang dados karsanipun sang nata botên wontên ingkang purun amambêngi, bilih ngantos kalajêng-lajêng botên wande badhe wontên dêdukaning Kang Maha Sukci ingkang anjalari rêngkaning nagari Kartasura.

Anyarêngi lêlampahan, kala samantên Patih Danurêja sabên taun kautus dhatêng Batawi, anampani pajêg saking pasisir, sarta apêpetangan kalihan Kumpêni, têlasipun prabeyaning pêrang, tuwin sanès-sanèsipun lêladosan ingkang dados pundhutanipun sang prabu, bidhalipun saking Kartasura nuju ing wulan Sura taun Jimawal, sinangkalan mantri gangsal ngrasa wani[9] 1653 kadhèrèkakên: 1. Lurah Carik Radèn Ngabèi Tirtawiguna, 2. Ki Arya Jayasantika, bopati ing Kudus, 3. bopati ing Batang, mawi ambêkta pisungsung warni-warni ingkang

--- 38 ---

badhe katur tuwan guprênur. Wontên ing Samarang kèndêl pitung dalu lajêng mancal numpak baita layar, dumugining Batawi kapêthuk dening komisaris Tuwan Mantras, Mayor Tuwan Pagêrtut, Mayor Samus, tumurunipun saking baita sami têtabean, kalihan para tuwan ingkang sami mêthuk, sarta lajêng sami nitih kareta kabêkta dhatêng pondhokanipun kiyai patih, sarêng sampun lêrêp tigang dintên, sowanipun ki patih ing tuwan guprênur dhatêng kutha intên, mawi dipun pêthuk kareta, kalayan ngirid nawalanipun sang nata, ingkang kaampil ing bopati mawi kasongsongan jêne. Sarêng sêrat sampun katampèn Tuwan Guprênur Matius Drahman, lajêng kaurmatan ungêling mariyêm arambah-rambah. Tuwan guprênur nuntên andangu: Ki patih sapêngkêr andika punapa sang prabu sami basuki. Atur wangsulanipun ki patih: Inggih saking barkah paduka sami kasugêngan. Tuwan guprênur lajêng andangu

malih bab kawontênanipun pêrang ing tanah wetan. Aturipun patih ragi wontên salingsinganipun, ngantos tuwan guprênur katingal rêngu, mila ki patih lajêng kadhawuhan dhatêng ing gêdhong pêngkêran, badhe kakarsakakên ngandikan piyambakan, ingkang kalilan andhèrèk amung juru basa. Sarêng sampun wontên salêbêting gêdhong Adipati Danurêja angaturi arta: 2000 rupiyah. Tuwan guprênur sakalangkung kagèt, ngantos pasuryanipun katingal anjêrbabak, dene pêpatihipun ingkang sinuhun têka anggadhahi pratingkah ingkang kados makatên, mila dèrèng dangu anggènipun ngandikan lajêng kapunggêl, kyai patih kalilan wangsul dhatêng ing pondhokanipun malih. Sadumugining pondhokan, rumaos piduwung anggènipun lajêng kamipurun angaturi rêruba dhatêng tuwan guprênur.

Kacariyos, salêbêtipun wontên ing Batawi, Patih Danurêja sabên katimbalan dhatêng kantor bicara, kadangu kawontênanipun nagari Kartasura, [Karta...]

--- 39 ---

[...sura,] paturanipun tansah botên kalêrêsan, sarta kawêlèh-wêlèh ingkang dados wêwinihing kêkajênganipun, mila sampun rambah-rambah sabên nyuwun pamit mantuk dèrèng kalilan taksih dipun andhêg kemawon, ngantos kiyai patih rumaos dipun ukum aris-arisan.

Nuju satunggaling dintên, Komisaris Mantras, dhatêng pondhokanipun kiyai patih, angêmban dhawuhipun tuwan guprênur kapurih rêmbagan bab dhaharipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara. Mênggah saking pamrayogènipun ki patih pintên. Wangsulanipun Adipati Danurêja: Punika jêngandika pantês piyambak kemawon, kula kantuna ambayar sabên taun sapisan. Tuwan komisaris lajêng mratelakakên petang kula sabên wulan têlas 300 rupiyah, nanging Kumpêni taksih ngladosi minuman tuwin jampi-jampi. Patih Danurêja mangsuli: Manawi samantên punapa botên kêkathahên, kajawi punika kula dipun wêling ijêman ing sang prabu, ngenggalakên Pangeran Adipati Arya Mangkunagara wau, tumuntênipun kakendhangakên dhatêng pambucalan, sampun ngantos kalamèn wontên ing ngriki. Komisaris Mantras sarêng midhangêt asêmu kagèt sarwi mangsuli: Saudara, sampun jêngandika asalah gawe, têmbung sajabaning layang kang andika wêcakake, sanadyan têmêna wêlinge sang prabu, nanging jêngandika kang manggih cacad. Saèstunipun tuwan guprênur saya wêwah kirang rênaning panggalihipun, têtela yèn jêngandika piyambak ingkang andamêl risaking para santana. Patih Danurêja lajêng ngrêrêpa: O, inggih sakalangkung trima kasih kula dhatêng saudara, dene karsa ngèngêtakên katliwênging manah kula, mila wêlingipun sang prabu

wau mugi sampun ngantos katur ing tuwan guprênur. Sarampunging ginêm Tuwan Mantras lajêng têtabean pamit mantuk.

--- 40 ---

wondene Radèn Adipati Danurêja, anggènipun wontên ing Batawi anandhang sungkawa, awit saking dipun pitambuhi dening tuwan guprênur, wah sampun lami dèrèng kalilan mantuk, môngka botên nate katimbalan, mila sakalangkung prihatosing manahipun, tansah angirangi dhahar tuwin sare, ingkang dipun têtêdha mugi angsala pangapuraning Pangeran, sagêdipun tumuntên mantuk dhatêng ing Kartasura. Sarêng sampun angsal tigawêlas wulan laminipun, sawêg kalilan mantuk, mawi dipun bêktani sêrat wangsulan ingkang konjuk ing sang prabu. Sanalika Patih Danurêja sakalangkung bingah, saha tumuntên bidhal numpak baita, sadumugining Samarang dipun urmati dening tuwan kumêndur, ngantos sipêng tigang dalu, lajêng andumugèkakên lampah, sadhatêngipun ing nagari Kartasura adamêl gêdêripun têtiyang sanagari, tansah sami jawil-jinawil sarta rêraosan dene kyai patih anggènipun dhatêng ing Batawi ngantos lami sawêk mantuk, punapa ingkang dados wigatosipun. Sarêng sampun dumugi ngarsanipun ingkang sinuhun, Patih Danurêja nyungkêmi pada, sarta botên kenging dipun ampah wêdalipun luh, têmahan nangis sênggruk-sênggruk ngantos kamisêsêgên, sasampunipun sarèh lajêng angunjukakên sêrat wangsulan, miwah angaturakên kawontênanipun salêbêting wontên ing Batawi, sasampunipun Patih Danurêja lajêng kalilan mundur saking ing dhatulaya. Sigêg.

Gêntos kacariyos, wontên gêmpalaning kôndha saking môncanagari, tukang pêkên ing Kalangbrèt rêraosan dhatêng lurahipun Adipati Mataun, bilih wontên tiyang ulah martapa nama Ki Sèh Wanawasa, langkung dakik ginêmipun, mawi amêca bilih ing nagari Kartasura badhe wontên santana ingkang thukul, surasêkti môndraguna pilih tandhingipun ing ayuda, malah ngantos sagêd jumênêng nata, dene satunggalipun pinasthi [pi...]

--- 41 ---

[...nasthi] dados prajurit linangkung, putus dhatêng ulah gêlaring aprang. Ki Mataun sarêng midhangêtakên lajêng tuwuh panggraitanipun, tiyang martapa ingkang mêmêca wau rinasuk inganggêp tiyang sêpuh, sarêng sowan dhatêng nagari Kartasura Ki Sèh Wanawasa kabêkta, kasowanakên Ki Patih Danurêja. Ki Mataun anyariyosakên kawaskithanipun, Radèn Adipati Danurêja sêmu ngina, kaya apa mungguh kawaspadane wong ing desa, têka kumaki têmên, ewadene inggih lajêng katimbalan, pinanggihan

wontên ing langgar pêngkêran. Sasampunipun satata linggih, dinangu kalihan piyambakan, têmbungipun kiyai patih: Hèh sanak, coba kaya napa pamawas andika mungguh para satriya lan para bopati ing Kartasura kabèh, napa wontên walangsangkêre kang mrojol saka têkêmane Danurêja, utawa sing wani-wani nêrak pêpalang kang mêtu saking pêpalang, saka pangrasa kula nagara ing Kartasura isia macan galak salêksa, banthèng ngamuk sakêthi, yèn taksih Si Danurêja mêsthi padha mati ontên têkêman kula, kadipundi kaki napa badhe botên makatên.

Wangsulanipun Ki Sèh Wanawasa: Dhuh lêlurahing jagat, kula nyuwun pangapuntên kamipurun umatur pasaja, sadaya lêlampahan ingkang sampun pinasthi, botên kenging dinuwa saking sarana, sanadyan pinêndhêma ing bumi sap pitu, bilih sampun dumugi ing mangsanipun, siti wau têmahan ambalêdhag, ingkang kapêndhêm sagêd anjêbos, makatên punika sampun tinamtu botên kenging oncat. Ki patih ngandika malih: Coba dika dumuk amrih lêganing ati kula sintên wonge kang moncol ing lêlakon, amêsthi ajur dening ihtiyar.

Aturipun Ki Wanawasa: Manawi kiyai patih kêdah andangu, saking panawang kula, 1. Radèn Mas Sujana inggih Pangeran Mangkubumi, 2.

--- 42 ---

Radèn Mas Said, ingkang taksih timur, punika benjing botên wontên ingkang nglêgewa, têka lajêng kasumêrêpan thukul kaprawiranipun, anggègèrakên jagat, awrat sinôngga ing pêrang wêkasan Radèn Mas Sujana sagêd anggêmpal lêlampahan.

Sawêg nêdhêngipun sami rêrêmbagan, kasaru wontên abdi atur uninga, bilih Nyai Sêtyawati dhatêng kautus Kangjêng Ratu Agêng, Ki Mataun kalihan Ki Sèh Wanawasa, kadhawuhan ngêntosi sami lêlinggihan. Patih Danurêja lajêng anilar mêdal manggihi utusan wau. Nyai Sêtyawati matur abêbisik, bilih angêmban timbalanipun Kangjêng Ratu Agêng, paring uninga nalika ing dintên malêm Jumungah, supêna katingal rêmbulan coplok saking ngantariksa, sarwi dipun lokakên ing ngakathah. Rêmbulan wau ngleyang sumangsang ing wit randhu, nuntên katingal Pangeran Mangkubumi ambêkta gèntèr, rêmbulan kasènggèt dhawah ing pangkon kacêpêng lajêng kadhahar, sawêg têlas sapalih lajêng kabucal, rêmbulan wangsul ing dunungipun sarwi kaêlokakên ing tiyang kathah, tumuntên dhawah malih kantun sasigar, kadhahar dening Radèn Mas Said. Sawêg têlas sakêdhik Kangjêng Ratu Agêng kasêlak wungu. Kyai patih sarêng mirêng cariyosipun Nyai Sêtyawati lajêng anjêtung sangêt ing pangungunipun, dene kawontênaning supênan, têka mèmpêr kalihan

pamêcanipun Ki Sèh Wanawasa. Nyai Sêtyawati sumêrêp pasêmonipun kiyai patih anahên duhkita, lajêng anusuli atur: Saking wêlingipun Kangjêng Ratu Agêng prakawis punika kaborongakên ing jêngandika, awit ing batos sakalangkung sêkêl ngêmu mêlang-mêlang, dene ingkang katingal wontên ing pasupênan Pangeran Mangkubumi tuwin Radèn Mas Said, punika kadospundi wahananipun. Patih Danurêja mangsuli sarwi bêbisik, wontên wêcaning gaib, Pangeran Mangkubumi kalihan Radèn [Ra...]

--- 43 ---

[...dèn] Mas Said punika ingkang badhe ambêbayani.

Nyai Sêtyawati nyambungi wicantên: Yèn makatên punapa botên prayogi kalih pisan wau kacupêt lêlampahanipun. Patih Danurêja mangsuli: Prakawis ingkang makatên punika dèrèng kenging katamtokakên, upami amidosa ingkang dèrèng nyata, saèstu manggih duraka, badhe angsal sêsikunipun Kang Maha Kuwasa, mila saking atur panuwun kula mugi sampun anggêga supênan, mindhak saya anipisakên tekad, botên langkung amung pêjah gêsang kula katura Gusti Kangjêng Ratu Agêng, dene kamipurun anggadhahi atur ingkang samantên wau. Nyai Sêtyawati ugi lajêng pamit wangsul dhatêng ing kadhaton.

Sapêngkêring utusan, kyai patih manggihi Ki Sèh Wanawasa malih, sawêg lumêbêt ing kontên, Ki Sèh Wanawasa dhèhèm, nyasmitani bilih sampun andugi punapa wigatosipun ingkang mêntas karêmbag. Kyai patih ugi anggraita sêmu anggragap, sampun nyana yèn kawadaka ing wêwadosipun, mila lajêng ngandika: Dhuh ki raka, punapa inggih badhe mênangi saujaring wirayat jêngandika wau. Ki Sèh Wanawasa lajêng ngumpêtakên tanganipun kalihan anggêgêm, sarwi umatur: Kyai patih sumôngga kabatanga ingkang kula gêgêm punika punapa. Adipati Danurêja mratelakakên yèn botên sumêrêp. Ki Sèh Wanawasa lajêng ngêgarakên tanganipun mawi mungêl sora, ambak ambing wiji gadhung. Kiyai patih lajêng angrêrêpa: Awit saking tunaning panggraita kula, mugi dipun wêdharna ingkang prasaja, Ki Sèh Wanawasa wicantên malih: Kyai patih wau sampun walèh piyambak yèn botên sumêrêp, inggih dados botên mênangi hara-huruning nagari, dene wiji gadhung punika têtêdhan ingkang ngêndêmi, awit kiyai patih kasêlak nandhang sungkawa, amanggih lêlampahan sanès, Adipati

--- 44 ---

Danurêja sarêng midhangêt pamêcanipun Ki Sèh Wanawasa, sangêt ngêrês ing panggalihipun, lajêng tumungkul sarwi waspanipun akêkotos, nanging lajêng angèsthi pêpuntoning tekad, têmah narimah sumarah Ingkang Murbèng Titah, wusana ngandika dhatêng Ki Mataun: Wiwit samêngko aku mèlu ngêpèk wong tuwa marang Ki Sèh Wanawasa, mulane sabên garêbêg jakên milu seba marang ing Kartasura. Aturipun Ki Mataun inggih sandika, sarta lajêng sami kalilan mantuk.

Kacariyos, kala samantên Adipati Jayaningrat ing Pakalongan gadhah sadhèrèk jalêr ingkang kanggêp pasuwitanipun saha sangêt dipun sihi ing sang prabu, mila Adipati Jayaningrat anggubêl dhatêng Tumênggung Tirtawiguna, supados sadhèrèkipun jalêr wau kasuwunakên pangkat bopati. Tumênggung Tirtawiguna ugi anyagahi, kalampahan lajêng munjuk ingkang sinuhun kanthi mratelakakên saening lêlabêtanipun akatah-kathah, mila sang nata lajêng marêngakên, gêgadhuhanipun lênggah siti kadhawuhan ngêmpalakên kalihan lênggahing sadhèrèkipun sêpuh dados 1000 karya, sarta kapatêdhan nama Tumênggung Suradiningrat saha lajêng kadhawahakên nuju pasowanan ing dintên Kêmis. Kala samantên sang prabu botên angèngêti wiradating nagari, jalaran anggènipun nêtêpakên pamisudhanipun wau botên lumantar ing kapatihan, mila sarêng Adipati Danurêja mirêng bab wau, sakalangkung dukanipun, mèh kemawon bopati ingkang mêntas kawisudha badhe kasuduk wontên ing ngajêngan, ananging lajêng èngêt yèn ingkang jumênêng narendra taksih taruna, ewadene muring-muringipun botên kenging dipun ampah, nêdya ngêncêngi adat tindaking nagari, kalênggahanipun Tumênggung Suradiningrat wau kadhawuhan andhèdhèl.

--- 45 ---

Kacariyos, sang nata mirêng yèn kalênggahanipun Tumênggung Suradiningrat kalorod saking kajêngipun patih piyambak, sanalika sangêt ing dukanipun, sih trêsnanipun dhatêng Adipati Danurêja ical babar pisan, enggal animbali lurahing carik Tumênggung Tirtawiguna, akalihan Ki Wirajaya. Sasampunipun sumewa tampi dhawuh: Hèh Tirtawiguna, ingsun gawèkna layang marang tuwan guprênur, yèn ing mêngko ingsun wis ora angabdèkake marang Adipati Danurêja, ingsun titip marang Kumpêni, supaya tumuli disingkirake saka nagara Kartasura, dibuwanga marang tanah sabrang. Sanalika sêrat lajêng kadamêl miturut timbalanipun sang prabu, sasampunipun katetesan asma cap, lajêng kabêkta mêdal saking dhatulaya.

Rikala samantên Kangjêng Ratu Agêng angsal pawartos, bilih ingkang sinuhun sakalangkung duka dhatêng Patih Danurêja, mila enggal-enggal

karsa manggihi ingkang putra, nuntên ngandika sêmu angarih-arih: Dhuh anggèr, gonmu dêduka marang uwakamu Danurêja ambok iya wis aja kadawa-dawa, muga èngêtana bêcike, lêlabêtane marang suwargi ramanta tumêkane saprene, karana Patih Danurêja iku panasthi kang ngêmbani jumênêngmu nata. Sang prabu amangsuli atur kalayan sugal: Lah inggih ibu, yèn Danurêja pinasthi ing Pangeran kêdah dados patih, kapuriha pados ratu sanèsipun kula kemawon. Kangjêng Ratu Agêng karaos anglês salêbêting panggalih, lajêng mundur palarasan sarta arawat waspa.

Sarêng enjingipun Tumênggung Tirtawiguna ambêkta nawalanipun sang prabu dhatêng ing ngloji, katampèkakên ing tuwan kumandhan saha kawêca ing sapêrlunipun. Botên kacariyos ing lampahipun, dumugining Batawi [Ba...]

--- 46 ---

[...tawi] sasampuning katampèn dening tuwan guprênur, lajêng karsa rêmbagan kalihan para rad Kumpêni, pinanggihing rêmbag anglêstantunakên ingkang dados karsanipun ingkang sinuhun. Mila lajêng utusan Dêlèr Tuwan Kunyit lumampah dhatêng Samarang, supados nyêpêng Adipati Danurêja, samôngsa dhatêng wontên ing Samarang, mawi winêling-wêling ing sawigatosipun.

Gêntos kacariyos, kala samantên pêpatih ing Kartasura sabên tanggaping taun, tamtu dhatêng ing Samarang, nampèni arta pambayaring têmpuranipun Kumpêni, mila sarêng ing wulan Sura, Adipati Danurêja ugi dhatêng ing Samarang kados adat, ing ngriku lajêng kacêpêng linêbêtakên ing pawarangan, sadaya ingkang sami sumêrêp sakalangkung ngungun, dalah para tiyang saisining nagari Samarang, sami rêraosan, punapa mênggah ingkang dados kalêpatanipun, dene wiwit ênèm dumugining sêpuh anggènipun dados patih angêmbani nagari dèrèng nate amanggih cacad, sawêg punika ratu mudha karsa amidosa dhatêng pêpatihipun ingkang sampun wêrda, sawênèh wontên ingkang mangsuli: Bokmanawi punika wêwalêsipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, ingkang pinidana tanpa dosa, awit Gusti Allah ingkang maha adil, rintên dalu tansah ngudanèni ing sasolah-bawaning kawulanipun.

Wusana sarêng ingkang sinuhun kaaturan uninga, lajêng dhêdhawuh anjarahi barang gadhahanipun Adipati Danurêja, sarta para pawèstri dipun boyongi dhatêng salêbêting karaton.

Sanès dintên Tuwan Dêlèr Kunyit sowan dhatêng ing Kartasura, lajêng katampèn dhatêng sang nata kalihan suka pirênaning panggalih, awit piyambakipun ingkang sampun kinèn anglampahi dhawuhipun sang prabu, anyirnakakên sêsukêring nagari, mila tansah sinuba-suba ing boga drawina. Sarêng [Sa...]

--- 47 ---

[...rêng] nuju ing dintên pasowanan, sang nata miyos ing pagêlaran, tuwan dêlèr, tuwan kumêndur, tuwin tuwan kapitan kumandhan, ugi sami pinarêk ing ngarsa nata para nayaka para bopati dalah sakalerehanipun sampun sami sumewa sadaya, ing ngriku tuwan dêlèr lajêng ambyawarakakên, bilih awit saking kaparêngipun ingkang sinuhun, ing mangke Radèn Tumênggung Natamijaya kawisudha dados pêpatih wisesa, kapatêdhan nama Adipati Natakusuma, sasampuning sami ingestrenan, sang prabu lajêng jêngkar angadhaton. Sanès dintên tuwan dêlèr kalilan mantuk, sadumugining Samarang ambêkta Patih Danurêja, sarêng wontên ing Batawi lajêng tata-tata baita ingkang badhe katumpakan Adipati Danurêja dhatêng ing pambucalan.

Gêntos kawuwusa, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara anggènipun dipun andhêg wontên ing Batawi ngantos tigang taun, bidhalipun dhatêng pambucalan ing tanah Kap sawêk sawulan, dèrèng dumugi ing panggenan, jalaran lampahing baita botên sagêd angsal angin sae, tansah kumbak-kumbul wontên satêngahing lautan, tumuntên katungka baita ingkang ambêkta Patih Danurêja, wontên ing margi nêmahi kabilaèn, katêmpuh ing prahara, ngantos tiyanging baita pokah, lampahipun sapurug-purug, dumadakan saking karsaning Allah badhe kangge mamêlèh ing lêlampahan, sarêng kabuncang cêlak kalihan baitanipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, baitanipun Patih Danurêja wau rêmuk, para tiyang isining baita pating barêngok sami kacêmplung ing sagantên, sawênèh wontên ingkang sagêd anglangi, salong wontên ingkang angsal cêpêngan kajêng pêcahaning baita. Ing ngriku sarêng mirêng suwaraning tiyang pating jalêrit, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara tuwin tuwan kapitan sami mêdal dhatêng ing ngêdhèg, sakangsal-angsal anulungi

--- 48 ---

para tiyang ingkang sami pating kurambang wontên ing sagantên. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sagêd anyandhak tanganipun tiyang jalêr sampun sêpuh, lajêng katarik minggah wontên ing ngêdhèg, tiyang wau sampun botên sagêd anggulawat, sarêng dipun waspadakakên

inggih punika Patih Danurêja, mila panggalihipun sakalangkung kagèt, dene botên nyana pisan-pisan, mila gugup pangupakaranipun, ing sapikantukipun. Sarêng sampun èngêt saha sagêd pramana paningalipun, yèn ingkang mitulungi Pangeran Arya Mangkunagara, Patih Danurêja lajêng anungkêmi pangkonipun sarwi anangis ngantos sêsêgên asênggruk-sênggruk. Pangeran Adipati Arya Mangkunagara lajêng andangu: Kapriye dene uwa patih nganti kasusulake lêlakonku anêmahi sangsara kang luwih bangêt. Wangsulanipun Adipati Dasnurêja: Dhuh anggèr botên kadosa anggèn kula sêtya tuhu rumêksa nagari saha kaprabonipun rayi paduka, wêkasan anêmahi kados makatên, mila rumaos angsal sêsikuning Pangeran, mawi kawêlèhakên anggèr ingkang mitulungi gêsang, botên langkung sèwu-sèwu kalêpatanipun badan kula mugi wontêna pangapuntênipun bêndara, têrus lair batos. Pangandikanipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara: Iya uwis ta uwa, aja akèh-akèh kang korasakake, mundhak amuwuhi karônta-rantaning ati, pupusên ing pêpasthèn, manungsa amung sadarêma anglakoni. Patih Danurêja lajêng kabêkta dhatêng ing kamar kasantunan pangangge, tuwin dipun ajak kêmbul bujana ing sawontênipun, wusana baita lajêng laju lampahipun, awit angsal angin sae samargi-margi Adipati Danurêja tansah nyariyosakên kawontênanipun nagari Kartasura sapêngkêripun kajêng[10] pangeran, wiwitan dumugi wêkasan, malah ngantos amêdharakên [amêdhar...]

--- 49 ---

[...akên] wêcanipun Ki Sèh Wanawasa, mila Pangeran Adipati Arya Mangkunagara dahat angungun, wêkasan sokur ing Pangeran, saha nalôngsa salêbêting panggalih.

Enggaling cariyos, sarêng baita sampun dumugi ing panggenan, Patih Danurêja kaprênahakên piyambak, Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kadunungakên wontên ing nagari Kap, inggih punika pojoking tanah Aprikah ingkang sisih kidul, ngantos dumugi sedanipun, ananging layonipun kakondurakên dhatêng tanah Jawi, sumare ing astana Imagiri, amung para putra wangsulipun sangking pambucalan, lajêng katrêm dêdalêm wontên ing Batawi.

Wondene putranipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara wau sadaya 16, wontên ingkang miyos ing Kartasura, salong miyos nalika kaandhêg wontên ing Batawi, sawênèh kawiyosakên sasampuning wontên nagari Kap, mênggah pratelanipun urut sêpuh kados ing ngandhap punika.

1. Radèn Mas Ngali, saking garwa putri ing Madura, diwasanipun asma Pangeran Tirtakusuma ing Pancuran.

2. Radèn Mas Umar, saking garwa putri ing Kablitaran, seda timur.

3. Radèn Mas Said, saking garwa putri ing Kablitaran, diwasanipun ajêjuluk Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang sapisan ing Surakarta, apêparab Kangjêng Gusti Ingkang Saking Lêlana, misuwuring asma Sambêrnyawa.

4. Radèn Mas Sakadi, saking garwa ampeyan, seda timur.

5. Putri saking ampeyan, dèrèng nama lajêng seda.

6. Radèn Mas Ambiya, saking ampeyan, diwasanipun nama Pangeran [Pange...]

--- 50 ---

[...ran] Pamot.

7. Radèn Mas Sabar, saking ampeyan, diwasanipun nama Pangeran Arya Mangkudiningrat.

8. Radèn Ayu Tirtawiguna, saking ampeyan, lajêng krama malih nama Radèn Ayu Puspakusuma.

9. Kakung saking ampeyan, dèrèng nama seda.

10. Radèn Ayu Tirtayuda, ing Nglorog tanah Pacitan, saking ampeyan.

11. Pangeran Kap, saking ampeyan.

12. Radèn Ayu Mangkuyuda, saking ampeyan.

13. Radèn Mas Arya Toyakusuma, saking ampeyan.

14. Radèn Mas Arya Warihkusuma, saking ampeyan.

15. Radèn Mas Arya Ranukusuma, saking ampeyan.

16. Radèn Ayu Mangunyuda, ing Banyumas, saking ampeyan.

Bab 3. Lêlampahanipun Radèn Mas Suryakusuma (Said) Sapêngkêripun ingkang Rama Kakendhangakên Ngantos Dumugining Lêlana Andon Yuda

Amangsuli cariyos, kawontênanipun ing nagari Kartasura, sapêngkêripun Pangeran Adipati Mangkunagara kakendhangakên, panggalih dalêm ingkang sinuhun lajêng mungkar botên wontên ingkang dipun èringi, saha botên karsa ngagêm atur pirêmbagipun para nayaka, amung ngagêm karsanipun piyambak, têmahan adiling praja Kartasura prasasat ical babarpisan, [ba...]

--- 51 ---

[...barpisan,] putraning para pangeran, sarta anakipun para bopati, manawi rama utawi bapakipun tilar donya, putra sarta anak wau sami botên kagêntosakên ing kalênggahanipun, makatên malih ingkang sinuhun kagungan tindak sawênang-wênang, anyedani Pangeran Têpasana, ingkang botên dosa. Ing ngriku sadaya kawula tiyang alit, botên kantênan pangidhêping manah, amargi panggalih dalêm ingkang sinuhun botên têtêp, sakêdhap angayomi dhatêng Cina, sakêdhap angayomi Kumpêni, têmahan nagari Kartasura awayang-wuyungan. Adipati Martapura kakên manahipun, jalaran dipun cidrani ingkang sinuhun, mila Adipati Martapura lajêng ngêmpal pisan kalihan Cina. Radèn Mas Garêndi, inggih punika putranipun Pangeran Têpasana, ingkang dipun uyun-uyun dening Cina, kajumênêngakên nata, ajêjuluk Sunan Kuning, dipun aturi anggêpuk nagari Kartasura. Adipati Martapura anggènipun gadhah pikajêng ingkang makatên wau, botên melikakên dhatêng karaton, amung kabêkta saking kakêning manah, ngantos kawêdal wicantênipun dhatêng para Cina: Ratu kang cidra iku masa amalatana, gêtakên bae amêsthi kabur. Ing ngriku Adipati Martapura sampun sagolong kalihan para Cina, badhe sumêdya ambêdhah nagari Kartasura.

Kacariyos, putranipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kendhang ingkang tinilar wontên nagari Kartasura kathahipun 3.

1. Ingkang sêpuh asma Radèn Mas Said.

2. Radèn Mas Ambiya.

3. Radèn Mas Sabar. Punika lêlampahanipun sami mêmêlas sangêt, jalaran katilar rama ibu (lola), kapintên botên wontên ingkang ngopèni, kalampahan rintên dalu dhahar sarenipun amung kêmpal [kê...]

--- 52 ---

[...mpal] kalihan panakawan tiyang alit, badhe nunggil para santana sakalangkung lingsêm, jalaran saking comprènging pangagêman, mila kathah têtêpanganipun dhatêng anaking para priyantun ingkang dados panakawan. Sarêng sampun wancining diwasa, sawêg wontên panggalihan dalêm ingkang sinuhun, aparing pêpanci sarta kalênggahan dhatêng putra têtiga wau, kadhawuhan sami kampuhan nunggil para abdi dalêm mantri gandhèk anèm, kaparingan santun asma:

1. Radèn Mas Said, asma Suryakusuma, kaparingan lênggah siti 50 jung.

2. Radèn Mas Ambiya, asma Martakusuma, kaparingan lênggah siti 25 jung.

3. Radèn Mas Sabar, asma Wiryakusuma, kaparingan lênggah siti 25 jung.

Kacariyos, putranipun Radèn Tumênggung Wirasuta, nama Radèn Sutawijaya, ingkang pêthal saking Mataram, punika taksih nunggil darah kalihan Adipati Mangkunagara, mênggah urut-urutanipun kados ing ngandhap punika.

Panêmbahan Senapati ing Ngalaga ing Mataram, pêputra Radèn Sutawijaya, lajêng apêputra Nyai Agêng Panêmbahan Rama, lajêng pêputra Radèn Sutawijaya kaping kalih, lajêng pêputra Radèn Adipati Danurêja pêpatih ing Kartasura, lajêng pêputra Radèn Tumênggung Wirasuta ing Kartasura, lajêng pêputra Radèn Sutawijaya kaping tiga.

Radèn Sutawijaya ingkang kaping tiga punika kala alitipun dados panakawan ing karaton, sangêt sumêkêtipun kalihan para putranipun Pangeran Adipati Mangkunagara kasêbut ing nginggil. Radèn Sutawijaya punika satilaring bapa botên sagêd anggêntosi kalênggahanipun, amung anampèni tilaranipun bôndha kemawon ragi kathah, awit Radèn Tumênggung Wirasuta wau sugih brana, ewadene Radèn Sutawijaya [Su...]

--- 53 ---

[...tawijaya] inggih taksih cuwa amargi gadhah panganggêp, kahartawan punika taksih wontên sangandhaping kawiryan, mila cuwanipun botên sagêd sirna, malah saya sangêt. Mênggah ingkang nandhang kacuwan makatên wau botên ngêmungakên Radèn Sutawijaya piyambak, kathah panunggilanipun para anaking mantri bopati, inggih sami botên sagêd anggêntosi kalênggahaning bapa ingkang sampun ajal, jalaran sampun ewah wiradating nagari, mila Radèn Sutawijaya anggènipun pados dhadhakan sakiting manah punika bêbasan pandung angsal babahan, lajêng sarêmbag kalihan para anaking priyantun ingkang sami sakit manahipun, sumêdya tilar praja, awit rinaos-raos ing wêkdal punika adiling praja prasasat sampun bibrah babar pisan, dados Radèn Mas Said anggènipun sumêkêt kalihan Radèn Sutawijaya punika nama nunggil suraos sami sakit manahipun.

Amangsuli cariyos, lêlampahanipun Adipati Martapura, anggènipun badhe anggêbag nagari Kartasura, sarêng sampun siyaga tumuntên bidhal, mênggah ramening pêrang utawi kasoring wadyabala Kartasura wontên ing margi botên kacariyos, bala Cina sagêd malêbêt ing alun-alun Kartasura. sarêng ingkang sinuhun sampun kesisan ing wadyabala, ing ngriku Tuwan Kaptin Hogêndhorêp lajêng ambêkta ingkang sinuhun lumajêng mêdal saking kadhaton, amung kanthi Pangeran Adipati Anom.

Kacariyos, nalika ing Kartasura ura-uru ngajêngakên lêbêtipun Cina angrisak karaton, Radèn Mas Suryakusuma dalah ingkang rayi-rayi botên andhèrèk palajêngipun ingkang sinuhun, taksih sami bilulungan wontên salêbêting kadhaton, ing ngriku dipun awe ingkang eyang Radèn Ayu Sanapati saking jandhela. Radèn Mas Suryakusuma enggal [eng...]

--- 54 ---

[...gal] marak ing ngarsanipun, tumuntên dipun ulungi wangkingan satunggal, sarwi ngandika: mara tampanana iki gèr, pusakamu, nuli lumayua mêtu, yèn sêlak katungka lêbune brandhal mênyang kadhaton. Radèn Mas Suryakusuma nampèni wangkingan tumuntên lumajêng mêdal sarwi anggèrèt ingkang rayi kêkalih, sarêng wontên ing jawi lajêng kèngêtan pusakanipun wangkingan ingkang wontên ing gêndhaga, sumimpên ing kadhaton, nama Kyai Bêdhudhak, nanging badhe wangsul malêbêt dipun pambêngi dening Cina, saha kadhaton sampun rame ulêng-ulêngan bôngsa Cina sami ngrayah. Radèn Mas Suryakusuma kawêkèn panggalihipun, enggal mêjahi Cina ingkang kapêncil satunggal, sandhanganipun dipun balèjèdi lajêng dipun agêm, dados lêbêtipun Radèn Mas Suryakusuma mangagêm cara Cina, anjujug panggenan pusaka Kyai Bêdhudhak sampun kapundhut, tumuntên mêdal botên kawadaka sagêd panggih kalihan ingkang rayi-rayi. Kèngsêripun ingkang sinuhun sarta bêdhahing karaton Kartasura botên kacariyosakên, Sunan Kuning lajêng anggêntosi jumênêng nata wontên ing Kartasura, pranatanipun botên ewah kados ingkang sinuhun ingkang sampun kèngsêr. Radèn Mas Suryakusuma dalah ingkang rayi-rayi lajêng anyuwun suwita dhatêng ingkang raka Sunan Kuning, pasuwitanipun sampun katampèn.

Kacariyos, jumênêngipun Sunan Kuning wontên ing Kartasura botên ngantos dangu, watawis amung sangang wulan lajêng kausir dening bala Madura, Sunan Kuning kèngsêr dhatêng ing Mataram manggèn ing dhusun Randhulawang. Ingkang sinuhun Kartasura wangsul jumênêng nata malih, ing ngriku Radèn Mas Suryakusuma dalah ingkang rayi-rayi pasuwitanipun botên ewah lêstantun dados mantri gandhèk anèm. Sarèhning kalênggahanipun dados mantri wau rumaos lingsêm sangêt, lajêng kagungan panggalih sumêdya nyuwun indhaking pangkat, dhatêng kapatihan, [ka...]

--- 55 ---

[...patihan,] sasampunipun golong pirêmbagipun kalihan para ingkang rayi, tumuntên kalêksanan sowan ing kapatihan, ing ngriku lajêng andarbèni panyuwun sapêrlunipun, wusana botên ginalih dening radèn adipati, saha lajêng anilar lumêbêt ing dalêm, botên antawis dangu utusan maringakên arta sakanthong dhatêng Radèn Mas Suryakusuma, sarêng utusan anampèkakên arta wau, panggalihipun ingkang pinaringan arta rumaos kados dipun têbak, karêrantan, labêt saking sadaya atur panyuwunipun botên kawangsulan têmbung punapa-punapa, kajawi amung kaparingan arta kados tiyang papriman, mila sanalika anjêngêr botên sagêt angandika, dangu-dangu sagêt sarèh panggalihipun, tumuntên mundur palarasan, kalihan anyangking kanthong isi arta wau. Sadumugining regol, kanthong dalah isinipun arta kasêsêlakên wontên satunggaling wit-witan, ing batos kalihan nyênyuwun mugi kasêmbadana

punapa ing sakarsanipun. Sarêng pinanggih kalihan Radèn Sutawijaya, kaparingan sumêrêp punapa kawontênanipun nalika sowan dhatêng kapatihan, punapa malih Radèn Mas Suryakusuma angandika, manawi sariranipun taksih wontên nagari Kartasura sakalangkung lingsêm aningali para tiyang, mila lajêng kadhèrèkakên Radèn Sutawijaya, kapanggih kalihan santananipun ingkang asli saking dhusun Nglaroh, nama: Kyai Wiradiwôngsa, angginêm ingkang dados karsanipun badhe tilar praja. Kyai Wiradiwôngsa matur: Bêndara, mênggah ingkang dados karsa paduka punika saking panimbang kula botên wontên malih ingkang purun biyantu labêt pêjah, kajawi amung sêntana paduka piyambak ing Nglaroh. Manawi andhahar atur kula sumôngga bandara tumuntên tilar praja, anjujug ing Nglaroh kemawon, sami tata-tata siyaga ing ayuda. Radèn Sutawijaya [Sutawi...]

--- 56 ---

[...jaya] mirêng aturipun Kyai Wiradiwôngsa langkung panuju ing manah, lajêng anyambêti atur: Bêndara, aturipun kakang Wiradiwôngsa punika prayogi dipun sambadani, mangke kula inggih badhe ambiyantu. Pawong sanak kula anakipun priyantun ingkang sami sakit manahipun, kula purih andhèrèk ing panjênêngan sadaya dadosa kanthi.

Radèn Mas Suryakusuma midhangêt atur pirêmbagipun Radèn Sutawijaya tuwin Kyai Wiradiwôngsa sanalika lêga panggalihipun, tumuntên tata-tata bidhal saking Kartasura kêbut sagarwa sadaya. Tinêngêran ing dintên Rêbo Kliwon tanggal kaping 3 wulan Rabingulakir taun Jimakir, sinêngkalan rasa rêtu ngoyak jagat:[11] 1666 nuju windu Sêngara, lajêng anjujug ing dhusun Nglaroh, dene ingkang andhèrèk sarêng, anaking para priyantun sadaya 18 tiyang. Sarêng sampun sawatawis dintên wontên ingkang nusul malih 6 tiyang, dados anaking para priyantun wontên 24 tiyang[12] ing ngriku lajêng iyasa dalêm, ngrakit banjar pakarangan, botên kêndhat angimpu para santana ing dhusun, utawi ngaturi para wiku ingkang kasub kasutapanipun, supados paring piwulang dhatêng sariranipun, tuwin dhatêng para ingkang andhèrèk sadaya, makatên wau inggih sampun kasêmbadan, ing wanci siyang sami ginulang sampurnaning ayuda tuwin pakantuking gêlar, manawi ing wanci dalu sami winêjang ngèlmi kanuragan kasantikan tuwin aji jaya kawijayan, lajêng sami anglampahi brata miturut sapakènipun ing guru, midêr-midêr ing ardi tuwin kungkum ing sêndhang-sêndhang, dene ingkang sampun jinajah, 1. ing sêndhang Sinôngka, 2. sêndhang Sitrètès, dumunung wontên sawetaning pucak ardi Gajahmungkur, [Gajah...]

--- 57 ---

[...mungkur,] 3. sêndhang Pancuran, 4. sêndhang Silanang, sêndhang patilasan sadaya wau, dumugi sapriki dados padusanipun para nem-neman ingkang ulah kaprawiran, sami nganggêp sarta pitados, sintên ingkang purun adus kungkum tuwin ngombe toyanipun adat têguh timbul tanpa anggêguru.

Nuju satunggiling dintên, Radèn Mas Suryakusuma ngandika dhatêng Radèn Sutawijaya, têmbungipun: Kakang jênêngmu Sutawijaya iku jayane bakal dakanggo wiwitan jênênge batur gawan saka ing Kartasura kabèh, ngiras minôngka muji muga kasinungana unggul ing ajurit, mulane baturku kabèh padha kasêbuta punggawa: têgêse gêgawan saka ing Kartasura, dene kakang dak wisudha dadi lurahe para punggawa, amadanani minôngka kamituwa, mungguh pangêrèhe dakpasrahake marang si kakang kabèh, dene kakang samêngko ajênênga: Kyai Ngabèi Rôngga Panambangan, amarga saka anggone kakang wus kaduga andanakake kabêcikan nambangi marang awakku. Kang mangkono iku supaya kanggo pangeling-eling anak putu ing buri, lan manèh kakang Wiradiwôngsa samêngko uga dak paringi salin jênêng arana: Kyai Ngabèi Kudanawarsa, minôngka pêpatih kang ngêmbani aku, sarta manèh para punggawaku dak paringi jênêng wiwitane nganggo: jaya, kaya ta: 1. Jayautama, 2. Jayaprameya, 3. Jayawicantên, 4. Jayawiguna, 5. Jayasutirta, 6. Jayanimpuna, 7. Jayaprabata, 8. Jayasantika, 9. Jayapuspita, 10. Jayasudarga, 11. Jayasudarma, 12. Jayadipura, 13. Jayaleyangan, 14. Jayajagaulatan, 15. Jayaalap-alap, 16. Jayapanamur, 17. Jayapamênang, 18. Jayapanantang, 19. Jayatilarsa, 20. Jayawinata, 21. Jayapangrawit, 22. Jayaprawira.

--- 58 ---

Sadaya ingkang dipun dhawuhi sakalangkung bingah saha sami angèstokakên. Kyai Ngabèi Rôngga Panambangan ing batos ngalêmbana dhatêng bandaranipun, dene sagêd mêmantês gathukipun kalihan lêlampahan.

Nalika wontên ing ngriku ingkang minôngka pêpancèning dhaharipun Radèn Mas Suryakusuma dalah para garwa sadaya, ngêndhêg pajêgipun siti saurutipun dhusun Ngutêr sapangandhap, ingkang badhe katur dhatêng ing Kartasura.

Kacariyos, Radèn Mas Suryakusuma kalihan ingkang rayi-rayi tuwin para punggawa sadaya, anggènipun anggêgulang kridhaning papêrangan

sampun dumugi, awit saking aturipun Kyai Ngabèi Kudanawarsa kakintên sampun anyêkapi, malah prayoginipun kacacak pisan minôngka pandadar, supados sampun ngantos kêmba sêrêngipun. Radèn Mas Suryakusuma inggih anyondhongi dhatêng pamrayogi wau, nanging sarèhning dèrèng wontên mêngsah kadospundi pêthanipun, sanadyan Radèn Mas Suryakusuma piyambak inggih sampun ngajap tumuntêna têmpuh pêrang. Kyai Ngabèi Kudanawarsa wicantên dhatêng Ngabèi Rôngga Panambangan, têmbungipun: Adhi manawi bandara amarêngakên, prayogi pados dhadhakan kêmpal kalihan barisanipun Sunan Kuning rumiyin, awit anggènipun pacak baris wontên ing Randhulawang pawartosipun sampun agêng sangêt, pêrlunipun amung kangge sarana sapisan ngayom, kaping kalih anggêgulang para punggawa dhatêng têmpuking ayuda, dene mangke bilih sampun katingal botên nguciwani, gampil lajêng misah ngadêg piyambak.

Kyai Ngabèi Rôngga Panambangan tuwin Radèn Mas Suryakusuma sami anyondhongi dhatêng pirêmbag wau, lajêng nantun dhatêng ingkang rayi-rayi: Mungguhing kowe kapriye adhi. Aturipun ingkang rayi amung andhèrèk kemawon, botên sumêdya pisah kalihan kakang mas.

--- 59 ---

Radèn Mas Suryakusuma sawadya punggawanipun lajêng tata-tata sampun mirantos, tumuntên bidhal saking Nglaroh badhe nusul ingkang raka Sunan Kuning dhatêng Randhulawang, wontên ing margi botên kacariyos, sarêng dumugi ing Randhulawang kapanggih kalihan Patih Mangunonêng, lajêng kaaturakên Ingkang Sinuhun Sunan Kuning, bilih Radèn Mas Suryakusuma dalah ingkang rayi kalih sawadya punggawanipun sami nusul ing sang prabu, ingkang rayi têtiga lajêng katimbalan dumugi ngarsanipun Sunan Kuning sami ngabêkti. Sang prabu sakalangkung rêna panggalihipun, ing wêkdal wau kalêrêsan para bopati pêpak sami sumewa, Adipati Suradiningrat, Adipati Cakranagara, tuwin Adipati Pathi. Sang prabu ngandika dhatêng para bopati, bilih ingkang rayi katiga pisan badhe kadadosakên senapatining pêrang. Ingkang sinabdan sadaya sami nayogyani. Sang nata lajêng dhawuh malih: 1. Si Adhi Suryakusuma sun angkat dadi pangeran asêsiliha aran Pangeran Prangwadana, 2. Si Adhi Martakusuma, sêsiliha aran Pangeran Panênggak, 3. Si Adhi Wiryakusuma, sêsiliha aran Pangeran Timur. Ing ngrika pangeran têtiga lajêng kapasrahakên dhatêng Babah Kapitan Sapanjang.

Pangeran Prangwadana ngandika dhatêng Ki Patih Mangunonêng: Paman, kula nêdha kanthi tiyang ingkang ngidhêp mantêp dhatêng ing ratu, ingkang purun alabuh pati, ingkang kêbat cukat tarampil ing damêl, ingkang tumêmên ing parentah, sarta ingkang kêndêl, botên watak

mirisan dhatêng mêngsah. Ki Patih Mangunonêng lajêng milihi prajurit kados pamundhutipun Pangeran Prangwadana wau, angsal 300 tiyang, lajêng kapasrahakên dhatêng Pangeran Prangwadana dados rerehanipun.

Samantên, pangeran têtiga kalampahan sami nindhihi pêrang, sampun sagêd dhatêng ulahing gêlar sarta katingal kaprawiranipun, sabên sabên [sa...]

--- 60 ---

[...bên] pêrang bala ing Kartasura kathah ingkang kapalajêng, pangrampitipun bala Cina ing Dêrsana dumugi ing dhusun Pakauman, lajêng ambêsmi griya sakanan keringipun, Kumpêni Walandi kalihan bala Bugis Madura enggal acampuh rampak, bala Cina têmah kasoran, lajêng bibar mundur alon-lonan wangsul dhatêng ing dhusun Dêrsana malih.

Kacariyos, ing Kartasura sang nata angsal biyantu Raja Têrnate ambêkta bala sawatawis kathah, utawi kintunan bêbantu Kumpêni saking Batawi tansah lumintu, para bopati ing môncanagari ing pasisir tuwin Bugis Madura sami sarêngan dhatêng wontên Kartasura saya wêwah kathah.

Dene pêrangipun bala Cina dhatêng ing Kartasura kêrêp nêmpuh ing wanci dalu lajêng angobong-obongi, bala ing Kartasura kathah ingkang kuthetheran, gêntos wadya ing Kartasura analabung barisanipun Sunan Kuning ing Dêrsana, lajêng têmpuh pêrang rame gêntos ingkang kalindhih, bala Kumpêni ngantos lami botên sagêd ngêsuk barisan ing Randhulawang, wêkasan Tuwan Hogêndhorêp matur ing sang prabu, sumêdya damêl sêrat dhatêng Sunan Kuning ambêbujuk panggalihipun. Sang nata inggih amarêngakên, Tuwan Hogêndhorêp enggal damêl sêrat sampun dados kakintunakên dhatêng Sunan Kuning, suraosipun, kajawi ngaturakên tabe kalayan urmat tuwan kapitan nênuwun dhatêng Sunan Kuning, supados karsa angrakêt ngabdèkakên dhatêng tiyang Kumpêni kados ingkang eyang ngantos dumugi ing sapunika, dene manawi ingkang sinuhun badhe karsa jumênêng nata wontên ing tanah Jawi, Kumpêni langkung jumurung saha badhe ambiyantu, kadugi nanggulang bilih wontên mêngsah janji sampun gênah ingkang dados pangidhêpanipun, kathah-kathah suraosing sêrat pambujuk, nanging Sunan Kuning botên anggalih. Ing ngriku barisan ing Kartasura saya agêng [a...]

--- 61 ---

[...gêng] lajêng angrantam badhe angantêp mêngsah dadosa pungkasaning pêrang. Bala sampun rinakêt kapara tiga, majêng saking wetan, saking lèr tuwin saking kilèn, rampunging pangrantam lajêng bidhal sêsarêngan, enggalipun campuh pêrang wontên ing Dêrsana karoban mêngsah, wêkasan Sunan Kuning kasoran bibar lumajêng mangidul dumugi barisan ing Randhulawang, bala ing Kartasura taksih anêsêg malih, barisan ing Randhulawang sangsaya risak, para bopati tuwin para putra lajêng pêpisahan rêbat pangungsèn, Pangeran Prangwadana kaplajêng mangidul ngetan dumugi ing dhusun Palumbungan, kapanggih kraman nama Radèn Pangulu ... ing ngriku Radèn Pangulu matur dhatêng Pangeran Prangwadana, sagah ambiyantu badhe mêngsah kalihan Kumpêni, nanging Pangeran Prangwadana kaparênga anggêpuki Wôngsadipa dhatêng ing ardi Têmbayat rumiyin. Pangeran Prangwadana tuwin Pangeran Timur inggih mituruti dhatêng aturipun Radèn Pangulu wau, kalampahan wangsul amung ambêkta abdi pitu, Ki pangulu ambêkta bala 600 tiyang, Pangeran Prangwadana sapunggawanipun, dumugi ing Têmbayat lajêng campuh pêrang kalihan Ki Wôngsadipa, balanipun watawis wontên 1000 tiyang. Pangeran Prangwadana sapunggawanipun lajêng narajang purun, Ki Wôngsadipa nadhahi wêkasan kapalajêng sabalanipun, pangeran ing Têmbayat sawadyanipun lajêng nungkul. Pangeran Prangwadana sarowangipun sami ngujung dhatêng pasarean ing Têmbayat, nyuwun supangat mugi unggula juritipun, ing dalu kèndêl lêrêp wontên ing bangsal balerante, enjingipun bidhal sumêdya dhatêng ing Randhulawang, dumugi ing dhusun Wija kapêthukakên balanipun Wôngsadipa malih, lajêng campuh pêrang sakalangkung rame, balanipun Ki Wôngsadipa mèh kasoran, lajêng kabiyantu bala Têrnate, Bugis tuwin Makasar, nanging mêksa kasoran sami mundur, tumuntên dipun biyantu

--- 62 ---

bala Kumpêni, lajêng ambendrongi sanjata mawantu-wantu, Radèn Pangulu pêjah ing paprangan tumpês sabalanipun, Pangeran Prangwadana tuwin ingkang abdi pêpitu lumajêng mangetan dumugi ing dhusun Katongan, ingkang rayi Pangeran Timur kapisah botên kantênan palajêngipun. Pangeran Prangwadana saabdinipun ing wanci dalu taksih lajêng lumampah mangetan, bangun enjing dumugi ing dhusun Mantênan (Nglaroh) sampun kapanggih kalihan ingkang eyang Radèn Ayu Sêpuh tuwin abdi sadaya sami têtangisan.

Sarêng enjingipun, Pangeran Prangwadana mirantos, sumêdya nusul ingkang raka Sunan Kuning dhatêng ing Kaduwang, samaptaning pirantos lajêng bidhal kêbut sakulawarga sadaya, dumugi ing dhusun Dhukuh kèndêl masanggrahan, wêkdal wontên ing ngriku ingkang eyang Radèn Ayu Sêpuh ragi enggar panggalihipun, rumaos sênêng, awit saking

papanipun waradin, têtanêman katingal asri, mila lajêng ngandika dhatêng ingkang wayah: Anggèr, barêng tumêka ing kene pikirku rumasa sênêng, ing mêngko desa Dhukuh iki dak salini jênêng aranana ing desa Sênêng. Lêstantun dumugi sapriki ing dhukuh wau anama dhukuh Sênêng.

Kacariyos, Pangeran Buminata ingkang wontên Sêmbuyan, kala samantên karsa tinjo dhatêng ingkang putra Pangeran Prangwadana rawuh ing dhusun Sênêng, sampun pêpanggihan lajêng rêrangkulan, sarta sangêt karêrantan panggalihipun, wêkasan lajêng sarêmbag sumêdya nusul Sunan Kuning dhatêng ing Kaduwang, sarêng sampun golong lajêng bidhal sakulawarga sadaya.

Amangsuli cariyos, Sunan Kuning nalika dumugi ing Kaduwang, katilapan lampah kalihan Adipati Mangunonêng tuwin Adipati Sujanapura sadaya, kawartos sami dhatêng pasisir, dene Pangeran Singasari pêthalipun kalihan Sunan Kuning nalika kèngsêr saking Kartasura dèrèng

--- 63 ---

kapanggih malih. Sunan Kuning anggènipun lêrêm wontên ing Kaduwang ragi sawatawis dangu, lajêng kadhatêngan ingkang rayi Pangeran Prangwadana tuwin ingkang paman Pangeran Buminata sami rêrangkulan. Sunan Kuning sakalangkung bingah panggalihipun, sarêng sampun sami nêntrêmakên panggalih angasokakên sarira, Sunan Kuning ngandika dhatêng Pangeran Prangwadana: Yayi, saka rêmbuge Kapitan Sapanjang ngajak banjur mangetan mênyang Panaraga, kapriye mungguh panimbange yayi. Aturipun ingkang rayi, amung andhèrèk sakarsanipun sang prabu, sakit dumugi pêjah sumêdya anglabêti, anggêripun taksih wontên salêbêtipun tanah Jawi, sampun ngantos mêdal saking tanah wutah rah kula.

Enjingipun Sunan Kuning bidhal saking ing kaduwang kêbut sawadyabalanipun, ingkang dados cucuking lampah wadya Cina, katindhihan Pangeran Prangwadana, dumugi ing dhusun Brangkal kapapagakên dening barisanipun Tumênggung Suradiningrat, saking Panaraga lajêng campuh pêrang rame, Tumênggung Suradiningrat kèngsêr sabalanipun, Sunan Kuning lajêng lumêbêt ing kitha Panaraga sampun suwungan, lajêng masanggrahan ing ngriku ngantos satêngah wulan.

Nuju satunggiling dintên, Sunan Kuning pirêmbagan kalihan ingkang rayi Pangeran Prangwadana mênggah sakecaning lampah. Aturipun Pangeran Prangwadana mrayogèkakên lajêng wontên Panaraga ngiras ngimpun tiyang alit ngagêngakên bala rumiyin, Sunan Kuning inggih sampun anyondhongi, nanging amung Kapitan Sapanjang piyambak ingkang botên jumurung, sêdyanipun badhe lajêng dhatêng Pasuruan nêdha bantu dhatêng Adipati Surapati. Wêkasan sami sulaya ing rêmbag, yèn Kapitan Sapanjang saèstu dhatêng Pasuruan, Pangeran Prangwadana badhe kantun wontên ing Panaraga kemawon, ananging [ana...]

--- 64 ---

[...nging] Pangeran Buminata amambêngi, sêdyanipun badhe lajêng dhatêng Madiun, Pangeran Prangwadana ugi lajêng miturut karsanipun ingkang paman Pangeran Buminata, ing wusana lajêng bidhal sêsowangan, Kapitan Sapanjang kalihan Sunan Kuning sawadyabalanipun mangetan dhatêng Pasuruan, Pangeran Prangwadana kalihan ingkang paman Pangeran Buminata sabalanipun mangalèr dhatêng Madiun, dumugi ing Lèpènasin kèndêl karsa lêrêp. Lampahipun Sunan Kuning kapêngkok botên angsal margi, lajêng anggepak mangalèr nglantur lampahipun Pangeran Prangwadana, lajêng angêmpal malih wontên ing ngriku sami kèndêl.

Kacariyos, Pangeran Madiun, Adipati Magêtan, Adipati Panaraga, Adipati Kaduwang, tuwin Adipati Jagaraga sabalanipun, sami sumêdya ambujêng Sunan Kuning. Kala samantên ing Lèpènasin kakêpang pêpêt, amung wetan ingkang taksih kasuwungakên, salajêngipun ugi sampun campuh pêrang sakalangkung rame, wêkasan bala Madiun kawon dening bala Cina, dene bala ing Kaduwang sarta bala ing Magêtan, kawon dening bala ingkang katindhihan Pangeran Buminata, bala Panaraga kawon dening pangamukipun bala ingkang katindhihan Pangeran Prangwadana amung kanthi abdi: 5 tuwin tiyang Cina: 7 mêngsah sami bibar sadaya.

Enjingipun Sunan Kuning, Pangeran Prangwadana, Pangeran Buminata tuwin Kapitan Sapanjang sabalanipun bidhal dhatêng Madiun, dumugi Madiun sampun suwungan lajêng sami lêrêp ngantos gangsal dintên.

Sunan Kuning nantun dhatêng ingkang rayi Pangeran Prangwadana: Kapriye mungguh sidaning laku.

Pangeran Prangwadana matur: Kakang prabu atur kula taksih têtêp kados ing ngajêng, kula kadugi nglabêti pêjah anggêripun botên têbih sangêt saking praja [pra...]

--- 65 ---

[...ja] wutah rah kula, dados bêbasan angrungkêbi nagari kalairanipun, dene asor ungguling pêrang punika gumantung wontên kabêgjaning badan, manungsa ingkang têtêp sêdyanipun kalayan santosaning tekad, badhe angsal pitulungipun Ingkang Kuwasa.

Sunan Kuning sarêng midhangêt aturipun Pangeran Prangwadana ingkang makatên wau sanalika badhe miturut dhatêng ingkang rayi, ananging Kapitan Sapanjang kêncêng aturipun, langkung prayogi supados Sunan Kuning ngungsi dhatêng Pasuruan. Sang prabu èmêng panggalihipun, badhe miturut ingkang rayi botên wande koncatan bala, Kapitan Sapanjang amêsthi nilar sabalanipun, badhe miturut Kapitan Sapanjang owêl ingkang rayi Pangeran Prangwadana bokmanawi mutung, wêkasan andhahar aturipun Kapitan Sapanjang, tumuntên bidhal saking Madiun. Pangeran Prangwadana inggih botên kantun, Pangeran Buminata sangêt merang dhatêng Cina, awit cidra kasagahanipun ngimpu dhatêng tiyang ing Madiun, ing wusana botên kalampahan, mila lajêng lolos.

Kacariyos, tindakipun Sunan Kuning kalihan Pangeran Prangwadana, tuwin wadya Cina, sarêng dumugi ing Caruban, ing ngriku Pangeran Prangwadana sumêdya pêthal kalihan Sunan Kuning, badhe mêmpên wontên ing wana Caruban. Kalampahan sarêng Sunan Kuning bidhal dhatêng ing nagari Pasuruan, Pangeran Prangwadana lajêng katilapan ical botên kantênan, Sunan Kuning sakalangkung piduwungipun, Pangeran Prangwadana kantun wontên ing wana Caruban kalihan ingkang eyang Radèn Ayu Sêpuh, tuwin abdi 30. Botên antawis dangu Pangeran Buminata dhatêng ngajak nusul Sunan Kuning, nanging Pangeran Prangwadana botên nayogyani, saking aturipun: Paman, manawi sampeyan nusul ingkang putra Sunan Kuning [Ku...]

--- 66 ---

[...ning] tamtu dipun bilaèni dening Cina, aluwung wangsul mangilèn malih kemawon kalihan kula, sami pados kawibawan piyambak sarana nênuwun pitulunganing Allah. Pangeran Buminata miturut saking karsanipun ingkang putra, tumuntên sami bidhal wangsul mangilèn,

ingkang tinuju ing tanah Sokawati, rintên dalu tansah lumampah, enggalipun sampun dumugi ing tanah Sokawati.

Gêntos kawuwusa, Adipati Sujanapura kalihan Pangeran Singasari, ingkang baris wontên talatahing ardi Kêndhêng tanah Sokawati, tiyang ing ngriku taksih sami suyud sadaya. Adipati Sujanapura dipun aturi pariksa dhatêng têlikipun, bilih Pangeran Prangwadana kalihan Pangeran Buminata samangke wontên ing dhusun Ngêmplak, sumêdya badhe dhatêng Sokawati. Adipati Sujanapura dhawuh dhatêng Adipati Jayapuspita kinèn mêthuk pangeran kêkalih dipun aturi lajêng sowan ingkang paman Pangeran Singasari. Adipati Jayapuspita bidhal sarwi ambêkta kuda tuwin tandhu, sampun kapanggih kalihan pangeran kêkalih lajêng dipun boyongi, lampahipun dumugi ing dhusun Sênêtan sampun wanci sêraping surya. Pangeran Singasari mêthuk malajêngi ngabêkti ingkang raka Pangeran Buminata. Pangeran Prangwadana ngabêkti dhatêng ingkang paman Pangeran Singasari, sadaya sami rêrangkulan, lajêng bage-binage wilujêng, para pangeran sami angêmu waspa ngraosakên apêsipun ingkang rama, dene para putra ingkang sami katilar sami cêcongkrahan, anutuh saking inanipun ingkang jumênêng sapunika. Pangeran Singasari mariksani ingkang putra Pangeran Prangwadana karaos-raos panggalihipun sarwi kumêmbêng ingkang waspa, lajêng kèngêtan ingkang sampun kendhang. Sarêng sampun saantawis lajêng sami ngaso masanggrahan, enggaling cariyos, nuju satunggaling

--- 67 ---

dintên para pangeran tuwin para bopati sami lêlênggahan wontên ing pasanggrahan, ing ngriku Adipati Sujanapura nyuwun idi, manawi sami anyondhongi, Pangeran Prangwadana badhe kajumênêngakên nata wontên ing Sokawati, jêjuluk Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara, Senapati ing Ngalaga Sudibyaning Prang. Jumênêngipun ingkang putra wau lajêng ingèstrènan sampun kalampahan, ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara saya kumandêl dhatêng kakêndêlanipun, dhasar têguh sêkti tur wêgig ulah gêlaring pêpêrangan, dene Adipati Sujanapura nyuwun santun sêsêbutan nama Panêmbahan Pugêr, Kyai Ngabèi Kudanawarsa kawisudha dados tumênggung nama Kudanawarsa, Radèn Ngabèi Rôngga Panambangan dados Tumênggung Surawijaya, ugi sampun ingestrenan.

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara kadamêlakên padalêman wontên ing dhusun Majarata, pasang rakitipun pakarangan memba karaton, mawi alun-alun, bangsal paseban sasaminipun, sarêng sampun mirantos Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kaboyong dhatêng Majarata, kadhèrèkakên Adipati Jayapuspita lajêng gêgriya cakêt

sakilèning dalêmipun Adipati Mangkunagara. Sasampunipun makatên Panêmbahan Pugêr kalihan Pangeran Buminata tuwin Pangeran Singasari saabdinipun lajêng angêlar jajahan dhatêng ing tanah Dêmak.

Kacariyos, Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara salêbêtipun wontên ing Majarata tansah masuh sariranipun, anênuwun maring Allah supados kasêmbadana ingkang dados sêdyanipun. Sabên dintên ingkang kadhahar amung pisang saulêr, manawi dalu kêkadhar wontên ing latar nungku pangèsthi mêlêngakên cipta, manawi siyang ngêmori para abdi ingkang sami ulah solahing pêrang, sarta sinambi ulah titising anjêmparing. Saking mêtêking

--- 68 ---

pangèsthi têmah tuwuh prabawanipun, tiyang satanah Sokawati sadaya sami suyud sarta ajrih asih dhatêng ingkang nungku cipta, mêdal kèdhêp saparentahipun, mila botên lami lajêng agêng barisanipun. Adipati Mangkunagara tumuntên iyasa mantri lêbêt kathahipun 40 tiyang, tuwin damêl prajurit têtindhih rôngga dêmang saya wêwah kathah.

Gêntos kacariyos ing nagari Kartasura, Tuwan Mayor Hogêndhorêp mirêng pawartos, bilih Radèn Mas Suryakusuma samangke sampun jumênêng nata ngadhaton wontên ing Majarata tanah Sokawati. Tuwan mayor kalihan Adipati Pringgalaya enggal sowan ing sang prabu ngaturi uninga bab pawartos wau, dene ingkang anjumênêngakên nata Adipati Sujanapura, ajêjuluk Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara Senapati ing Ngalaga Sudibyaning Prang, kêmpal kalihan Pangeran Buminata, tuwin Pangeran Singasari, sampun agêng barisanipun. Adipati Sujanapura sampun santun nama: Panêmbahan Pugêr, aturipun Tuwan Hogêndhorêp dhatêng sang nata, prayogi utusan ngungsir barisanipun Pangeran Adipati Mangkunagara. Dhawuhipun sang prabu sampun marêngakên, Tuwan Komandhan Hogêndhorêp sarêmbag kalihan patih, ingkang kapatah lumampah bopati kêkalih, Radèn Tumênggung Ônggawôngsa, tuwin Radèn Tumênggung Wirayuda, ingkang nindhihi Pangeran Mangkubumi, dipun kanthèni Kumpêni kalih bêrgada, tuwin Kumpêni Islam sarta prajurit môncanagari, lampahipun ing margi botên kacariyos, sarêng dumugi talatah ing Sokawati pabarisan ing Majarata sampun mirêng yèn badhe kalurugan saking nagari, mila lajêng siyaga, sadhatêngipun Kumpêni lajêng campuh pêrang, dangu-dangu wadya Majarata kalindhih, tumuntên mundur alon-alonan, Kumpêni lajêng ngobongi pasanggrahanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, [Mang...]

--- 69 ---

[...kunagara,] dene Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng mingsêr mangidul dhatêng ing dhusun Sêgawe (Matesih) Panêmbahan Pugêr kabujêng Pangeran Mangkubumi lumajêng dhatêng Garobogan, sarêng barisan sampun bibar, Kangjêng Pangeran Mangkubumi dalah balanipun sadaya lajêng kondur dhatêng Kartasura.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara salêbêtipun wontên ing dhusun Sêgawe, sagêd anglèrèhakên sarira sawatawis dangu, utawi sagêd tata-tata barisanipun malih, dhusun-dhusun ingkang dipun jarahi wiwit Matesih mangilèn dumugi ing Pajang. Kala samantên Kangjêng Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara asring tindak dhatêng dhusun Panambangan (Nglaroh) saha andhawuhakên dhatêng Tumênggung Kudanawarsa, supados angiyasakakên dalêm ingkang pantês sarta ingkang anyêkapi kangge para wadya wontên ing Panambangan wau, utawi kadèkèkana alun-alun pirantos kangge sinau watangan, awit karsanipun badhe ngagêngakên barisan malih.

Gêntos kacariyos, tuwan mayor kalihan Ki Patih Kartasura sowan ing ngarsanipun sang prabu, pêrlu ngunjuki uninga bilih samangke Pangeran Mangkunagara pacak baris wontên ing dhusun Sêgawe (Matesih) ambêbahak ngrayuti siti Matesih mangilèn dumugi ing Pajang, nanging sang prabu dèrèng marêngakên bilih lajêng kaungsir, awit badhe utusan bopati angrimuk supados puruna mantuk dhatêng nagari, dados botên kapanjang-panjang kados ingkang sampun, sarta manawi purun mantuk, Pangeran Mangkunagara badhe kadhaupakên kalihan ingkang putra Radèn Ayu Sêkar Kadhaton. Mila makatên karsanipun sang prabu awit adatipun lare neneman bilih dipun arêm-arêmi wanita sagêd lilih kanêpsonipun. Tuwan mayor sarta ki patih inggih lajêng jumurung saking karsanipun sang

--- 70 ---

prabu wau, lajêng sami kalilan bibaran.

Sasampunipun makatên, sang prabu lajêng utusan Nyai Sêtyawati, kalihan Tumênggung Wirajaya kanthi mantri sakawan, maringakên nawala dalêm dhumatèng Pangeran Adipati Mangkunagara, ingkang wontên ing dhusun Sêgawe.

Kacariyos, barisan ing dhusun Sêgawe Pangeran Adipati Mangkunagara, kala samantên pinuju siniwaka, kaadhêp dening Tumênggung Kudanawarsa, Tumênggung Surajaya tuwin para punggawa, ing ngriku kadhatêngan utusanipun ingkang rama Sinuhun Pakubuwana kaping 2 ing Kartasura wau, ingkang kautus Nyai Tumênggung Sêtyawati, kanthi Kyai Tumênggung Wirajaya. Nyai Tumênggung Sêtyawati lajêng maringakên salam dalêm, utawi matêdhakakên nawala dalêm. Pangeran Adipati Mangkunagara gupuh anampèni, nawala dalêm tininggil-tinggil tiniyupakên ing bun-bunan nuntên binuka ijêmanipun.

Sawise salamku thole, kowe daktimbali muliha mênyang nagara Kartasura, lan kowe bakal takpèk mantu dhaup karo adhimu, anakku loro iku pilihên, apa adhimu Ratu Alit, apa adhimu Radèn Ayu Kadhaton. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng ngudanèni suraosipun sêrat, sakalangkung suka pirênaning panggalih.

Tumuntên ngandika dhatêng Nyai Tumênggung Sêtyawati, tuwin dhatêng Kyai Tumênggung Wirajaya, têmbungipun: Paman, Tumênggung Wirajaya tuwin Nyai Tumênggung Sêtyawati, kula botên amangsuli sêrat, atur kula inggih nuwun sandika, ananging wontên panuwun kula, kauningana, kula gadhah abdi mantri 40 sampun sami gadhah lênggah siti dhusun piyambak-piyambak, ingkang punika kula suwun sami taksiha têtêp ing kalungguhanipun [kalungguh...]

--- 71 ---

[...anipun] sadaya, manawi sampun kaparêng enjing sontên kula sandika sowan. Nyai Tumênggung Sêtyawati tuwin Tumênggung Wirajaya sapandhèrèkipun lajêng sami pamitan mantuk.

Sapêngkêripun utusan, para santana abdi tuwin kulawarga sadaya matur dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara, sami botên nayogyani bilih sowana ingkang rama dhatêng Kartasura, awit dhawuh wau kamanah amung samudana, saha panggalihipun sang prabu kakintên botên lulus.[13] Pangeran Adipati Mangkunagara dipun aturi angèmuti ingkang rama piyambak, kakendhangakên tanpa kalêpatan utawi tanpa dosa.

Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng midhangêt atur ingkang makatên wau panggalihipun lajêng kanggêg, wêkasan botên saèstu sowan dhatêng ing Kartasura.

Gêntos kacariyos, Tuwan Hogêndhorêp anampèni utusan saking Batawi, ingkang kautus nama Ki Grêbong, sarwi ambêkta sêratipun Pangeran Pancuran, badhe dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara, têrang dhawuhipun tuwan guprênur jendral, kapurih angêngimur panggalihipun Pangeran Adipati Mangkunagara, supados sampun ngantos kalajêng-lajêng karsanipun, tumuntên bêktia dhatêng sang prabu mituruta ingkang dados kajêngipun Kumpêni. Tuwan Hogêndhorêp sampun andugi bilih punika saking karsanipun Kumpêni, mila pun Grêbong lajêng kapurih dhatêng Sokawati, enggalipun Ki Grêbong mangkat dhatêng Sêgawe, sampun kapanggih kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara, lajêng ngaturakên sêrat ingkang saking Pangeran Pancuran, sampun katampèn, sêrat wau mawi sinawung sêkar utawi ungêlipun kados ing ngandhap punika:

--- 72 ---

Asmaradana

pustaka pinandara ring / saliring puja raharja / wêninging manah rumêmbe / saking kadang para wrêdha / kang pinilut sangsaya / nèng Jakarta ajêjuluk / Pangeran Arya Pancuran //

mugi katura ri mami / kang dadya woding kasrêdan / satriya gung bêbisike / Pangeran Mangkunagara / kang ambêg santa budya / budiman anrus martayu / tumuse ngastuti ngambar //

mardu mardawa arjanti / jujuring saparibawa / ambawani pangolahe / kridhaning tya[14] parotama / tumanêm ing silarja / jajahaning budi mêngku / mêmaniking tyas ngumala //

maladi kontaping bumi / buntas marang kabudayan / widigdaya ing palugon / ing rèh gunanirèng aprang / keringan parangmuka / linulutan pra wadya gung / tuhu prajurit utama //

wiyose kanang kintaki / yayi mas paraning trêsna / mugi anirnakna babo / bara-baraning bramantya / berata kang sandea / rèhning kabubuh ing sêpuh / pun kakang dadya nêmpuh byat //

ngumbar berawaning ati / ngaturakên cumanthaka / sumundhul atur sêdyane / dununging rèh kang sayogya / lamun datan katampan / sayêkti cintaka muput / lir kênèng papa pantaka //

botên pisan nêdya lamis / anyênyêla lêlemeran / nyênyampahi kakangane / ing karsane kadang ingkang / sampun ambêg gunawan / mung matur sajatinipun / tumrapipun kaprawiran //

ing asmaralaga yayi / sintên kang purun tumanggah / kalawan sira riningong / yèn ta mung sababagira / yêkti dahat katrêsan / dening widigdanta tuhu / têmah nungkul ngèstupada //

nanging tandukipun yayi / lamun sisip kalbèng cacad / awon têmên juwarane / kadi ujaring bêbasan / amirong kampuh jingga / lire pun balela ratu / wah mêngsah Kumpêni ingkang //

kaonang-onang undhagi / ing rèh ulahing ngayuda / tanpa wilangan balane / sangkêp sakapraboning prang / yêkti dede timbangan /

--- 73 ---

mêngsah Kumpêni lan ratu / marma pun kakang kumêdah //

mring yayi tur pamrayogi / kalamun condhong ing karsa / lêhêng kondura dèn age / ambêbana sihing nata / kadi langkung utama / suwita mring tuwanipun / dhasar kang madêg narendra //

dene ta kalamun yayi / sônggarunggi mring Walônda / panggiha pun kakang dhewe / wit dene kang pangandika / lajêng guprênur jendral / datan liyan karsanipun / mung amrih raharjanira //

dhuh yayi lamun suwawi / gèn kula asung pirêmbag / dhinahara yêkti sae / upami datan karsaa / mung ngumbar drênging driya / têtêp tan ngeman sadulur / tilarane kangjêng rama // lan pun kakang atur uning / ramanta ingkang suwarga[15] /

--- 74 ---

atilar putra kathahe / gangsal kang jalu sakawan / kang wanita sajuga / titi wigatining atur / trus rasa obahing cipta[16] = 1669 //

Sarêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara tampi sêratipun Pangeran Pancuran makatên wau, salêbêting panggalih kados winungu, kemutan lêlampahanipun ingkang rama, wêkasan sangêt andadosakên èmêngipun. Ngantos dangu botên sagêd ngandika. Saking sangêt pêtênging panggalihipun, dangu-dangu lajêng ngudaraos: Yèn mangkono manungsa iki bêbasane kaya sarah ana ing sagara, manungsa sasarahe, [17] Hyang Suksma sagarane, dadi sasolahing sarah kawisesa dening ombak, manungsa têtela ora kuwasa anduwèni kêkarêpan dhewe, mung kudu manut takdiring Hyang Suksma, sarta kudu suka lawan narima.

Sasampunipun makatên, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng ngandika dhatêng Ki Grêbong: Hèh Grêbong, sira matura marang Komandhan Hogêndhorêp, [Ho...]

--- 75 ---

[...gêndhorêp,] rêmbug kang daksumurupi kang kamot sajroning layang, iya bangêt panuwunku marang sihe sadulur tuwa, mêsthine bakal dakpikir murih rahayune, ora pisan-pisan sumêdya mêmungsuhan karo ratu, sarta ora manut parentahing Kumpêni ingkang luwih luhur, utawa ora wêdi Kang Amurbèng Alam. Mung iku wangsulaku Grêbong, wis mundura ngasoa marang pondhokan. Sasampunipun Ki Grêbong ngaso, kalih dalu wangsul dhatêng ing Kartasura, anjujug ing ngloji sowan tuwan komandhan, punapa sadhawuhipun Pangeran Adipati Mangkunagara sampun katur sadaya. Tuwan Hogêndhorêp sarêng mirêng aturipun Ki Grêbong sangêt bingah, lajêng andhawuhi dhatêng Ki Grêbong: Kowe balia katêmu Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, ngaturana uninga, yèn aku arêp katêmu dhewe ana ing desa Picis, Pangeran Adipati Mangkunagara aturana aja anggawa abdi, kayadene aku iya ora anggawa batur. Ki Grêbong matur sandika, lajêng mangkat wangsul dhatêng Sokawati malih, sadhatêngipun ing Sokawati sampun kapanggih kalihan Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, lajêng matur kados panêdhanipun Tuwan Hogêndhorêp anggènipun prasabên wau. Pangeran Adipati Mangkunagara ugi sampun anyagahi. Ki Grêbong tumuntên pamit wangsul, sadumugining Kartasura lajêng matur dhatêng tuwan komandhan punapa ing sakawontênanipun anggèning kautus. Tuwan Hogêndhorêp lajêng sowan dhatêng kadhaton, matur dhatêng sang prabu, manawi marêngakên nyuwun lilah badhe kapanggih kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara, awit sampun kengkenan prasabên sami

pêpanggihan wontên ing dhusun Picis, pêrlunipun badhe kula aturi kondur supados suwita ing sang nata, sampun tansah damêl rêrêsah dhatêng tiyang ing padhusunan.

1. Sengkalan: mantri papat ngrasa tunggal (1643 A.J., 1719 A.D.).
2. Pangeran.
3. tarèni.
4. salêbêting.
5. Sengkalan: sirna tata rasa tunggal (1650 A.J., 1725/26 A.D.).
6. Sengkalan: ing warsi tinata raras tunggal (1651 A.J., 1727 A.D.).
7. Sengkalan: ing siti tinata raras tunggal (1651 A.J., 1727 A.D.).
8. kilat.
9. Sengkalan: mantri gangsal ngrasa wani (1653 A.J., 1728/29 A.D.).
10. kangjêng.
11. Sengkalan: rasa rêtu ngoyak jagat (Rêbo Kliwon, 3 Rabingulakir 1666 A.J., sic. seharusnya: Ngahad Paing, 3 Rabingulakir 1666 A.J., Minggu, 18 Juni 1741 A.D.).
12. § Punika miturut sêrat pèngêtanipun Ngabèi Rôngga Panambangan.
13. tulus.
14. tyas.
15. § Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara, ingkang kakendhangakên, nalika seda layonipun kasarèkakên dhatêng ing astana Imagiri, tilaranipun putra kakung putri kalêbêt seda tumur kathahipun 16 inggih punika: 1. Kakung Kangjêng Pangeran Tirtakusuma in.
16. Sengkalan: trus rasa obahing cipta (1669 A.J., 1744/45 A.D.).
17. sarahe.

--- 76 ---

Dhawuhipun sang prabu: Adhi Hogêndhorêp, mungguh aturmu ingsun iya wus amarêngake sarta nayogyani manawa bisa kalakon, nanging saka panduganingsun kaya-kaya durung nyata kasaguhane Si Said adate mung nyônggakrama bae, supaya diumbara kêkarêpane, ing buri banjur gawe hura-hurune wong padesan. Ewasamono sarèhning adhi wus prasabên bakal katêmu, iya bêcik lêksananana, bokmanawa têmên sumêdya mulih mênyang nêgara, ing besuk ingsun kang maringi pangan sarta pangkate.

Tuwan Hogêndhorêp sarêng sampun angsal dhawuhipun sang prabu lajêng nyuwun pamit mundur, sarêng enjingipun lajêng mangkat amung kanthi upas tiyang Jawi têtiga botên mirantos bala, sadumugining ing dhusun Picis kapanggih kalihan Pangeran Mangkunagara wontên sawetaning banawi, amung kadhèrèkakên abdi tiyang sakawan,

sasampunipun têtabean lajêng tata lênggah. Tuwan Hogêndhorêp mêndhêt sangunipun anggur, kaaturakên dhatêng Kangjêng Pangeran, lajêng sami sêsarêngan ngunjuk sinambi kalihan imbal pangandika.

Tuwan Hogêndhorêp wicantên: Saudara, manawi karsa panjênêngan ngantos kalajêngakên, ingkang saèstu badhe adamêl karisakanipun para tiyang ing padhusunan, sintên malih ingkang kaecalan kajawi saudara tuwin rama paduka sang nata, mila sangêt-sangêt atur kula mugi saudara andhahara rêmbagipun raka paduka Pangeran Arya Pancuran, ingkang sampun kawrat wontên ing sêrat, dene mênggah kalêpatanipun saudara dhatêng sang nata ingkang sampun kalampahan, punika inggih kula ingkang nanggêl saèstu badhe pikantuk pangapuntên.

Pangeran Adipati Mangkunagara mirêng pirêmbagipun Tuwan Hogêndhorêp [Hogêndho...]

--- 77 ---

[...rêp] makatên wau, sanalika lêga panggalihipun, dene Tuwan Hogêndhorêp sagah badhe ananggêl, nglêbur sakathahing dosanipun, mila ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara sumêdya miturut badhe kondur dhatêng nagari, nuntên lajêng sami ngunjuk anggur malih, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara anglirik sabêt ingkang kaangge Tuwan Hogêndhorêp katingal langkung pelag, têmah kapengin badhe pirsa lajêng nêdha nêmbung, Tuwan Hogêndhorêp inggih lajêng angulungakên, sarêng sampun katampèn dening kangjêng pangeran, nuntên kaunus sarwi ngandika: Saudara, pêdhang punika dede damêlanipun tiyang Walandi, mirid saening wêwangunanipun kados damêlanipun tiyang Jawi. Tuwan Hogêndhorêp mangsuli: Inggih punika dhasar pêdhang suduk Jawi. Rama paduka sang nata ingkang maringi, punika pusaka nalika kaplajêng wontên ing Panaraga, nama Kyai Côndhaberawa, mila rintên dalu tansah kula sandhing prasasat botên kenging pisah sacêngkang, amargi sasumêrêp kula wasiyating Kartasura punika kathah kramatipun. Sasampunipun tamat ing pamariksanipun kangjêng pangeran, sabêt lajêng kawangsulakên katampèn Tuwan Hogêndhorêp, gêntos Tuwan Hogêndhorêp kapengin ningali agêmipun wangkingan Pangeran Adipati Mangkunagara, dene katingal sae srasahipun. Sarêng sampun kaparingakên lajêng kaunus dening Tuwan Hogêndhorêp, sakalangkung andadosakên ing gumunipun, nyumêrêpi wujud wêwangunanipun wangkingan, nuntên kasarungakên lajêng katur wangsul dhatêng kangjêng pangeran. Sarêng sampun dumugi anggènipun imbal pangandika, Tuwan Hogêndhorêp lajêng nyuwun pamit badhe mantuk saos unjuk ing sang prabu, sampun kalilan lajêng bidhal, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ugi lajêng kondur dhatêng ing

Sêgawe. Dene Tuwan Hogêndhorêp sadumuginipun ing nagari Kartasura lajêng sowan ing sang prabu,

--- 78 ---

ngaturakên bab anggènipun pêpanggihan kalihan Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, wiwitan dumugi ing wêkasan sampun katur sadaya.

Amangsuli cariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sarawuhipun ing Sêgawe lajêng dhawuh dhatêng para abdi ingkang taksih sami ngêntosi wontên ing Sêgawe, pangandikanipun: Kakang Kudanawarsa, utawa kakangku Surajaya aku mau sida têtêmon karo Mayor Hogêndhorêp ana ing desa Picis, mungguh wosing pêrlu mung anggunêm surasane layang paringe kakang mas pangeran ing Pancuran, lan Tuwan Hogêndhorêp angrêmbugi akèh-akèh supaya aku kondur sowan mênyang nagara Kartasura, dene si mayor kang saguh anglêbur ing sakèhing dosaku sarta nyuwunake pangan apadene pangkatku marang rama prabu, mungguh wangsulaku iya mung daksônggakrama bae murih enake atine.

Aturipun Tumênggung Kudanawarsa tuwin Radèn Surawijaya: Mênggah wangsulan dalêm makatên punika dahat kasinggihan, inggih prayogi amung dipun ecani kemawon. Sasampunipun makatên, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng lumêbêt ing dalêm.

Bab 4. Lêlampahanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, Salêbêtipun Dêdalêm wontên ing Panambangan (Nglaroh) Ngantos Dumugi Pêthal kalihan Sinuhun ing Kabanaran

Kacariyos, anggènipun iyasa dalêm Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara wontên ing Panambangan, sampun mirantos sadaya, ing ngriku Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng dhawuh tata-tata karsa badhe pindhah dhatêng ing Panambangan, sarêng para abdi jalêr èstri dalah wadyabala

--- 79 ---

sadaya sampun sami mirantos, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng bidhal dhatêng ing Panambangan, wontên ing margi botên kacariyos

rêroncènipun sadaya, amung salêbêtipun wontên ing dhusun Sêgawe, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kagungan patilasan ingkang sangêt elok, inggih punika toya pangunjukanipun ing Sêndhang Kuncung, manawi nuju banjir ing sakiwa têngêning lèpèn riku, sêndhang wau botên kalêban toya saking baludaging lèpèn, sanadyan sêndhang punika panggenanipun cêlak kalihan lèpèn.[1] Sarêng sampun dumugi ing Panambangan kaurmatan ungêling gôngsa ngarangin. Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng lênggah ing pandhapa, nanging botên dangu lajêng jêngkar, Tumênggung Kudanawarsa amapanakên pondhokanipun para abdi kaparingan panggenan piyambak-piyambak. Wontên ing ngriku Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara panggalihipun sênêng, amargi kathah para santananipun, punapa malih tilas lênggahipun ingkang rama suwargi utawi cêlak kalihan dhusun Ngawèn[2] inggih punika lênggahipun piyambak nalika taksih dados abdi dalêm mantri gandhèk anèm.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ing sabên dintên tansah watangan, ulah kaprawiran kalihan para dasih, saha damêl karamean sabên pitung dintên sapisan, parlu kangge ambêbingah dhatêng para tiyang alit, kados ta: nayuban, ringgitan, topengan, jêmblungan, gêntos-gêntos têtingalan ingkang kangge ambêbingah manahing wadya. Anuju wiyosanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara,

--- 80 ---

dintên malêm Akat Lêgi karsa ringgitan wacucal, para têtiyang alit jalêr èstri kathah ingkang sami ningali. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kala samantên sampun adatipun, bilih nuju para abdi sami kadhawuhan bêbingah panjênênganipun botên karsa ngatingal, ingkang makatên punika awit saking gênging kaprayitnanipun, wêkdal samantên Pangeran Adipati Mangkunagara mariksani mêntas nganglang ing sajawining rangkah, malêbêtipun ing dalêm sampun wanci sawung kaluruk, kathah para lare èstri ingkang sami ningali ringgit, bilih sampun ambaliyut botên prênah sadhawah-dhawahipun panggenan lajêng tilêm, ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara mariksani wontên satunggaling lare èstri kintên umur 14 taun, anggènipun tilêm tapihipun kalingkap, pusêripun katingal sumorot pindha urubing latu, tumuntên dipun cêlaki sarta tapihipun ingkang kalingkap lajêng kalêrêsakên, osiking panggalih manawi sampun siyang lare wau badhe kapriksa. Sarèhning lare panunggilanipun kathah, dados dipun têngêri tapihipun kalêrês pangasih kasêbit, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara anglabuhi sadalu botên sare, pêrlu andhawuhakên mariksa lare èstri ingkang tapihipun suwèk kaprênah pangasihipun. Sarêng enjing sabibaring ringgitan sadaya para lare sami dipun pariksa, sintên ingkang sêbit

tapihipun wau, ugi sampun pinanggih kalêrês anakipun Kyai Nuriman[3] kaum

--- 81 ---

ing dhusun Matah, wusana lare wau lajêng kakarsakakên dados abdi sêlir, pinaringan nama Radèn Ayu Patahati. Kala samantên anggènipun dêdalêm wontên ing Panambangan ngantos saantawis dangu, jalaran nyarêngi karaton Kartasura badhe pindhah dhatêng dhusun Sala, dene Radèn Ayu Patahati wau ngantos kagungan putra satunggal putri nama Radèn Ajêng Sombrong.

Kacariyos, abdinipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara saya wêwah-wêwah kathah ingkang sami suwita, jajahanipun kaêlar ngantos dumugi tanah Sêmbuyan. Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng mungkar panggalihipun, jalaran wuninga kathahing abdi ingkang sami katingal sungkêmipun, sarta sami prawira ing yuda. Kala samantên kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng karsa santun sasêbutan, jêjuluk Sultan Adiprakosa, Senapati Ngayuda Lêlana Jayamisesa Prawira Adiningrat, lênggah dhampar pindha sacaraning nata ing tanah Jawi, lajêng karsa siniwaka wontên ing pagêlaran, nanging kangjêng sultan kasambêt, jalaran dhamparing karajan sinambêr ing gêlap, sasampunipun èngêt ing ngriku Ki Tumênggung Kudanawarsa lajêng ngrangkul sampeyanipun kangjêng sultan sarwi umatur: Dhuh gusti sêsêmbahan kawula, mugi sampun angêgungakên kawibawan rumiyin, punapadene kaluhuran, awit mindhak adamêl gumyah têtiyang sanagari, mila prayogi wangsula ngagêm asma pangeran kemawon.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ugi lajêng miturut saking aturipun Kyai Patih Kudanawarsa wau. Lajêng ngandika: Iya bênêr patih sêsulangmu, yèn mangkono saiki ingsun banjur ngagêm asmaku lawas bae: Pangeran Adipati Mangkunagara, banjur undhangna marang bocahmu kabèh.

Gêntos kacariyos, karaton Kartasura, nalika taun Walandi

--- 82 ---

1744 sampun ngalih dhatêng ing Surakarta, mênggah tata pasang rakitipun karaton botên siwah kadosdene kadhaton Kartasura. Ingkang sinuhun ugi sampun têtêp anggènipun ngadhaton ing Surakarta, kala

samantên dèrèng antawis dangu anggènipun pindhahan karaton lajêng katamuan tuwan guprênur ing Batawi, parlu martuwi pangalihipun karaton wau. Kajawi martuwi ugi parlu badhe nyuwun lilah amaosi siti kagungan dalêm ing pasisir. Ingkang sinuhun ugi sampun amarêngakên, wontên susulanipun atur malih, ingkang sinuhun dipun aturi nyuda lênggahipun Pangeran Adipati Mangkubumi ingkang kalih èwu karya, amung kakantunakên sèwu karya, amargi kagalih lênggahipun wau kêkathahên, mênggah rawuhipun tuwan guprênur wontên ing Surakarta amung lêrêp sawatawis dangunipun, lajêng kondur dhatêng ing Batawi miyos ing Ngayogyakarta.

Kacariyos, ingkang sinuhun sarêng anampèni prasabênipun tuwan guprênur kapurih nyuda lênggahipun ingkang rayi Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi, ingkang rayi lajêng ingandikan dhatêng ing kadhaton, sasampunipun sowan ingkang sinuhun lajêng ngandika: Yayi Pangeran Mangkubumi, mulane kowe daktimbali ana ing ngarsaku, aku awèh wêruh aja dadi kagèting atimu, yèn aku nampani prasabêne tuwan guprênur, kapurih nyuda lungguhmu kang rong èwu karya kakèrèkna kang sèwu karya, amarga panggalihe tuwan guprênur ginalih kakèhên, kang mangkono mau yayi aja andadèkake susahing atimu lan sumêlang. Mayor Hogêndhorêp mau katêmu karo aku, rêmbuge yèn wus seje taun bae lungguhmu mau bakal dak balèkake marang kowe manèh.

Aturipun ingkang rayi: Nuwun inggih sandika, nanging prayoginipun kula lajêng kabucala kemawon pisan, bêbasan angicalakên tigan satunggal [satung...]

--- 83 ---

[...gal] botên dados punapa, supados panjênêngan dalêm sampun ngantos kalepetan prakawis, awit paduka kalihan Kumpêni punika prasasat sampun sakulit daging, botên kenging yèn anyulayanana, tuwin botên kenging yèn anyidranana, dene kula pukulun, botên nêdya duraka ing ratu, kilap têmbenipun benjing, sampun anggalih sumêlang mênggah badan kula kalilakna kemawon. Sang nata sarêng mirêng aturipun ingkang rayi makatên punika têmahan akêmbêng-kêmbêng waspanipun angraos wêlas sangêt. Ingkang rayi matur malih: Kakang prabu, benjing kula badhe lolos saking praja, nyarêngi antukipun tuwan guprênur, botên langkung kula nyuwun pangèstu dalêm. Ing ngriku panggalihipun sang prabu karêrantan angraosakên badhe kadospundi kadadosanipun ing têmbe. Lajêng ngandika: Iya adhi aku anyangoni pangèstu slamêt, muga kasêmbadan apa kang dadi karêpmu, pangandikanipun kalayan anênggak waspa, ingkang rayi tumuntên ngabêkti nungkêmi pada. Sang nata ngandika malih: Yayi iki tampanana aku amènèhi sangu dhuwit kèhe

têlung èwu reyal, anggonên ngingoni para baturmu. Kangjêng pangeran lajêng kalilan mundur. Sarêng dumugi dalêm kangjêng pangeran lajêng animbali para mantrinipun, sarta para kamisêpuh, sami dipun paringi pawartos nalika katimbalan ingkang sinuhun, punapa malih ingkang dados karsanipun badhe lolos saking praja, mila para abdi tuwin para garwa putra sami ingandikakakên siyaga benjing-enjing lolosipun anyarêngi bidhalipun tuwan guprênur.

Kacariyos, sarêng wanci enjing tuwan guprênur bidhal saking Surakarta, kadhèrèkakên Patih Pringgalaya, Tumênggung Mangkupraja, tuwin para bopati sanèsipun, nunggil wanci wau Kangjêng Gusti Mangkubumi bidhal saking dalêmipun sagarwa putra dalah abdi sadaya. Lampahipun saking [sa...]

--- 84 ---

[...king] Surakarta mangalèr dhatêng Sokawati mêdal ing wana, sarêng dumugi ing dhusun Pandhan Karangnôngka kèndêl lajêng lêrêp, wontên ing ngriku iyasa pasanggrahan kalihan tata-tata baris, saha lajêng misudha para abdi, Dêmang Jayarana dados tumênggung nama Tumênggung Jayadirja. Ki Martatruna dados tumênggung nama Tumênggung Brajamusthi. Sadhèrèkipun Tumênggung Brajadênta bêkêl panèkêt dados tumênggung nama Tumênggung Ranadiningrat, Ki Sutayuda, dados tumênggung nama Tumênggung Sutadipura. Dêmèng Bèjèn, dados tumênggung nama Tumênggung Rêksanagara. Kalayan sampun sami kapatah rerehanipun piyambak-piyambak, lajêng sami kadhawuhan angêlar jajahan angrayuti sakiwa têngêning Sokawati.

Gêntos kawuwusa, Adipati Martapura, ingkang taksih pacak baris wontên ing Garobogan, barisanipun kala samantên sampun bibar jalaran katêmpuh dening sarayanipun Kumpêni, inggih punika anak mantunipun Adipati Martapura piyambak, dene Adipati Martapura lajêng lumajêng saking griyanipun ngungsi gêsang, nanging Kumpêni taksih angubrês ngupadosi dèrèng pinanggih. Adipati Martapura saking bingungipun kaoyak-oyak dening Kumpêni, lajêng lolos saking Garobogan dhatêng ing Samarang, mangangge ngemba kados kuli kalayan sade dara, mondhok ing griyanipun tiyang bêrah mêlit, sadintên angsal bayaran tigang uwang, para tiyang ing Samarang botên wontên ingkang anyana yèn punika Adipati Martapura nyalamur, ing ngriku gêsangipun kasrakat sangêt, rintên dalu tansah angirangi têdha lan tilêm, ingkang kagagas botên liya amung karisakanipun nagari, ngangên-angên wêcaning nujum ingkang sampun kamirêngakên, ing tanah Jawi yèn ing têmbe badhe wontên isinipun prajurit saking tanah Mataram. Awit saking sangêting prihatosipun dados manawi tilêm ing wanci dalu

--- 85 ---

anaritis kalihan lèmèk wêlit. Nuju satunggaling dalu Adipati Martapura supêna, katingalipun ing supênan, kadosdene pinuju mara tamu jagong wontên kapatihan Natakusuman (Kartasura) tamunipun para putra tuwin para bopati, têtingalanipun ringgitan wacucal, sarêng wiwit jêjêr Pangeran Mangkubumi katingal jumênêng mêndhêt balencong kabêkta lumajêng, tamu lajêng bibaran, tumuntên katingal malih, Radèn Mas Sait, ngrêbat kêmpul ugi lajêng kabêkta lumajêng. Adipati Martapura nututi ngodhol saking wingking tindakipun Pangeran Mangkubumi purugipun mangetan minggah ing ardi Lawu, Adipati Martapura taksih andhèrèkakên, sarêng dumugi ing nginggil kagèt byar lajêng tangi. Dhêlêg-dhêlêg ngraosakên impènipun, ing ngriku lajêng tuwuh manahipun sumêdya pinanggih sadhèrèkipun ingkang wontên ing Surakarta, lajêng mangkat. Sadumuginipun ing Surakarta anjujug griyanipun tiyang ing Nglawiyan, kalêrêsan kawanuhanipun, dados botên anjujug ing griyaning sadhèrèkipun piyambak ingkang gêgriya ing kitha Surakarta nama Arya Kudus, namung mêlingakên kemawon dhatêng mantunipun nama Jayapuspita, inggih Ônggakusuma, sarêng sampun kapanggih Dipati Martapura nyariyosakên kasrakating lêlampahanipun wontên ing Samarang. Jayapuspita sangêt ngungun, gêntos Jayapuspita anyariyosakên yèn samangke Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi lolos saking nagari Surakarta dhatêng tanah Sokawati, sarta lajêng pacak baris wontên ing dhusun Pandhan Karangnôngka. Adipati Martapura sarêng mirêng cariyosipun Jayapuspita makatên wau manahipun lajêng lêjar, kèngêtan impènipun nalika wontên ing Samarang, mila lajêng asumêdya badhe dipun lampahi, ing ngriku mantunipun lajêng kacariyosan sadaya impènipun wêdal wontên ing Samarang, wêkasan kênthêling [kê...]

--- 86 ---

[...nthêling] rêmbag badhe dipun jak dhatêng ing Sokawati, ing ngriku lajêng sami sadhiya pradandosan, Adipati Martapura kalihan Jayapuspita dalah saanakbojonipun lajêng sami mangkat, ing margi botên kacariyos, sadumuginipun ing dhusun Pandhan Karangnôngka lajêng kaaturakên Kangjêng Pangeran Mangkubumi, Adipati Martapura lajêng katimbalan, sarêng sampun dumugi ngarsanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi lajêng nyungkêmi sampeyanipun kalihan anangis, ngaturakên pêjah gêsangipun sarta ngaturakên supênanipun nalika kasrakat wontên ing Samarang. Radèn Jayapuspita lajêng gêntos ngabêkti, nuntên sami kadhawuhan linggih sarta sampun kaanggêp pasuwitanipun, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi lajêng

andhawuhakên dhatêng para abdi ingkang sami sumewa, yèn samangke Adipati Martapura kaangkat dados bopati kaparingan santun nama Adipati Pugêr,[4] dene Jayapuspita kaangkat dados tumênggung nama Tumênggung Suryanagara, sampun sami kaèstrènan sadaya, salêbêtipun wontên ing Pandhan Karangnôngka Adipati Pugêr amanah papanipun kirang prayogi, mila lajêng gadhah atur supados pindhah dhatêng ing Majaraga, utawi ing Gêbang, kalih punika ingkang prayogi papanipun. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi ugi sampun miturut, wêkasan lajêng pradandosan badhe boyong pindhah saking Pandhan Karangnôngka dhatêng ing Gêbang. Enggalipun sampun kalampahan, ing ngriku lajêng iyasa pasanggrahan saabdi sadaya, sarêng sampun sawatawis dintên Adipati Pugêr matur dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi, supados paring pirsa sarta nimbali ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang pacak baris [bari...]

--- 87 ---

[...s] wontên ing Panambangan (Nglaroh) punapadene ingkang rayi Pangeran Buminata ingkang pacak baris wontên ing tanah Sêmbuyan, sagêda sami kêmpal wontên ing Sokawati, supados kêkah pangramanipun, kangjêng pangeran ugi lajêng anyondhongi tumuntên utusan.

Amangsuli cariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara, pinuju miyos wontên ing Panambangan kaadhêp para kawulanipun, kasaru utusanipun ingkang rama Pangeran Adipati Mangkubumi sarwi mundhi sêrat, ingkang suraosipun amaringi pirsa nalika antukipun tuwan guprênur saking Surakarta, sariranipun nyarêngi lolos saking praja, dalah garwa putra tuwin para abdi sadaya samangke sampun dumugi ing Sokawati, saha sampun pacak baris wontên ing dhusun Gêbang, mila Pangeran Adipati Mangkunagara katimbalan supados barisanipun kêmpal wontên ing Sokawati. Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng mupakatan kalihan para abdi, sadaya sami mrayogèkakên, sêrat saking Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi lajêng kawangsulan prayogi.

Gêntos kacariyos saking Surakarta, Ki Patih Pringgalaya tuwin Patih Mangkupraja, sami pirêmbagan kalihan Tuwan Mayor Hogêndhorêp, tuwin Mayor Tênangkus, Mayor Hogêndhorêp wicantên: Saudara Radèn Adipati Pringgalaya, sarèhning para pangeran ingkang sami madêg baris kathah ingkang manggèn ing iring kidul, saking pamanah kula ingkang mangidul kêdah dipun kathahi wadyabala, kados ta: ingkang kalih pratigan mangidul kula kalihan Mayor Tênangkus, tuwin jêngandika ingkang nindhihi, dene ingkang sapratigan kalurugakên mangalèr, katindhihan Mayor Sêkèbêr kanthi Radèn Adipati Mangkupraja. Patih sakalihan ugi

sampun mupakat, lajêng andhawuhakên dhatêng para bopati sakarerehanipun piyambak-piyambak, [piyambak-piya...]

--- 88 ---

[...mbak,] ing dintên benjing-enjing sami katamtokakên magut pêrang.

Enjingipun sang nata miyos ing pagêlaran, para bopati sakarerehanipun sampun samapta wontên ing alun-alun, punapadene Kumpêni dharat sarta kapalan. Sang nata nguningani untaping wadyabala, para tuwan mayor tuwin kiyai patih sami sowan ing ngarsa nata, nglapurakên kawontênanipun wadyabala. Sang nata lajêng paring pangèstu sarta andhawuhakên kalilan bidhal, ing ngriku tumuntên ngungêlakên têngara bêndhe, tambur sarta salomprèt, sakalangkung gumuruh mawurahan, wadyabala lajêng sami bidhal asêsowangan, ingkang lumampah mangidul dumugi ing dhusun Picis sami lêrêm.

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara, ambidhalakên para wadyabala, lajêng pacak baris wontên ing dhusun Sudimara, sarêng Kumpêni wiwit ngungêlakên sanjata, lajêng prang rukêt sakalangkung rame gêntos kalindhih, gêlaring prangipun Pangeran Adipati Mangkunagara lèrès botên popog, mundur-mundur mangidul ngetan dhatêng ing Sêmbuyan, Kumpêni lajêng angêbroki ing Panambangan lêrêp sadalu, enjingipun bidhal ngungsir dhatêng ing Sêmbuyan, dumugi ing dhusun Burêng têmpuk kalihan barisanipun Pangeran Adipati Mangkunagara malih, tuwin barisanipun Pangeran Buminata lajêng pêrang rame, balanipun Pangeran Buminata botên kuwawi mawut sami lumajêng, dene balanipun Pangeran Adipati Mangkunagara taksih pêrang rame kalihan Kumpêni. Sarèhning kasaput dalu, Pangeran Adipati Mangkunagara sawadyabalanipun lajêng mundur alon-lonan minggah ing ardi Gambar, dumugi ing pucak botên angsal dhahar tuwin sare. Ing wanci dalu lêrêp wontên ing dhusun sami laran, kalihan tata-tata ngêmpalakên wadyabala. Sarêng sampun wanci têngah dalu karsanipun [kar...]

--- 89 ---

[...sanipun] Pangeran Adipati Mangkunagara lumampah tindak mangidul malih, wusana kadênangan dening Kumpêni lajêng kabujêng. Pangeran Adipati Mangkunagara sawadyanipun kuthetheran, tumuntên minggah ing ardi Sèwu, Kumpêni wangsul dhatêng ing Burêng malih. Tuwan mayor sakalihan pirêmbagan kalihan kyai patih: Saudara, prayogi sampeyan matah bopati satunggal sakarerehanipun, supados anjagi saurutipun

margi wiwit ing Burêng dumugi ing Surakarta, pêrlu angrêksa tiyang ingkang sami ngintun têdha dhatêng pambarisan, murih sampun ngantos amanggih pakèwêd wontên ing margi. Kiyai patih ugi lajêng andhawuhakên dhatêng bopati numbakanyar nama Tumênggung Singaranu sapanêkaripun sampun kalampahan.

Kacariyos, pambarisanipun Pangeran Adipati Mangkunagara kala samantên kantun tiyang pitung dasa, gêgêdhugipun nama Tumênggung Surawijaya, manggèn wontên ing salèring ardi Wijil, padamêlanipun ambêbingung dhatêng mêngsah, amargi pêrangipun botên purun popog, sarta kala samantên kabujêng dening barisanipun Tumênggung Singaranu, palajêngipun mangalèr lajêng anggubêd mangidul, kabujêng mangidul anggubêd mangalèr malih, ngantos sadintên muput botên sagêd kacandhak, labêt saking tansah ubêng-ubêngan ing wana tuwin ardi, sarêng sampun wanci suruping surya sami kèndêl. Ing ngriku Tumênggung Surawijaya sarêmbag kalihan para kancanipun, ing dalu punika niyat anggêpuk dhatêng pondhokaning mêngsah, para prikancanipun iyêg sami anyondhongi, kalampahan sarêng wanci sampun sirêp, Tumênggung Surawijaya sawadyanipun lajêng nêmpuh dhatêng pondhokaning mêngsah. Mêngsahipun têmah sami kuthetheran malajêng mangidul, ingkang purun pêrang panggah amung sakêdhik, Tumênggung Singaranu ugi tumut campuh pêrang, nanging lajêng tiwas kabranan, ingkang sami lumajêng wau lapur dhatêng tuwan mayor, amratelakakên [amratela...]

--- 90 ---

[...kakên] bilih Tumênggung Singaranu pêjah, jalaran campuh pêrang kalihan barisanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, amung kanthi tiyang alit kemawon watawis wontên 70 tiyang, gêgêdhugipun nama Tumênggung Surawijaya. Tuwan mayor sarêng tampi palapuran makatên wau sakalangkung dukanipun, ing sanalika lajêng dhawuh nabuh bêndhe, tambur tuwin ngungêlakên salomprèt (têngara kalêmpaking wadyabala) sasampunipun ngalêmpak lajêng dhawuh kapurih ngubrês utawi nyêpêng Tumênggung Surawijaya sabalanipun, sagêda kacêpêng ing dalu punika ugi, jalaran sampun amêjahi Tumênggung Singaranu, mila lingsêm sangêt saupami botên sagêd kacêpêng. Nalika punika para upsir para tumênggung tuwin para mantri sami matah wadyanipun piyambak-piyambak, lajêng bidhal kalihan asêsumbar: Yèn Surawijaya sagêd kacêpêng badhe kamamah-mamah kupingipun, wontên ingkang badhe anjêjêki utawi anjêjuwing, warni-warni sêsumbaripun para wadya, ing ngriku wontên satunggiling tiyang dhusun ngaturi pariksa dhatêng wadya Kumpêni, bilih Tumênggung Surawijaya umpêtan wontên ing dhusun Waluyu. Tuwan mayor enggal dhawuh anata para tumênggung, supados ngêpang dhusun ingkang winartosakên wau, tuwan mayor kanthi para

bopati sawadyanipun sami sikêp sanjata-sanjata tuwin waos, saking Serenan mangilèn sumêdya dhatêng ing dhusun Waluyu, sakathahing dhusun-dhusun sampun kakêpang.

Ing nalika punika Tumênggung Surawijaya sampun sumêrêp bilih kakêpang ing mêngsah, saubênging dhusun sampun kapêpêtan ing baris, rencangipun Surawijaya sami bingung bilulungan, nyipta botên wande badhe nêmahi tiwas, Surawijaya manahipun sakalangkung jibêg, ing batos kalithihan, lajêng tuwuh panggraitanipun, lajêng damêl rekadaya, rencangipun kapurih mindha kuli sami cucul pangangge kantun kathok, mirantos rêmbatan [rê...]

--- 91 ---

[...mbatan] kangge gotongan tiyang kalih dasa, sadaya pirantosing dêdamêl dipun bongkoki sarta kabuntêl, kaêmot ing jodhang dipun tumpangi tenong tumuntên kagotong lampahipun mangidul, Surawijaya wontên ing ngajêng sarwi nyumèt obor têtiga, salêbêtipun lumampah tansah sami nyuwantên sora, utawi ura-ura têmbang asmaradana, sinom, kinanthi, dipun sênggaki kalihan dipun gamêli cangkêm, botên môntra-môntra nyalamur lampah. Ing barisan kidul wetan kamisêpuhipun mantri satunggal nama Ki Mêrtasura, mirêng suwantêning tiyang lumampah rame-rame andadosakên dukanipun, tumuntên ngandika wêngis: Hèh mandhêga sira gênjik, dene cangkêmmu kumruwuk lêlagon turut dalan, apa gobogmu ora krungu lan matamu ora wêruh, yèn para panggêdhe lan tuwan mayor arêp nalikung mungsuh, ngubrês durung katêmu kowe têka wani nêmpuh barisan, ora kandhêg ora kêndhak, wah cangkêmmu cariwis tanpa lèrèn, apa kowe anjaluk tak lolohi bata utawa tak gunting lambemu.

Surawijaya mirêng dukanipun priyayi ingkang ngujar-ujari wau botên dipun raosakên, lêstantun anggènipun lêlampah sarwi mangsuli: Dhuh bêndara priyantun, sampun kasêsa enggal duka dhatêng tiyang ingkang nglampahi ngrêmbat rêkaos, kagaliha yèn kula tiyang alit, kaèngêtanipun kothong kirang pamikir. Kula kuli mikul saking kapatihan, badhe ngintun para mantri ingkang sami bêbarisan, mila cangkêm kula kumruwuk parlu kangge jampi arip, kalihan malih kula mirêng tuwan mayor wêkdal samangke sangêt dukanipun, sumêdya nyêpêng Surawijaya sarowangipun, badhe dipun talikung utawi dipun kabiri, nanging kaubrês dèrèng sagêd pinanggih, mila cangkêm kula bêngak-bêngok têtêmbangan, supados sampun damêl [da...]

--- 92 ---

[...mêl] kisruh anggènipun badhe nukup mêngsah.

Ki Mêrtasura lilih dukanipun, sarta botên nyana yèn punika ingkang kaupadosan, lajêng mangsuli kalihan nyêntak: Lah iya uwis banjura gênjik, ingkang mindha kuli lajêng lumampah alon-lonan, sarêng dumugi sajawining pambarisan lajêng sami gêgujêngan, pikulanipun sami kabucal lan sarwi lumampah rêrikatan, wanci byar enjing dumugi ing ardi Wijil, tuwan mayor dipun aturi uninga bilih Surawijaya sampun oncat ing wanci dalu, mêdalipun saking dhusun ngakên tiyang kuli ngintun saking kapatihan. Tuwan mayor kagèt sangêt anggènipun anjêtung, lajêng ngandika dhatêng para bopati: Pun Surawijaya punika punapa anaking dhêmit, utawi putu gandarwo, dene kêpati-pati juligipun, dikêpung wong rongèwu bisa marojol kalawan enak-enakan, kang ngêpung bingung kaya dikêcubung, kaya apa dhapure bokiya bisa kêcandhak, matane arêp dakcuplak. Para bopati sami gumujêng. Baris Kumpêni lajêng wangsul dhatêng ing dhusun Burêng, salêbêtipun lumampah ingkang kaginêm botên liya amung kajuliganipun Surawijaya. Sarêng sampun dumugi ing dhusun Burêng Adipati Panaraga matur dhatêng tuwan mayor, miturut plapuranipun têlik, bilih Pangeran Mangkunagara mêntas katingal langkung, samangke kèndêl wontên ing dhusun Ngêpringan, saking ngriki têbihipun wontên tigang onjotan. Tuwan mayor sanalika ngundhangi siyaga pêrang, ambêkta prajurit kapalan tuwin dharat wontên kalih èwu, enggalipun lajêng bidhal gêgancangan, tuwan mayor panggalihipun ngangah-angah sangêt, mayor kêkalih tuwin para bopati sami nyandêrakên kapalipun, sadumuginipun ing Ngêpringan surya sampun mèh surup, Pangeran Adipati Mangkunagara ing galih botên nyana utawi botên anglêgewa, yèn ing

--- 93 ---

wanci surup Kumpêni badhe andhatêngi para abdi sami ura-ura ngupados rumput kangge patilêman, Pangeran adipati mêntas saking wana amung piyambakan, Mayor Hogêndhorêp numpak kapal ingkang ngiring tiyang pitu, sarêng kawaspadakakên têrang ingkang lumampah punika Pangeran Mangkunagara, tumuntên kapistul, nanging botên kenging, Kangjêng Pangeran Mangkunagara kagèt sarwi kulithihan labêt botên ngasta dêdamêl, botên dangu katungka ungêling tambur sarta drèl kumrutug awor kukus, wadya môncanagari surak mawurahan, wadyanipun Pangeran Adipati Mangkunagara sami anadhahi pêrangipun wadya Kumpêni nanging pating kucicir, kathah ingkang lajêng umpêtan, sarta bibar pating salêbar sami arêbat dhucung salang-tunjang, botên kamanah sanadyan jurang pèrèng inggih dipun têmpuh, para èstri rêbut purug misah panggenanipun, amung ambujêng ngungsi gêsang, swaraning

tangis pating jalêrit. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sumêdya mangsah, nanging kagondhelan dening para abdinipun, lajêng lumajêng taksih kabujêng kalihan dipun drèli saking wingking, wusana lajêng kasapih angin agêng tuwin jawah riris-riris, wah kasaput ing dalu, bala Kumpêni kèndêl wontên ing dhusun ngriku kalihan anjêjarahi. Pangeran Adipati Mangkunagara dipun upadosi ing wana sampun sêpên botên wontên.

Kacariyos, palajêngipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kala samantên nusup-nusup tumurun ing jurang trêbis, amung kalihan abdi satunggal, dumugi satêngahing wana kapanggih Tumênggung Kudanawarsa sarwi andhèrèkakên garwa sêlir ingkang nama Mas Ayu Patahati, sarta anggendhong putra mêntas sapihan nama: Radèn Ajêng Sombrong, kala samantên pinuju pêtêng dhêdhêt sarwi jawah riwis-riwis, tumuntên kapanggih malih kalihan ingkang eyang Radèn Ayu Sanawati kadhèrèkakên abdi kêkalih. Kangjêng Pangeran [Pangera...]

--- 94 ---

[...n] Adipati Mangkunagara lampahipun sakalangkung dening sangsara, urut ing satêngahing wana ingkang sangêt gawat, putrinipun tansah muwun labêt saking luwe, tumuntên kapadosakên pisang wana kangge ngarêm-arêmi, dene para sêpuh-sêpuh amung nêdha dhangkèling kunci, dangu-dangu kathah para abdi ingkang pinanggih, sami kêkapalan wontên 60 tiyang, kairid dening Tumênggung Surawijaya. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara rêreyongan kalihan ingkang eyang sagarwa putra wontên ing wana sirung, awit ajrih mêdal saking wana, jalaran taksih kaubrês dening Kumpêni, para èstri manawi nuju kèndêl sami mijêti suku kalayan tarocosan waspanipun. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mariksani ingkang eyang sakalangkung ngêrês panggalihipun, awit saking sangêting kasrakatipun, ing ngriku Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mratelakakên sadaya Tumênggung Kudanawarsa tuwin Surawijaya, karsanipun badhe nêntrêmakên salira kalihan garwa putra wontên ing parêdèn ingkang têbih panggenaning mêngsah. Tumênggung kêkalih sami jumurung, lajêng lumampah ngidul ngetan dumugi ing dhusun Lincip Pidêksa, manggihi sakêdhap kalihan ingkang rama Sultan Dhandhun Martèngsari, manawi condhong dipun aturi kêmpal kalihan Pangeran Adipati Mangkubumi, nanging ingkang rama sultan botên nayogyani, mila Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng lumampah malih mangetan dumugi wana Têmbara, lajêng rêrêp wontên ing ngriku sawatawis dintên, sawontênipun ing ngriku pinuju lêlênggahan sarwi angongoti pring wuluh karsanipun badhe kadamêl suling, dumadakan lajêng wontên satunggaling tiyang lumampah rêrikatan saking kilèn, sadhatêngipun lajêng apratela dhatêng Kangjêng Pangeran ingkang sawêg eca lênggah, bilih Kumpêni sampun nukup

barisanipun ingkang rama Sultan Dhandhun Martèngsari, ingkang wontên ing dhusun Pidêksa, [Pi...]

--- 95 ---

[...dêksa,] balanipun sami kaplajêng bibar botên kantênan, bokmanawi saking Pidêksa Kumpêni lajêng mariki.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng tampi pratela makatên wau sakalangkung kagèt nuntên jumênêng, suling kabucal[5] lajêng bidhal saking ngriku dalah para abdi sadaya, lampahipun mangalèr ngetan dumugi wana Mlendhungan, kèndêl wontên ing ngriku ngantos sawatawis dangu, sarêng kawartosakên Kumpêni taksih ngubrês wontên ing Sêmbuyan, Pangeran Adipati Mangkunagara bidhal malih karsanipun sumêdya dhatêng Kaduwang, tindakipun mangalèr minggah ing ardi Tulakan, lajêng tumurun dumugi ing dhusun Jalar, sarêng dumugi ing lèpèn sacêlaking dhusun Dalêpih lajêng kandhêg, jalaran lèpènipun pinuju bêna, môngka botên wontên wodipun ingkang dipun wêdali, ing ngriku Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kawêkèn panggalihipun, osikipun ing dalêm batos: Lah kapriye iki, ngêndi kang bakal dakwêtoni, amêsthi kali iki sapandhuwur sapangisor iya banjir, saupama balia ing ngêndi gonku singidan, môngka saka pangiraku mung ing Kaduwang kang prayoga kanggo pasingidan.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mêmêlas sangêt, sawêk kèndêl anggènipun ngudaraos, dumadakan lajêng mirêng swara krêtêg krêtêg bruk, inggih punika pitulunging Pangeran, wit êprèh panjang sarta agêng [a...]

--- 96 ---

[...gêng] sol rêbah dhawah malang ing lèpèn ngriku, pucukipun sumèlèh ing sabrang lèr, dene bongkotipun wontên ing kidul, punika anjalari Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara dalah para abdinipun sadaya sagêd anglajêngakên lampah, sarana nguwod kajêng ingkang rêbah wau. [6] Tumuntên lajêng ngalèr ngetan dhatêng ing Kaduwang, sarêng minggah ing wana parêdèn ing ngriku Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara dalah saabdinipun sami kataman bingung, nanging dangu-dangu ugi sagêd mêdal saking wana wau. Wana ingkang ambingungakên wau lajêng kanamakakên wana Kèmêngan utawi wana ingkang anjalari wêdalipun kangjêng pangeran wau ugi lajêng kanamakakên wana Kèlingan, sasampunipun nuntên anglajêngakên lumampah malih nusup-

nusup cêcorahing ardi. Sarêng minggah ing ngriku angsal papan ingkang ragi prayogi, siliripun hawa asrêp dumunung wontên kiwa, bilih ningali mangandhap sagêd têrang sadaya, ing Nglaroh, ing Sêmbuyan tuwin ing Kaduwang, sami katingal cêtha, dados upami kabujêng ing mêngsah kirang tigang pal sampun katingal. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara dalah para abdinipun sami sênêng, mila anggènipun lêrêm wontên ing ngriku ngantos sawatawis taun dangunipun, lajêng iyasa dalêm, dalah para abdinipun sadaya (mênggah dalêm punika samangke taksih, kapara lajêng kangge panyadranan, manggèn ing salèring wana Girimarta, dipun namakakên dhusun Bubakan, kacariyos dalêm wau nalika taksih dados wana, manawi para tiyang anuju ambêsmi wana, dalêm wau botên sagêd katut kabêsmi).

--- 97 ---

Kacariyos, salêbêtipun wontên ing ardi, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara dalah sapandhèrèkipun sadaya ingkang kadhahar amung uwi wana sawatawis kalihan angirangi sare, sarêng sampun dangu anggènipun lêrêp, sumêdya karsa nusul dhatêng ingkang rama ing Sokawati, tumuntên lajêng bidhal dalah para abdinipun tumurun mangalèr, amung para abdi ingkang sami kêkapalan lampahipun kadhawuhan misah. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kalihan ingkang eyang sagarwa putra miwah abdi jalêr èstri, tuwin Tumênggung Kudanawarsa sarta Tumênggung Surajaya sami dharat, awit karsanipun kangjêng pangeran lumampah nyalamur, mandhap saking ardi urut pêpèrèng ngupadosi margi ingkang ragi waradin, sarêng sampun dumugi ing sukuning ardi Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kèndêl, tindakipun botên kalajêngakên, amargi mirêng taksih kaubrês dening Kumpêni, dados ing ngriku kangjêng pangeran nêdya singidan wontên ing wana Tlaba, ingkang papanipun kiwa andhêlik, ragi nglorog ing têngah wana wontên lèpènipun, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara wontên ing ngriku sangêt anggènipun nalôngsa, rintên dalu botên karsa dhahar sare, bilih wanci dalu akêkadhar wontên ing sela sapinggiring lèpèn sarwi nênuwun dhatêng Ingkang Kuwasa, mugi pinaringan wawêngan padhanging panggalih. Awit saking bantêring pamêsu watawis pitung dalu, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng angsal sasmita, supados anglajêngakên lumampah mangalèr ngetan, awit ing ngriku badhe manggih sêsuluhing panggalih. Kangjêng pangeran lajêng dhêdhawuh dhatêng para abdi yèn karsanipun sumêdya nglajêngakên lampah, ing mangke sarèhning sampun sawatawis dintên sariranipun botên kalêbêtan punapa-punapa, karaos kapengin ngunjuk toya dêgan, ing ngriku Tumênggung Kudanawarsa lajêng kengkenan kancanipun ngilèni dhatêng padhusunan, kalêrêsan ing ngriku sagêd pikantuk [pikantu...]

--- 98 ---

[...k] dêgan ijêm, nuntên kaaturakên dhatêng kangjêng pangeran lajêng kaunjuk, raosipun toyaning dêgan ijêm wau sakalangkung nikmat sangêt, sêpêtipun dipun kalêmpakakên lajêng ing têngah katangsulan, kadhawuhan nanêm sarta dipun punagèni, pangandikanipun: Yèn sêdyaku bisa kalakon, amêsthi sêpêt kang daktandur iki bisa thukul urip,[7] sasampunipun makatên para abdi lajêng kaajak anglajêngakên lampah.

Amangsuli cariyos, tuwan mayor dalah para bopati, anggènipun sami angubrês madosi Pangeran Adipati Mangkunagara botên sagêd pinanggih, tuwan mayor lajêng dhawuh undhang-undhang dhatêng têtiyang dhusun, sintên ingkang sagêd nyêpêng Pangeran Adipati Mangkunagara, badhe kaganjar pangkat mantri sarta kaparingan arta gangsal atus reyal, dhawuh makatên wau sampun waradin. Sarêng Pangeran Adipati Mangkunagara kalihan para abdi pêpitu lumampah wontên ing dhusun Ônggabayan, têtiyang ing ngriku sampun angintên bilih ingkang lumampah punika Pangeran Adipati Mangkunagara, mila sanalika lajêng sami nitir kênthongan mawurahan. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara botên andugi bilih sariranipun ingkang dipun titiri, swaraning titir sangsaya gumuruh mawurahan kados manawi wontên lampor utawi grahana, para têtiyang lajêng sami tumandang sarwi wicantên rame: Ya iku, ya iku, Pangeran [Pange...]

--- 99 ---

[...ran] Adipati Mangkunagara, ayo padha dicêkêl, ayo padha dicêkêl, yèn bisa kacêkêl bakal olèh ganjaran dhuwit limang atus reyal. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara anggraita, tumuntên ngisèni sanjatanipun sumêdya andêrah pati. Têtiyang padhusunan saya sora anggènipun sami alok-alok kalayan ambujêng mirantos dêdamêl dhuwung, pêdhang, pênthung, linggis, waos, sawênèh ambêkta bronjong canggah tuwin ganthol, ingkang dados pangagêngipun bêkêl panatus tuwin panglawe, sami wontên ing ngajêng sarwi mungêl: Ayo, ayo, kêpungên, kêpungên, aja nganti gagal. Abdinipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara pating palinguk, ulatipun sami biyas, sampun nyipta yèn badhe nêmahi tiwas, sarêng para tiyang sampun cêlak dhatêng kangjêng pangeran, lajêng kasanjata, amung mungêl sapisan para têtiyang ingkang sami ambujêng lajêng guragapan têmah sami bibar lumajêng, sarta botên wontên ingkang nyêlak malih, sampun dilalah karsaning Allah, yèn darahing Mataram dèrèng dhumawah ing kukum, botên kenging dipun gêgampil, botên dangu lajêng wontên angin agêng andhatêngi, jawah lesus kados pinusus, para tiyang ingkang sami sumêdya nyêpêng sami andharodhog katisên, lajêng wangsul lumêbêt ing

padhusunanipun malih. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara anglajêngakên lampah, lêstari botên wontên sangsayanipun.

Kala samantên tindakipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara nuju mangalèr dumugi ing dhusun Druju (Matesih) ingkang eyang sarta garwa putranipun sami katitipakên wontên ing dhusun ngriku, dene kangjêng pangeran sapandhèrèkipun abdi pêpitu anglajêngakên lampah ngupados wêwênganing panggalih, sarêng sampun dumugi ing dhusun Samakaton kangjêng pangeran panggalihipun [pangga...]

--- 100 ---

[...lihipun] ragi rêna, amargi pirsa banjar pakarangan sarta griya-griya ing ngriku, punapa malih toyanipun sami pating sarèwèh, hawanipun asrêp, kapinujon ing ngriku wontên satunggaling tiyang sawêg nangsuli pagêr dhadhah, kangjêng pangeran lajêng andangu dhatêng tiyang punika: Kang adhêdhepok ing kene iki sapa. Aturipun ingkang kadangu: Punika padhepokanipun Ajar Adisana, kalihan rayinipun nama Ajar Adiraga. Kangjêng pangeran sarêng mirêng panggalihipun lajêng glêg, ngandika salêbêting batos: Apa iki kang bakal bisa madhangake pikirku. Tiyang ingkang nangsuli dhadhah matur malih: Bêndara, manawi sampeyan sumêdya sowan dhatêng kyai ajar sumôngga kula irid. Wangsulanipun kangjêng pangeran: Yèn kiyai ajar pinuju ana iya prayoga. Enggalipun kangjêng pangeran lajêng kairid malêbêt dhatêng ing griya. Kyai ajar sakalihan ngacarani kalayan têmbung manuhara dhatêng ingkang nêmbe rawuh, sasampunipun satata lênggah sarta kabagèkakên, lajêng sinugata ing sakadaripun tiyang dhusun. Sarêng kangjêng pangeran sampun sawatawis lêrêm panggalihipun, tumuntên wêwartos bab lêlampahanipun ingkang sampun kapêngkêr, wiwitan dumugi wêkasan, sangêt anggènipun nandhang sangsara sarta prihatos, mila ngantos dumugi ing ardi punika manawi amarêngakên sumêdya anggêguru dhatêng sang pandhita, nyuwun piwulang mugi karsaa paring pitêdah ingkang prayogi, saha prajanji sumêdya anglampahi ing sapakèn, botên badhe nyulayani ing sapangrèhipun sang pandhita.

Sang pandhita sakalihan sarêng mirêng cariyosipun kangjêng pangeran makatên wau, sangêt wêlas panggalihipun, sarta lajêng andugi dhatêng karsanipun ingkang rawuh, mila lajêng matur kalihan anoraga: Dhuh anggèr wong agung ingkang sawêg nandhang sangsaya, mugi sampun andadosakên hêruning panggalih, [pangga...]

--- 101 ---

[...lih,] pun kaki sumêdya mêdharakên ginêm sawantahipun minôngka wêwarah, mila paduka ngantos pêrang arêrêmpon, sarta nêmah risaking para wadya, punika tuwuhipun botên liya saking ambêg ujub riya tuwin kibir, utawi digung gumunggunging dhiri, jalaran angandêlakên[8] saking wêgiging pambudi sarta limpading ulah papêrangan, dupèh rumaos sampun sarwa kacêkap tur môndraguna sura sakti, wah amumpuni ing aji jaya kawijayan. Ingkang makatên wau têtela nama tiyang kalimput, kasupèn bilih asor ungguling jurit punika kagunganipun ingkang sipat êsa. Botên mawi paduka wawas kalayan waspadaning budi ing kawêningan, amung nuruti saking kadêrênging manah, têmah lajêng kaconggah anggege umadêg nata, inggih punika kala paduka jêjuluk asma Kangjêng Sultan Adiprakosa, ingkang makatên punika andadosakên sangêt sisip nalisiping lêlampahan, amargi wahyu nurbuwah punika botên kenging ginayuh kalayan gampil, têgêsipun, botên kenging ginayuh sarana lampah ambêg gêdhag-gêdhig ingkang botên jujur, tuwin ngandêlakên prawiraning ayuda. Dhuh anggèr, sapintên kuwawinipun tiyang ingkang ambêg agêdhag-gêdhig dêstun amung sakêdhèping netra, awit punika kagolong têksih nama prakawis lair, wêkasan kasêsêr manggih asor, anggèr saking atur kula, paduka sampun nulad kados lêlampahanipun rama paduka Sultan Dhandhun Martèngsari, inggih punika daya-daya jumênêng nata, lajêng angèsthi garwa para wanita ngantos pitung dasa, môngka abdinipun para mantri kemawon sawêg salawe thil. Ingkang makatên wau sakalangkung anggènipun botên mungguh, inggih punika nama gumunggung ing dhiri, nelakakên bilih tuna ing kajatèn, tiwas tanpa tuwas amung amêwahi wisaning sarira, wêkasanipun ginujêng ing ngakathah. Mila anggèr paduka kêdah ingkang awas, lan èngêt, mênawi titah punika gadhahanipun [ga...]

--- 102 ---

[...dhahanipun] amung apês, samangke prayogi anulada lêlampahanipun eyang paduka sêsotyaning bumi Kangjêng Panêmbahan Senapati ing Mataram, nalika amurwani anggayuh wahyuning karaton, siyang dalu botên pêgad anggènipun mangun kasutapan, tansah mêmpên sumimpên ing asamun, sangêt pamanthênging cipta ingkang winawas amung darajating sarira katunggilakên lair batosipun, ardaning panggalih kinunjara kalihan santosaning tekat, ingkang katokidakên amung jumbuhing kajatèn. Saking bantêring cipta têmah wontên sasmita ingkang mrabawani, awarni lintang dhawah wontên ing ngarsanipun, sarwi anyuwara awêwarah bilih sampun kalilan umadêg nata, suprandene eyang paduka dèrèng karsa mudhar pamêlêngipun ing kautamèn, saha dèrèng sumêdya amangun ing kawibawan, sanadyan kala samantên wadyabalanipun sampun kathah, ewadene taksih mêmpêng pamêsuning budi murih sagêda amumpuni saliring rèh ingkang linuhung. Awit saking

wêninging panyipta têmah katurunan malih wahyuning karaton, kangjêng panêmbahan ing pangraos sampun amêngku wawêngkoning alam sadaya, sirna pangraosing sarira kalih lair batin, nanging pangraosipun sampun dados satunggal kalihan sajatining ênur, mila lajêng ruwat sadaya rêruwêding batos, inggih punika mêngsah salêbêting badan sampun sinêmbadan botên sagêd budi. Punika saminipun kala jaman purwa kados Sang Arjuna, ingkang wirotamèng kewuh, tur sampun kawêntar ing kawantêranipun, saha sampun amumpuni sakridhaning adilaga, suprandene sagêd anyarèhakên ardaning karsa, sabarang ingkang kasêdya mawi sarana sinidhikara rumiyin, manawi sampun wêning panawangipun ing ngriku sawêg karsa ngadoni jayèng yuda, têmah sagêd anglêbur dhatêng para satru ingkang sura sêkti, wêkasan kawirotamanipun kasub kasumbagèng [kasumba...]

--- 103 ---

[...gèng] bumi, têtêp dados kalêngkaning jagatraya, turunipun sami jumênêng ratu ambawani ing satanah Jawi ngantos têrah-tumêrah dumugi samangke. Dene ing jaman sapunika ingkang kenging sinudarsana muhung rama paduka Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi ingkang mandhiri ing Sokawati, punika pambêganipun ingkang linuri-luri botên liya inggih kados eyang paduka Kangjêng Panêmbahan Senapati ing Mataram kasêbut nginggil, tansah karêm maspadakakên dhatêng sarira, sangêt marsudi ing budi angudi dhatêng sampurnaning kawruh sajati, wêkasan kasinungan paham botên samar dhatêng purwa madyaning lêlampahan, dumugi wêkasanipun, labêt saking sampun waskitha ing panggalih. Ingkang makatên wau sampun kenging winastan manungsa ingkang pinunjul, katôndha sanadyan wadyabalanipun sampun andados kathah, sarta sampun botên kewran tumraping ing papêrangan, dhasar sampun sagêd angirupi tanah môncanagari, suprandene dèrèng karsa madêg nata, saking punapa, inggih saking sampun pirsa bilih dèrèng mangsanipun. Ing mangke saking atur kula malih, panjênênganipun anggèr sampun ngantos karêm dhatêng kanuragan, tuwin kasantikan, awit punika ngèlmi lair badhe angathahakên kibir, manawi kapêngkok, dhawahing ngêndon amalendho, dene sapunika prayoginipun andumugèkna tapabrata rumiyin, manêgês karsanipun Pangeran Ingkang Maha Kuwasa, dipun mantêp ing pangèsthi lan mêndêng dhatêng Kang Murbèng Jagad, supados dadosa waspada ing kawêkasanipun, sarta lajêng sagêd angrêgêm wosing kamanungsa[9] wontên ing donya dumugi kawusanan, manawi têmên kalayan santosaning sêdya saèstu sagêd anunggil ing kajatèn, mêwahi waskitha dhatêng ing gaib, inggih punika pratandhaning sampun nunggal ing sajatining paningal, nanging manawi sampun sagêd nunggal, dipun taksih kêkalih, kêkalihipun inggih kawula kalawan gusti, makatên [maka...]

--- 104 ---

[...tên] malih bilih sampun sagêd anggolongakên lampah lair kalihan lampah batin, punika nama sujanma guna utama, awit sampun sagêd widagda amêngku ing wawêngkonipun, wêkasan punapa ing saciptanipun badhe jinurung, bêbasan: dadi saciptanipun, wontên sasêdyanipun dhatêng sakarsanipun, sanadyan pêranga angidêri bumi mêngsah ewon, manawi sampun mantêp sarta pasrah kumandêl ing Hyang Suksma, saèstu dados têguh timbul tanpa maguru, puwara sakathahing dêdamêl sami kalis sadaya botên tumama ing sarira. Dhuh bêndara, kauningana malih, mênggah sajatinipun manungsa punika amung darmi nglampahi pakèning Pangeran, dene apês ungguling pêrang punika wontên manungsa piyambak, sampun anggêrantês bilih sawêg apês, sampun kuwur bilih pinuju luhur, amung ngagêngna panarimah sabar tuwin sokur, mila anggèr kêdah prayitna tuwin dipun wiweka bekaning lêlampahan, sabab manungsa ingkang badhe kasinungan darajat kaluhuran, punika agêng sangêt coba rêncananipun, nanging manawi têtêp sarta mantêp têguh botên was sumêlang, inggih punika calonipun ingkang badhe ambawani kawiryawan ingkang linuhung, dados inggih kêdah angemuti minôngka têbasaning lara kalawan pati, ing sapunika panjênênganipun anggèr amarsudia lêstarining tapabrata wau rumiyin, asarana rukuh rèkèhing pamrih kalayan mêsu budi dhatêng kaluhuran, manawi sampun tatas buntas padhang tarawangan, kula sumônggа sakarsa paduka, amung mêling sakêdhik: saking panawang kula ing ngriki, ingkang kenging kinêmpalan kuwawi dados pangungsèn, punika amung rama paduka ing Sokawati, awit wahyunipun sampun tumalorong badhe dhumawah, kados-kados ing têmbe punika sagêd mulyakakên dhatêng sarira paduka anggèr.

Kacariyos, sang pandhita anggènipun ngaturi sêsorah dhatêng Pangeran [Pa...]

--- 105 ---

[...ngeran] Adipati Mangkunagara ngantos kalih dalu. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng midhangêt wêdharing wêwarah ingkang makatên wau, sanalika panggalihipun lajêng lêjar, tansah birahi sêngsêm angraosakên sakathahing piwulang wau, bêbasan kadyangganing kênya adi ingkang sinêmbadan dening busana, mêwahi sênêning guwaya. Ing ngriku sarêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sampun lêrêp kalih dalu, kyai ajar sumêdya nodhi ing kaantêpanipun kangjêng pangeran, lajêng matur: Bêndara, kadospundi raosing panggalih paduka, mênggah sêsorah kula ingkang sampun katur ing ngajêng.

Kangjêng pangeran matur: Saking pangèstunipun sang pandhita ing mangke manah kula sampun ragi pajar, saha lajêng sumèlèh.

Sang pandhita matur malih: Inggih sokur manawi makatên, nanging kauningana, tiyang ingkang badhe anggayuh wahyu kaluhuran punika bilih sampun nampèni ing kanugrahan, botên kèndêl wontên ing pamanggih kemawon anggèr, nanging kêdah mawi katohan ambanting sarira, bêbasan pasahing ngèlmu iku sarana laku, punapa bêndara karsa anglampahi pakènipun pun kaki, manawi kadugi pun kaki badhe lajêng atur pitêdah.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara matur: Dhuh sang pandhita guru kula, ing ngajêng kula sampun prajanji sumêdya anut miturut ing sapangrèhipun sang pandhita ingkang dhatêng karahayon, sampun malih dhatêng karahayon, sanadyan sakit dumugi pêjah pisan inggih badhe kula lampahi.

Sang pandhita sokur ing panggalih, dene ingkang tinanting ambangun turut botên sumêdya nyulayani. Sasampunipun makatên, enggalipun kangjêng pangeran lajêng dipun aturi martapa wontên ing ardi Mangadêg sawetaning Samakaton, anêgêsa dhatêng karsanipun Ingkang Murbèng Jagat sampun [sampu...]

--- 106 ---

[...n] sumêdya mudhar yèn dèrèng angsal sasmita ingkang sajati. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara inggih anyagahi lajêng nyuwun pamit mangkat, amung kadhèrèkakên abdi kêkalih, 1. Tumênggung Kudanawarsa, 2. Tumênggung Surajaya. Sadumuginipun ing ngandhap ardi kangjêng pangeran dhêlêg-dhêlêg mariksani singuping wana sakalangkung dening pêtêng, kêkajênganipun agêng-agêng tur kêtêl sangêt, oyod-oyod ri bondhot arêrayudan, botên wontên marginipun ingkang limit sakêdhik, manawi botên sumêdya anderah pêjah saèstu botên kadugi ngambah ing wana ngriku, mila panggalihipun kangjêng pangeran ragi rangu-rangu, amargi saking singit sarta gawating wana, nanging saupami wangsula saking ngriku kemawon saèstu sangêt lingsêm, mila pêpuntoning panggalih lajêng nêmpuh byat lumampah anusup-nusup ing garumbul tuwin rêrayudan, minggahipun manginggil sarana cêpêngan oyod-oyodan. Tumênggung Kudanawarsa tuwin Tumênggung Surajaya sambatipun ing batos sampun botên kenging winiraos, nanging tekading manah nêdya pêjah anglabêti gusti, mila abdi

kêkalih wau saupami ing têmbe manggih kawibawan inggih sampun lêrêsipun tumut mukti, saking lêlabêdanipun wau. Lampahipun kangjêng pangeran botên kandhêg-kandhêg, dungu-dangu dumugi pucaking ardi Mangadêg, lajêng manggèn papan kiwa ingkang ragi waradin, abdi kêkalih kadhawuhan misah ngupados panggenan piyambak ingkang ragi têbih saking panggenanipun kangjêng pangeran.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, anggènipun mêsu sarira wontên sapucaking ardi Mangadêg, botên dhahar botên sare, lênggah ing sela kumlasa tansah sêmadi manêgês karsanipun ingkang murbèng jagat, sarêng sampun angsal pitung dintên pitung dalu, lajêng wontên swara gumalêgêr angebahakên salaladaning ardi, sarta angin agêng

--- 107 ---

andhatêngi awor riris, ing sakanan keringing ardi pêtêng dhêdhêt dening ampuhan, abdi kêkalih ingkang misah panggenan sami katisên ngantos narêthêk, lajêng ngalih panggenan nusup-nusup dhatêng garumbulan, amung kangjêng pangeran piyambak ingkang botên obah saking palênggahanipun, dangu-dangu pêpêdhut sumilak padhang, jawah angin sampun sami kèndêl, ing ngriku katingal wontên tiyang kaki-kaki sarwi amaringakên bandera[10] nama Kyai Dhudha, tuwin kalonthongan tambur nama Kyai Slamêt[11] dhatêng kangjêng pangeran ingkang sawêg pitêkur angêningakên cipta, ingkang pinaringan enggal anampèni. Sasampunipun katampèn, tiyang kaki-kaki lajêng musna, kangjêng pangeran nuntên tumurun kalihan nyangking bandera tuwin tambur wau, badhe wangsul dhatêng padhepokanipun kyai ajar, dene abdi kêkalih ugi sampun sami pinanggih lajêng andhèrèkakên kangjêng pangeran. Sawêg dumugi sajawining pintu dhadhah sang pandhita sakalihan sami mêthuk, lajêng sami ngrangkul dhatêng kangjêng pangeran gêntos-gêntos, kados sampun priksa badhe kadadosaning lêlampahan punika. Kangjêng pangeran tumuntên dipun aturi lênggah, sasampunipun satata kangjêng pangeran lajêng wêwartos ing kawontênanipun anggènipun anglampahi dhawuhipun [dhawuh...]

--- 108 ---

[...ipun] sang pandhita, wêkasan angsal pandêl tuwin tambur. Sang pandhita sakalihan dahat sami suka sokur ing panggalih, lajêng matur: Inggih punika ingkang kula ajêng-ajêng, samangke sampun sêdhêngipun panjênênganipun anggèr nusul dhatêng rama paduka ing Sokawati, andhèrèk ngêmpal nunggil pambarisan, benjing panjênênganipun anggèr

badhe angsal kaluhuran saking rama paduka Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi, amargi wahyu paduka saking paningal kula sampun anyakêti. Kangjêng pangeran matur nuwun, tumuntên lajêng nyuwun pamit mangkat, sampun jinurung.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, tindakipun saking Samakaton kadhèrèkakên Tumênggung Kudanawarsa tuwin Tumênggung Surajaya saprikancanipun gunggung tiyang pitu, sowan ingkang rama Pangeran Adipati Mangkubumi ing Sokawati, lampahipun sawêg dumugi sacêlaking dhusun Têlagap karaos sayah, lajêng kèndêl lênggah sarwi amêtêki sampeyanipun, ing ngriku lajêng katingal wontên tiyang jalêr pêpitu botên têrang nama tuwin griyanipun, sadaya sami numpak kapal saking lèr mangidul. Panarkaning para abdinipun kangjêng pangeran, tiyang wau sumêdya adamêl piawon, wusana sarêng sampun cêlak lajêng matur dhatêng kangjêng pangeran, têmbungipun: Dhuh gusti, dipun enggal panjênêngan nusul dhatêng rama dalêm, kangjêng pangeran adipati ing Sokawati, samangke sampun magut pêrang wontên ing Dêmak ingkang iring kidul, kula ngaturakên kapal punika sadaya dados titihan paduka dalah saabdi sadaya. Kala samantên kapal inggih lajêng katampèn dhatêng kangjêng pangeran saabdinipun, sasampunipun kangjêng pangeran bidhal dalah saabdinipun sami numpak kapal, dene tiyang ingkang ngaturakên kapal wau ugi andhèrêk wontên ing wingking, nanging sarêng katolèh sampun botên katingal. Kangjêng pangeran [pangera...]

--- 109 ---

[...n] angandika: Wong iki mau padha mênyang ngêndi. Tumênggung Kudanawarsa matur: Gusti mugi sampun anggalih dhatêng tiyang wau, bokmanawi punika ghaibing pangeran aparing pitulung dhatêng paduka. Kangjêng pangeran lajêng bidhal saabdinipun, wontên ing margi mampir ing dhusun Galagah, parlu tuwi para garwa putranipun ingkang rama ing Sokawati, sasampunipun bage-binage wilujêng, Kangjêng Pangeran Mangkunagara lajêng ngabêkti dhatêng ingkang ibu, sarêng sampun saantawis lajêng ngaso dhatêng pondhokan, wontên ing Galagah sipêng tigang dalu lajêng bidhal andumugèkakên lampah dhatêng Sokawati.

Sapêngkêripun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, ingkang ibu ngandika dhatêng ingkang sami marak: Si thole Mangkunagara mêmêlas bangêt, lêlakone tansah nandhang sangsara kasurang-surang. Nanging labêt isih trahing andana warih cahyane ora owah malah saya manthêr, pamujiku muga Allah anêmbadanana pangeran bisaa dhaup karo anakku salah siji.

Kacariyos, lampahipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sampun dumugi ing Garobogan, pinanggih kalihan Adipati Martapura (Pugêr), sasampunipun bage-binage wilujêng, Adipati Martapura mrayogèkakên angêntosi wontên ing Garobogan kemawon rumiyin, amargi ingkang rama kangjêng gusti ing Sokawati saking pangintên tumuntên rawuh. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara inggih miturut rêmbagipun Adipati Martapura, botên antawis dangu Kangjêng Pangeran Adipati Mangmangkubumi[12] katingal rawuh saking ing Dêmak iring kidul, lajêng anjujug ing dhusun Ramun Garobogan. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kairid dening Adipati Martapura sowan ingkang rama sampun pinanggih, sasampunipun ngabêkti lajêng matur sangsaraning lêlampahan, ingkang rama sakêlangkung [sa...]

--- 110 ---

[...kêlangkung] wêlas, lajêng ngandika: Kulup, wis aja korasakake lêlakonmu kang wis kapungkur, kaya-kaya ora beda karo lêlakonku ing kene, ora liwat mung sumendhe marang karsane Kang Gawe Urip, bokmanawa ing buri ana parmaning Pangeran aparing pangapura, samêngko saka karsaku nêdya ngêlar jajahan mênyang ing Sêmbuyan, kowe dak patah aja wêdi kangelan, balia mulih manèh aku kang bakal ngatêrake, sabanjure manawa kowe wis ana kana, batur-baturmu kang padha singidan impunên manèh, lan padha lêlipurên pikire. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara matur: Sandika.

Enjingipun Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi tuwin ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng bidhal saking Garobogan kadhèrèkakên bala ing Sokawati ingkang sami kêkapalan wontên 1030 tiyang, lampahipun mangetan dumugi ing dhusun Malela wanci sêraping surya lajêng lêrêp, byar enjing lajêng bidhal malih, dumugi ing dhusun Kêrja jam 4, lajêng aso sadalu. Sarêng enjingipun lajêng bidhal malih, dumugi ing dhusun Bangsri jam 11 siyang, lajêng kèndêl, ing ngriku wontên abdinipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang dhatêng sarwi numpak kapal wontên 70 tiyang, lêt tigang dintên dhatêng malih abdi kêkapalan sarta sikêp dêdamêling pêrang wontên 130 tiyang, dados kêmpalipun sadaya abdinipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang sami dhatêng wontên 200 tiyang. Kala samantên lajêng pindhah masanggrahan wontên ing dhusun Ngêmplak, garwa paminggir tuwin ingkang putra miwah ingkang eyang saking dhusun Druju ugi sampun sami nusul dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kalihan dhèrèkakên wadyabala kêkapalan kalih atus.

Kacariyos, watawis wontên gangsal wêlas dintên, Kangjêng Gusti Pangeran [Pangera...]

--- 111 ---

[...n] Adipati Mangkubumi bidhal malih saking dhusun Ngêmplak, dumugi ing dhusun Lêsan sipêng sadalu. Enjingipun andumugèkakên lampah mangidul, dumugi ing Sêmbuyan wanci sontên lajêng masanggrahan. Sarêng sampun sawatawis Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi lajêng utusan nimbali ingkang rayi Sultan Dhandhun Martèngsari, nanging nyuwun pamit sêngadi nuju gêrah. Ing ngriku andadosakên dukanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi, nanging lajêng kenging rinapu dening ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, mila lajêng lilih. Botên dangu lajêng bidhal malih urut parêdèn mangilèn dumugi ing Masaran, Pangeran Pamot sarta Pangeran Mangkudiningrat ingkang sami singidan ing ardi, sarêng mirêng lajêng sami sowan dhatêng ingkang rama Pangeran Adipati Mangkubumi, dados kawontênanipun wadyabala saya kathah, dumugi ing Mataram lajêng lêrêp wontên ing sawetaning pêkên agêng.

Kacariyos, sadhatêngipun wadyabala ing Sokawati ing Mataram sakalangkung rame, anjalari gègèripun para têtiyang siti. Enjingipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi lajêng dhawuh sumêdya anggêpuk bètèng ing Surakarta, Pangeran Pamot kadhawuhan ngangkati saking kilèn, Pangeran Mangkudiningrat saking lèr, Pangeran Adipati Mangkunagara saking wetan, dene ingkang saking kidul Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi piyambak. Kalampahan lajêng campuh pêrang kalihan bala Kumpêni, dangu-dangu bala ing Sokawati kasêsêr, Rôngga Wirasêtika tatu kempolipun kenging mimis, barisan ing Sokawati lajêng nglèrèk ngidul ngetan, ngantos kawan dintên, tumuntên kapêthukakên pêrang malih kalihan bala Kumpêni, barisanipun Pangeran Pamot tuwin Pangeran Mangkudiningrat sami buyar botên kuwagang. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi tuwin ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng nanggulang, têmah wadya Kumpêni

--- 112 ---

wontên ingkang pêjah kalih, bala ing Sokawati amung tatu satunggal, lajêng kasaput ing dalu pêrangipun kèndêl. Sarêng enjingipun Pangeran Pamot tuwin Pangeran Mangkudiningrat kêmpal malih kalihan Pangeran Adipati Mangkubumi tuwin Pangeran Adipati Mangkunagara, ing ngriku barisanipun lajêng kaprênca, Pangeran Pamot kalihan Pangeran Mangkudiningrat wangsul mangidul dhatêng Sêmbuyan, Pangeran Adipati

Mangkubumi mangalèr dhatêng Jêkawal (Sokawati) dene Pangeran Adipati Mangkunagara dhatêng Gumantar, kala samantên ngantos satêngah taun botên pêpêrangan (sami kèndêl ngaso).

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara salêbêtipun masanggrahan wontên ing Gumantar, kêrêp sowan ingkang rama Pangeran Adipati Mangkubumi dhatêng ing Jêkawal, bilih sowan ngantos nyare sadalu, tarkadhang gangsal wêlas dintên, parlu ngladosi kasukan ngabên sawung tuwin ngabên gêmak, karsanipun Pangeran Adipati Mangkubumi anggènipun ingkang putra kakarsakakên ngabên sawung utawi gêmak wau, kajawi kangge lêlangên pancèn minôngka pola mênggah kaprawiraning pêrang. Sawung kalihan gêmak punika manawi tarung kenging kabasakakên sapêjahipun, botên purun lumajêng manawi kawawrat taksih kaconggah. Pangeran Adipati Mangkunagara ugi sampun nyandhak ingkang dados karsanipun ingkang rama, dangu-dangu ingkang rama saya sangêt sihipun.

Kacariyos, satunggaling dintên Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi, lajêng katuwuhan osiking panggalih, sumêdya badhe mundhut mantu dhatêng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, enggalipun ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara katantun badhe kadhaupakên kalihan ingkang rayi Kangjêng Ratu Agêng. Aturipun ingkang putra sandika,

--- 113 ---

mila kalampahan Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kadhaupakên kalihan ingkang putra Radèn Ajêng Intên (Kangjêng Ratu Agêng), dados kapanggih nak dhèrèk, dhaupipun amarêngi ing dintên Sêtu tanggal kaping 14 wulan Bêsar ing taun Be, sinangkalan sêmbah sapta rasa siji[13] = 1672, bawahanipun botên kacariyosakên, sarêng sampun sapêkên, Pangeran Adipati Mangkunagara dalah ingkang garwa nyuwun pamit kondur dhatêng ing Gumantar sampun kalilan.

Kacariyos, salêbêtipun Pangeran Adipati Mangkunagara, masanggrahan wontên ing Gumantar, ingkang eyang Radèn Ayu Sêpuh, ngandika dhatêng ingkang wayah, kapengin tindak dhatêng ing dhusun Nglaroh, parlu tuwi para santananipun, ingkang wayah inggih anjurungi, enggalipun Radèn Ayu Sêpuh lajêng tindak nitih tandhu, Pangeran Adipati Mangkunagara andhèrèkakên kanthi Patih Kudanawarsa, sarêng lampahipun dumugi ing dhusun Sênêng,[14] lajêng lêrêp wontên ing ngriku awit ingkang eyang karaos botên sakeca sariranipun, dene para santana ing Nglaroh sami katimbalan sadaya sampun sami dhatêng ing

dhusun Sênêng, kala samantên gêrahipun Radèn Ayu Sêpuh saya sangêt, nuntên mêling dhatêng ingkang wayah, pangandikanipun: Manawa aku tinêkakake ing janji, jisimku tumpangna ing gèthèk nuli kèlèkna, ing ngêndi andhêging gèthèk mau, iya ing kono iku kuburku, poma anggèr wêkasku èstokêna, saiki santanaku kabèh padha gawea gèthèk. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara inggih miturut dhatêng piwêling wau, ing ngriku gêrahipun [gêrahi...]

--- 114 ---

[...pun] ingkang eyang kalajêng seda, layon tumuntên kaupakara, sasampunipun paripurna lajêng kabêkta dhatêng sapinggiring banawi Sênêng, sadumuginipun ing lèpèn pantisawa lajêng katumpangakên ing sanginggiling gèthèk, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara dalah para santana inggih sami andhèrèkakên nitih baita, dene para abdi ugi wontên ingkang sami numpak gèthèk tuwin dharat urut pinggiring banawi. Sarêng iliring gèthèk pantisawa dumugi ing dhusun Kêblokan, mandhêg lampahipun minggir piyambak, botên sagêd milir malih, satanging gèthèk nuntên katancêbakên wontên ing ngriku,[15] Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng mundhut layonipun ingkang eyang, kasarèkakên wontên ing dhusun Kêblokan,[16] dene

--- 115 ---

gèthèking layon ugi lajêng kadhawahan nanêm, sarampunging pangubur kangjêng pangeran dalah ingkang sami andhèrèk sadaya, lajêng wangsul dhatêng ing Gumantar malih.

Sarêng sampun sawatawis dangu, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, tampi pawartos saking ingkang rama kangjêng gusti ing Sokawati, bilih samangke bala Kumpêni sampun mêdali malih wontên ing Jatimalang sakalangkung agêng barisanipun, mila ing dintên Sênèn Lêgi ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kadhawuhan magut saking kidul nagari, dene Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi ingkang badhe magut saking lèr nagari. Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng sampun tampi dhawuhipun ingkang rama lajêng bidhal sawadyabalanipun, sarêng sampun nyabrang ing lèpèn Wingka kapapagakên mêngsah prajurit jawi kaparak kalihan kalang, ingkang anindhihi nama Tumênggung Jayawikrama, tuwin Tumênggung Sumadilaga, utawi prajurit saragêni, katindhihan dening Tumênggung Mangkupraja, lajêng sami campuh pêrang rame. Kala samantên ingkang rama Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi ugi sampun rawuh saking lèr, lajêng nalabung pêrang sawadyanipun, bala ing Surakarta

kathah ingkang pêjah, Tumênggung Mangkupraja nandhang brana. Ingkang Sinuhun ing Surakarta lajêng dhawuh nabuh bêndhe Kyai Bicak, ananging botên sagêd mungêl, inggih kangge pratôndha apês ungguling wadyabala dalêm, manawi Kyai Bicak botên sagêd mungêl katabuh sakayangipun, tôndha badhe kasoran juritipun, dene manawi Kyai Bicak katabuh mungêl ngungkung, punika pratôndha badhe unggul juritipun. Kalampahan sarêng bêndhe Kyai Bicak katabuh malih lajêng ngungkung, botên dangu bala ing Sokawati lajêng ngisis. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi mundur kondur dhatêng ing Jakawal, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara [Mang...]

--- 116 ---

[...kunagara] inggih lajêng mundur kondur dhatêng ing Gumantar.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sawêg lêrêp watawis kawan dintên wontên ing Gumantar, lajêng bidhal malih dhatêng ing Surakarta sawadyabalanipun, dumugi ing nagari lajêng angobong-obongi griya, tumuntên mangidul makuwon wontên ing dhusun Baki, Serenan tuwin ing Jatisari, botên antawis dangu lajêng kondur dhatêng ing Gumantar malih sawadyabalanipun.

Kacariyos, sapêngkêripun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, tiyang Kumpêni sangêt pangangah-angahipun, lajêng andhatêngi ing Serenan sumêdya nukup, nanging dumugi ing Serenan sampun sêpên, pratelanipun têtiyang ing ngriku sampun ngalih dhatêng ing Jatisari. Bala Kumpêni ugi lajêng nututi, nanging ing Jatisari kaubrês botên sagêd kapanggih, pratelanipun tiyang ing Jatisari sampun kondur dhatêng ing Gumantar, sarta sami wêwadul nalika wontên ing Jatisari siya sangêt dhatêng têtiyang siti, mila prayogi nuntên katukup mumpung dèrèng dangu. Kumpêni lajêng bidhal ambujêng dhatêng ing Gumantar.

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara ugi sampun midhangêt pawartos, bilih wadya Kumpêni sumêdya ngêsuk dhatêng ing Gumantar, mila pênggalihipun sakalangkung dening ribêt, jalaran ingkang garwa pinuju gêrah, tumuntên dhawuh ngungsi dhatêng ing dhusun Majarata, sampun kalampahan, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng tata-tata kalayan gugup, sasampuning samapta tumuntên nitih turôngga nama Kyai Andaru, kadhèrèkakên abdi gangsal tuwin wadyabala amung sakêdhik, awit para wadya ingkang kathah sawêg pinuju kêkesahan, botên nyana yèn gustinipun manggih ribêd kadhatêngan mêngsah. Sarêng Kumpêni dhatêng, Kangjêng Pangeran Adipati [Adipa...]

--- 117 ---

[...ti] Mangkunagara amapagakên saabdinipun, nanging para abdinipun sami ura pating salêbar, têmah Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kantun anggana. Komandhan Sêkèbêr sumêdya nubruk dhatêng kangjêng pangeran, murih sagêda kacêpêng sarwi nyuwara sora: Saiki aku kang malêsake anggone siya-siya marang wong ing Jatisari. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara angoncati nanging kapèpèt lajêng tumurun ing jurang, titihanipun ambruk jalaran katundhung kapalipun abdi, kangjêng pangeran ngantos dhawah kajumpalik, lajêng dipun drèli saking nginggiling jurang, sanalika Pangeran Adipati Mangkunagara sangêt dukanipun, lajêng narik agêmipun wangkingan, sumêdya ngayoni kawantêranipun Komandhan Sêkèbêr, wantuning gugup kanthi panggalih sêrêng panarikipun wangkingan nyarèmpèt ing imba ingkang têngên ngantos mêdal ludiranipun, tumètès ing jaja. Sarêng Tuwan Sêkèbêr badhe kaprajaya manahipun kumêsar lajêng lumajêng, wadyanipun sami ngisis, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng anyarungakên agêmipun wangkingan, tumuntên minggah saking jurang dalah para abdinipun, dene titihanipun katilar kemawon. Sadumuginipun nginggil jurang kapêthuk kalihan punggawanipun nama Jayaprameya sarwi numpak kapal, tumuntên kapalipun lajêng kasaosakên dhatêng kangjêng pangeran, sasampunipun kangjêng pangeran nitih kapal lajêng lampahipun mangètan, dèrèng dangu nuntên kapêthuk kalihan Tumênggung Kudanawarsa sakancanipun tiyang tigang dasa sami kêkapalan, sarêng menggok mangalèr kapanggih kalihan garwa putra tuwin sêlir. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara asrêp panggalihipun tumuntên lêrêp wontên Matesih sadalu. Enjingipun lajêng bidhal mangalèr dumugi ing dhusun Ngablak, kapêthuk bantu prajurit saking Jakawal 500 tiyang sami kêkapalan, amargi kala samantên ingkang rama Kangjêng Pangeran Adipati [A...]

--- 118 ---

[...dipati] Mangkubumi sampun kaaturan uninga, bilih ingkang putra katukup Kumpêni wontên ing Matesih, pambantu tiyang gangsal atus wau lajêng kadhawuhan wangsul ngêtêrakên ingkang garwa kondur dhatêng ing Jakawal, ugi sampun kalampahan, dene Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sumêdya wangsul mangidul badhe angrisak dhusun Jatisari, amargi tiyang ing ngriku ingkang murugakên Kumpêni nukup dhatêng ing Matesih. Pangeran Mangkunagara nuntên bidhal kalihan Tumênggung Suryanagara tuwin Rôngga Wirasantika kanthi wadya tigang atus, sadumuginipun ing dhusun Jatisari lajêng nyêpêng tiyang jalêr gangsal, sami kakêthokan jangganipun sirahipun katanjir, dene para

tiyangipun èstri sami dipun boyongi, rajadarbèkipun sami kajarah rayah, griya-griya sami dipun bêsmèni, têmah ing dhusun Jatisari lêbur tumpur dados karangabang, tiyang ingkang taksih sami gêsang lajêng nungkul kabêkta kondur dhatêng ing Gumantar dalah barangipun sadaya, ingkang kalih pratigan kakintunakên dhatêng ing Jakawal, ingkang sapratigan dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara piyambak, salajêngipun ing dhusun Jatisari katanêman priyantun nama Rônggа Sêcadirja, angrèh saurutipun ing dhusun Jurug, Palur, dumugi dhusun Acungan, dados ingkang tumut ing Surakarta jajahanipun sampun rupak sangêt.

Kacariyos malih, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi ingkang wontên ing Jakawal, kala samantên paring sêrat dhatêng ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, suraosipun paring pirsa bilih samangke sampun pindhah pasanggrahan wontên ing dhusun Sumbêran, sarta animbali ingkang putra, enggalipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ugi sampun sowan dhatêng ingkang rama, lajêng dipun pangandikani bab lampah-lampahipun badhe panggêbagipun dhatêng Mataram, sasampunipun rampung ing sadhawuhipun [sadhawuhipu...]

--- 119 ---

[...n] ingkang rama, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng bidhal kanthi Pangeran Mangkudiningrat, sarêng dumugi ing dhusun Mutihan lêrêp, tumuntên utusan kintun sêrat rumiyin dhatêng Tumênggung Jayawitana ingkang jagi ing Mataram, suraos anodhi bilih saking dhawuhipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkubumi, manawi Tumênggung Jayawitana têmên sumungkêm dhatêng ingkang rama Pangeran Adipati Mangkubumi, punapa purun kaabên pêrang mêngsah kalihan Kumpêni, dene ingkang badhe nindhihi Pangeran Adipati Mangkunagara piyambak. Tumênggung Jayawitana lajêng ngaturi wangsulan sêrat, ingkang kautus patihipun nama Ngabèi Puspawijaya, tumuntên mangkat sarêng kalihan utusanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, sadumuginipun ing Mutihan sêrat lajêng katur Pangeran Adipati Mangkunagara, tumuntên kawaos, suraosipun: Ngaturakên tôndha sumungkêmipun awarni sanjata kalih, kapal satunggal, arta kalih atus rupiyah, tuwin baludru wungu sarta cêmêng. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sakalangkung suka ing panggalih, lajêng ngandika dhatêng Ngabèi Puspawijaya, supados matur dhatêng Tumênggung Jayawinata yèn piyambakipun kaajêng-ajêng dhatêng ing Mutihan, sarênga kalihan Tumênggung Suryanagara. Ngabèi Puspawijaya matur sandika, lajêng nyuwun pamit sampun kalilan, dumugi ing Mataram matur saliring kinèngkèn, Tumênggung Jayawinata tumuntên bidhal sarêng kalihan Tumênggung Suryanagara, dumugi ing Mutihan lajêng sowan kangjêng pangeran sampun kapanggihan, wontên ing Mutihan botên ngantos lami, sarêng sampun rampung ing pirêmbag

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kalihan Tumênggung Jayawinata tuwin Tumênggung Suryanagara bidhal saking Mutihan sawadyanipun, sarêng dumugi ing Mataram lajêng masanggrahan wontên ing baluwarti.

--- 120 ---

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara anggènipun wontên ing Mataram sawêg kalih dintên lajêng nampèni aturipun abdi mantringajêng, amratelakakên bilih Tuwan Sêkèbêr sumêdya andhatêngi. Ing ngriku Tumênggung Jayawinata lajêng matur dhatêng kangjêng pangeran, amrayogèkakên rumiyin dipun papagakên. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara inggih anyondhongi, lajêng bidhal sawadyabalanipun, dumugi êng[17] dhusun Banaran, wadyabala kapôntha dados sakawan, manggèn lèr, kidul, tuwin wetan.

Ing ngriku mêngsah sampun katingal lumampah urut margi agêng, ingkang dados cucuking lampah Tumênggung Wiradigda, nuntên Tumênggung Rajaniti, nuntên Tumênggung Kartadipa, nuntên Tumênggung Natayuda, nuntên Tumênggung Wiraguna. Ingkang ambakoni ing wingking Mayor Por, kanthi wadya usar satus, kasambêtan bala Bugis, Makasar, Sumbawa, tuwin Bali, ingkang mungkasi ing wingking baris drahgundêr satus, ingkang nindhihi Tuwan Sêkèbêr, dumugi ing dhusun Babadan lajêng campuh pêrang rame, bala ing Surakarta enggal angêdrèl, bala ing Mataram sami lumajêng, anggubêd mangiwa, tuwin anggubêd manêngên, Tumênggung Jayawinata mangsah ngamuk mêngsah para bopati ing Surakarta, bala ing Surakarta bilih pisah kalihan Kumpêni lajêng sami buyar, têmah andadosakên bingunging Kumpêni. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kanthi Tumênggung Suradigdaya majêng ngamuki mêngsah, bala Kumpêni botên kêndhat anggènipun angêdrèli, lajêng kasaput ing dalu, Kumpêni mundur alon-lonan, sarêng sampun sawatawis têbih, balanipun Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang sami kêkapalan lajêng ngalêmpak katingal langkung kathah, watawis wontên 4000, tumuntên sami mundur dhatêng Mataram. Bala Kumpêni tuwin prajurit Jawi inggih lajêng lêrêp wontên ing pondhokanipun, ngupakara wadyabala [wa...]

--- 121 ---

[...dyabala] ingkang sami kataton tuwin pêjah. Mayor Por rêraosan kalihan kancanipun, saking pangintênipun, mêngsah ingkang songsong jêne wau kangjêng pangeran adipati ing Sokawati. Dipati Pringgalaya sumambung:

Mirid gêlaring pêrang punika wau dede Pangeran Mangkubumi, kintênipun Pangeran Adipati Mangkunagara.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara saunduripun saking paprangan lajêng kasukan ngabên sawung kalihan para wadyanipun, nulat kados ingkang rama Pangeran Mangkubumi, ing ngriku lajêng ngandika: Watake jago tarung iku kêna kapirid dadi têtuladan, tumrap antêpe para prajurit kang padha mangsah pêrang. Pangandika makatên wau têmah andadosakên wêwahing kapurunanipun para wadyabala ingkang sami pêrang.

Gêntos kacariyos, Sultan Dhandhun Martèngsari ingkang wontên ing Kêdhu, nuju satunggiling dintên utusan maringakên sêrat dhatêng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, suraosipun, Sultan Dhandhun Martèngsari mundhut siti ing Mataram sadaya, awit punika ing ngajêng sampun dipun êbroki dhatêng Sultan Dhandhun Martèngsari. Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng tampi sêrat makatên wau, lajêng mangsuli yèn botên sagêd ngaturakên kados pamundhutipun ingkang rama, amargi tanah ing Mataram punika sampun dados pangwasanipun ingkang raka Pangeran Adipati Mangkubumi sadaya, mila langkung prayogi kasuwuna piyambak dhatêng ingkang raka Pangeran Adipati Mangkubumi.

Kacariyos, sarêng sampun antawis lami kalihan anggènipun Sultan Dhandhun Martèngsari nampèni sêrat wangsulan saking ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara wau, Kangjêng Pangeran Mangkubumi utusan dhatêng Mataram, ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara kadhawuhan [kadhawuha...]

--- 122 ---

[...n] anggêpuk dhatêng ingkang rayi Sultan Dhandhun Martèngsari ingkang wontên ing Kêdhu. Pangeran Adipati Mangkunagara inggih lajêng angèstokakên, tumuntên bidhal amung ambêkta wadyabala sawatawis, dumugi ing Kêdhu lajêng campuh pêrang, bala ing Kêdhu kasêsêr. Sultan Dhandhun Martèngsari oncat lumajêng dhatêng ing Sêmbuyan. Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng wangsul dhatêng ing Mataram malih sawadyanipun, sarêng sampun antawis dintên, Pangeran Adipati Mangkubumi tindak dhatêng ing Mataran kanthi wadya sawatawis, dumugi ing Mataram sampun kapanggih kalihan ingkang putra. Pangeran Adipati Mangkunagara anglapurakên bab kawontênanipun ing pêpêrangan, tuwin nalika ngungsir dhatêng Sultan Dhandhun Martèngsari samangke sampun kesah saking Kêdhu. Pangeran Adipati Mangkubumi

sakalangkung suka, tumuntên ingkang putra kawisudha nama sarta sasêbutan: Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara, ngiras dados pêpatihipun, Tumênggung Jayawinata kasantunan nama Adipati Jayaningrat, dalah pêpatihipun Ngabèi Puspawijaya ugi kawisudha dados tumênggung kaparingan nama Tumênggung Sujanapura, sarta anakipun Tumênggung Jayawinata kêkalih ugi kawisudha, 1. Ngabèi Sêcajaya, dados tumênggung nama Tumênggung Jayanagara, 2. Ngabèi Ônggawijaya, dados tumênggung nama Tumênggung Jayawinata (nunggak sêmi bapa), 3. anakipun èstri kapundhut mantu, kadhaupakên kalihan ingkang putra asma Radèn Mas Êntho, lajêng kajunjung dados pangeran adipati anom ing Mataram. Ingkang rayi Pangeran Panular kasantunan asma Pangeran Mangkukusuma. Tumênggung Suradipura santun nama Tumênggung Wiradigda, dene Tumênggung Wiradigda lami kasantunan nama Tumênggung Môndaraka. Lajêng sami kabyawarakakên dhatêng para wadyabala sadaya, sasampunipun paripurna lajêng sami bibaran.

--- 123 ---

Sarêng sampun antawis dintên, Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi kanthi ingkang putra Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara saha wadyabala, sumêdya anggêpuk dhatêng Sultan Dhandhun Martèngsari ingkang wontên ing Sêmbuyan, sadumuginipun ing Sêmbuyan, barisan ing Mataram lajêng nêmpuh rampak, botên dangu barisan ing Sêmbuyan buyar, Sultan Dhandhun Martèngsari lumajêng dhatêng ing Pacitan badhe lajêng dhatêng ing Panaraga, têtiyang ing Sêmbuyan sami têluk sadaya. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi lajêng masrahakên siti ing Sêmbuyan sadaya dhatêng ingkang putra Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara, sarta ingkang putra Pangeran Pamot kadhawuhan maringi têdha saking pamêdaling bandaran pêkên kêkalih, dene Pangeran Mangkudiningrat katamtokakên dados wadananing para sinatriya. Ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara matur sandika. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkubumi tumuntên kondur dhatêng ing Sokawati, Pangeran Mangkudiningrat wangsul dhatêng ing Mutihan, Pangeran Pamot dhatêng ing Ardikidul, dene Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara kondur dhatêng Gumantar sawadyabalanipun.

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara pindhah masanggrahan wontên ing Kêdhungwaringin, ing ngriku papanipun pikantuk sangêt, pasitènipun lêmpar tur kaabêngan[18] ing toya lèpèn, wontên ing ngriku dahat andadosakên suka pirênaning panggalih.

Nuju satunggiling dintên, Pangeran Adipati Mangkunagara nampèni aturipun Tumênggung Wiranata, amratelakakên bilih Sultan Dhandhun Martèngsari katingal mangalèr, kados dipun pondhongi dhatêng Surakarta, katitik mawi kairingakên dening bala Kumpêni, pangagêngipun Mayor Tlotomondo, tuwin Tumênggung Ônggawôngsa, sapunika sami kèndêl wontên ing

--- 124 ---

dhusun Ngutêr. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng dhawuh kapurih anggêpuk, nanging yèn sakintên malahi kapurih ngodhol kemawon, enggalipun Tumênggung Wiranata lajêng bidhal sabalanipun, dumugi ing Ngutêr lajêng campuh pêrang rame, Ngabèi Jayaprameya tiwas kasambut ing ngadilaga, botên antawis dangu Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara nalabung saking lèr sawadyanipun, lajêng pêrang rame, bala Kumpêni pêjah tiga. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sumêdya misesa mêngsah, ing ngriku Tumênggung Kudanawarsa matur: Karsa dalêm punika mugi sampun kalajêngakên, ngemutana wêlingipun rama paduka kangjêng gusti ing Sokawati, bilih mêngsah botên niyat andamêl piawon sampun ngantos kawisesa, nanging amung kadhawahan nguja sakajêngipun, ewadene manawi mêngsah wau pancèn dursila ing bumi inggih sampun lêrêsipun katumpês. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara mirêng aturipun Tumênggung Kudanawarsa lajêng miturut, tumuntên wangsul kondur dhatêng Kedhungwaringin sawadyabalanipun, dene bala Kumpêni lajêng lampahipun mangalèr dhatêng Surakarta.

Kacariyos, ing satunggiling dintên, Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara, wontên ing Kêdhungwaringin anampèni kengkenanipun Radèn Dipati Jayaningrat, ngaturi pariksa bilih ing Mataram kagêbag ing Kumpêni, anakipun nama Tumênggung Jayawinata sampun kacêpêng saha kalajêngakên dhatêng ing Samarang. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng sampun tampi pratela wau sanalika lajêng bidhal dhatêng Mataram sawadyabalanipun, sadumuginipun ing Mataram, bala Kumpêni sampun lumèngsèr dhatêng sanès panggenan, lêt sawatawis dintên ingkang rama kangjêng gusti ing Sokawati ugi rawuh ing Mataram. Radèn Dipati Jayaningrat anglapurakên [a...]

--- 125 ---

[...nglapurakên] ing kawontênanipun nalika katukup ing Kumpêni, ing ngriku kangjêng gusti ing Sokawati sakalangkung gêtêr ing panggalih, botên dangu kasaru sowanipun Pangeran Singasari, sumêdya nungkul

dhatêng ingkang raka, sampun katampèn, tumuntên Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara anglapurakên bilih tampi sêrat saking Pangeran Adiwijaya, suraos sumêdya kêmpal kalihan ingkang rayi kangjêng gusti ing Sokawati, ugi sampun kaparêngakên, lajêng kadhawuhan mêthuk, enggalipun sampun sami kêmpal, punapa malih ingkang rayi Pangeran Rôngga ugi têluk lajêng kasantunan asma Pangeran Purbaya, dados kêmpaling wadyabala sangsaya agêng.

Kocapa kala samantên Kangjêng Pangeran Adiwijaya, dalah para pangeran sarta bopati sadaya, sami sarêmbag dhatêng Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara supados matur ingkang rama Kangjêng Gusti Sokawati, bilih kaparêng badhe kajumênêngakên nata. Enggalipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ugi sampun matur ingkang rama, bab karsanipun para pangeran tuwin bopati wau, saking dhawuh wangsulanipun ingkang rama, prakawis punika sawêg kagalih rumiyin. Samôngsa sampun wontên wawênganing panggalih inggih prayogi. Botên kacariyos, enggal laminipun, kangjêng gusti ing Sokawati lajêng karsa jumênêng nata, ajêjuluk Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan Hamangkubuwana, Senapati ing Ngalaga Ngabdurrahman Sayidin Panatagama Kalipattolah. Nuntên lajêng misudha para abdi, 1. Ngabèi Ranawijaya dados bopati jaksa, kaparingan nama Tumênggung Sasmitasastra, 2. Mardikan ing Wêdhi, dados pangulu nama Pangulu Dipaningrat.

Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara kala samantên tampi dhawuhipun ingkang rama kangjêng sultan, supados angiyasakakên kadhaton [kadhato...]

--- 126 ---

[...n] wontên ing Kabanaran. Ing ngriku Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng matah para bopati sami kadhawuhan iyasa kadhaton kados dhawuhipun ingkang rama wau, para bopati ingkang sami tampi dhawuh matur sandika, enggalipun kadhaton ugi sampun dados lajêng katur kangjêng sultan, sang nata ugi lajêng pindhah dhatêng kadhaton ing Kabanaran, para santana saha para bopati tuwin abdi sadaya ugi lajêng andhèrèk pindhah gêgriya wontên ing Kabanaran, ing ngriku lajêng katingal rêjanipun, sarta gêmah ripah mirah sandhang têdha.

Anuju satunggiling dintên kangjêng Sultan ing Kabanaran, mirêng bilih Kumpêni pacak baris wontên ing Banyudana sakalangkung agêng, mila kangjêng sultan lajêng dhawuh dhatêng ingkang putra Kangjêng Gusti

Pangeran Adipati Mangkunagara, supados andamêlakên pasanggrahan wontên ing dhusun Ngudal, ugi sampun kalampahan dados, kangjêng sultan tumuntên rawuh kadhèrèkakên Pangeran Purbaya sawadyabalanipun, sarawuhipun ing ngriku kangjêng sultan lajêng anampèni palapuranipun para bopati bab kawontênanipun bala Kumpêni. Ing ngriku kangjêng sultan lajêng bidhal sawadyabalanipun saking Ngudal lajêng pacak baris wontên ing dhusun Piji, enggalipun lajêng campuh pêrang kalihan Kumpêni gêntos ingkang kalindhih, tumuntên wontên kengkenanipun Adipati Pugêr munjuk kangjêng sultan kaaturan ngunduri, sampun ngantos kalajêngakên umagut pêrang, amargi miturut supênanipun Adipati Pugêr bilih ing dintên punika bala Kabanaran dhawah apês, ananging sanès dintên bala Kumpêni botên susah dipun tanggulangi amêsthi mundur piyambak. Kangjêng sultan inggih miturut mundur sawadyabala sadaya, lajêng lêrêp wontên ing dhusun Picis, dene mêngsah Kumpêni ugi lajêng sami mundur ngupados palêrêpan.

--- 127 ---

Sarêng enjingipun kangjêng sultan lajêng kondur dhatêng ing Kabanaran, ingkang putra Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara mingsêr masanggrahan dhatêng dhusun Barambangan, lajêng pacak baris wontên ing Serenan, amapagakên bala Madura tuwin Kumpêni. Gêlaring pêrang bala ing Mangkunagaran amung kalihan mundur, manawi sampun katilar kalihan Kumpêni bala Mangkunagaran ambujêng malih, sadangunipun pêrang tansah leregan makatên kemawon, wêkasan mêngsahipun sami susah wêwah bala Kumpêni têdhanipun sami kêkirangan, mila inggih lajêng mundur, dene Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sawadyabalanipun lajêng masanggrahan wontên ing dhusun Karangturi.

Sarêng sampun sawatawis dintên, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mirêng bilih barisan Kumpêni sumêdya andhatêngi malih, mila anggènipun pacak baris lajêng mingsêr dhatêng ing Têmbayat, sarêng Kumpêni dhatêng sayêktos, lajêng kapêthukakên pêrang, kangjêng gusti lajêng ngamuk narajang barisan Madura, têmahan bala lajêng bibrah tatanipun, lajêng mundur, sarèhning kasaput dalu pêrangipun lajêng kèndêl.

Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng masanggrahan wontên ing Karangturi sabalanipun, tumuntên wontên utusanipun ingkang rama Sultan ing Kabanaran sarwi maringakên sêrat, suraos aparing dhawuh supados ingkang putra kanthi Pangeran Singasari sabalanipun, lajêng angrampita dhatêng ing Surakarta, atur wangsulanipun ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sandika, enggalipun sarêng sampun samêkta lajêng bidhal, wontên ing margi botên kacariyos,

sarêng dumugi ing padhusunan sakiduling kitha Surakarta, lajêng angobong-obongi, nanging kala samantên botên wontên ingkang anglawan, mila saya majêng ngantos dumugi ing kampung Kabangan, dene wadya Kumpêni pacak baris wontên ing

--- 128 ---

Kadipala, ugi lajêng campuh pêrang, kangjêng gusti sarèhning karoban lawan dados rumaos kirang kuwawi, mila lajêng mundur dhatêng ing dhusun Carikan, sarêng enjingipun lajêng mingsêr dhatêng ing dhusun Kêdhungjambak, katungka utusanipun ingkang rama Kangjêng Sultan ing Kabanaran, animbali dhatêng Mataram, amargi ingkang rayi Pangeran Mangkudiningrat kataman gêrah cacarên rêkaos, kangjêng gusti sarêng sampun tampi timbalan sanalika lajêng mangkat. Sadumuginipun ing Mataram lajêng sowan ing ngarsanipun ingkang rama, sasampuning ngabêkti kangjêng gusti lajêng anglapurakên bab kawontênanipun anggèning campuh pêrang kalihan mêngsah, ingkang rama lajêng andangu: Kapriye bab kahanane pamanmu Pangeran Singasari, saiki apa wus ana kaundhakane kuwanène pêrang. Aturipun kangjêng gusti: Nuwun taksih lêstantun kirang purun. Ingkang rama ngandika malih: Yèn mangkono ing samêngko dhawuhna daksalini jênêng kaarana Pangeran Prabu Jaka, supaya ana kaundhakane pikire.

Gantya kawuwusa, Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta, sarêng para pangeran sami mêdal saking kadhaton, saha lajêng ngêmpal nunggil pabarisanipun ingkang rayi Pangeran Mangkubumi ing Ngayugyakarta, punika ingkang sinuhun kangjêng susuhunan panggalihipun karaos atis, têmahan lajêng kataman gêrah, saya dangu gêrahipun saya rêkaos, mila lajêng angaturi dhatêng tuwan guprênur ing Batawi, suraos paring uninga bilih anggènipun gêrah sangêt rêkaos, bokmanawi lajêng dumugi ing janji. Ingkang punika saking dhawuhipun sang prabu supados ingkang putra Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom kagêntosna jumênêng nata. Enggalipun sarêng tuwan guprênur tampi sêratipun sang prabu ing Surakarta makatên wau, lajêng matah tuwan dêlèr ing Samarang kautus dhatêng Surakarta, anjumênêngakên nata dhatêng Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom.

--- 129 ---

Tuwan dêlèr sasampunipun tampi parentah lajêng bidhal dhatêng Surakarta, sadumuginipun ing Surakarta gêrahipun ingkang sinuhun saya santêr, ananging sarêng tuwan dêlèr sowan ing ngarsa dalêm, ingkang sinuhun taksih sagêd imbal pangandika kalihan tuwan dêlèr, sadaya

sapêrlunipun sampun kawangsitakên dhatêng tuwan dêlèr, sasampunipun dumugi wêwêling dalêm, ingkang sinuhun lajêng seda, layon lajêng kaupakara, sarêng sampun paripurna, sarèhning sawêg nyarêngi dahuruning praja, mila layon lajêng kasarèkakên wontên ing astana Lawiyan (sakilèning kadhaton Surakarta).

Nahên ta, ing sapêngkêripun layon, tuwan dêlèr lajêng andhawuhakên tamtuning dintên badhe jumênêngipun nata Pangeran Adipati Anom, sarta para bopati ingkang sampun pacak baris cêlak kalihan nagari Surakarta, sami katimbalan mantuk rumiyin, dene ingkang têbih-têbih sami têksiha bêbarisan. Sarêng dumugi ing dintên ingkang sampun katamtokakên, para putra santana tuwin bopati sapanêkaripun, sarta kyai pangulu saprikancanipun para ngulama, sampun sami pêpak sowan ing pagêlaran, ing ngriku tuwan dêlèr dalah para tuwan-tuwan upsir sampun sami lumêbêt ing kadhaton, botên dangu Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom kairing tuwan dêlèr dalah tuwan-tuwan sanèsipun, miyos wontên ing pagêlaran, sadumuginipun ing pagêlaran tuwan dêlèr lajêng ambyawarakakên, bilih Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom samangke kajumênêngakên nata anggêntosi ingkang rama swargi, ajêjuluk Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana, Senapati ing Ngalaga Ngabdurahman Sayidin Panatagama ingkang kaping 3. Ing ngriku para bopati saha putra santana sami angèstrèni, kyai pangulu sakancanipun para ngulama lajêng sami andonga nurbuwah, sarampungipun tuwan dêlèr lajêng amaos sêrat [sê...]

--- 130 ---

[...rat] prajanjian saking Batawi, kinurmatan ungêling mariyêm rambah kaping 21, tuwin drèling para prajurit, sasampunipun rampung ingkang sinuhun lajêng angadhaton, tuwan dêlèr dalah sapandhèrèkipun sadaya lajêng mantuk dhatêng ing pondhokanipun ing ngloji, dene para putra santana miwah para bopati ingkang sami sowan tuwin kyai pangulu sakancanipun para ngulama lajêng sami bibaran.

Kacariyos, tuwan dêlèr anggènipun wontên ing Surakarta ragi sawatawis lami, parlu anata kawontênanipun nagari.

Amangsuli cariyos, Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Kabanaran, salêbêtipun wontên ing Mataram karsa amatah para pangeran tuwin para bopati, sami kadhawuhan anggêbag dhatêng môncanagari. Pangeran Adiwijaya kanthi Pangeran Purubaya, tuwin Pangeran Mangkukusuma, punapadene Sultan Bantên, sarta Tumênggung Jayadirja miwah Suryanagara, sami kadhawuhan anggêbag dhatêng Banyumas, Kêdhu

Bagêlèn saurutipun mangilèn. Dene ingkang kapatah nglurug mangetan Pangeran Adipati Mangkunagara, kanthi Pangeran Mangkudiningrat, tuwin Adipati Kudanawarsa, sami kadhawuhan dhatêng ing Panaraga, ingkang anggêbag dhatêng ing Surabaya ingkang sinuhun kangjêng sultan piyambak, kanthi para bopati sawatawis, sarêng sampun sami samêkta sadaya, lajêng sami bidhalan sowang-sowang.

Kacariyos, lampahipun Pangeran Adipati Mangkunagara, sarêng dumugi ing Magêtan, pinanggih suwung, amargi bopatinipun sampun ngêmpal wontên ing Panaraga, mila wontên ing Magêtan kangjêng pangeran nyipêng tigang dalu, para mantri tuwin para tiyang alit ing Magêtan kathah ingkang sami nungkul.

Kacariyos, Adipati Suradiningrat bopati ing Panaraga, sami pakêmpalan [pa...]

--- 131 ---

[...kêmpalan] kalihan para bopati ing môncanagari, rêmbagan bab anggènipun badhe amêthukakên mêngsah ingkang saking kilèn. Kala samantên wadyabalanipun ingkang sami kêkapalan wontên salêksa, sanèsipun wadya dharat, dene para bopati ingkang sampun sami dhatêng 1. Surabaya, ing Kalangbrèt, 2. Wiradimêja, ing Sarêngat, 3. Sêtrapati, ing Kadhiri, 4. Surayuda, ing Japan, 5. Patrasuta, ing Pace, 6. Suradipraja, ing Magêtan, 7. Wirakusuma, ing Wirasaba, 8. Bratajaya, ing Kaduwang. Ing ngriku Adipati Panaraga nampèni palapuranipun abdi têlik, bilih mêngsah saking kilèn sampun dhatêng ingkang mangagêngi Pangeran Adipati Mangkunagara, kintên-kintên wontên sèwu nêmatus prajurit dharat tuwin kêkapalan, samangke sampun dumugi ing Magêtan.

Adipati ing Panaraga lajêng parentah angrakit para wadya, ingkang kapatah dados panjawat kiwa adipati ing Kalangbrèt, sarta adipati ing Sarêngat, ingkang kapatah dados panjawat têngên, adipati ing Kadhiri, adipati ing Wirasaba tuwin sadaya ing Japan. Dene ingkang kapatah andhadhani adipati ing Pace, tuwin adipati ing Kaduwang. Ingkang nindhihi adipati ing Panaraga kanthi para putra santana ingkang sampun katingal ing kuwantêranipun.

Kawasita malih, Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang wontên ing Magêtan, ugi sampun kaaturan pariksa dhatêng têlikipun, bilih Adipati Panaraga kanthi bopati ing môncanagari, samangke sami pacak baris wontên sawetaning lèpèn Dêmung kang langkung kathah wadyanipun.

Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng angundhangi para prajuritipun, sasampunipun samapta lajêng bidhal saking Magêtan, kèndêl sakilèning lèpèn Dêmung kalihan anata gêlar. Ingkang kapatah dados panjawat [panjawa...]

--- 132 ---

[...t] kiwa ingkang rayi Pangeran Mangkudiningrat, ingkang manjawati têngên Tumênggung Kudanawarsa, dene ingkang andhadhani Pangeran Adipati Mangkunagara piyambak. Salêbêtipun nata wadya ing ngriku wontên satunggaling abdi mantri nama Ngabèi Ônggamina,[19] kanthi prajurit saragêni tuwin prajurit pêrangtandang 3 iji, sami numpak kapal, botên sarana dipun parentahi lajêng sami nyandêr dhatêng panggenaning mêngsah ngamuk purun. Sarèhning kala samantên mêngsah dèrèng wontên ingkang rumantos, mila inggih lajêng bibar asalang-tunjang, labêt saking kagèt sami lumajêng pating salêbar arêbat dhucung, tambuh mêngsah tuwin rowang. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sarêng pirsa bilih Ngabèi Ônggamina nêmpuh dhatêng panggenanipun mêngsah amung ambêkta prajurit 3 iji, ing ngriku kangjêng pangeran lajêng parentah ngungêlakên têngara tambur, karsa badhe têtulung dhatêng Ngabèi Ônggamina, sadaya lajêng sami nyabrang ing lèpèn, Tumênggung Kudanawarsa sawadyabalanipun lajêng nêmpuh purun dhatêng mêngsah kalihan ambendrongi sanjata. Pangeran Mangkudiningrat sawadyanipun ugi lajêng nêmpuh sarta ambendrongi mawantu-wantu, swaraning sanjata anglir pendah guntur ing ngakasa. Prajurit ing Panaraga botên wontên ingkang tanggon, lajêng sami lumajêng nunjang-nunjang arêbat gêsang. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sarêng nguningani mêngsahipun sami kapalajêng sakalangkung suka, pangunadikaning panggalih: Lah iya katon apa Si Ngabèi Ônggamina sakanthine wong têlu iku dening mungsuhe, têka wong Panaraga pirang-pirang èwu padha lumayu salang-tunjang.

--- 133 ---

Nahên ta amangsuli cariyos, Radèn Adipati Suradiningrat salêbêtipun ulêng-ulêngan campuh pêrang rame, tumpakanipun turôngga katunjang dening wadyanipun piyambak ingkang sami lumajêng, têmah kapalipun kagèt lajêng anglumba, Radèn Adipati Suradiningrat dhawah ing siti, kaidak-idak dening wadyanipun ingkang sami lumajêng kèlês mêgap-mêgap labêt kailês ing wadya kathah. Tujunipun lajêng kasumêrêpan dening anakipun ingkang nama Martanagara, tumuntên kapitulungan, ananging napasipun sampun pêdhot kalajêng pêjah. Para wadyanipun botên wontên ingkang nyana yèn punika bandaranipun piyambak, ing ngriku katungka dhatêngipun Tumênggung Kudanawarsa, sarêng

sumêrêp lajêng pitakèn: Kang mati iku sapa. Wangsulanipun Martanagara: Punika tiyang sêpuh kula Adipati Suradiningrat. Sampun katur mulabukanipun sadaya dumugi pêjahipun. Kocapa, ing ngriku sarêng para wadyanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sami sumêrêp dhatêng anakipun Suradiningrat wau lajêng badhe sumêdya angrampog dhatêng Martanagara, ananging kapambêngan dening Tumênggung Kudanawarsa, mila Martanagara botên saèstu kapêjahan. Sarêng sampun sawatawis Tumênggung Kudanawarsa lajêng kengkenan Radèn Ngabèi Jayasimpangan, kapurih ngaturi pariksa dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, bilih Adipati Panaraga sampun pêjah. Ngabèi Jayasimpangan lajêng mangkat.

Kacariyos, lampahipun Ngabèi Jayasimpangan, sampun dumugi ing ngarsanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, lajêng matur bilih dipun kèngkèn dening Tumênggung Kudanawarsa, ngaturi uninga yèn Adipati Suradiningrat sapunika sampun pêjah. Jisimipun taksih kaupakara dening anakipun pambajêng nama Martanagara. Kangjêng Pangeran Adipati [A...]

--- 134 ---

[...dipati] Mangkunagara sarêng midhangêt aturipun Ngabèi Jayasimpangan makatên wau sakalangkung ing pangunguniipun, lajêng anyandêrakên titihanipun dalah para abdi mantri kêkapalan wontên 40. Sadumugining panggenanipun Tumênggung Kudanawarsa lajêng andangu: Kaya priye kaanane patine Si Suradiningrat, lan samêngko anake kang tuwa dhewe ana ngêndi sarta jênênge sapa. Aturipun Tumênggung Kudanawarsa: Mênggah kawontênanipun Adipati Suradiningrat, pancèn anggadhahi sêsakit napas, mila wêkdal dhawah saking kuda lajêng kailês-ilês dening wadyanipun piyambak, napasipun lajêng pêdhot dumugi pêjah punika. Wondene anakipun ingkang pambajêng inggih ingkang wontên ngarsa dalêm punika nama Martanagara. Kangjêng pangeran ngandika malih sarta paring dhawuh: Yèn mangkono Kudanawarsa kowe banjur dhisika mênyang kutha Panaraga, sarta Si Martanagara gawanên pisan, purihên ngumpulake wong cilike kang padha ngungsi lumayu saparan-paran, lan para bopati uga konên padha ngalumpuk ana ing kabopatèn, sarta jarahane para badhaya srimpi apadene donyane padha kalumpukna kabèh, mêngko sapungkurmu aku banjur nusul. Tumênggung Kudanawarsa matur sandika, lajêng bidhal ambêkta anakipun Suradiningrat dhatêng kitha Panaraga. Sapêngkêripun Tumênggung Kudanawarsa, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng parentah angêthok jangganipun Suradiningrat dalah pajalêranipun, sarêng sampun kalampahan katigas, ing ngriku andadosakên gumunipun ingkang sami ningali, dene pêjahipun Suradiningrat sampun dangu têka pajalêranipun kakêthok taksih mêdal

rahipun. Kangjêng pangeran lajêng dhawuh supados pajalêranipun kaêmutna dhatêng cangkêming sirahipun Suradiningrat piyambak sarta kadhawuhan mirantosi wadhah. Sarêng sampun mirantos lajêng kadhawuhan ngaturakên [ngaturakê...]

--- 135 ---

[...n]

ingkang rama kangjêng Sultan ing Kabanaran, samantên sawêg masanggrahan wontên ing dhusun Kincang (Madiun), utusan lajêng bidhal lumampah wanci dalu, ing margi botên kacariyos, byar enjing dumugi ing Kincang, lajêng katur kangjêng Sultan ing Kabanaran, bilih wontên utusanipun ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, ngaturi uninga yèn kitha ing Panaraga samangke sampun bêdhah, sarta ngaturakên sirahipun Adipati Suradiningrat, purwa madya wusana sampun katur sadaya. Ingkang sinuhun kangjêng sultan lajêng dhawuh angungkabi wadhah ingkang isi sirahipun Suradiningrat, sarêng sampun kabikak, ingkang sinuhun sakalangkung anjumbul sarwi gumujêng, lajêng ngandika sêmu duka dhatêng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara: Bocah iki gêndhila tansah ugal-ugalan, têka dakar dimutake ana ing cangkêm. Lajêng ngandika malih dhatêng utusan: Si Thole saiki ana ngêndi. Aturipun utusan: Nuwun gusti, sapêngkêr kula putra dalêm taksih ngalêmpakakên anak-anakipun Suradiningrat, wontên ing kabopatèn Panaraga, punapadene anarubakên para bopati tuwin wadyabala ingkang sami kapalajêng pêrang. Sasampunipun matur utusan lajêng kalilan wangsul sarta kadhawuhan matur dhatêng gustinipun, bilih ingkang sinuhun badhe karsa rawuh dhatêng Panaraga. Utusan matur sandika lajêng mangkat, sapêngkêripun utusan, ingkang sinuhun kangjêng sultan lajêng dhawuh dhatêng para bopati, bilih ing dintên benjing-enjing badhe karsa tindak dhatêng ing nagari Panaraga, para wadya sami kadhawuhan andhèrèk sadaya lajêng bibaran.

Kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara, sarawuhipun ing kitha Panaraga lajêng mariksani para akrabipun Adipati Suradiningrat, sarta kalangênanipun sarimpi badhaya, punapa malih lajêng dhêdhawuh [dhêdha...]

--- 136 ---

[...wuh] sadhiya badhe rawuhipun ingkang rama kangjêng sultan.

Nahên ta, tindakipun ingkang sinuhun kangjêng sultan saking ing dhusun Kincang ing margi botên kacariyos, kala samantên sampun rawuh ing kitha Panaraga, sadumuginipun ing alun-alun kaurmatan drèl marambah-rambah sarta gôngsa kodhokngorèk sakalangkung rame. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mêthukakên rawuhipun ingkang rama lajêng ingacaran lumêbêt ing dalêm kabopatèn. Sasampunipun ingkang sinuhun kangjêng sultan lênggah, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng ngaturakên pratelanipun para bopati ingkang sampun sami nungkul, utawi ngaturakên kawontênaning para anakipun Adipati Suradiningrat, sadaya wontên 70 tiyang, ananging samangke ingkang sawêg pinanggih amung 23, dene sanès-sanèsipun sawêg kaupadosan. Ingkang sinuhun kangjêng sultan manggut sarwi andhawuhakên malih, bilih ingkang 3 anakipun Suradiningrat kapundhut kaabdèkakên bopati, ingkang sêpuh kaparingan lênggah siti 3000 karya, kaparingan nama sarta sasêbutan Radèn Tumênggung Surabrata. Adhinipun kaparingan lênggah 2000 karya, kaparingan nama Tumênggung Suradipraja. Adhinipun malih kaparingan lênggah 200 karya, nama Tumênggung Natabrata, dene ingkang 30 tiyang, sami kadhawuhan maringi pangkat mantri sadaya, kaparingan lênggah satunggal-tunggalipun 150 karya. Ingkang Sinuhun kangjêng sultan ugi sangêt karênan ing panggalih dalêm amirsani para anakipun Suradiningrat, dene sami katingal sarwa sêmbada sarta parigêl ing solahbawa.

Salêbêtipun kangjêng sultan wontên nagari Panaraga, bilih nuju dintên Sênèn Kêmis miyos tinangkil para bopati mantri wontên ing pandhapa kabopatèn, dene manawi nuju ing dintên Sêtu karsa miyos watangan wontên [wontê...]

--- 137 ---

[...n] ing pagêlaran. Para anakipun Suradiningrat 20 ingkang sami pangkat mantri sami kadhawuhan ngêdali rumiyin, ing ngriku kawistara dening ingkang sinuhun bab kaparigêlanipun ulah watang, andadosakên saya sangêt karênaning panggalih dalêm. manawi wanci dalu kaparênging karsa dalêm angajar badhaya srimpi. Pangeran Adipati Mangkunagara kala samantên ugi sampun angaturakên boyongan badhaya srimpi dhatêng ingkang rama sinuhun kangjêng sultan, ananging wontên ingkang kaumpêtakên 2 iji, satunggal Batak nama: Ismayawati, 2. Èndhèl nama: Marionêng. Ingkang sinuhun kangjêng sultan sarêng mirêng bilih wontên badhaya 2 ingkang botên kaaturakên, têmah duka dhatêng ingkang putra, pangandikanipun: Wong dikongkon têka rusuh nganggo karêpe dhewe-dhewe, bênêre wong dikongkon wong tuwa manawa wis olèh gawe apa saolèh-olèhe wajib diaturake dhisik marang kang

angongkon ora banjur diunthêt mangkono, sanadyan anduwènana melik, arak iya bêcik tutur dhisik, dadi gênah, karodene manèh iya masa dak kukuhana kang dimeliki mau, aran wong wis dadi wajibe wong tuwa aja banjur murang tatakrama mangkono. Sasampunipun makatên, ingkang sinuhun kangjêng sultan lajêng utusan nimbali ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, sarta kapurih ambêkta badhaya kalih ingkang sami kadhêlikakên wau. Utusan lajêng mangkat, sarêng sampun pinanggih kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara, lajêng andhawuhakên timbalanipun ingkang rama, sarta kapurih ambêkta badhaya kalih wau, awit ingkang rama duka, sadaya punapa sadhawuhipun ingkang rama sampun kaaturakên dhatêng kangjêng pangeran. Ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng tampi dhawuhipun ingkang rama makatên wau, sanalika kadya tinêbak ing

--- 138 ---

mong tuna sakalangkung kagèt ing panggalih, wêkasan lajêng duka, pangandikanipun: Lah iya kangjêng rama, ana wong dilabuhi karingêt gêtih têka ora katrima, malah anguman-uman. Sasampunipun makatên Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng botên karsa sowan-sowan ingkang rama, amung ngundhêr wontên ing pondhokan kemawon, sarta botên karsa dhahar sare, dangu-dangu panggalihipun saya têbih dhatêng ingkang rama, dene ingkang rama inggih botên kagungan pangintên punapa-punapa, amung kagalih anggènipun ingkang putra botên sowan-sowan wau bokmanawi saking ajrihipun, wêkasan ingkang sinuhun lajêng animbali ingkang putra Kangjêng Ratu Bêndara, sarêng dhatêng lajêng kadangu: Bojomu wis sawatara suwe têka ora katon seba mênyang aku, apa kang dadi sababe, apa banjur mutung anggone daksrêngêni kae, sumangkehan yèn prajurit linuwih. Ingkang putra matur: Nuwun kangjêng rama, saking sasumêrêp kula wêkdal punika putra dalêm kangmas langkung prihatos panggalihipun, katôndha bilih wanci siyang botên karsa dhahar, yèn dalu botên karsa sare, dene ingkang dados panggalihanipun kula kirang têrang, amargi kadamêl wados. Ingkang sinuhun ngandika malih: Lah kabanjur yèn mangkono dhenok, kumalungkunge dupèh ugungan, saupama aja anaa ingsun kaya-kaya wis kalakon dioyak-oyak dening wong desa kang padha diambah, saking ora kaprahe. Ingkang putra Ratu Bêndara sarêng mirêng dhawuhipun ingkang rama makatên wau lajêng kondur tanpa pamit, badhaya kalih iji ingkang kapundhut ugi sami kabêkta kondur.

Gantya winiraos, amarêngi ing dintên Sêtu watangan, kangjêng sultan ugi miyos dhatêng pagêlaran. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kala samantên sumêdya sowan, sarta ambêkta abdinipun ingkang nama Ngabèi [Nga...]

--- 139 ---

[...bèi]

Ônggamina, mawi dipun busanani kalung gêlang tuwin badhong, lajêng kadhawuhan mêdali watangan, ing ngriku pun Ônggamina lajêng mêdal dhatêng kalanganing para ingkang main watangan. Kocapa, sarêng sampun wontên ing kalangan, Ngabèi Ônggamina lajêng molahakên watangipun, singa ingkang pêrak dipun butar. Ingkang sinuhun sarêng uninga patrap ingkang kados makatên wau ragi sêmu duka dhatêng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, pangandikanipun: Ing kene iki dudu panggonane wong gêguyon. Sasampuning bibar watangan ingkang putra katimbalan dhahar bojana kalihan para bopati.

Kawuwusa malih, ingkang sinuhun kangjêng sultan sarêng sampun dangu anggènipun lêrêp wontên nagari Panaraga, lajêng dhawuh badhe andumugèkakên tindakipun dhatêng ing Surabaya, dene ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara sawadyabalanipun, kadhawuhan sami wangsul dhatêng ing Mataram malih, mawi kaparingan kanthi bopati kêkalih, lampahipun kadhawuhan mêdal ing Garobogan, ngiras nêluk-nêlukakên ing sakiwatêngênipun ngriku, Pangeran Adipati Mangkunagara inggih lajêng bidhal, amarêngi tanggal kaping 27 wulan Bêsar taun Jimawal, dene ingkang sinuhun kangjêng sultan ugi lajêng jêngkar saking kitha Panaraga, nalika ing dintên Slasa Paing tanggal kaping 1 wulan Sura taun Je, sinêngkalan nglimang sapta ngrasa tunggal[20] (1675).

Kacariyos, tindakipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sadumuginipun ing Garobogan, kapanggih kalihan Adipati Suryanagara ingkang taksih pacak baris wontên ing ngriku, sarêng sampun sami bage-binage ing kawilujêngan, Adipati Suryanagara ngaturi pariksa dhatêng kangjêng pangeran, bilih Adipati Jayadirja tuwin Radèn Mangkuwijaya sami kasambut [ka...]

--- 140 ---

[...sambut] wontên ing papêrangan, mêngsah kalihan Kumpêni. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sakalangkung ngungun, lajêng dhawuh supados utusan ngaturi pariksa dhatêng ingkang rama kangjêng sultan ingkang taksih wontên ing Madiun, kanthi paring abdi mantri kalih minôngka kanthinipun utusan wau. Tumuntên kangjêng pangeran lajêng

andumugèkakên tindakipun mangidul ngilèn, wontên ing margi kapêthuk dening para bopati, lajêng sami ngabêkti dhatêng kangjêng pangeran, sasampunipun wadyabala sami kêmpal sadaya, lajêng badhe anggêbag ing Bayalali. Sadumuginipun Bayalali lajêng campuh pêrang kalangkung rame, dangu-dangu kangjêng pangeran lajêng nglèrèg ngidul ngetan, sumêdya dhatêng ing Mataram.

Nahên ta, kengkenanipun Adipati Suryanagara, sampun dumugi ing Madiun lajêng sowan kangjêng sultan, ngaturakên sêrat ingkang saking Adipati Suryanagara, sasampunipun ingkang sinuhun nguningani sêratipun Adipati Suryanagara panggalihipun sakalangkung ngungun, sarta ngêmu sungkawa, rumaos ical andêl-andêlipun prasasat sêmpal baunipun ingkang kiwa, nanging dangu-dangu kapupus pêpasthèning Pangeran, lajêng ngaddika[21] dhatêng utusan: Hèh kongkonan, warahên Si Adipati Suryanagara, besuk bae manawa aku wis mênyang Kartasana iya bakal banjur mangulon manèh. Utusan matur sandika, lajêng pamit sampun kalilan mangkat.

Gêntos kacariyos, pabarisan ing Kêdhu, Pangeran Purbaya, Pangeran Natakusuma, tuwin Adipati Suryanagara, pêrangipun ragi kasoran, lajêng sami rêmbagan sumêdya mundur dhatêng ing Mataram, dene ing Kêdhu amung katilaran, bopati kalih ingkang nyênyiwo saking katêbihan, amargi samangke barisanipun mêngsah katingal sangsaya agêng.

--- 141 ---

Kacariyos malih, para pangagênging pabarisan ing Kêdhu: 1. Mayor Sêkèbêr, 2. Kapitan pan dhêr Pol, 3. Litnan Gulman, katiga sami rêmbagan, awit mirêng pawartos yèn mêngsahipun samangke mingsêr dhatêng ing Mataram, ing ngriku manawi sami condhong lajêng kaangsêg dhatêng ing Mataram pisan, sadaya ugi sami jumurung iyêg sabyantu kapti.

Amangsuli cariyos, lampahipun Pangeran Purbaya sakanthinipun, sarêng dumugi ing Mataram, lajêng tampi bêbantu saking pabarisan ing Mangkunagaran, tindhihipun Tumênggung Kudanawarsa, ing ngriku Pangeran Purbaya lajêng kapurih wangsul malih anggêbag pabarisan ing Gondhang, sarêng dumugi ing Jamus kapêthuk Pangeran Adipati Mangkunagara sarta para bopati, sasampunipun sami kêmpal sadaya, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng nata gêlar sumêdya nêmpuh barisan Kumpêni, sarêng sampun tata sadaya lajêng bidhal. Sadumuginipun ing Gondhang kapêthuk barisan Kumpêni, lajêng campuh pêrang sakalangkung rame, dangu-dangu Kumpêni karepotan kawon

pêrangipun, lajêng sami mundur saking dhusun Gondhang. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng lêrêp wontên ing dhusun Têgalbayêm, wontên ing ngriku kangjêng pangeran dhêdhawuh dhatêng para bopati, sami kadhawuhan angrêriwuk ing sakiwatêngêning pabarisanipun Kumpêni, sarta kadhawuhan ambêbedhung supados sampun ngantos sagêd kintun têtêdhan dhatêng wadya Kumpêni ingkang sami bêbarisan. Para bopati sami matur sandika. Sasampunipun dhawuh makatên, Kangjêng Pangeran Adipati Mangmangkunagara,[22] lajêng bidhal wangsul dhatêng ing Bayêm malih. Sadumuginipun ing Bayêm lajêng utusan ngaturi dhatêng ingkang rama Pangeran Adiwijaya, ingkang pacak baris wontên ing Nglangon, kanthi Sang Prabu Pakuwati (Sultan Bantên) tuwin Tumênggung Mangkudirja, sarta Tumênggung Suradilaga, supados andhawuhana [andha...]

--- 142 ---

[...wuhana] ingkang sami kapatah anata wadyabala murih sami ngêmpal sadaya. Dene manawi sampun kalampahan sami ngêmpal, Kangjêng Pangeran Adiwijaya lajêng ngaturana pariksa sarana abdi sikêp kemawon dhatêng kangjêng Sultan ing Kabanaran, salajêngipun ugi sampun sami kalampahan para punggawa tiga sami bidhal angrumiyini. Ing ngriku Pangeran Adiwijaya sawêg nujunipun sami rêmbagan kalihan Sang Prabu Pakuwati tuwin tumênggung kêkalih, kasaru dhatênging utusanipun ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara kapurih ngaturi dhatêng Pangeran Adiwijaya, sokur Sang Prabu Pakuwati pisan karsa rawuh lajêng kêmpal, nanging atur wangsulanipun Sang Prabu Pakuwati botên sagêd, amargi sawêg èwêd nênggani ing pabarisan, sarta sawêg amanah bab anggènipun badhe anggêbag pabarisan ing Banyumas malih, mila inggih amung Pangeran Adiwijaya piyambak ingkang tindak dhatêng ing Têgalbayêm. Sasampunipun kapanggih kalihan ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng ngabêkti dhatêng ingkang rama, dene para abdi ingkang sami sumewa lajêng kadhawuhan bibaran, amung kyai pangulu tuwin Kyai Tumênggung Kudanawarsa piyambak ingkang taksih sami ngadhêp, ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng matur dhatêng ingkang rama Pangeran Adiwijaya, aturipun: Rama, samangke sêdyaning manah kula badhe mêngsah kalihan rama prabu Sultan ing Kabanaran piyambak, inggih bêgjan-bêgjan ingkang tiwas. Pangeran Adiwijaya sarêng mirêng aturipun ingkang putra makatên wau, astanipun lajêng sidhakêp sarta nyêbut: Astagapirolah. Lajêng ngandika dhatêng ingkang putra: Mungguh kang dadi karêpmu mangkono iku anèh bangêt, sarta ora patut kawêdharake, iya iku kang ingaran jubriya lan têkabur, angrasa prawira dhewe, loking jana bakal akèh kang anggêguyu, dene anak bakal [ba...]

--- 143 ---

[...kal] mêmungsuhan wong tuwane, saiba surake wong kang padha ora dhêmên, ingaran wong tanpa budi, dene wong tuwamu mau samêngko lagi duka marang kowe, iku kowe wajib kang jêmbar ing panarimamu, sarta elinga, sanadyan wong tuwamu akèh, nanging kabêcikane sakabèhe ora ana kang nimbangi kaya kabêcikane ramakmu Sultan Kabanaran, tandhane nganti dilabuhi lara lan pati, apadene kowe banjur dipèk mantu. Kang mangkono mau apa kang bakal kowalêsake, kajaba amung manut lan miturut apa sarèhe ramakmu. Aturipun Pangeran Adipati Mangkunagara: Rama mênggah dhawuh sampeyan ingkang kathah-kathah punika, saking panampi kula kados taksih kirang lêrês, sanadyan anggèn kula nglabêti kados botên kêkirangan, toh badan tuwin wutahing rah kula, rayi sampeyan piyambak ingkang kêsangêtên, amung anggêga aturipun rôngga ingkang botên salêrêsipun. Ingkang rama ngandika malih: Prakara si rôngga durung karuhan yèn andarbènana atur kang dudu, ing môngka kowe dhewe wis kulina nyang wêwatêkane si rôngga, anggèr aja anggugu tuturing uwong kang amrih karusakan, sapa kang bakal kelangan, ora liya mung kowe dhewe, lan manèh ramakmu sultan iku wis kalêbu ing wêca, manawa ing têmbe bakal dadi pêpakuning tanah Jawa, dene liya-liyane mung bakal padha andhêdhêmpil marang kowe sarta ramakmu bae. Kacariyos, pêpèngêtipun ingkêng rama Pangeran Adiwiyaja, dhatêng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara kadosdene toya mili, ananging ingkang putra mêksa botên keguh, angalêgêr botên ebah kados ardi tinêmpuh ing angin ungkuran, têmahan panggalihipun Pangeran Adiwijaya lajêng pêpêt, kadosdene kajêjêlan ing sela sawungkal, wasana lajêng nênggak waspa, lajêng jumênêng nyat tanpa ngandika [ngandi...]

--- 144 ---

[...ka] mêdal ing jawi wangsul dhatêng ing pabarisan. Nalika samantên, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ngantu-antu kakintên amung mêdal sakêdhap. Sarêng katuwènan sampun botên wontên, lajêng utusan jagalamatan numpak kapal ngaturi wangsul ingkang rama, sarêng sampun pinanggih matur kathah-kathah supados karsa wangsul, dhawuhipun Pangeran Adiwijaya: Yèn kaya mangkono karêpe, aku angur aja krungu, bêcik takngadoh bae, awit yèn cêdhak mundhak kalepetan ala. Kangjêng pangeran botên karsa wangsul, abdi jagalamatan lajêng wangsul, ngaturakên punapa ing sadhawuhipun ingkang rama. Sarêng lampahipun Pangeran Adiwijaya sampun pinanggih kalihan ingkang rayi Prabu Pakuwati, tuwin Tumênggung Mangkudirja, miwah Tumênggung Suradilaga, lampahipun lajêng saking pagadhingan, kèndêl wontên Kaliabu sawadyabalanipun, wontên ing ngriku lajêng masangggrahan, wanci sontên para wadya lajêng sami cucul, ing ngriku kangjêng pangeran têdhak siram dhatêng lèpèn agêng salèring dhusun.

Kacariyos, bala Kumpêni sakenjing lumampah lêlancaran, drahgundêr katindhihan Litnan Gulman, watawis wontên 30 tiyang, sami madosi Tumênggung Singaranu, ambêkta wadya 150, nanging botên pinanggih.

Kawuwusa, wontên tiyang kaki-kaki lumajêng dhatêng pabarisan Kumpêni, dipun andhêg dening para mantri botên purun, lajêng anjujug dhatêng ngajênganipun Kapitan Trai. Dipun dangu wontên punapa, wangsulanipun tiyang kaki-kaki: Nuwun, panggenan kula ing dhusun Lèpènabu dipun broki dening Pangeran Adiwijaya, saking wetan akalihan Sultan Bantên Prabu Pakuwati. Ing ngriku para upsir sami ngrubung andangu: Apa akèh rewange. Aturipun: Amung sakêdhik, ingkang kathah-kathah sami wontên ing Gowong. Litnan Gulman kalihan Kapitan Trai rêmbag sumêdya murugi, lajêng

--- 145 ---

bidhal, lampahipun ingkang wontên ing ngajêng katata amung drahgundêr 6, sarêng sampun dumugi ing andhap-andhapan margi katingal anjirap para tiyang angèn kapal, para Kumpêni enggal sami nabuh tambur sarta angungêlakên sanjata kabarung suraking wadya gumuruh swaranipun. Para tiyang ingkang sami mirêng lajêng gègèr pating bilulung palajêngipun ing sapurug-purug. Kangjêng pangeran ingkang sawêg pinuju siram kalihan abdi sêlir nama Bok Ajêng Gôndasari, kasêsa mêntas kalihan reyab-reyab, Kumpêni botên uninga ngawur anggènipun nyanjatani, anggêr katingal lajêng kasanjata. Kocapa, gamêlipun Pangeran Adiwijaya amêthukakên titihanipun dhatêng lèpèn, kangjêng pangeran enggal anitih titihan, mundhut waos nanging gamêl botên ambêkta, sarêng kapal badhe kasandêrakên sêliripun abêngok-bêngok, sambat-sambat kangjêng pangeran. Litnan Gulman pirsa kalihan kadhètipun lajêng sami narik sabêt, anututi kangjêng pangeran, dilalah kangjêng pangeran sarêng kabêngokan sêliripun kapal kaandhêgakên, kathêkêran ngêntosi sêliripun, sumêdya kagoncèngakên kapal, katungka Kapitan Gulman sarta kadhètipun sami amêdhangi dhatêng kangjêng pangeran, satêmah kangjêng pangeran dhawah saking titihanipun, kalajêng seda, mustakanipun nuntên katigas dening tuwan kapitan lajêng kabêkta dhatêng pabarisan Kumpêni, amung gêmbungipun katilar. Abdinipun kangjêng pangeran lajêng lapur dhatêng Sultan Bantên, bilih Pangeran Adiwijaya seda, mulabukanipun sampun katur sadaya. Sultan Bantên sarêng dipun aturi pratela makatên wau, sanalika badhe lajêng mangsah pêrang dalah para abdinipun sadaya, sumêdya ngrêbat kunarpanipun Kangjêng Pangeran Adiwijaya, nanging sarêng majêng karoban mêngsah, dipun drèli dening Kumpêni, Sultan Bantên lajêng

mundur, ing ngriku Kapitan Gulman lajêng wangsul dhatêng pasanggrahanipun Kumpêni

--- 146 ---

ing Trayêm, sarwi ambêkta mustakanipun Kangjêng Pangeran Adiwijaya dalah bandhangan sêliripun kangjêng pangeran, sarêng dumugi ing pondhokan mustaka kadèkèk wontên ing meja, Tuwan Mayor Sêkèbêr lajêng animbali para bopati supados aningalana mustakanipun Kangjêng Pangeran Adiwijaya. Sarêng para bopati sampun pêpak, mustakanipun kangjêng pangeran ingkang wontên bangku kapurih nitik, punapa punika inggih saèstu Pangeran Adiwijaya. Sarêng para bopati sami pirsa mustakanipun kangjêng pangeran lajêng sami ambrêbês mili, matur dhatêng tuwan kapitan: Inggih punika Kangjêng Pangeran Adiwijaya. Mayor Sêkèbêr lajêng mundhut mantri 7, kalihan drahgundêr 12 badhe kautus ambêkta sêrat sarta mustakanipun kangjêng pangeran dhatêng Samarang, utusan ugi lajêng mangkat. Botên kacariyos ing margi, sadumuginipun ing Samarang lajêng tampi wangsulanipun saking tuwan dêlèr, sarta paring dhawuh bilih Litnan Gulman samangke kaangkat dados kapitan, kadhètipun kadadosakên gurnit, sarta sanès-sanèsipun kathah ingkang minggah pangkat.

Amangsuli cariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, kala samantên ugi sampun kaaturan pirsa bilih ingkang rama Pangeran Adiwijaya seda wontên ing Kaliabu katukup ing Kumpêni. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara nalika tampi pratelan makatên wau sangêt kagèt sêmu gêtun sarta ngungun, pangudaraosing batos: E, yatalah rama Adiwijaya, lagi sapira suwene anggonku têtêmon, samêngko wis seda ditukup ing Kumpêni, ora jamak têmên nêdya daklabuhi wong tuwaku, sumêdya barênga sirna karo Kumpêni. Sarêng sampun sarèh panggalihipun, lajêng dhawuh dhatêng para wadya badhe labuh ingkang rama nêdya ngrisak Kumpêni ingkang wontên ing Trayêm, ananging para abdi sami amambêngi, [a...]

--- 147 ---

[...mambêngi,] amargi barisanipun Kumpêni ingkang sampun sami kêmpal wontên ing Trayêm sakalangkung agêng, dados manawi katêmpuh badhe kalêbêt ing bêbasan sulung malêbu gêni, tan wande ingkang nêmpuh sami tumpês, sirna sadaya. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng dipun pambêngi para abdinipun panggalihipun sangêt pêtêng, wêkasan lajêng mundhut pamrayogi dhatêng Tumênggung Kudanawarsa, pangandikanipun: Kaki Kudanawarsa, sarèhning atiku pêtêng bangêt

ngrasakake lêlakon iki, saka panêmuku luwih bêcik pêpêrangan iki dakundurake bae, nanging aku bakal ora ngumpul karo bala akèh, karêpku arêp nglèrèg mênyang ing Prambanan, pêrlu golèk têntrême ati sarta angaring-aring panggalihku, kapindhone arêp ngênthêlake kang dadi sêdyaku arêp pêthal karo rama Sultan ing Kabanaran, satêmêne barêng rama Adiwijaya wis seda, atiku saya mêmpêng, ananging uga kêna digrayangi, mungguh sedane rama Adiwijaya mau jalaran nalika mêntas katêmu karo aku, awit barêng atiku kadêrêng, sêmune rama Adiwijaya bingung panggalihe, mula banjur jumênêng nyat tanpa pamit. Aturipun Tumênggung Kudanawarsa: Nuwun inggih gusti, rama paduka Pangeran Adiwijaya wau ing lairipun dhatêng rama paduka Sultan Kabanaran, nanging batosipun awrat dhatêng paduka, ing môngka wontên rêmbag paduka badhe pêthal kalihan ingkang rama sultan, sampun mêsthi lajêng bingung panggalihipun. Pangandikanipun kangjêng pangeran: Iya bênêr kaki kaya kandhamu iku, balik samêngko kapriye kang dadi panêmumu, yèn karsaku sida nglèrèg mênyang Prambanan. Aturipun Kudanawarsa: Kula inggih sangêt jumurung karsa paduka punika. Kangjêng pangeran lajêng ngandika malih: Yèn mangkono kaki tumuli prentahna marang para kancamu, purihên sadhiya yèn aku sumêdya budhal mênyang Prambanan. Aturipun Kudanawarsa: [Kuda...]

--- 148 ---

[...nawarsa:]

Sandika. Sarêng sampun sami samêkta tumuntên lajêng bidhalan.

Gêntos winiraos, Ingkang Sihunun Kabanaran, anggènipun anggêbag ing Surabaya sampun nungkup sadaya, dene anak-anakipun bopati ingkang sami pêjah wontên ing pêpêrangan, sampun kagêntosakên kalênggahaning tiyang sêpuhipun, mila sinuhun lajêng dhawuh sadhiya badhe kondur dhatêng ing Mataram, lampahipun miyos lèr badhe mampir dhatêng ing Garobogan, ing ngriku sarêng sampun mirantos para wadya sadaya lajêng kalilan bidhalan, ing margi botên kacariyosakên, sarêng rawuh wontên ing Garobogan, tampi palapuranipun Adipati Suryanagara, bilih para wadya ingkang sami pêpêrangan wontên ing Kêdhu karisakan, ingkang raka Pangeran Adiwijaya seda wontên Lèpènabu katukup ing Kumpêni. Ing ngriku Sinuhun Kabanaran sarêng nampèni palapuran sedanipun ingkang raka sakalangkung sungkawanipun, lajêng dhawuh dhatêng para wadya supados anyêrêgakên lampah, enggalipun rawuh wontên ing Mataram, pêrlu badhe nata karisakanipun para wadya.

Kacariyos, para wadya ingkang sami kantun wontên ing Mataram, sami sadhiya badhe mêthuk rawuhipun kangjêng sultan, sarêng kangjêng sultan sampun rawuh wontên ing ngalun-alun kaurmatan gôngsa sarta drèl. Kangjêng sultan lajêng pinarak wontên ing pagêlaran, nuntên animbali Adipati Suryanagara, kadangu bab karisakaning wadyabala ingkang pêrang wontên ing Kêdhu, utawi bab sedanipun ingkang raka Pangeran Adiwijaya. Adipati Suryanagara ugi sampun angaturakên lêlampahan wiwitan ngantos dumugi ing wêkasan, ingkang sinuhun kangjêng sultan sakalangkung ngungun, nuntên angandika malih, andangu bab ingkang putra Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara samangke wontên pundi. Adipati Suryanagara matur, bilih ingkang putra Pangeran [Pa...]

--- 149 ---

[...ngeran] Adipati Mangkunagara sapunika nglèrèg dhatêng ing Prambanan, sêdyanipun botên karsa kêmpal kalihan para wadya. Kangjêng sultan sarêng mirêng aturipun Adipati Suryanagara makatên wau sakalangkung kagèt ing panggalih, nanging ing batos sampun pirsa karsanipun ingkang putra, bilih kalajêng pamutunging panggalih sumêdya pêthal bawa piyambak, nanging kangjêng sultan ing galih ugi taksih sarèh, tumuntên lajêng dhawuh nimbali ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, supados sowana wangsul dhatêng ing Mataram, ingkang kautus ugi lajêng mangkat, sapêngkêring utusan lajêng bibaran.

Bab 5. Lêlampahanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, Wiwit Pêthalipun kalihan Sinuhun Kabanaran, Ngantos Dumugi Konduripun Dêdalêm ing Nagari Surakarta.

Gêntos kawuwusa, Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara ingkang wontên ing Prambanan, kala samantên sawêg nuju rêmbagan kalihan Tumênggung Kudanawarsa, dèrèng ngantos dumugi kasaru utusanipun ingkang rama Sultan ing Kabanaran, wigatos animbali, nanging kangjêng pangeran dèrèng karsa sowan, amung angecani sarak kemawon, utusanipun ingkang rama wau ngantos rambah-rambah, wangsulanipun ingkang putra amung nyanggikrami. Botên kacariyos laminipun, sarêng sampun sawatawis dintên malih Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara, anampèni palapuranipun abdi mantri pacalang kêkalih, bilih samangke ingkang rama Sultan Kabanaran sampun [sampu...]

--- 150 ---

[...n] kêmpal kalihan Kumpêni, sumêdya sabaya pêjah, awit saking pratelanipun sarib bêsar Sèh Ibrahim, inggih punika utusanipun Sultan ing Ngêrum, marentahakên dhatêng Kumpêni supados angukup dhatêng rama dalêm Kangjêng Sultan Kabanaran, saha samangke sampun kalampahan rama dalêm kinintunan makutha saking nagari ing Ngêrum, têmahan tuwan guprênur dahat sihipun dhatêng rama dalêm. Kangjêng pangeran sarêng miyarsa aturipun abdi mantri pacalang ingkang makatên punika, kawistara ing sêmu sakalangkung sungkawa, ananging sinamun datan katawis, tumuntên dhawuh dhatêng Tumênggung Kudanawarsa: Hèh kaki, mungguh pawarta mau apa sanyata. Tumênggung Kudanawarsa matur: Gusti, saking srêming-srêminging pamirêng kula, pawarti punika kados kathah yêktosipun, têmahan samangke kula kèngêtan supêna kula nalika dalu malêm Jumuwah, katingalipun ing pasupênan, rama dalêm Sultan Mangkubumi, wontên ing satêngahing payudan kapisah kalihan wadyanipun, miyos saking wana kalihan amandhi waos, landheyanipun sangêt agêng ngantos sapucang, saha nitih turôngga ulês dhawuk ugi langkung agêng, ing ngriku rama paduka ngandika dhatêng kula makatên: Hèh Kudanawarsa, bangêt sokur ingsun katêmu kalawan sira, dene samêngko aku lagi katilapan kalawan wadyaningsun ana satêngahing paprangan, mulane iki aku anjaluk gawemu, sarèhning aku sayah, tumbak iki gawanên gênti. Anggènipun ngandika wau sarwi ngulungakên waos, ananging kula lajêng matur: Gusti, mênggah karsa dalêm punika kula botên kuwawi angêmbat, amargi agêm dalêm waos punika paningal kula sangêt awrat. Nanging rama paduka taksih mêksa, salajêngipun waos kula tampèni, nuntên sami andumugèkakên lampah kula wontên ing wingking sarwi amandhi lawung, awit saking awrating waos, [wa...]

--- 151 ---

[...os,] mila sarêng sampun antawis sapambalang têbihipun, kapal tumpakan kula lajêng ambruk, têmah kalajêng pêjah, kula andumugèkakên amung dharat ugi taksih ngampil waos wau, sangêt rêkaos pambêkta kula, ewadene rama dalêm tansah anggêgujêng sarwi angandika: Hèh Kudanawarsa, sira iku basane nyolong pêthèk, awit yèn dinulu dhapurmu, kaya-kaya karosanmu angluwihi wong sapuluh, ing môngka yèn bocahku suranata kang ngampil tumbak iku sabêdhug durung anjaluk gilir isih kuwat bae. Wusana tumrap ing kowe durung nganti olèh saonjotan têka wis ambruk tunggangganmu jaran nganti mati, yèn mangkono Kudanawarsa sira durung antuk wahyuning prajurit kang nyata, dadi isih aran prajurit anggaran bae, dene bab kuwanènmu uga kalêbu ing bêbasan gêni sakonang. Dumugi samantên pangandikanipun rama dalêm, kasêlak kula lajêng nglilir. Sangêt ing pangungun kula, osiking manah kula ing batos, têtela bilih samangke rama paduka taksih

winongwong ing Pangeran Ingkang Kawaca, watawis wontên satêngah wulan kalihan anggèn kula supêna wau, kula lajêng mirêng pawartos, yèn ing Batawi saèstu kadhatêngan utusanipun raja ing Ngêrum, kanthi prajurit ngantos pintên-pintên baita, satunggal-tunggaling baita kamot prajurit sèwu, mênggah parlunipun kadhawuhan mariksani karisakanipun ing tanah Jawi, mila sarêng dumugi ing Samarang, utusan ing Ngêrum pamondhokipun wontên ing ngloji, griyanipun petor bêsar, salêbêtipun wontên Samarang ingkang rinêmbag bab kawontênanipun pêrang ing tanah Jawi, bilih botên tumuntên kasirêp, badhe adamêl karisakanipun para tiyang siti ing pulo Jawi, wêkasan badhe anjalari pakèwêding lampahipun para among dagang. Saking pamanggihipun tuwan petor bêsar, Tuwan Sèh Ibrahim sagêda

--- 152 ---

kintun sêrat dhatêng Sultan Mangkubumi ing Kabanaran, amargi punika panggalihanipun sae tur prawira ing ajurit, mila prayogi kinukupa. Kalampahan Tuwan Sèh Ibrahim sangêt wêlasipun dhatêng rama paduka Sultan ing Kabanaran, lajêng anglêksanani paring sêrat sarana têmbung pangêla-êla, cêkakipun rama paduka Sultan ing kabanaran lajêng anut sarta miturut ing sakarsanipun Tuwan Sèh Ibrahim. Sarêng sampun sawatawis dintên rama paduka Sultan Kabanaran lajêng utusan Adipati Suryanagara, kanthi Tumênggung Sindusêtra, kadhawuhan ngaturakên nawala dhatêng Tuwan Sèh Ibrahim tuwin dhatêng tuwan guprênur, ingkang suraos, rama paduka ugi badhe karsa anut kalihan Kumpêni, ananging sampun ngantos kakanthènan kalihan tuwan dêlèr ing Samarang, awit rumiyin sampun marambah-rambah anggènipun anyidrani, sarêng sêrat sampun katampèn dhatêng Sèh Ibrahim, lajêng rêmbagan kalihan tuwan guprênur, wêkasan tuwan guprênur lajêng kêkintun dhatêng rama paduka warni sangkêlat ngantos pintên-pintên gotongan, punapadene arta kathahipun pitung èwu reyal. Têlas aturipun Tumênggung Kudanawarsa. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara saya karêrantan ing panggalih, lajêng ngandika: Kudanawarsa kandhamu iku têka têrang têmên iku saka sapa. Kudanawarsa matur: Punika angsal kula pawartos saking pun kaki Sêtrawijaya, dene pun kaki Sêtrawijaya wau dados juru sêratipun tuwan petor bêsar ing Samarang, mila pawartosipun sagêd têrang, botên ngamungakên punika kemawon pawartos ingkang têrang sanadyan sadaya pirêmbag ingkang saking Sèh Ibrahim ugi têrang sadaya. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng dhawuh ambidhalakên wadyabala supados lajêng nêmpuh barisanipun ingkang rama Sultan Kabanaran, mêdal ing Wanatuwa jêbos ing dhusun Butuhpuyang.

1. § Sêndhang wau samangke taksih manggèn ing dhusun Kuncung (Matesih) dumugi sapunika manawi lèpènipun bêna toyanipun nisih.

2. § Kabopatèn Wanasari (Ngayogyakarta).
3. § Kyai Nuriman punika taksih darahipun Pangeran Banawa ing Pajang, dene urutanipun taksih canggah, mênggah anggènipun dados kaum wau pancèn dipun sêdyakakên, inggih punika nêdya dados tiyang alit, wontên ing Nglaroh kagolong sampun nama alim, margi tapabr.
4. § Inggih punika wangsul nama lami nalika wontên ing Sokawati kêmpal kalihan Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara.
5. § Suling ingkang kabucal punika dumugi samangke sagêd gêsang, ngrêbda dados wana papringan, sarta wujudipun dêling wontên ingkang bêlang ijêm kalihan jêne, manawi kapêcok 1 2 ros, ing nglêbêt wontên urangipun, mila wana punika lajêng karan ing bêlang suli.
6. § Prabatang punika dumugi samangke taksih gêsang, manggèn ing dhusun Kêdhungkirik (Watusigar) bawah ing kamantrèn gunung Tirtamaya, kalamôngsa yèn lèpèn wau pinuju bêna, kangge nguwod para tiyang ing padhusunan.
7. § Awit saking sabdanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sêpêt ingkang katanêm wau kalampahan sagêd thukul, manggèn ing dhusun Tlagalêdhok, bawah kamantrèn gunung Jumapala, nanging thukulanipun anèh, wohipun warni ijêm kêndhit jêne, dados kados pa.
8. angêndêlakên.
9. kamanungsan.
10. § pandêl.
11. § Tambur Kyai Slamêt tuwin pandêl wau, dumugi samangke taksih sumimpên wontên ing dalêm Mangkunagaran. Kacariyos, kalamôngsa manawi badhe wontên parlu, tambur Kyai Slamêt lajêng mungêl, ungêlipun wau dados panêngêran, manawi mungêl kados têngaraning pêran.
12. Mangkubumi.
13. Sengkalan: sêmbah sapta rasa siji (Sêtu, 14 Bêsar 1672 A.J., sic. seharusnya Sênin, 14 Bêsar 1672 A.J., Senin, 18 Desember 1747 A.D.).
14. § Ing dhusun Sênêng punika dumunung sapinggiring banawi Sênêng, cêlak ing wana Kêthu (Wanagiri).
15. § Kèndêling gèthèk dumugi samangke tabêtipun taksih katingal, satang dêling ingkang katancêbakên wau sagêd gêsang ngrêbda dumugi sapriki, nanging milalati, manawi wontên tiyang sade tumbas sênik sasaminipun, bilih mêndhêt dêling saking ngriku, punika sami.
16. § Pasarean punika gawat sangêt, sabên wontên priyantun ingkang mêntas saking ngriku botên antawis dangu lajêng kenging prakawis, utawi kaundur saking kalênggahanipun, wêkasan para priyantun sami ajrih sujarah dhatêng pasarean ngriku. Ingkang makatên wau b.
17. ing.
18. kaubêngan.

19. § Ônggamina punika ing ngajêng abdinipun pangalasan Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, awit saking saening lêlabêtanipun lajêng kawisudha dados mantri miji.
20. Sengkalan: nglimang sapta ngrasa tunggal (Slasa Paing, 1 Sura 1675 A.J., sic. seharusnya: Kêmis Kliwon, 1 Sura 1675., Kamis, 11 Desember 1749 A.D.).
21. ngandika.
22. Mangkunagara.

--- 153 ---

Kacariyos, Kangjêng Sultan ing Kabanaran, sawêg nuju siniwaka para bopati kasaru dhatêngipun Adipati Suryanagara kalihan Tumênggung Sindusêtra saking ing Samarang, lajêng marêk ngarsanipun kangjêng sultan, angaturakên saliring dinuta, saha ngaturakên sêrat wangsulan saking Tuwan Sèh Ibrahim, ugi sampun katampèn, punika ing sasuraosipun sampun kacakup sadaya, tumuntên kangjêng sultan andangu dhatêng Adipati Suryanagara: Kapriye iki dhawuhe bapa Kangjêng Sèh Ibrahim, aku dipurih marèni gonku mangun yuda. Adipati Suryanagara matur: Gusti mila inggih makatên karsanipun rama paduka Kangjêng Sèh Ibrahim, mênggah pangandikanipun dhatêng kula makatên: Suryanagara sira matura mring anak prabu, samêngko yèn kêna, wêkasku anak prabu aja kongsi amangun yuda manèh, sanadyan katêkan mungsuh prayoga kaênêngna bae, aja nganti linawanan, dene karampungane prakara iki nyarantèkna satêkaku saka ing Batawi, sêdhêng aku wis olèh katrangan saka tuwan guprênur anggonku anjalukake saparone karaton tanah Jawa, mulane anak prabu aja sumêlang panggalihe, amung mêmujia kasidaning laku bae. Sarêng sampun têlas piwêlingipun ingkang rama dhatêng kula makatên wau, kula lajêng kalilan mantuk kanthi kaparingan sêrat punika, salajêngipun ingkang rama Sèh Ibrahim nuntên bidhal tindak dhatêng ing Batawi.

Rikala samantên sawêg nêdhêngipun angandika, kasaru gègèring jawi, alok bilih wontên mêngsah andhatêngi, inggih punika barisanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, sanalika kangjêng sultan sumêdya amêthukakên, ananging lajêng kèngêtan piwêlingipun ingkang rama Kangjêng Sèh Ibrahim, mila botên saèstu, amung dhêdhawuh sawontêning wadyabala sami kadhawuhan mrênca dados sakawan golongan.

--- 154 ---

Sagolongan, pangagêngipun, 1. Pangeran Adipati Anom, 2. Pangeran Angabèi kanthi Rôngga Wirasêtika, manggèn ing gunung gamping.

Sagolongan, pangagêngipun Adipati Suryanagara manggèn ing Garobogan.

Sagolongan, ingkang mangagêngi kangjêng sultan piyambak, manggèn wontên ing Mataram, ngiras anjampangi barisan Kumpêni, badhe angnyêktosakên katêmênanipun tuwan dêlèr ing Samarang anggèning sampun sanggêm badhe bantu.

Gêntos kacariyos, kangjêng tuwan guprênur ing Batawi, arêmbagan kalihan para rad Kumpêni. Sarèhning pêpêrangan ing tanah Jawi dumugi samangke dèrèng wontên wusananipun, amila saking karsanipun tuwan guprênur sumêdya nyuwun lilah dhatêng Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta, badhe anjumênêngakên sultan dhatêng Pangeran Adipati Mangkubumi wontên ing Ngayogyakarta, tuwin nyuwunakên lênggah siti sapalihipun nagari Jawi, mênggah karsanipun guprênur wau para rad ugi sampun anyondhongi sarta sampun kalampahan, Ingkang Sinuhun ing Surakarta ugi sampun amarêngakên, janji paprangan punika lajêng sagêd kèndêl, sarta murih têntrêmipun para kawula tiyang alit, amung Pangeran Mangkubumi sarèhning sampun rambah-rambah katantun badhe kajumênêngakên sultan sarta kaparingan lênggah siti sapalihing nagari Jawi dèrèng kadugi anglampahi, amargi taksih sujana dhatêng Kumpêni, mila saking budidayanipun Kumpêni lajêng ngêrsaya dhatêng sarib bêsar Sèh Ibrahim, inggih punika utusanipun Kangjêng Sultan ing Ngêrum ingkang sampun kasêbut ing ngajêng supados angêngimur dhatêng panggalihipun dhatêng Pangeran Mangkubumi, sagêda miturut sapangrèhing Kumpêni, dene [de...]

--- 155 ---

[...ne] anggènipun Kumpêni ngêrsaya dhatêng sarib bêsar wau, amargi Pangeran Mangkubumi ing wêkdal punika sawêg kêncêng anglampahi sarakipun kangjêng rasul, mituhu dhatêng agami Islam, katôndha bilih mirêng cariyosipun bôngsa sayid, utawi ingkang alim dhatêng sarak, panggalihipun lajêng pitados.

Enggaling cariyos, kala samantên tindakipun sarib bêsar sampun dumugi ing Batawi, lajêng sowan dhatêng tuwan guprênur, sasampunipun pinanggih lajêng ngaturakên rekadayanipun Kumpêni, samangke kados badhe kasêmbadan, awit pangimuripun Sèh Ibrahim dhatêng Pangeran

Mangkubumi sampun miturut, amung mundhut prajanji jumênêngipun sultan sagêda kados ingkang eyang suwargi Sinuhun Pakubuwana ingkang sapisan ing Kartasura. Sarib bêsar inggih sampun nyanggêmi, sarta badhe kaaturakên dhatêng tuwan guprênur. Tuwan guprênur sarêng mirêng aturipun sarib bêsar kalangkung suka, dhawuhipun: Iya baik.

Kawuwusa, sasampunipun makatên, tuwan guprênur lajêng matah dhatêng Tuwan Dêlèr Hèting, tuwin tuwan petor kanthi wadya drahgundêr 400 têtindhihipun Tuwan Mayor Sêkèbêr, pêrlu kakanthèkakên sèh sarib bêsar dhatêng Ngayogyakarta, anggènipun badhe anjumênêngakên Kangjêng Sultan Pangeran Mangkubumi wontên ing Ngayogyakarta, dene tuwan kumêndur ugi badhe sarêng tindak dhatêng ing Surakarta, pêrlu badhe pêpanggihan kalihan ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, nyuwun lilah badhe pamalihipun nagari, sarêng sampun sami mirantos lajêng bidhal asowang-sowang.

Ingkang Sinuhun ing Kabanaran sampun nampèni sêrat saking tuwan guprênur, bilih sarib bêsar kautus dhatêng Ngayogyakarta, kalihan tuwan dêlèr kêkalih, pêrlu badhe anjumênêngakên sariranipun dados sultan, [su...]

--- 156 ---

[...ltan,] ing ngriku ingkang sinuhun lajêng dhawuh mirantos pondhokan tuwin matah pangeran 2 sarta bopati 2 sami kadhawuhan mêthuk sarib bêsar. Sarêng dumugi dintên ingkang sampun katamtu ingkang sinuhun miyos dhatêng pagêlaran, botên antawis dangu sarib bêsar rawuh dumugi ing alun-alun kaurmatan ungêling gôngsa sarta drèl, wontên ngajêng tratak kapêthukakên ingkang sinuhun lajêng sêsalaman punapadene para tuwan lajêng sami têtabean, sasampunipun bage-binage lajêng sami satata lênggah, sarib bêsar matur sapêrlunipun kautus dhatêng tuwan guprênur, badhe nêtêpakên jumênêngipun sultan ingkang sinuhun. Ing ngriku ingkang sinuhun lajêng andhawuhakên dhatêng para bopati, bilih benjing dintên Sênèn pasowanan agêng ingkang sinuhun badhe jumênêng sultan, sasampunipun parentah lajêng jêngkar ngadhaton, wontên ing kadhaton lêlênggahan sawatawis lajêng bibaran, sarib bêsar kapondhokakên wontên ing masjid, ingkang sinuhun dhatêng sarib bêsar sakalangkung ajrih sarta urmat, salêbêtipun sarib bêsar wontên ing Ngayogyakarta ingkang sinuhun kêrêp tindak dhatêng pondhokanipun ing masjid.

Kacariyos, sarêng ing dintên Sênèn, para putra santana tuwin kawula sadaya sampun sami sowan pêpak ing pagêlaran, ingkang sinuhun miyos

saking kadhaton, kadhèrèkakên dening tuwan idêlèr tuwin sarib bêsar, sarêng sampun sami lênggah satata sarib bêsar lajêng ngadêg sarwi ngandika sora: Bilih samangke Pangeran Mangkubumi kajumênêngakên nata, ajêjuluk Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan Hamangkubuwana, Senapati ing Ngalaga Ngabdurrahman Sayidin Panatadinan, ing Ngayogyakarta. Kaèstrènan para bopati tuwin para ngulama, sami andonga nurbuwah, Tuwan Dêlèr Hèting maos sêrat prajanjian têtêpipun jumênêng [jumê...]

--- 157 ---

[...nêng] nata wau, kalihan dados senapatining ayuda manawi Kumpêni manggih pakèwêd, ingkang sinuhun kangjêng sultan ingkang wajib dados manggalaning pêrang, sasampuning kaurmatan ungêling drèl drahgundêr tigang rambahan, guprênur nyaosi drahgundêr kathahipun 400, pangagêngipun Tuwan Sêkèbêr, minôngka jagi rumêksa pakèwêd, sarampunging pêrlu sarib bêsar tuwin tuwan dêlèr kêkalih sami wangsul dhatêng ing Samarang, amung Tuwan Sêkèbêr ingkang kantun angiyasakakên kadhatonipun kangjêng sultan wontên ing Ngayogyakarta, dene pakurmatan konduripun guprênur botên ewah kados kala rawuhipun.

Amangsuli tindakipun tuwan guprênur ing Batawi sampun dumugi ing Surakarta, pakurmatanipun botên kacariyosakên, enggalipun sampun pêpanggihan kalihan Ingkang Sinuhun ing Surakarta, ngaturi priksa bilih Pangeran Mangkubumi sampun miturut saha sampun katêtêpakên jumênêng sultan wontên ing Ngayogyakarta, ing mangke tuwan guprênur nyuwunakên siti palihanipun nagari Jawi minôngka lênggahipun kangjêng sultan, Ingkang Sinuhun ing Surakarta inggih sampun amarêngakên, nanging mundhut pêpanggihan piyambak kalihan ingkang rama Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, ing ngriku tuwan guprênur inggih sampun anyagahi, nanging nyuwun pamit badhe dhatêng Ngayogyakarta rumiyin, sumêdya prasabên kalihan kangjêng sultan. Ingkang sinuhun ugi sampun amarêngakên. Tuwan guprênur lajêng bidhal dhatêng ing Ngayogyakarta, ing margi botên kacariyos, dumugi ing Ngayogyakarta sampun pêpanggihan kalihan kangjêng sultan, mratelakakên ingkang dados karsanipun Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta, sumêdya pêpanggihan piyambak, saha kangjêng sultan badhe botên kawênangakên milih palihanipun nagari. Guprênur matur: kadospundi mênggahing kangjêng

--- 158 ---

sultan, wangsulanipun kangjêng sultan inggih sampun miturut ingkang dados karsanipun Ingkang Sinuhun ing Surakarta.

Tuwan guprênur sakalangkung lêga panggalihipun, lajêng anamtokakên ing dintên Kêmis tanggal kaping 1 wulan Sapar ing taun Jimakir, sami pêpanggihan wontên ing dhusun Pagiyanti, sarampunging pirêmbagan tuwan guprênur lajêng pamitan, enggaling cariyos guprênur lajêng ngaturi sêrat dhatêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta, bilih Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta sampun karsa badhe pêpanggihan katamtokakên benjing ing dintên Kêmis tanggal kaping 1 wulan Sapar taun Jimakir wontên ing dhusun Pagiyanti, ingkang sinuhun kaaturan iyasa tarub ingkang badhe kangge pêpanggihan wau, sarêng dumugi ing dintên ingkang katamtokakên, ing dhusun Pagiyanti sampun kaadêgan tarub agung rinêngga sarwa asri, ing ngriku Ingkang Sinuhun ing Surakarta sarta ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, punapadene tuwan guprênur sampun sami rawuh, para bopati tuwin para tuwan sami katimbalan dhatêng ing dhusun Pagiyanti, amung kakantunakên bopati sawatawis ingkang taksih pacak baris, anjagi pangramanipun Pangeran Adipati Mangkunagara. Sarêng sampun satata anggènipun lênggah, tuwan guprênur lajêng matur dhatêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta, têmbungipun: Ingkang sinuhun ing mangke paduka sampun pêpanggihan piyambak kalihan ingkang rama kangjêng sultan, pramila kula amung nyumanggakakên.

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan lajêng ngandika dhatêng Patih Pringgalaya: Hèh Pringgalaya, matura marang rama prabu sultan, samêngko rama sultan kabênêr nampanana bumi saparone nagara Jawa, nanging saka karsaningsun sapisan, rama sultan apa narima yèn ora kêna milih dhisik, kapindho kang wus kapacak ing prajanjian rama sultan ora kêna yèn anjaluka pêparoning [pê...]

--- 159 ---

[...paroning] nagara Surakarta, utawa barang saisining pura, dene unining prajanji kang pinaro mung bumi pasisir môncanagara ing bang wetan, sarta pasisir ing bang kulon kabèh.

Patih Pringgalaya lajêng matur dhatêng sinuhun sultan kados dhawuhipun ingkang sinuhun kangjêng susuhunan wau.

Wangsulanipun ingkang sinuhun kangjêng sultan makatên: Patih Pringgalaya matura marang anak prabu, ingsun iya wis narima kaya kang

dadi karsane anak prabu. Radèn Adipati Pringgalaya sampun ngunjukakên panarimahipun ingkang rama kangjêng sultan. Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan tumuntên ngandika malih: Hèh Pringgalaya layang prajanjian pamaroning bumi wacanên, supaya sarupane bocah ingsun para bopati ing pasisir utawa ing môncanagara padha sumurupa. Patih Pringgalaya matur sandika. Tumuntên lajêng maos sêrat prajanjian amung kapêndhêt sapêrlunipun kados ing ngandhap punika.

Kang milu ing Surakarta ing bang wetan, 1. Balitar, 2. Brêbêg, 3. Nganjuk, 4. Pace, 5. Srêngat, 6. Kêrtasana, 7. Tulungagung, 8. Trênggalèk, 9. Kadhiri, 10. Majarata, 11. Basuki, 12. Rêmbang, 13. Balora, 14. Wanasaba, 15. Jagaraga, 16. Magêtan.

Dene bumi kang milu ing Ngayogyakarta, 1. Madiun, 2. Panaraga, 3. Samarata, 4. Maèspati, 5. Sidayu, 6. Pasuruan, 7. Pacitan, 8. Kalangbrèt, lan saurute pasisir ing Garêsik.

Ing bang kulon, saurute Banyumas, pasisir kulon kabèh kaparo sigar sêmôngka.

Sarêng pamalihipun wau sampun rampung, tuwan guprênur matur ing sang prabu sakalihan, [sa...]

--- 160 ---

[...kalihan,] kasuwun supados sami rukuna, utawi kawalêran sampun ngantos pasulayan, tuwin prajanjianipun sang prabu sakalihan, saupami wontên bêbaya tuwin pakèwêding parangmuka, salah satunggalipun botên kenging yèn mingkuha ing damêl.

Sahing prajanjian dintên Kêmis tanggal kaping 1 wulan Sapar ing taun Jimakir sinêngkalan sukaning sarira ngrasa tunggal[1] = (1681) utawi ing taun Walandi 1755, tuwan guprênur lajêng kondur dhatêng Batawi. Sang prabu sakalihan sami dhawuh anganjiri watês-watês pilahing siti Surakarta kalihan ing Ngayogyakarta, tumrap ing Surakarta ingkang tinanggênah Radèn Adipati Pringgalaya kanthi bopati kêkalih, mawi kajênêngan dening oprup Tuwan Hèndrik, ngiras dados pangagênging Kumpêni. Anjagi mêngsah pangramanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, dene tumrap ing Ngayogyakarta ingkang tinanggênah amung bupati kêkalih. Sang prabu sakalihan lajêng sami bidhal kondur sowang-sowang.

Kacariyos Radèn Adipati Pringgalaya, sagolonganipun bôngsa Jawi ingkang pinatah nganjiri watês, ngantos lami dèrèng rampung-rampung, amargi tindakipun kirang jujur, dangu-dangu patrap ingkang makatên wau kadêngangan dening tuwan oprup, ngantos dipun wêlèhakên, mila Radèn Adipati Pringgalaya sangêt wirangipun, têmahan anglalu lajêng kataman gêrah murus, salêbêtipun kalih dintên seda.

Sarêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta anampèni palapuranipun bopati kêkalih bilih Patih Pringgalaya ajal, ingkang kakarsakakên anggêntosi dados patihipun sang prabu inggih punika radèn tumênggung ing Garobogan (Kêdhu), ingkang sampun nyuwun kèndêl, lajêng kaangkat malih kawisudha dados patih, kaparingan nama tuwin sasêbutan Radèn [Ra...]

--- 161 ---

[...dèn] Adipati Mangkupraja, sampun kalampahan, awit punika kagalih anyêkapi sarta sampun cêkak yuswa, saèstu sagêd nindakakên dhatêng pangrèh praja.

Gêntos ingkang kacariyos, Pangeran Adipati Mangkunagara, ingkang pacak baris wontên ing Ardikidul, nantun dhatêng Tumênggung Kudanawarsa: Sarèhning yayi prabu ing Surakarta wis padha tundhuk karo rama prabu ing Ngayogyakarta, malah wis kalakon paronan nagara, kang iku mungguh sariraningsun sumêdya tundhuk, bêcik mênyang Surakarta apa mênyang Ngayogyakarta.

Tumênggung Kudanawarsa matur: Gusti ingkang abdi amung andhèrèkakên sakaparêngipun ing karsa dalêm, amargi karaton kalih pisan punika sami wajibipun yèn ngukupa dhatêng paduka.

Ing ngriku para punggawa sami kamipurun sumambung atur: Dhuh gusti, sarèhning sampun kados makatên, pêrlunipun punapa saupami panjênêngan dalêm badhe karsa tundhuk, langkung prayogi kalajêngakên ing ngayuda, awit wadyabala dalêm botên wontên ingkang kêndhak manahipun, taksih wêwah-wêwah sangsaya kathah, tekadipun sami sabaya pêjah, bokmanawi sagêd unggul ing ajurit, ing têmbe badhe sagêd ngukup sapratiganing nagari.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng midhangêt aturipun para punggawa ingkang makatên wau, panggalihipun kados dhinungkar, lajêng ngandika: Kaki Tumênggung Kudanawarsa, kaya-kaya bênêr ature para punggawa iku, ing mêngko bêcik undhangna marang bocah ingsun wadyabala kabèh, padha mirantia mangsah pêrang, karsaningsun anggêpuk ing Ngayogyakarta dhisik, nuli anggêpuk ing Surakarta.

Tumênggung Kudanawarsa matur sandika, lajêng ngundhangakên, sasampunipun [sasampunipu...]

--- 162 ---

[...n] samêkta Tumênggung Kudanawarsa matur: Gusti, kauningana, wadyabala ing Ngayogyakarta samangke pacak baris wontên ing sangandhaping ardi pasanggrahan dalêm ngriki, ingkang mangagêngi 1. Pangeran Adipati Anom, 2. Pangeran Angabèi, 3. Pangeran Natakusuma.

Ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara rumaos kados tinêpak wadananipun, lajêng parentah ngangsahakên wadya, tumuntên campuh pêrang rame, dangu-dangu bala ing Ngayogyakarta kalindhih, mundur dhatêng sacêlaking ardi gamping.

Ingkang sinuhun kangjêng sultan sarêng midhangêt wadyanipun kasêsêr, lajêng parentah dhatêng Patih Adipati Suryanagara, kadhawuhan prasabên dhatêng Patih Mangkupraja ing Surakarta, supados anjagia wontên ing tapêl watês, awit barisanipun Pangeran Adipati Mangkunagara agêng sangêt, ingkang dhinawuhan inggih lajêng ngestokakên, kangjêng sultan tumuntên bidhal sawadyabalanipun, lajêng campuh pêrang, ing ngriku bala Kamangkunagaran gêntos kalindhih. Pangeran Adipati Mangkunagara sawadyanipun lumèngsèr mangalèr dumugi ing dhusun Sêmanggi, katututan dening bala Ngayogyakarta lajêng campuh pêrang malih, bala Mangkunagaran kasêsêr, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng têrus lumèngsèr mangalèr dalah garwa putra tuwin wadyabalanipun, mêngsah Ngayogyakarta taksih angodhol. Kangjêng sultan lêrêp wontên ing dhusun Sampangan, sarêng sampun sawatawis dintên lajêng kondur dhatêng nagari Ngayogyakarta.

Kacariyos, anggènipun lumèrèg Pangeran Adipati Mangkunagara dumugi ing dhusun Kuwu, lajêng ngirup padhusunan sacêlaking ngriku, tiyangipun sami suyud sadaya, bala ing Mangkunagaran dados kathah malih, katungka dhatêngipun wadyabala ing Surakarta, pangagêngipun Radèn Adipati [Adipa...]

--- 163 ---

[...ti] Mangkupraja, kalihan Tuwan Yan Hèndrik tuwin wadyabala ing Ngayogyakarta, pangagêngipun Radèn Adipati Suryanagara, kanthi Tuwan Mayor Sêkèbêr, tumuntên campuh pêrang ngantos gogot, Tuwan Mayor Sêkèbêr nêmahi pralaya, dangu-dangu bala ing Mangkunagaran kantun tiyang kalih dasa, sampun botên kuwagang nanggulangi. Pangeran Adipati Mangkunagara sagarwa putra dalah sakantuning wadya mundur rêrêp wontên ing dhusun Lawang, dene para mêngsah botên wontên ingkang sami ambujêng, lajêng kèndèl wontên ing Kuwu.

Kawuwusa, Pangeran Adipati Mangkunagara salêbêtipun lêrêp wontên ing dhusun Lawang, sakalangkung sungkawa utawi sangêt risakipun, siyang dalu botên karsa dhahar botên karsa sare, amung nênuwun mugi angsala pangapuraning Allah, kala samantên Radèn Tumênggung Kudanawarsa anggadhahi atur sêsulang, têmbungipun: Dhuh gusti, mugi panjênêngan dalêm sampun sangêt-sangêt anawung sungkawaning panggalih, langkung prayogi nyakecakakên sarira, dene sapunika sawêg dhumawah ing apês, inggih katampia kalayan panarimahing panggalih, sumendhe dhatêng Ingkang Maha Kawasa, bokmanawi ing têmbe sagêd luwar saking duka cipta, ing mangke amung anjênjêmna karsa sampun ngantos kasêsa, sinambi angimpun kêmpaling wadyabala, manawi sampun sagêd ngalêmpak gampil, badhe apêpulih malih saèstu sagêd kalaksanan.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, dipun aturi sêsulang makatên wau, sangêt panarimahipun dhatêng Tumênggung Kudanawarsa, sarta kadhahar badhe kaèstokakên.

Kacariyos, tuwan idêlèr ing Samarang, ngaturi uninga sarana sêrat dhatêng guprênur ing Batawi, miturut palapuranipun pangagênging barisan [barisa...]

--- 164 ---

[...n] ing Kuwu, Mayor Sêkèbêr pêjah pêrang wontên ing Kuwu, ing ngriku guprênur lajêng mupakat kalihan para rad, kadospundi malih prayoginipun. Golonging pamanggihipun para rad, Pangeran Adipati Mangkunagara prayogi dipun aturi kondur dhatêng ing Surakarta, punapa dhatêng ing Ngayogyakarta, sarta pinanci lênggahipun ingkang nyêkapi. Tuwan guprênur ugi sampun mupakat, lajêng dhatêng ing Samarang

kapanggih kalihan tuwan idêlèr, andhawuhakên supados nimbali para bopati ingkang sami pacak baris wontên ing Kuwu, sampun kalampahan sami dhatêng, 1. Radèn Tumênggung Mangkuyuda, 2. Radèn Tumênggung Arungbinang, 3. Radèn Tumênggung Sasradiningrat, 4. Radèn Tumênggung Sujanapura. Tuwan guprênur lajêng andhawuhakên pangandika, rêmbag sumêdya ngaturi sêrat dhatêng Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta, tuwin Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, supados Pangeran Adipati Mangkunagara katimbalan kondur dhatêng ing nagari, kalihan pinanci lênggahipun ingkang cêkap, awit manawi botên makatên saèstu badhe botên têntrêm-têntrêm, ingkang makatên wau para bopati inggih sampun nayogyani, amung Radèn Tumênggung Mangkuyuda matur: Kajawi karsanipun tuwan guprênur amrih sakecaning lampah, mugi sampun enggal-enggal ngaturakên sêrat, prayogi kula rêraosan rumiyin kalihan wayah paduka Ingkang Sinuhun ing Surakarta, nanging botên pasaja bilih paduka ingkang ngutus, amung sêngadi mirêng pawartos bilih paduka badhe ngaturakên sêrat pamrayogi kados ingkang kadhawuhakên wau, awit manawi botên andadosakên kaparêngipun ingkang sinuhun, punika badhe kirang sakeca, dene manawi sakintên wontên wênganing panggalihipun ingkang sinuhun, inggih kalajêngna ngaturakên sêrat wau. Manawi wayah paduka ingkang sinuhun [si...]

--- 165 ---

[...nuhun] sampun têtela condhong, kula badhe lajêng sowan dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara pisan, inggih badhe angêjum saha angimur-imur murih karsaa kondur dhatêng nagari, jalaran sanadyan wayah paduka ingkang sinuhun sampun amarêngakên, nanging manawi Pangeran Adipati Mangkunagara sampun botên nêdya kondur, inggih badhe botên kalampahan, ewamakatên kula inggih borong karsa paduka mênggah atur kula wau.

Tuwan guprênur sarêng midhangêt rêmbagipun Radèn Tumênggung Mangkuyuda sakalangkung sukaning panggalih, saha mangayubagya, malah kalêrêsan sangêt punapadene para bopati ugi sami anjurungi sarwi wicantên, manawi kalampahan kados rêmbagipun Radèn Tumênggung Mangkuyuda punika bêbasan badhe botên ngaping kalih, lajêng sagêd rampung sadayanipun.

Tuwan guprênur ngandika: Radèn Tumênggung Mangkuyuda, sakathahing pirêmbag kula pracaya ing sampeyan, sagêdipun rampung prakawis punika kalayan wilujêng, dene yèn sampun rampung rêmbug kasaguhan sampeyan, sampeyan lajêng sukaa kabar dhatêng kula wontên ing Samarang, sakniki para bopati padha kula lilani mulih. Aturipun

Tumênggung Mangkuyuda sandika, lajêng bidhal wangsul dhatêng ing Kuwu, tumuntên lapur dhatêng Patih Mangkupraja ing sapêrlunipun katimbalan tuwan guprênur. Ing ngriku Radèn Adipati Mangkupraja lajêng golong kalihan Tuwan Dêlèr Yan Hèndrik, tumuntên bidhalan mantuk dhatêng Surakarta kanthi Radèn Tumênggung Mangkuyuda, dumugi ing Surakarta Tuwan Dêlèr Yan Hèndrik kalihan Patih Mangkupraja tuwin Radèn Tumênggung Mangkuyuda, marak ing ngarsa dalêm ingkang sinuhun, matur mirêng pawartos bilih tuwan guprênur badhe ngaturakên sêrat suraos mrayogèkakên raka dalêm Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara katimbalan kondur dhatêng [dha...]

--- 166 ---

[...têng] ing Surakarta, punapa ing Ngayogyakarta, saha kaparingana panci lênggah siti ing sacêkapipun. Ing ngriku andadosakên rênaning panggalih dalêm ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, pancèn sampun kagalih bilih ingkang raka badhe kaaturan kondur piyambak, supados momong dhatêng ingkang sinuhun wontên ing Surakarta kemawon, sasampunipun makatên lajêng sami kalilan mundur bibaran.

Patih Mangkupraja lajêng parentah dhatêng Radèn Tumênggung Mangkuyuda, supados anindakakên kados ingkang sampun karantam. Radèn Tumênggung Mangkuyuda enggal mangkat dhatêng ing dhusun Lawang badhe kapanggih kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara. Wontên ing margi botên kacariyos, sasampunipun kapanggih lajêng satata lênggah sarta bage-binage. Radèn Tumênggung Mangkuyuda matur: Bandara, pisowan kula punika mugi sampun andadosakên kalintuning panarka, lugu amung sowan martuwi ing kasugêngan paduka.

Pangeran Adipati Mangkunagara mangsuli pangandika: Inggih paman sakalangkung ing panarimah kula, dene paman kusung-kusung marlokakên martuwi dhatêng kula ingkang sawêg kasarakat. Radèn Tumênggung Mangkuyuda matur malih: O, bandara, inggih labêt saking punika anggèn kula sowan tuwi dhatêng ngarsa paduka, awit kula rumaos karaos-raos nyumêrêpi kawontênaning lêlampahan paduka, mila anjawi kaparênging karsa paduka, supados sampun tansah kados makatên kemawon, manawi kaparêng punapa botên langkung prayogi saupami panjênênganipun bandara kondur dhumatèng ing Surakarta utawi Ngayogyakarta. Inggih sampun mawi anggalih pakèwêd, saèstunipun ingkang rayi sinuhun kangjêng susuhunan tuwin ingkang rama kangjêng

--- 167 ---

sultan badhe botên suminggah, kapara bokmanawi malah andadosakên suka pirênaning panggalih, jalaran sami rumaos kuwajiban.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara midhangêt atur pamrayogi wau ing galih anglêrêsakên, lajêng angandika: Paman, mênggah pamanggih sampeyan ingkang sampun kula mirêngakên, punika tumrapipun ing awak kula pancèn pikantuk, nanging kadospundi paman, sarèhning wawêngkon kula batih kathahipun samantên, saupami kula kalampahan mantuk dhatêng nagari, saèstu kêdah gadhah pêpancèning têdha sarta griya ingkang nyêkapi kangge sakukuban kula punika, amung manawi kula sumêdya mantuk inggih kêdah dhatêng ing Surakarta, rumêksa kaprabonipun yayi prabu.

Radèn Tumênggung Mangkuyuda matur nyuwun sasêrêpan: Kadospundi bandara dene karsa paduka têka milih dhatêng ing Surakarta.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mangsuli: O, paman, sampun botên susah kula pratelakakên ing sapunika, têmtunipun kathah sangêt sababipun ingkang anjalari kula botên sagêd suwita dhatêng rama prabu ing Ngayogyakarta.

Radèn Tumênggung Mangkuyuda matur: Bilih makatên inggih langkung prayogi kondur dhatêng ing Surakarta kemawon, ingkang rayi sinuhun saèstu anggalih badhe pamancining dhahar paduka ingkang anyêkapi, wondene bab dalêm prayogi ngagêm griyanipun pun paman kemawon rumiyin, inggih punika tilas kapatihan, kados-kados anyêkapi kangge saabdi sagarwa putra sadaya, dene pun paman trimah mikawon manggèn wontên ing griya lami kemawon.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ngandika malih: Yèn dhasar kados [kado...]

--- 168 ---

[...s] makatên kajêngipun paman, kula inggih sampun anyondhongi. Ing ngriku Radèn Tumênggung Mangkuyuda lajêng walèh: Sayêktosipun prakawis punika ingkang kagungan tuwan guprênur, sarta sampun rujuk kalihan karsanipun ingkang rayi sang prabu ing Surakarta, ing mangkè manawi kaparêng kangjêng pangeran prayogi kula aturi pindhah

masanggrahan dhatêng ing dhusun Gumantar malih, ngiras angêntosana utusan rayi paduka ingkang sinuhun, namung kula atur piwêling sakêdhihk, samôngsa utusanipun ingkang rayi sinuhun dhatêng anantun paduka, paduka amangsulana nyuwun griya ing kapatihan, dalah sawawêngkonipun pakampungan sadaya, punapadene pêpancèn lênggah ingkang nyêkapi kadosdene karsa paduka wau. Kangjêng pangeran inggih sampun miturut, sarêng sampun rampung sapêrlunipun, Radèn Tumênggung Mangkuyuda lajêng nyuwun pamit sampun kalilan, nuntên mangkat dhatêng ing Samarang sumêdya sowan ngaturi uninga ing tuwan guprênur. Sapêngkêripun Radèn Adipati Mangkuyuda, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara tumuntên dhawuh bidhal wangsul dhatêng ing Gumantar malih.

Kacariyos, Radèn Tumênggung Mangkuyuda, sadumuginipun ing Samarang lajêng sowan tuwan guprênur, angaturakên anggènipun kautus dhatêng ing dhusun Lawang kapanggih kalihan Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, tuwin kala sowan sang prabu ing Surakarta, purwa madya dumugi wasana sampun katur sadaya, sarta samangke sampun rampung, salajêngipun Radèn Tumênggung Mangkuyuda nyuwun dhawuhipun tuwan guprênur, awit sampun botên wontên pakèwêdipun malih, mila sêrat ingkang badhe katur ing Sang Prabu Surakarta prayogi tumuntên kalampahakên. Tuwan guprênur dahat trusthaning panggalih mirêng aturipun Radèn Tumênggung Mangkuyuda makatên wau, lajêng ngandika suka tarima kasih kathah-kathah dhatêng Radèn Tumênggung Mangkuyuda, sarta ing batos angalêmbana ing kawicaksananipun [kawica...]

--- 169 ---

[...ksananipun] Radèn Tumênggung Mangkuyuda, anggènipun sagêd damêl pirapêting arênggang, wasana lajêng ngunandika: Radèn Tumênggung Mangkuyuda iki pantêse anggêntènana wong tuwane dadi patihe ingkang sinuhun, kaya bakal dadi bêcike, amarga katitik saka lantipe sarta patitis wicarane.

Sarampunging pêrlu, Radèn Tumênggung Mangkuyuda kalilan wangsul dhatêng ing pabarisan malih, tuwan guprênur lajêng damêl sêrat kêkalih, satunggal badhe katur sang prabu ing Surakarta, satunggalipun katur Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, dene suraosipun sami kados ingkang sampun karêmbag ing ngajêng, enggalipun sêrat sampun kalampahan katur ing sang prabu sakalihan, sarêng sampun kapariksa Ingkang Sinuhun ing Surakarta lajêng paring wangsulan sêrat, suraos punapa pamrayoginipun tuwan guprênur, sang prabu badhe mituruti kalihan suka pirênaning panggalih, amung konduripun ingkang raka Pangeran Adipati

Mangkunagara supados anjujug dhatêng ing Surakarta, sarta lajêng amomonga sariranipun ingkang sinuhun. Dene sêrat ingkang katur dhatêng Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta ugi sampun kawangsulan kawrat ing sêrat, suraos paring tarimakasih sarta andongakakên sêdyanipun tuwan guprênur punika sagêda kasêmbadan. Botên antawis lami tuwan guprênur ngaturakên sêrat malih katur sang prabu ing Surakarta, supados ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara tumuntên katimbalan.

Kacariyos, nalika Pangeran Adipati Mangkunagara, pacak baris wontên ing tanah Sokawati, kadhatêngan utusanipun Ingkang Sinuhun ing Surakarta, ingkang kautus: 1. Nyai Tumênggung Sêtyawati, 2. Kyai Tumênggung Rajaniti, 3. Radèn Tumênggung Mangunnagara, maringakên nawala ijêman sêrat. Suraosipun:

--- 170 ---

Sasampunipun taklim kula kakang mas Pangeran Adipati Mangkunagara dhumatêng sampeyan.

Wiyosipun, satampining sêrat kula punika kangmas kula aturi kondur dhatêng ing Surakarta, salajêngipun amomonga ing sarira kula, amargi anggèn kula jumênêng nata rumaos kijènan têmah kontit, jalaran rama Pangeran Mangkubumi samangke sampun jumênêng sultan wontên ing Ngayogyakarta, dados botên wontên malih ingkang prayogi momong sarira kula kajawi panjênênganipun kakang mas. Manawi kakang mas sampun karsa pinanggih kalihan kula, punapa ingkang kakarsakakên kula badhe mituruti, punapa malih bab siti ing Mataram, sarta ing dhusun Sala ingkang sampun wontên ngastanipun kakang mas inggih kula lulusakên dados kagunganipun kangmas.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sarêng sampun maos sêrat ingkang saking sang prabu ing Surakarta makatên wau, sanalika lilih panggalihipun, tumuntên angandika dhatêng kang kautus, têmbungipun: Nyai Sêtyawati, paman Rajaniti tuwin paman Mangunnagara, sampeyan munjuka ingkang sinuhun, paring dalêm nawala sampun kula tampèni, atur wangsulan kula sampun kawrat adhi mas Pangeran Mangkudiningrat ingkang badhe kula purih sowan yayi prabu ing Surakarta,[2] mangke kajêngipun sarêng kalihan lampah jêngandika, makatên malih atur kula, punapa ingkang dados karsanipun sang prabu ugi lajêng kadhawuhna dhatêng adhi mas Mangkudiningrat.

Nyai Sêtyawati sakancanipun sampun têrang dhawuh wangsulanipun Pangeran Adipati Mangkunagara wau, lajêng nyuwun pamit sampun kalilan,

--- 171 ---

nuntên bidhal saking Sokawati sarêng kalihan Pangeran Mangkudiningrat. Sadumuginipun ing Surakarta lajêng marak ing ngarsa dalêm ingkang sinuhun, sarwi ngirid Pangeran Mangkudiningrat. Nyai Sêtyawati munjuk saliring kautus, ingkang sinuhun lajêng andangu dhatêng Pangeran Mangkudiningrat: Bab ingkang dados panyuwunipun kakang mas Mangkunagara punapa.

Pangeran Mangkudiningrat matur: Panyuwunipun raka dalêm kangmas Pangeran Adipati Mangkunagara makatên:

1. Nyuwun lêstantun sêsêbutanipun, Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara kados ingkang rama swargi.

2. Nyuwun siti ingkang sampun kaidak sadaya, dadosa lênggahipun.

3. Nyuwun griya kapatihan Sindurêjan, dalah sapakampungan tuwin capurinipun sadaya. Amung punika aturipun.

Enggaling dhawuhipun sang prabu, sadaya wau ugi sampun marêngakên, lajêng utusan andhawuhakên ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara benjing ing dintên Kêmis ing tanggal kaping 4 wulan Jumadilakir taun Jimakir jam 5 sontên katimbalan kondur dhatêng nagari Surakarta.

Samantên, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng tata-tata badhe kondur dhatêng nagari, sarêng sampun mirantos sadaya ing dintên wanci ingkang sampun kadhawuhakên, tumuntên bidhal saking Sokawati, kêbut sakukubanipun sadaya. ingkang sinuhun kanthi Tuwan Oprup Abrêm mêthuk ingkang raka, sarêng dumugi ing dhusun Tunggon, kapêthuk ingkang raka, nuntên sami kèndêl bage-binage kawilujêngan, lajêng wangsul bidhal dhatêng ing Surakarta, jam 5 sontên dumugi ing kadhaton, Pangeran Adipati Mangkunagara sagarwa putra sadaya kakarsakakên andhèrèk malêbêt ing kadhaton, dene para punggawa tuwin para abdinipun sami kadhawuhan [ka...]

--- 172 ---

[...dhawuhan] lajêng dhatêng ing dalêm Mangkuyudan. Sarêng ingkang sinuhun sampun rawuh ing kadhaton lajêng sami tata lênggah, sarta lajêng lumados sêgah sinambi pangandikan kalihan ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara. Ingkang sinuhun andangu dhatêng ingkang raka, pangandikanipun: Sampun pintên taun anggènipun kakang mas adalêm wontên ing wana.

Atur wangsulanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara: Nuwun, wiwit kula mêdal saking nagari nalika umur 17 taun, samangke kula sampun umur 32 taun, dados kapetang sapriki anggèn kula dados tiyang wanan, sampun wontên 15 taun. Ingkang sinuhun mèsêm, tuwin sadaya ingkang sami mirêngakên ugi sami mèsêm, sarwi tumungkul. Ing batos ngalêm landhêping panggalihipun Pangeran Adipati Mangkunagara, dene patitis wangsulanipun.

Ingkang sinuhun andangu malih: Kangmas putranipun sadaya sapunika sampun pintên. Wangsulanipun ingkang raka: Bilih saking rayi paduka adhi ajêng Ratu Bêndara dèrèng wontên, amung saking rencang sadaya pitu, ingkang èstri tiga, ingkang jalêr sakawan.

Pangandikanipun ingkang sinuhun: Inggih sampun dumugi sangêt, salêbêtipun gangsal wêlas taun pêputra pitu. Ing ngriku sarêng dumugi anggènipun sami ngandikan, ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara sagarwaputranipun sadaya, sampun kalilan kondur ing dalêm Mangkuyudan,[3] sarawuhipun ing dalêm Mangkuyudan lajêng lumêbêt ing dalêm, amarêngi ing dintên malêm Jumuwah Pon tanggal kaping 5 wulan Jumadilakir taun Jimakir, windu Adi, sinêngkalan panêmbahing dipôngga angoyak jagad[4] = 1682.

--- 173 ---

Bab 6. Lêlampahanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, Wiwit Dêdalêm ing Nagari Surakarta Ngantos Dumugi ing Surudipun.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sarêng sampun têntrêm anggènipun dêdalêm wontên ing nagari Surakarta, lajêng nata dalêmipun para putra santana, tuwin griyanipun para punggawa sampun

kapapanakên sadaya. Ing ngriku Adipati Kudanawarsa kadadosakên bopati wontên ing Kêduwang, nama tuwin sêsêbutanipun lêstantun.

Gêntos kacariyos, ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, kala samantên anampèni sêrat saking tuwan guprênur ing Batawi, suraos kaaturan rawuh dhatêng ing Salatiga, akalihan Pangeran Adipati Mangkunagara, pêrlu ngasmani sêrat prajanjian tuwin palihaning nagari kalihan Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, dene ingkang badhe nampèni rawuhipun ingkang sinuhun tuwin kangjêng sultan wontên ing Salatiga, Tuwan Dêlèr Harêking ing Samarang.

Ing ngriku ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, lajêng paring priksa dhatêng ingkang raka Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, bab prasabênipun tuwan guprênur ingkang kawrat ing sêrat wau, sarta mundhut wangsulanipun ingkang raka. Atur wangsulanipun Pangeran Adipati Mangkunagara sandika andhèrèk, amung gadhah panyuwun, manawi sampun dumugi ing Salatiga bilih wontên sulayaning pirêmbak, Pangeran Adipati Mangkunagara badhe botên tumut-tumut. Ingkang sinuhun inggih sampun anyagahi, bab sulayaning pirêmbag badhe wontên sariranipun piyambak.

--- 174 ---

Sarêng dumugi ing dintên ingkang katamtokakên, ingkang sinuhun bidhal dhatêng ing Salatiga, têdhakipun amung cara pêpara, ingkang andhèrèkakên Adipati Mangkupraja, dalah para bopati tuwin para pangeran, kalêbêt panèwu mantri pêthilan wontên 60 ingkang ngampil-ampil upacara wontên 20. Dene Pangeran Adipati Mangkunagara, ingkang andhèrèkakên Tumênggung Kudanawarsa Rôngga Panambangan dalah saprikancanipun sadaya wontên 42 ingkang ngampil-ampil wontên 16 dumugi ing Salatiga sarêng kalihan rawuhipun Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, kanthi tuwan oprup, kadhèrèkakên patih Adipati Suryanagara, abdi ingkang andhèrèkakên ngampil-ampil upacara 28, ingkang ambêkta sanjata 100, ingkang ambêkta waos 120. Tuwan Dêlèr Harêking ugi sampun rawuh ing Salatiga, kadhèrèkakên petor ing Samarang, ambêkta soldhadhu Walandi 600, prajurit Makasar Bugis 400, mariyêm 12, ingkang nindhihi mayor kêkalih.

Sasampunipun kaacaran kalihan urmat, lajêng sami tata lênggah, tuwan dêlèr wontên ing têngah, Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta wontên ing têngênipun, Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta wontên ing kiwanipun, Pangeran Adipati Mangkunagara kalihan tuwan oprup tuwin tuwan mayor kêkalih sami wontên ngajêng,

ajêng-ajêngan kapering têngên, dene patih ing Surakarta Radèn Adipati Mangkupraja tuwin patih ing Ngayogyakarta Radèn Adipati Suryanagara wontên ing ngajêng lêrês dalah para bopati sadaya.

Sarêng sampun rampung sami bage-binage wilujêng, tuwan dêlèr wicantên têmbungin:[5] Kangjêng sunan tuwin kangjêng sultan, punapadene Kangjêng Pangeran Adipati [A...]

--- 175 ---

[...dipati] Mangkunagara, mila kula aturi rawuh wontên ing Salatiga ngriki, pêrlu sami kula suwun rukunipun, tuwin atut runtutipun pasadherekan, murih sami narimaha sadayanipun, sampun ngantos wontên ingkang pasulayan kêkêrêngan sami bangsanipun, wiwit titimangsanipun ing dintên punika siti tanah Jawi kula palih, kangjêng sunan ing Surakarta andarbènana sapalih, kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta ugi andarbènana ingkang sapalih.

Ingkang Sinuhun ing Surakarta angandika: Tuwan dêlèr, kangmas Pangeran Adipati Pangeran Mangkunagara, kapancia lênggahipun siti rumiyin, tumuntên jêngandika paro.

Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta nyambêti pangandika: Tuwan dêlèr, yèn nagari wau sadèrèngipun kapalih, môngka kapêndhêt lênggahipun anak Pangeran Adipati Mangkunagara rumiyin, punika botên nama sigar sêmôngka. Yèn anak Pangeran Adipati Mangkunagara tumut anak prabu ing Surakarta, inggih anak prabu ingkang wajib manci lênggahipun, dene manawi tumut kula inggih kula ingkang maringi pancènipun siti.

Tuwan dêlèr matur dhatêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta: Kadospundi sang prabu karsanipun rama paduka sultan wau.

Ingkang Sinuhun ing Surakarta ngandika: Kula inggih sampun nayogyani, kangmas Pangeran Mangkunagara kula paringi pancèn lênggah siti 1000 karya.

Tuwan dêlèr nantun dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara, kadospundi kangjêng pangeran dhawuhipun ingkang rayi sinuhun punika.

Pangeran Adipati Mangkunagara mangsuli: Manawi amung kapanci siti

--- 176 ---

1000 karya, kula botên ajêng, parêng botên parêng kula nyuwun 10.000 karya, sarta siti ingkang sampun wontên ing tangan kula kalulusna sadaya.

Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta nyambêti pangandika malih: Tuwan dêlèr, manawi anak mas Pangeran Mangkunagara tumut ing kula, kula maringi lênggah 4000 karya, awit suwargi bapakane kangmas, dhaharipun sawah inggih amung 4000 karya.

Tuwan dêlèr matur dhatêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta: Kadospundi sang prabu, raka paduka Pangeran Adipati Mangkunagara, kapundhut dhatêng ingkang rama sultan punapa paduka kaparêng.

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan mangsuli pangandika: Kula botên suka, wontênipun kangmas Pangeran Mangkunagara kula aturi kondur dhatêng nagari, punika supados momonga dhatêng kula.

Tuwan dêlèr nantun dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara: Kadospundi jêngandika kangjêng pangeran, tumut ing Surakarta punapa tumut ing Ngayogyakarta.

Ingkang tinantun mangsuli makatên: Sadaya kula botên purun anglampahi, parêng botên parênga kula nyuwun siti ingkang sampun wontên ing tangan kula sadaya, punika kalulusna.

Tuwan Dêlèr Harêking ragi kawêkèn pangêjumipun, dangu-dangu lajêng matur dhatêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta: Sang prabu, manawi makatên kula ingkang mancas rêmbag, Pangeran Adipati Mangkunagara kapancia dhahar sabin 4000 karya, sarta siti ing Surakarta ingkang sampun wontên ing tanganipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara sadaya kalulusna, dene dêdalêmipun kangjêng pangeran ugi andhèrèk ingkang sinuhun wontên ing Surakarta.

--- 177 ---

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan inggih sampun amarêngakên. Pangeran Adipati Mangkunagara matur dhatêng tuwan dêlèr: Manawi makatên tuwan dêlèr, kula inggih sampun narimah, nanging kula gadhah panyuwun mugi dipun wênangna mangangge kados pangagêmanipun kangjêng susuhunan, sarta kula kalilana linggih jajar kalihan sang prabu.

Tuwan Dêlèr Harêking punika satunggaling Walandi ingkang sampun cakêp anggalih pangêmbating praja, mila lajêng mangsuli: Kangjêng pangeran, panyuwun jêngandika punika, kula inggih sampun anglilani, nanging kula gadhah wêwalêr kawan bab ing ngandhap punika.

1. Jêngandika botên kenging lênggah ing dhampar,

2. Jêngandika botên kenging iyasa alun-alun,

3. Jêngandika botên kenging damêl bale witana,

4. Jêngandika botên kenging anglunasi pêcating nyawa

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara inggih sampun anyanggêmi ing wêwalêr wau, sarta manut dhatêng Kumpêni.

Kacariyos, ing tanah Jawi lulus kapalih, kang dados bawahipun Ingkang Sinuhun ing Ngayogyakarta winastan: bageyan têngên, ingkang dados bawahipun ing Surakarta winastan: bageyan kiwa. Sarèhning sampun sami dados pirukunipun sadaya kangjêng susuhunan tuwin kangjêng sultan, punapadene Pangeran Adipati Mangkunagara, sami kaaturan ngasmani sêrat prajanjian, ijêmanipun malih, kangjêng susuhunan botên kenging yèn melikna dhatêng karaton ing Ngayogyakarta, makatên ugi kangjêng sultan, botên kenging yèn amelikna dhatêng karaton ing Surakarta, punapadene Pangeran Adipati Mangkunagara, inggih botên kenging yèn amelikna dhatêng karaton [kara...]

--- 178 ---

[...ton] kêkalih wau, sarta katiganipun botên kenging ambalela dhatêng Kumpêni.

Sasampunipun salêsih, tuwan dêlèr parentah dhatêng tuwan mayor, suldhadhu Walandi 200, kadhawuhan ngungêlakên sanjata sampun kalampahan drèl kaping tigang rambahan, sinauran ungêling mariyêm rambah kaping 21, minôngka saksining pakurmatan, rampunging prajanjian wontên ing dintên Sêtu Lêgi tanggal kaping 5 wulan Jumadilawal ing taun Alip, nuju windu Kunthara, sinangkalan guna bujôngga rasa wani[6] = (1683), lajêng bibaran sami kondur sowang-sowang.

Kawursita, Pangeran Adipati Mangkunagara, labêt saking sangêting trêsnanipun ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, mila putranipun Pangeran Adipati Mangkunagara asma Radèn Mas Sura, diwasaning yuswa, kapundhut mantu dhaup kalihan putri dalêm asma Kangjêng Ratu Alit, sarta kaparingan pangkat pangeran, kapatêdhan sêsêbutan santun nama Pangeran Prabuwijaya, mênggah agênging pasamuwanipun nalika dhaup, botên cinariyos. Sarêng Kangjêng Ratu Alit kagungan putra kakung, kapundhut putra ingkang eyang Pangeran Adipati Mangkunagara, kaparingan pêparab Radèn Mas Slamêt, dumugi diwasa kaparêng kasuwunakên pangkat pangeran saha santun asma: Pangeran Arya Prabu Prangwadana.

Nêngna malih, Pangeran Adipati Mangkunagara, botên purun ngayom dhatêng karaton Ngayogyakarta, punika andadosakên runtikipun kangjêng sultan, nanging Pangeran Adipati Mangkunagara botên ajrih, runtikipun ingkang rama wau sumêdya dipun timbangi, nanging amung sinamun ing pasêmon.

Nuju satunggaling dintên, Pangeran Adipati Mangkunagara, nampèni utusanipun ingkang rama kangjêng sultan, ingkang garwa Kangjêng Ratu Bandara

--- 179 ---

kadhawuhan ngajak tuwi dhatêng ing Ngayogyakarta, amargi ingkang rama kangên. Atur wangsulanipun Pangeran Adipati Mangkunagara amung nyanggikrami, utusanipun ingkang rama anggènipun nimbali ngantos rambah kaping tiga, nanging ingkang garwa mêksa dèrèng kasowanakên, andadosakên sangêt dukanipun ingkang rama, lajêng mundhut pitulung dhatêng tuwan oprup ing Ngayogyakarta, kautus

dhatêng ing Surakarta, kanthi Kangjêng Gunti[7] Pangeran Adipati Anom, pêrlu mêthuk ingkang putra Kangjêng Ratu Bandara wau, sêngadi sarira dalêm kangjêng sultan gêrah. Enggalipun sampun dumugi ing Surakarta, anjujug ing loji kapanggih kalihan tuwan oprup ing Surakarta, lajêng pratela pêrluning kautus dhatêng kangjêng sultan. Tuwan oprup ing Surakarta lajêng ngirid utusan wau dhatêng ing Mangkunagaran sampun kapanggih. Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom ngabêkti dhatêng ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara. Tuwan oprup ing Ngayogyakarta matur yèn kautus ingkang rama kangjêng sultan, pêrlu nimbali ingkang putra Kangjêng Ratu Bandara, amargi kangjêng sultan gêrah saha kangên sangêt. Manawi Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara botên sagêd ngêtêrakên piyambak, ingkang rayi Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom punika ingkang kapitados andhèrèkakên.

Pangeran Adipati Mangkunagara sampun anggraita, bilih gêrahipun kangjêng sultan wau amung kangge samudana, lajêng mangsuli: Bojo kula katimbalan ingkang rama kula inggih ngaturakên, nanging kula botên sagêd ngatêrakên piyambak, sarta manawi bojo kula lajêng dipun kêkahi botên kaparêng mantuk, sintên ingkang badhe nanggêl.

Tuwan oprup ing Surakarta ngungun, dene kaya mangkono wangsulane Pangeran Adipati Mangkunagara, apa kang dadi sababe, têmahan [têmah...]

--- 180 ---

[...an] andadosakên kawêkèning pamikiripun tuwan oprup. Tumuntên tuwan oprup ing Ngayogyakarta nêdha pitulung rêrigênipun dhatêng tuwan oprup ing Surakarta, supados prakawis punika sagêd kalampahan. Tuwan oprup ing Surakarta lajêng gumagah matur dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara: Manawi garwa paduka ngantos dipun kêkahi ingkang rama, inggih kula ingkang sagah ngondurakên dhatêng ing Surakarta.

Enggaling cariyos sampun kalampahan, Kangjêng Ratu Bandara kabêkta utusan tuwan oprup ing Ngayogyakarta, kadhèrèkakên Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom, tuwin tuwan oprup. Dumugi ing Ngayogyakarta lajêng lumêbêt ing kadhaton, ngabêkti dhatêng ingkang rama. Tuwan oprup sampun kalilan mantuk dhatêng loji.

Sampun sawatawis dangu Kangjêng Ratu Bandara botên kakondurakên malih dhatêng ing Mangkunagaran, mila Pangeran Adipati Mangkunagara

botên narimah, lajêng nyêrêg dhatêng tuwan dêlèr ing Samarang, yèn ingkang garwa dipun kêkahi dhatêng ingkang rama kangjêng sultan, botên kakondurakên dhatêng ing Surakarta, môngka ingkang nanggêl konduripun tuwan oprup ing Surakarta. Prakawis punika sampun kaudi, nanging mêksa botên sagêd kalampahan kondur.

Gêntos kacariyos, tuwan oprup ing Ngayogyakarta sowan dhumatèng ingkang sinuhun kangjêng sultan, malêbêt ing kadhaton, sarwi ambêkta sêrat saking tuwan guprênur ing Batawi. Sasampuning kabagèkakên saha têtabean, lajêng sami lênggahan wontên ing pandhapa, ing ngriku tuwan oprup lajêng ngaturakên sêrat wau dhatêng kangjêng sultan sampun katampèn, saha katupiksa dening ingkang sinuhun kangjêng sultan, mênggah suraosipun, miturut palapuran saking tuwan dêlèr ing Samarang, yèn ingkang [ing...]

--- 181 ---

[...kang] putra Kangjêng Ratu Bandara sampun martuwi ing sariranipun sinuhun sultan, wusana lajêng kaandhêg botên kaparêng mantuk. Ingkang punika manawi kapara yêktos, prayogi sinuhun sultan enggal amarêngna ingkang putra Kangjêng Ratu Bandara mantuk dhatêng ing Mangkunagaran, amargi yèn ta botên makatêna, saèstu aminihi karisakaning praja, utawi sadangunipun badhe botên sagêd tata raharja, têmahan kirang pakantuk kalihan Kumpêni, botên sanès ingkang nyanggi inggih sariranipun sultan.

Sarampunging pamaos, ingkang sinuhun kangjêng sultan lajêng mundhut pamrayogi dhatêng tuwan oprup, ingkang murih sakecanipun kadospundi. Tuwan oprup amrayogèkakên sagêda karêmbag kalihan tuwan dêlèr ing Samarang, supados dhatênga wontên ing ngarsanipun kangjêng sultan. Ing ngriku ingkang sinuhun kangjêng sultan ugi sampun anyondhongi, pramila lajêng dhawuh damêl sêrat dhatêng tuwan dêlèr ing Samarang, ngêmot suraos manawi andhanganakên, kaajêng-ajêng sagêda pêpanggihan kalihan sariranipun ingkang sinuhun kangjêng sultan wontên ing Ngayogyakarta, amargi wontên pêrlu ingkang kêdah karêmbag. Sasampuning paripurna sêrat lajêng katampèkakên dhatêng tuwan oprup supados kalampahakên, botên dangu tuwan oprup sampun kalilan lajêng mantuk.

Gantya winiraos, Tuwan Ubrinting, dêlèr ing Samarang anampèni sêrat pakintunipun Tuwan Lapro, oprup ing Ngayogyakarta, kanthi nuwalanipun ingkang sinuhun kangjêng sultan, kapengin pêpanggihan kalihan sariranipun tuwan dêlèr wontên ing Ngayogyakarta, pêrlu rêrêmbagan

bab Kangjêng Ratu Bandara, inggih punika garwanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, enggalipun tuwan dêlèr ugi andhanganakên, saha kalêksanan tindak ing Ngayogyakarta, lêrêp wontên ing loji dalêmipun tuwan oprup.

--- 182 ---

Enjingipun tuwan dêlèr kanthi tuwan oprup, sami malêbêt ing kadhaton. Sasampuning bage-binage saha têtabean kalihan kangjêng sultan, lajêng kaacaran lênggah samadyaning sasana sewaka. Ing ngriku ingkang sinuhun kangjêng sultan angandika: Tuwan dêlèr, mulane jêngandika kula undang mariki, èntên ribêding panggalih kula, jalaran putri kula Ratu Bandara, tilik ing kula, sabanjure botên purun mantuk dhatêng Mangkunagaran, mungguh sababe mung botên kaduga nglêstarèkakên gone jêjodhoan kalih lakine Pangeran Adipati Mangkunagara, mulane murih têrange pisan, Ratu Bandara jêngandika takèni piyambak. Sanalika tuwan dêlèr anggoyang kêpala (gèdhèg-gèdhèg) tumuntên umatur: Kangjêng sultan, prayogi ingkang putra kadhawuhana mriki. Ingkang sinuhun kangjêng sultan lajêng animbali Kangjêng Ratu Bandara ingkang sampun mirantos wontên salêbêting dalêm agêng, botên dangu kangjêng ratu mêdal ing pandhapa. Sasampuning têtabean kalihan para tuwan wau, lajêng lênggah umarêk ingkang rama. Tuwan dêlèr angandika: Tuwan Ratu Bandara, punapa jêngandika martuwi mriki sampun dangu. Wangsulanipun kangjêng ratu: Inggih rama tuwan, anggèn kula wontên ing ngarsanipun rama prabu ngriki sampun watawis dangu. Tuwan dêlèr ngandika malih: Tuwan ratu, saking pamanggih kula kados sampun cêkap, ingkang punika langkung prayogi enggal wangsula mantuk ing Mangkunagaran, anggaliha ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara, awit ingatasipun tiyang ingkang sampun bêbojoan, ingkang limrah manawi salah satunggalipun ingkang jalêr punapa ingkang èstri anilar kêkesahan, ing môngka ngantos watawis dangu botên mantuk, punika ingkang tinilar raosing manah sakalangkung susah utawi kumalawung, têmahan asring andadosakên sakit. Kangjêng ratu amangsuli: Bapa tuwan dêlèr,

--- 183 ---

mênggah prasajaning pikajêng kula pancèn badhe botên mantuk dhatêng Mangkunagaran, amargi manah kula sampun botên kadugi nglajêngakên bêbojoan kalihan Kangmas Mangkunagara, inggih botên saking punapa, muhung raosing manah kados atur kula wau, saupami karsanipun rama prabu kula kapêksa dipun antukakên mrika, kula pilaur dumugi ing pêjah. Sarèhning panggalihipun kangjêng ratu saèstu kêncêng botên nêdya kondur, mila tuwan dêlèr lajêng ngandika: Sampun Tuwan Ratu

jêngandika wangsul malêbêt ing dalêm malih. Tuwan dêlèr lajêng matur dhatêng ingkang sinuhun kangjêng sultan: Mênggah saking pamanggih kula dintên benjing-enjing kula kaparênga mantuk dhatêng ing Samarang, enjingipun malih ingkang putra Tuwan Ratu Bandara, kakintuna dhatêng panggenan kula kanthi Patih Danurêja, tuwin pangulu khakim, sarta kula ugi badhe andhatêngakên pangulu khakim saking Surakarta, kula kêmpalakên para pangulu ngulama ing pasisir, pêrlu badhe kula ajak parêpatan, tumrap ing bôngsa Jawi, ingkang sampun botên purun kêmpal kalihan ingkang jalêr, ing têmbe kadospundi lêrêsipun ing wêwaton kitab, supados lajêng dipun rampungi dening Kumpêni. Kula badhe ngaturi pariksa ing putra paduka ingkang sinuhun kangjêng susuhunan tuwin dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara. Dhawuhipun kangjêng sultan, inggih prayoga tuwan dêlèr, tuwan dêlèr tuwin tuwan oprup, botên dangu lajêng kalilan wangsul dhatêng ing loji, enjingipun tuwan dêlèr kondur dhatêng ing Samarang.

Sarêng dintên Jumuwah tanggal kaping 15 Jumadilawal, ing taun Wawu, sinangkalan têrus liman ngobahkên jagad[8] = 1780[9] Kangjêng Ratu Bandara kadhèrèkakên: 1. Pangeran Pakuningrat, 2. Patih Radèn Adipati Danurêja, 3. Pangulu khakim tuwin katib kêkalih têdhak dhatêng [dha...]

--- 184 ---

[...têng] Samarang. Wontên ing margi botên kacariyos, sarawuhipun ing Samarang anjujug dalêmipun Tuwan Dêlèr Ubrinting. Sasampuning bage-binage atêtabean, kangjêng ratu kaacaran lênggah ing lotèng kalihan para nyonyah, tuwan dêlèr lênggah wontên ing ngèmpèr sangandhaping lotèng, kalihan Pangeran Pakuningrat, tuwin Radèn Adipati Danurêja, sarta radèn adipati ing Samarang. Sawatawis dangunipun lajêng sami lêrêp dhatêng pamondhokan. Kangjêng Ratu sapandhèrèkipun wontên ing kabopatèn, amung Tuwan Oprup Lapro lêstantun manggèn ing loji.

Sarêng sampun sawatawis dintên, tuwan oprup ing Surakarta kanthi Radèn Tumênggung Mangkuyuda, tuwin pangulu khakim sami dhatêng sowan tuwan dêlèr ing Samarang, sami anjujug ing loji. Sadhatêngipun ing loji sinugata nuntên kalilan lêrêp dhatêng pondhokanipun.

Enjingipun Kangjêng Ratu Bandara sapandhèrèkipun, tuwin Tumênggung Mangkuyuda sarta pangulu Surakarta sami wangsul dhatêng ing loji malih, ing ngriku para ngulama ing pasisir ugi sampun sami ngalêmpak. Tuwan dêlèr tumuntên andangu dhatêng satunggaling pangulu saha ngulama sadaya, kadospundi mênggah lêrêsing kukum, manawi tiyang èstri bôngsa Jawi angêmohi dhatêng lakinipun. Aturipun para pangulu sarta para

ngulama sami miturut kasêbut ing kitab, Mukharar, Makhaliraholah èstri wênang rapak, ananging kêdah anyukani pamancal dhatêng lakinipun. Tuwan dêlèr lajêng pratela dhatêng Kangjêng Ratu Bandara, kados aturipun para pangulu tuwin parta ngulama wau. Kangjêng Ratu Bandara ugi anyanggêmi ngaturi pamancal, warni punapa ngêntosi dhawuh kaparêngipun ingkang rama kangjêng sultan. Enggalipun sampun lajêng karampungan, Kangjêng Ratu Bandara katêtêpakên pêgatipun kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara, mawi pamancal. [pama...]

--- 185 ---

[...ncal.] Amung salêbêtipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara taksih sugêng, Kangjêng Ratu Bandara botên kalilan krama. Sasampuning kaumumakên lajêng bibaran, wangsul dhatêng pondhokanipun piyambak-piyambak.

Sawatawis dintên, Kangjêng Ratu sapandhèrèkipun tuwin tuwan oprup ing Ngayogyakarta, sami bidhalan kondur mawi kabêktanan sêratipun tuwan dêlèr ingkang badhe katur kangjêng sultan, suraos, Kangjêng Ratu Bandara sampun têtêp pêgatipun kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara, mawi pamancal kados kasêbut wau. Tuwin Radèn Tumênggung Mangkuyuda, pangulu sarta katib sakanthinipun sadaya ugi lajêng bidhal mantuk dhatêng ing Surakarta, kalihan ambêkta sêratipun tuwan dêlèr katur ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, tuwin dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara, suraosipun sami kalihan sêrat ingkang katur dhatêng Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, amung kaotipun bab pamancal ngêntosi katrangan saking kangjêng sultan.

Kawuwusa malih, Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, sasampunipun tampi sêrat saking tuwan dêlèr ing Samarang, bab rapakipun Kangjêng Ratu Bandara, lajêng angintuni sêrat wangsulan, suraos, asung tarima kasih saha andadosakên suka pirênaning panggalih, wondene ingkang minôngka pamancal, kaparingan warni siti ing tanah Pajang, salajêngipun kapasrahakên dhatêng ingkang wajib tampi kapitadosakên tuwan dêlèr ing Samarang, amila tuwan dêlèr ing Samarang, inggih lajêng anglajêngakên wangsulan wau katur ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, lumantar tuwan oprup ing Surakarta, supados kadhawuhna sapêrlunipun dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara. Kajawi punika Pangeran Adipati Mangkunagara anampani sêrat prajanji saking tuwan dêlèr ing Samarang, bilih kangjêng pangeran [pa...]

--- 186 ---

[...ngeran] taksih sugêng, Kangjêng Ratu Bandara botên kenging kakramakakên.

Kacariyos, sarêng dangu-dangu Kangjêng Ratu Bandara lajêng dipun kramakakên dhatêng ingkang rama kangjêng sultan, dhaup kalihan Pangeran Dipanagara. Ing ngriku Pangeran Adipati Mangkunagara panggalihipun muntab sangêt, sumêdya badhe ngayuti pêrang dhatêng Ngayogyakarta, kagalih ingkang rama kangjêng sultan sampun wiwit sirna kautamènipun, nanging lajêng kenging dipun paripih dening tuwan oprup ing Surakarta. Mangke bilih tuwan dêlèr rawuh ing Surakarta kangjêng pangeran dipun aturi mitêrang. Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kèndêl, sêdyanipun wau botên kalajêngakên. Sarêng tuwan dêlèr sampun dhatêng ing Surakarta, Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng manggihi, sarta matur: Kadospundi tuwan dêlèr, kangjêng rama sultan têka botên nêtêpi kados prajanjinipun tuwan dêlèr ingkang dhatêng kula, bojo kula sampun kalampahan kakramakakên malih angsal Pangeran Dipanagara. Bilih makatên kangjêng rama sultan sampun sêdhêngipun kula mêngsah dadosa rêrêmponing ayuda. Tuwan dêlèr ing Samarang mangsuli sarta angrêrapu: Kangjêng pangeran, jêngandika prayogi kèndêl kemawon rumiyin, ing mangke siti dhusun bawahing Ngayogyakarta tuwin bawahing Surakarta ingkang taksih wontên ing jêngandika punika kula lulusakên, sapintêna langkunganipun lulusa dados kagungan jêngandika. Titi tampining dhawuh punika ing dintên Kêmis Paing tanggal kaping 6 wulan Rêjêb ing taun Alip, sinangkalan rupa wadana rasa tunggal[10] = (1681). [11] Kajawi punika Pangeran Adipati Mangkunagara dipun arêm-arêmi dhatêng tuwan dêlèr ing Samarang, tuwin tuwan oprup ing Surakarta.

Nahên ta, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kagungan abdi tiyang saking [sa...]

--- 187 ---

[...king] Ngayogyakarta nama Sêtraprawira, sangêt dipun sihi dhatêng kangjêng pangeran. Kalampahan ngantos kaganjar dados punggawa, kaparingan nama sarta sasêbutan Ngabèi Matangrasa.

Nuju satunggaling dintên, Ngabèi Matangrasa wau saos wontên salêbêting capuri dalêm ing kadipatèn Mangkunagaran, kamipurun nyolong kalangênanipun kangjêng pangeran, manggung tiyang têtiga, 1. nama Bok Ajêng Kasiyah, 2. Bok Ajêng Tambiyah, 3. Bok Ajêng Amiyah,

mêdalipun saking capuri mènèk pagêr banon, sarana ôndha. Sarêng sampun wontên jawi lajêng katumpakakên kapal kalihan rêrikatan, wanci jam 6 enjing dumugi ing dhusun Tangkisan.

Kacariyos, kangjêng pangeran sarêng midhangêt palapuranipun abdi ing bab punika, sakalangkung dukanipun, sanalika têdhak dhatêng ngloji kapanggih tuwan oprup, ngaturi pariksa ing bab wau, sarta sampun sagêd angintên, yèn pun durhaka wau saking pandamêlipun Pangeran Adipati Anom ing Ngayogyakarta, kêtitik saking walèhing lêlampahanipun pun durhaka. Sarèhning sampun têtela piawonipun tiyang ing Ngayogyakarta, mila kangjêng pangeran nêdha lilahipun tuwan oprup, ing Ngayogyakarta sumêdya kagêbag ing prang. Tuwan oprup mangsuli kalayan angarih-arih, têmbungipun: Kangjêng pangeran, panjênêngan kula aturi nyarèhakên panggalih, saha narimaha rumiyin, pratingkah ingkang durhaka punika mratandhani badhe curêsing lêlampahan, wangsul tiyang ingkang têguh panggalih punika nelakakên kombuling darajadipun, sarta badhe lulus ing kaluhuranipun. Kangjêng pangeran panggalihipun lajêng lilih, tumuntên kondur.

Gêntos ingkang kacariyos, Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta, [Sura...]

--- 188 ---

[...karta,] kataman gêrah santêr, lajêng nimbali ingkang raka Pangeran Adipati Mangkunagara sampun kalampahan sowan: ingkang raka kakarsakakên lênggah cakêt, sang prabu lajêng ngandika: Kakang mas adipati, sarèhning sakit kula punika sampun rêkaos, botên langkung kula mêling dhatêng kakang mas, yèn kula tinêkakake ing janji ingkang putra Pangeran Adipati Anom, masaboronga kakang mas adipati kalampahanipun jumênêng ratu anggêntosi kula.

Aturipun Pangeran Adipati Mangkunagara: Inggih yayi prabu, sampun kathah-kathah ingkang kagalih saha kuwatos, prakawis putra paduka anggèr Pangeran Adipati Anom ingkang ngêmong kula.

Sasampunipun makatên, gêrahipun sinuhun saya santêr, kalajêng dumigi surud, amarêngi ing wulan Bêsar taun Jimakir, sinangkalan warsa rupa swara tunggal[12] = 1714. Garwa putra tuwin para parêkan salêbêting kadhaton, umung sami nangis, layon lajêng kaupakara sampun paripurna, tumuntên kaangkatakên sumare ing astana Imagiri. Wondene pakurmatanipun botên siwah kados adat panjênêngan dalêm nata seda.

Gêntos kacariyos, Tuwan Yan Ngrepe idêlèr ing Samarang rawuh ing Surakarta, pêrlu badhe anjumênêngakên nata Pangeran Adipati Anom, lajêng andhawuhakên ing dintên ingkang tinamtu. Radèn Adipati Mangkupraja ugi sampun andhawuhakên dhatêng para putra santana, tuwin para bopati sapanêkaripun sadaya, dumugi ing dintên Sênèn sami sowan pêpak wontên ing pagêlaran. Pangeran Adipati Mangkunagara sowanipun dhatêng karaton nitih kareta kajajaran para prajurit tuwin para priyantun anggalur botên pêdhot, kasambêtan upacara ing kadipatèn Mangkunagaran, lajêng kampir dhatêng ing ngloji [nglo...]

--- 189 ---

[...ji] sêsarêngan kalihan tuwan idêlèr, rawuh ing pagêlaran kaurmatan ungêling gôngsa tuwin drèl, sinauran mariyêm mawantu-wantu. Tuwan idêlèr lajêng malêbêt ing kadhaton, Pangeran Adipati Mangkunagara kèndêl wontên ing pagêlaran. Ing ngriku Pangeran Adipati Anom miyos saking kadhaton, lajêng kanthèn asta tindak dhatêng ing pagêlaran kalihan tuwan idêlèr, dumugi ing bangsal pangrawit sami lênggah ing kursi jajar kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara. Tuwan idêlèr tumuntên angêpyakakên, Kangjêng Gusti Adipati Anom jumênêng nata, jêjuluk Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping 4, Senapati ing Ngalaga Ngabdurrahman Sayidin Panatagama Kalipattolah ing Surakarta. Ingkang sinuhun lajêng kalênggahakên ing dhampar, pangulu sakancanipun tumuntên sami andonga nurbuwah. Sarampungipun, tuwan idêlèr maos sêrat prajanjian saking Batawi, satamating pamaoas kaurmatan ungêling mariyêm ing loji kaping 21 rambahan, punapa malih kaurmatan ungêling gôngsa binarung ungêling mariyêm ing alun-alun ngantos ambal-ambalan. Titi jumênêngipun amarêngi ing dintên Sênèn Paing tanggal kaping 29 wulan Bêsar ing taun Jimakir, sinangkalan bayu putra nitih janma[13] = 1714. Ingkang sinuhun tumuntên kondur angadhaton, ingkang sami sowan lajêng bibaran, tuwan dêlèr wangsul dhatêng ing ngloji, sarêng sampun sawatawis dintên lajêng kondur ing Samarang.

Sajumênêngipun nata Ingkang Sinuhun Pakubuwana kaping 4, punika tataning nagari kathah ingkang dipun ewahi, botên kados swargi Ingkang Sinuhun Pakubuwana kaping 3, kados ta: panganggenipun abdi dalêm prajurit, suwaunipun cara Walandi, samangke kasantunan cara Jawi, sabên ing dintên Jumuwah botên towang tamtu miyos Jumuwahan dhatêng ing masjid, [ma...]

--- 190 ---

[...sjid,] sabên ing dintên Sabtu manawi miyos watangan sadaya ingkang sami sowan katamtokakên ngangge kêthu sarta surban (srêbanan) amargi wêkdal punika ingkang sinuhun sawêg kêncêng sangêt dhatêng agami Islam, sampun botên pisan-pisan karsa ngunjuk unjuk-unjukan ingkang kêras, dene ingkang kaunjuk amung wedang. Mila makatên, ingkang sinuhun kagungan abdi kêkasih tiyang nênêm: 1. nama Radèn Santri, 2. Pangeran Panêngah, 3. Radèn Wiradigda, 4. Radèn Kandhuruan, 5. Kyai Bahman, 6. Kyai Nursalèh. Tiyang nênêm wau sami kacêlakakên dhatêng ingkang sinuhun, minôngka pinisêpuh dados têtantunan, sabên dalu kakarsakakên ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm. Para abdi punggawa wadana mangandhap dumugi mantri, ingkang kêrêp dhatêng ing loji sami kasikokakên, utawi kaundur saking kalênggahanipun, kadakwa kirang mituhu dhatêng parentahing sarak. Abdinipun ingkang sinuhun para wadana kadhawuhan ngingoni dhatêng para mantri, ingkang sami giliran andêrês Kuran wontên ing kadhaton.

Kacariyos, Tuwan Harsing, oprup ing Surakarta, kêrêp mara tamu dhatêng ing Mangkunagaran, rêmbagipun sumêdya anggêguru prakawis agami Islam dhatêng ingkang sinuhun, awit mirêng pawartos bilih ingkang sinuhun ngurung tiyang nênêm ingkang marsudi dhatêng sarak, ingkang sampun kasêbut ing nginggil, punika ingkang kaanggêp. Pangeran Adipati Mangkunagara inggih nêmênakên mênggahing pawartos wau.

Anuju satunggaling dintên, ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, miyos siniwaka ing pagêlaran, maringi pangkat pangeran dhatêng ingkang rayi kêkalih, 1. ingkang sêpuh Radèn Mas Tala, kaparingan asma Pangeran Arya Mangkubumi. 2. ingkang nèm Radèn Mas Sayidi, kaparingan asma Pangeran Arya Buminata. Sarampungipun lajêng jêngkar, tumuntên utusan [utusa...]

--- 191 ---

[...n] ngaturi uninga dhatêng ingkang eyang Sinuhun Sultan ing Ngayogyakarta. Punika andadosakên dukanipun kangjêng sultan, dene asmanipun lami kangge namanipun pangeran enggal, botên mawi nyuwun palilah rumiyin. Utusan ing Surakarta lajêng katundhung wangsul, dumugi ing Surakarta matur dhatêng ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, bab punika wau andadosakên dukanipun kangjêng sultan.

Kocapa ing Ngayogyakarta, sawangsulipun utusan ing Surakarta, kangjêng sultan lajêng parentah dhatêng para punggawa, siti-siti

bawahing Surakarta ingkang cêlak kalihan bawahing Ngayogyakarta, sami kadhawuhan ambêsmèni, sarta kajarahana, makatên wau sampun kalampahan, ngantos ngrayut siti bawah Mangkunagaran. Para tiyang bawah Mangkunagaran sami sowan ngaturi uninga dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara, bab tingkahipun punggawa ing Ngayogyakarta.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sarêng midhangêt aturipun abdi tampingan wau sakalangkung gêtêr ing panggalih, sanalika lajêng nimbali Ngabèi Rôngga Panambangan, tuwin Tumênggung Suryanagara ing Kaduwang, sampun sami dhatêng, kangjêng pangeran ngandika: Kowe padha dak paringi sumurup, saka palapurane bocahku tampingan ing tanah Mataram, bumi bawah Surakarta utawa ing Mangkunagaran, padha dijarah-rayah sarta desane padha diobongi dening bocahe rama sultan angingYogyakarta.[14] Yèn kaya mangkono karsane iya bangêt sokurku, dhasar wis dakkarêpake dadia mungsuh, ing mêngko kowe dak ajani padha nagiha potang, sarta malêsa piala marang wong Ngayogyakarta iku, wis mangkata mung iku dhawuhku, poma aja mindho gawe.

Ingkang sami dhinawuhan tanggap nyêmbah lajêng bidhal sawadyanipun, sadaya

--- 192 ---

wadyanipun sampun sami nandhang wangsit pamatahing lampah sarta anggènipun pacak baris, sami sêngadi anêdha konduripun Kangjêng Ratu Bandara, kalampahan siti bawah ing Ngayogyakarta gêntos kenging karayutan dening wadya ing Mangkunagaran, dhusun-dhusun sami kabêsmenan, barang tuwin rajakaya sami kajarah rayah, têmah gègèr apuyêngan.

Gêntos kawuwusa, Ingkang Sinuhun ing Surakarta, ugi sampun midhangêt pawartos saking palapuranipun wadya tampingan, bilih kagungan dalêm siti dhusun bawah Mataram ingkang cêlak kalihan bawahing Ngayogyakarta, sami risak saking pandamêlipun ingkang eyang kangjêng sultan. Ingkang Sinuhun ing Surakarta sakalangkung dukanipun, lajêng paring pawartos dhatêng Radèn Santri tuwin Pangeran Panêngah sakancanipun tiyang 6, sarta paring dhawuh: Kowe kabèh kapriye mungguh pamikirmu, bab karsane eyang kang mangkono mau mêtu saka panggalihe dhewe apa rujuk karo Kumpêni, sabab sumêdya daklawani pêrang.

Aturipun ingkang sami tinantun: Gusti, mugi sampun enggal-enggal anandhingi pêrang, margi paningalipun[15] kirang prayogi, mila kêdah sarana kapatitisakên saha kagalih sarèh rumiyin, supados lêmbat êmpaning panggalih. Kalihan malih kula mirêng, bilih uwa dalêm Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara samangke sampun tiwikrama, ingkang jalaran inggih ing bab punika, abdinipun sampun kaajanan nêluk-nêlukakên dhatêng para tiyang bawahing Ngayogyakarta. Mila samangke aluwung kagaliha pakantukipun. Prakawis punika prayogi lajêng prasabên amasrahakên nagari dhumatèng uwa dalêm Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, supados angrisaka utawi ambêdhaha nagari Ngayogyakarta, wondene sapintên prabeyanipun panjênêngan dalêm ingkang

--- 193 ---

sinuhun ingkang nyagahi. Manawi sagêd kalampahan nagari Ngayogyakarta bêdhah, ingkang sinuhun ingkang untung sangêt, sabab nagari ing Ngayogyakarta sabawahipun sadaya badhe kondur wontên ing asta dalêm sadaya, dene manawi uwa dalêm ingkang kasoran, panjênêngan dalêm inggih mêksa taksih kagungan untung, amargi siti ing Mangkunagaran 4000 karya ugi badhe kondur ing asta dalêm malih.

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan midhangêt aturipun Radèn Salèh tuwin Pangeran Panêngah sakancanipun makatên wau, dahat andadosakên suka pirênaning galih, lajêng mituruti. Nuju ing dintên malêm Akat Pon tanggal kaping 2 wulan Sura ing taun Jimawal, sinangkalan, pandhita wadi swara aji[16] = (1717) ingkang sinuhun têdhak nyalamur dhumatèng ing Mangkunagaran.

Tindakipun ingkang sinuhun anjujug ing dalêmipun Pangeran Arya Prabu Prangwadana, Pangeran Adipati Mangkunagara tumuntên sowan manggihi sang prabu, ingkang sinuhun ngandika kathah-kathah, bab kalampahanipun pêrang kaborongakên ingkang uwa Pangeran Adipati Mangkunagara, sarta sapintên têlasing beya sampun sumêlang, inggih sang prabu ingkang badhe amaringi. Pangeran Adipati Mangkunagara mangsuli: Sang prabu atur kula inggih sandika, badhe nglampahi punapa ingkang dados karsanipun ingkang sinuhun, nanging pun uwa cumadhong dhawuh prajanji, ingkang mantêp ujar sapisan sampun ngantos ngoncati, kula ingkang sadarmi nglampahi.

Ingkang sinuhun anyanggêmi kalihan mantêp botên angoncati ujar sapisan, supatanipun: Yèn botên têmêna, sarta yèn botên mantêpa, amanggiha cuwa ing salami-laminipun, sasampunipun makatên, kangjêng

susuhunan lajêng pamit kondur. Pangeran Adipati Mangkunagara tuwin Pangeran [Pa...]

--- 194 ---

[...ngeran] Arya Prabu Prangwadana, andhèrèkakên dumugi ing regol.

Kacariyos, sapêngkêripun ingkang sinuhun, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, lajêng nimbali Ngabèi Rôngga Panambangan, kaparingan pawartos ing rawuhipun ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, pêrlu masrahakên sariranipun, salajêngipun kangjêng pangeran ugi sampun anyagahi, pangandikanipun: Kowe aja nutuh aku, mulane bocah-bocah kang padha pacak baris padha kirimana obat mimis, lan kalataka ngloro-ngloro, kang baris ana ing desa Pedan, kirimana kalataka papat, sarta padha parentahana aja nganti ana kang mundur, utawa aja kalah oyok, dene yèn wong Ngayogya kanthi wong Walônda, kancamu banjur konên ngunduri, wis Rôngga nuli mundura. Saunduripun Rôngga Panambangan lajêng ngradinakên dhawuh sarta maringakên sanjata tuwin obat mimis.

Gêntos kacariyos Tuwan Harsing oprup ing Surakarta, sarêng mirêng bilih ingkang sinuhun kangjêng susuhunan kalihan Pangeran Adipati Mangkunagara sampun sami rukun sarta têpang rêmbag sumêdya ngrisak ing Ngayogyakarta, sarana kagêbag ing pêrang, tuwan oprup sakalangkung susah manahipun, tumuntên ngaturi uninga dhumatèng Tuwan Yan Krope idêlèr ing Samarang. Sarêng palapuran punika sampun katampèn, tuwan idêlèr enggal dhatêng ing Ngayogyakarta, dene tuwan oprup ing Surakarta katamtokakên nusul dhatêng ing Ngayogyakarta. Rawuhipun tuwan idêlèr wontên ing Ngayogyakarta anjujug ing loji, botên dangu tuwan oprup ing Surakarta dhatêng, tuwan idêlèr lajêng dhawuh dhatêng tuwan oprup ing Ngayogyakarta, supados ngaturi kangjêng sultan rawuh ing loji, awit tuwan idêlèr badhe pêpanggihan, enggalipun kangjêng [kang...]

--- 195 ---

[...jêng] sultan mituruti têdhak ing loji kapanggih kalihan tuwan idêlèr ing Samarang, sasampunipun tata lênggah, tuwan idêlèr matur dhatêng kangjêng sultan: Kadospundi kangjêng sultan, ing samangke nagari katingal badhe wontên rarêsah malih, awit saking pandamêl paduka.

Ing ngriku kangjêng sultan sarêng mirêng aturipun tuwan idêlèr makatên wau, sakalangkung gêtêr ing panggalih, lajêng mangsuli pangandika: Tuwan idêlèr, kula botên sumêdya damêl rarêsah tuwin damêl piawon, ing mangke kula punika katingal punapa kalihan Kumpêni, môngka ing ngajêng kula sampun sumpah dhatêng Tuwan Idêlèr Harêkting[17] wêkdal wontên ing Salatiga.

Tuwan Idêlèr Yan Krope nanting wicantên: Kangjêng sultan, paduka manut dhatêng Kumpêni punapa botên.

Wangsulanipun kangjêng sultan: Mila kula kalampahan jumênêng nata, inggih saking manut miturut kula dhatêng Kumpêni.

Tuwan Yan Krope wicantên malih: Bilih kangjêng sultan sampun miturut dhatêng kula, kula badhe tumuntên lajêng dhatêng ing Surakarta, kangjêng sultan angêntosana parentah saking kula, dene ingkang badhe kula pitados marentahakên, tuwan oprup ing Ngayogyakarta, sasampunipun rampung ing pêrlu lajêng bibaran. Kangjêng sultan kondur ngadhaton. Tuwan idêlèr kanthi tuwan oprup lajêng sami dhatêng ing Surakarta, sarawuhipun wontên ing Surakarta anjujug ing loji, tumuntên utusan ngaturi Pangeran Adipati Mangkunagara ugi sampun rawuh, abdi punggawa ingkang sami ngampil-ampil sami andhèrèk malêbêt ing loji: 1. Rôngga Panambangan, 2. Jayawidênta, 3. Jayaprakosa, 4. Jayaatkasa, 5. Jayasupônta, dene sanèsipun punika sami wontên ing jawi. Kangjêng pangeran lajêng kaajak malêbêt ing kamar ingkang lèr kilèn,

--- 196 ---

tuwan idêlèr kanthi tuwan oprup, sakalihan tuwan petor sarta tuwan posepal, kapitan drahgundêr ugi sami andhèrèk malêbêt wontên ing kamar.

Tuwan idêlèr matur dhatêng Pangeran Adipati Mangkunagara, têmbungipun: Kangjêng pangeran, jêngandika taksih nêtêpi dados putraning Kumpêni punapa murtat.

Kangjêng pangeran sarêng nampèni têmbung ingkang makatên wau, sanalika runtik panggalihipun, wadana sumaringah ringas, galak laraping paningal, tôndha yèn amêngku duka, pangraos dipun kroyoka botên sumêdya mundur, nanging ngantos dangu botên karsa ngandika, sarêng sampun sawatawis lêrêm lajêng mangsuli kalihan têmbung sarèh: Tuwan

dêlèr, tuwan oprup, tuwin tuwan petor, ing wêktu niki awak kula katon punapa, têka kalêbokake ing kamar kajaga ing akèh, aku isih rumasa dadi anake Kumpêni kang wuragil, sarta wus prajanji karo Tuwan Harêking nalika ana ing Salatiga, têka isih disujanani.

Tuwan dêlèr sakalihan tuwan oprup sumêrêp, bilih Pangeran Adipati Mangkunagara sêmu duka, lajêng sami ngrêrapu, têmbungipun: Kangjêng pangeran, mugi sampun kalintu ing panampi, saudara jêngandika para wadya Walandi anggènipun sami anjagi wontên ing ngarsa jêngandika, punika muhung amrih kawilujênganipun kangjêng pangeran, utawi rumêksa kawilujênganipun pulo Jawi, liripun makatên, kula kumapurun matur: Punapa têmên panjênênganipun kangjêng pangeran sumêdya anggêbag pêrang ing nagari Ngayogyakarta, sabab saking Kangjêng Ratu Bandara kakramakakên enggal punika.

Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mirêng aturipun tuwan dêlèr makatên [maka...]

--- 197 ---

[...tên] wau, sangêt gêtêr ing panggalih, dene Kumpêni sumêrêp prakawis punika, kangjêng pangeran dangu botên ngandika. Tuwan dêlèr matur malih kalayan maripih sarta nyongklok: Kangjêng pangeran sampun mawi pakèwêd, wantahipun prakawis punika punapa saking karsanipun pangeran piyambak, punapa sampun rujuk kalihan ingkang sinuhun kangjêng susuhunan.

Pangeran Adipati Mangkunagara ngandika: Inggih tuwan dêlèr, kula sampun angsal prajanji kalihan ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, badhe kabiyantu abdinipun prajurit, manawi sagêd kalampahan bêdhah ing Ngayogyakarta, kula badhe kaparingan sapalihing nagari, mila makatên awit kula ugi botên rumaos miwiti, ingkang damêl winihing pasulayan rama Sultan ing Ngayogyakarta piyambak.

Tuwan dêlèr sarêng mirêng pangandikanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, sakalangkung rêna panggalihipun, dene samangke sampun sagêd angsal katêrangan cêtha. Tuwan oprup wicantên: Kula mirêng yèn kangjêng susuhunan sampun tindak dhatêng dalêm Mangkunagaran rambah kaping 2. Tuwan dêlèr nyambêti: Malah kaping 3, mila kadospundi kangjêng pangeran, dene kangjêng susuhunan kagungan karsa kados makatên wau.

Wangsulanipun Pangeran Adipati Mangkunagara: Punika saking pamatawis kula kenging pangicukipun ingkang abdi santri 6, 1. nama Radèn Santri, 2. Pangeran Panêngah, 3. Radèn Wiradigda, 4. Radèn Kandhuruan, 5. Kyai Bahman, 6. Kyai Nursalèh.

Tuwan dêlèr sarêng mirêng pratelan wau saya suka ing panggalihipun, tumuntên nglarihi ngunjuk anggur, nanging kangjêng pangeran mundhut ngunjuk jênèwêr ngantos rambah kaping tiga. Tuwan dêlèr matur: Kangjêng pangeran, yèn makatên jêngandika lajêng iyasaa tangsi, mangke kula ingkang bantoni, pirantos [piranto...]

--- 198 ---

[...s] kangge griya pondhokanipun suldhadhu bôngsa kulit pêthak, tuwin griya kangge pondhokanipun para bopati pasisir saprajuritipun, punapadene krêtêg gantung sakawan pisan punika kaudhunna.

Kangjêng pangeran midhangêt pangandikanipun tuwan dêlèr makatên wau saya agêng panggalihipun, lajêng mundhut ngunjuk jênèwêr malih kalih rambahan, wangsulanipun Pangeran Adipati Mangkunagara, inggih prayogi.

Sarèhning sampun rampung pêrlunipun, Pangeran Adipati Mangkunagara sampun kalilan kondur, sawêdalipun saking kamar mariksani abdi ingkang ngampil-ampil, lajêng ngawe dhatêng tuwan oprup ing Surakarta, kapundhutan jênèwêr, abdi gangsal ingkang sami ngampil-ampil dipun larihi nigang gêlas, lajêng andumugèkakên kondur.

Sakonduripun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, tuwan idêlèr lajêng andhawuhakên dhatêng tuwan oprup ing Ngayogyakarta, abdinipun kangjêng sultan ing môncanagari, ingkang sapalih kadhawuhan ambarisi sawetan banawi Sanasèwu, dene sapalihipun abarisa sakidul kadhaton Surakarta, sarta ambêktaa mariyêm sakawan, ingkang ambêkta sêtabêl Walandi, sarampunging dhawuh tuwan oprup lajêng kalilan mantuk dhatêng ing Ngayogyakarta, tuwan dêlèr ugi lajêng kondur dhatêng ing Samarang badhe sadhiya Kumpêni ingkang badhe kakintunakên dhatêng Surakarta.

Tuwan dêlèr sarawuhipun ing Samarang lajêng ngaturi palapuran dhatêng kangjêng tuwan guprênur jendral ing Batawi, bilih nagari Surakarta samangke wontên ruwêd rêntêngipun, mila nyuwun biyantu para bopati pasisir tuwin ing Madura. Kangjêng tuwan guprênur sampun amarêngakên lajêng kadhawuhan andhawuhakên.

Gêntos kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, sarawuhipun [sara...]

--- 199 ---

[...wuhipun] ing dalêm lajêng animbali para kamisêpuh lurahing para punggawa, sami kadhawuhan mirantos griya tangsi kangge pondhokanipun para suldhadhu Walandi kulit pêthak, tuwin mirantosi griya kangge pabarisanipun para tiyang Madura kalayan enggal-enggalan, awit tuwan dêlèr wangsulipun dhatêng Surakarta badhe ambêkta prajurit warni kalih wau. Sarêng sampun rampung anggènipun dhêdhawuh sami kalilan mundur, ing ngriku wiwit tata-tata.

Nahên ta malih, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, anampèni palapuranipun para abdi ingkang sami pacak baris wontên ing dhusun Pedan, bilih prangipun kasêsêr binujêng dening mêngsah ngantos dumugi sawetaning lèpèn Dêngkèng, prajurit ingkang tatu 15, ingkang pêjah 12. Kangjêng pangeran lajêng utusan ngunjuki uninga dhatêng ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, kalihan anagih prajanji nyuwun biyantu.

Nalika samantên Tuwan Oprup Harsing ing Surakarta, dipun gêntosi Walandi saking Japara, wasta Tuwan Oprup Yohan Baron pan Leye. Punika sakalangkung ajrih asih dhatêng Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, kaakên sarta kaanggêp têtêp dados putranipun Kumpêni ingkang wuragil.

Kacariyos, Tuwin Dêlèr Yan Krope saking Samarang dhatêng ing Surakarta, kanthi tuwan dêlèr prang 2, tuwan dêlèr lautan 3, tuwan mayor rèkên, kalihan karerehanipun suldhadhu Walandi kulit pêthak 1500, prajurit tiyang Kêling Malar Makasar 1000, tuwin prajurit tiyang Madura 1000. Sarêng sampun sami dhatêng sadaya, pangagêng para tuwan dêlèr sapanunggilanipun, sami tindak dhatêng ing Mangkunagaran. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara mapagakên wontên ing regol, lajêng têtabean, saha tumuntên kaacaran lênggah ing kursi wontên pandhapa, [pandha...]

--- 200 ---

[...pa,] kang sugata pangunjukan, ing ngriku tuwan dêlèr sapanunggilanipun sami karsa ngunjuk jênèwêr sêsarêngan kalihan kangjêng pangeran nyatunggal gêlas, kangjêng pangeran lajêng malêbêt ing dalêm, ingkang putra Kangjêng Pangeran Prabu Prangwadana kadhawuhan manggihi para tamu wau, sarêng kangjêng pangeran adipati sampun wontên salêbêting dalêm, anata sêlir manggung kêtanggung kathahipun 60 tiyang, sami kabusanan sinjang cindhe abrit, sumêkan banguntulak têpèn, rasukan satin ijêm pranakan, mawi pênding, gêlung agêng cundhuk mêntul, nigang iji, tuwin cundhuk sêrat tanggalan, kalung krêga anggendhong pandêlar ngêmban karbin, sasampunipun katata kori agêng ing dalêm lajêng kaêngakakên, ing ngriku kangjêng pangeran adipati angumêndhiri kalihan ngasta têkên kajêng waru kados panjalin kaêcap, kapala mawi kaponthang jêne. Prajurit èstri malampah sakawan-sakawan, mêdal saking dalêm, ingkang wontên ngajêng tambur 4, slomprèt 4, tuwin suling 4, kaungêlakên sarêng. Para tuwan tamu sarêng miyarsa suwaraning tambur slomprèt suling wau, sami kagèt jumênêng ningali prajurit ingkang mêdal saking dalêm, sarêng lampahipun dumugi ngajêng paringgitan, kangjêng pangeran adipati kumêndhir malih, prajurit kèndêl majêng mangidul sap nênêm, tumuntên dipun kumêndhiri drèl, rambah kaping 3, ing dalêm sarambahanipun ungêling drèl sagêd sarêng rêmpêg, sakèndêling drèl tambur slomprèt tuwin suling sami kaungêlakên urmat, ing ngriku andadosakên suka eramipun para tuwan tamu, katitik sami goyang kêpala (gèdhèg-gèdhèg). Satêlasing pakurmatan, kangjêng pangeran adipati kumêndhir supados prajurit wangsul malêbêt ing dalêm, botên dangu kangjêng pangeran adipati miyos manggihi para tamu dhatêng pandhapa malih, tuwan dêlèr sakancanipun para tuwan sadaya sami têtabean, saha [sa...]

--- 201 ---

[...ha] ngaturakên tarima kasih dhatêng kangjêng pangeran adipati. Tuwan Dêlèr Yan Krope tumuntên angandika: Kangjêng pangeran adipati, kula masrahakên ingkang saudara Tuwan Mayor Rèkên, tuwin Kapitan Krisman dalah saprikancanipun suldhadhu Walandi kulit pêthak 200, sêtabêl Walandi 80, mariyêm 6, suldhadhu tiyang Kêling 60, Makasar tuwin Bogis 60, punapa malih Pangeran Panji Suradiningrat saprajuritipun Madura 1000, sami kula purih rumêksa kangjêng pangeran wontên ngriki. Kangjêng pangeran adipati amangsuli: Inggih, lajêng matur dhatêng tuwan dêlèr: Sarira kula punika ingkang kagungan, bapa kula tuwan dêlèr têtiga, utawi kangjêng tuwan guprênur jendral, punapa ing sakarsanipun kula sandika badhe anglampahi. Tuwan dêlèr têtiga amangsuli: Yèn

kangjêng pangeran adipati sampun miturut sarta narimah, Kumpêni saèstu amitulungi kaluhuranipun kangjêng pangeran adipati. Kangjêng pangeran adipati mangsuli: Inggih nuwun, lajêng matur dhatêng tuwan dêlèr: Yèn kula tinêkakake ing janji, enjing sontên, utawi pêjah pêrang, putu kula Pangeran Prangwadana punika ingkang kula kêkudang anggêntosana, amargi sampun kula pêndhêt anak, supados anglênggahana klasa gumêlar lungguhan kula. Tuwan dêlèr tuwin tuwan oprup, punapadene tuwan petor sami anêksèni sarta anyagahi sadaya, sarampunging pangandikan, para tuwan wau lajêng têtabean sami pamit mantuk dhatêng ngloji.

Sapêngkêripun tuwan dêlèr tuwin para tuwan-tuwan, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, lajêng nimbali ingkang putra Kangjêng Pangeran Prabu Prangwadana tuwin Ngabèi Rôngga Panambangan, sarêng sampun sami sowan, kangjêng pangeran adipati ngandika: Thole Prangwadana, apadene Rôngga [Rông...]

--- 202 ---

[...ga] Panambangan, kowe aja padha angeman waragad utawa kangelan, ngêmungna angeman marang aku bae, iya iku rumêksaa ing kalingsêmanku, mara Rôngga Panambangan papakna ing ngêndi prayogane pondhokane tuwan mayor lan tuwan kapitan iku, apadene panggonane suldhadhu bôngsa kulit putih, utawa wong Kêling, Bogis, Makasar lan Madura, padha pisahên sabangsane dhewe-dhewe. Aturipun Rôngga Panambangan: Gusti manawi kaparêng saking karsa dalêm, prayoginipun ingkang saudara tuwan mayor kalihan tuwan kapitan, kula pondhokakên ing griyanipun abdi dalêm urdênas Walandi Tuwan Pit, suldhadhu Walandi kulit pêthak kula pondhokakên ing pasowanan jawi manggèn sisih kilèn sapalih, sisih wetan sapalih, ing ngriku sampun kasadhiyanan patilêman, dalah kulah kakusipun. Dene prajurit tiyang Kêling, Makasar, Bogis, kawula pondhokakên sakidulipun kerêtêg ngajêngan, kilèn radinan sapalih, wetan radinan sapalih, patilêman jamban tuwin kakus ugi sampun mirantos. Dene Pangeran Panji ing Madura, dalah saprajuritipun Madura, kula pondhokakên salèring pêkên Lêgi, pondhok Banyumasan. Dhawuhipun kangjêng pangeran sampun kalêrêsan, lajêng kalilan mapanakên ing pondhokanipun piyambak-piyambak, punapa malih prakawis sêsêgahipun sadaya wau Rôngga Panambangan kadhawuhan anyumêrêpi piyambak sampun ngantos wontên ingkang kêkirangan, ingkang putra Kangjêng Pangeran Prabu Prangwadana enjing sontên kadhawuhan manggihi tuwan mayor sarta tuwan kapitan, sasampunipun rampung sadaya ingkang sami tampi dhawuh lajêng kalilan mundur.

Ngabèi Rôngga Panambangan lajêng angrukti pasugatan, para pangagêng tuwan-tuwan dalah têdhanipun wadyabala, ingkang katur Tuwan Mayor Rèkên, sadintênipun [sadintê...]

--- 203 ---

[...nipun] warni lêmbu 4 menda gèmbèl 4 kambangan 40 ayam 120, tigan ayam 200 tuwin uwos 400 dangan, yèn wanci jam 9 enjing warni tumpêng 400, jam 5 sontên ugi tumpêng 400. Ingkang dhatêng Pangeran Panji Suradiningrat, lêmbu 1, menda 3, kambangan 100, ayam 100, uwos 200 dangan, yèn jam 9 enjing tumpêng 500, jam 5 sontên ugi tumpêng 500.

Ing ngriku tuwan mayor anata mariyêm dalah wadyabalanipun, wontên margi parapatan ing pêkên Pon, mariyêm ingkang 2 kaajêngakên mangidul, kajagi tiyang sêtabêl 8, suldhadhu Walandi kulit pêthak 24 tiyang, mariyêm ingkang 2 majêng mangetan, kajagi tiyang sêtabêl 8, suldhadhu Walandi kulit pêthak 24 tiyang. Mariyêm ingkang 2 majêng mangilèn, kajagi tiyang sêtabêl 8, suldhadhu Walandi kulit pêthak 24 tiyang, sadaya ingkang sami jagi punika botên kenging cucul pangangge siyang dalu, lampahipun giliran sabên satêngah jam.

Tuwan Mayor Rèkên animbali Pangeran Panji ing Madura, sarêng sampun dhatêng kadangu, têmbungipun: Pangeran sampeyan ambêkta prajurit pintên, wangsulanipun Pangeran Madura: Kula ambêkta prikônca prajurit 1000, ingkang 600 dêdamêlipun tumbak, ingkang 400 dêdamêlipun sanjata. Tuwan mayor lajêng dhawuh: Pangeran Panji, sampeyan prentahake dhatêng prikônca sampeyan, yèn wayah jam 5 sontên, sampeyan abarisa wontên têngah pasar Lêgi. Pangeran Panji matur sandika angestokakên.

Kacariyos, barisan ingkang saking Ngayogyakarta, sampun dhatêng

--- 204 ---

manggèn sakiduling Kadhawung, bêkta mariyêm 4 dalah sêtabêl Walandi saking Ngayogyakarta, ingkang mangagêngi 1. Radèn Tumênggung Natayuda, 2. Radèn Tumênggung Jayawinata, 3. Radèn Tumênggung Jayawikrama, dalah prajuritipun lêbêt, tuwin môncanagari.

Barisan ingkang dhatêng saking pasisir, lajêng manggèn ing Sanasèwu sawetaning bênawi, bêkta mariyêm dalah sêtabêlipun Walandi saking Rêmbang, pangagêngipun 1. Radèn Rôngga Prawiradirja ing Madiun, 2. Radèn Tumênggung Mangunrasa ing Padhangan, 3. Radèn Tumênggung Mangunnagara ing Garobogan, 4. Radèn Tumênggung Nitinagara ing Jipan, dalah wadya prajurit arahan.

Kacariyos, tuwan dêlèr têtiga sami pirêmbagan, sumêdya nyuwun abdinipun ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, tiyang nênêm, 1. Radèn Santri, 2. Pangeran Panêngah, 3. Radèn Kandhuruan, 4. Radèn Wiradigda, 5. Kyai Bahman, 6. Kyai Nursalèh. Sasampuning golong rêmbagipun, tuwan oprup kalihan tuwan petor ingkang kautus malêbêt ing kadhaton, pinanggih ingkang sinuhun, tuwan oprup umatur: Pisowan kula ing ngarsa paduka kautus tuwan dêlèr, sapisan ngaturakên ingkang tabe, kaping kalih kautus nyuwun abdi paduka 1. Radèn Santri, 2. Pangeran Panêngah, 3. Radèn Kandhuruan, 4. Radèn Wiradigda, 5. Kyai Bahman, 6. Kyai Nursalèh.

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan sarêng nampèni utusanipun tuwan dêlèr, panggalihipun gêtêr kagèt sêmu duka, lajêng ngandika: Oprup, petor, matura mênyang tuwan dêlèr, baturku nênêm mau padha wong santri, ora dadi abahane nagara, gawene mung mratakake agama, anêtêpake uwong kapurih sêmbahyang, yèn mêksa dijaluk, sapele [sape...]

--- 205 ---

[...le] prakarane. Nanging tuwan oprup angudi sangêt-sangêt ing panyuwunipun, wangsulanipun ingkang sinuhun: Oprup lan petor, padha muliha dhisik, matura tuwan dêlèr, sapungkurmu dakpikire. Tuwan kêkalih sami pamit lan lajêng mantuk.

Sapêngkêripun para tuwan wau, ingkang sinuhun taksih lênggah ing jawi, sangêt ing pangungunipun sarta anggagas, bab tuwan dêlèr têtiga anggènipun sami dhatêng ing Surakarta, ing ngriku lajêng anampèni palapuranipun abdi dalêm wadana lêbêt, bilih ing dhusun Kêdhawung wontên barisan agêng, ing Sanasèwu ugi wontên barisan agêng, ing dalêm Mangkunagaran inggih wontên barisan agêng, mênggah wadyanipun môncawarni Walandi, Makdhar, Bogis, Makasar, Kêling tuwin Madura, miwah pasisir kilèn. Ingkang sinuhun lajêng andhawuhakên, sadaya abdi dalêm prajurit sami botên kaparêng kesah-kesah, utawi kagungan dalêm mariyêm, sami kadhawuhan angrakit, manggèn ing margi-margi agêng wontên prapatan gadhing majêng mangetan 2,

majêng mangidul 2, majêng mangilèn 2, kajagi prajurit 40, abdi dalêm abrit 100, kaparak têngên 50.

Ingkang wontên margi Bathangan, mariyêm, majêng mangidul 2, majêng mangetan 2, majêng mangalèr 2, kajagi abdi dalêm prajurit udan-udanan 100, kaparak têngên 50.

Kagungan dalêm mariyêm ingkang katata margi prapatan ing Cayudan, ingkang 2 majêng mangalèr, ingkang 2 majêng mangilèn, ingkang 2 majêng mangidul, kajagi prajurit 40, abdi dalêm cêmêng 100, abdi dalêm kaparak kiwa 50.

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan panggalihipun taksih têtêg, taksih panggah aprayitna, ing sabên dalu botên towong ingkang sinuhun tindak angrondhani [a...]

--- 206 ---

[...ngrondhani] piyambak dhatêng panggenanipun para abdi dalêm prajurit.

Anyariyosakên kagungan dalêm mariyêm nama Kyai Pôncawara, nalika kangge pêrang wontên ing Kartasura buntêt, punika cariyosipun kalêbêt dukaning nagari, jinôngka, sapa-sapa kang bisa ambolong marang Kyai Pôncawara, iku bakal jumênêng ratu lêlananging jagat.

Kacariyos, tuwan oprup kalihan tuwan petor, anggènipun sowan ingkang sinuhun ngantos rambah kaping tiga, dipun kèngkèn tuwan dêlèr, nyuwun tiyang nênêm wau. Panggalihipun ingkang sinuhun kangjêng susuhunan taruna taksih têtêg, têksih kêkah tur taksih panggah, ing sabên dintên kalihan kasukan lêlangên bêdhayan wontên ing pandhapa agêng. Sarêng nalika malêm Anggara Kasih ingkang sinuhun kangjêng susuhunan tindak dhumatèng panggenanipun Kangjêng Kyai Pôncawara, kadhèrèkakên Radèn Santri, tuwin Pangeran Panêngah sarta tiyang santri ngulama 40, sarwi ambêkta dupa 4, sajèn warni-warni katata sakiwatêngênipun kangjêng kyai maju sakawan, ingkang punika Kangjêng Kyai Pôncawara dipun jara sumbunipun, kaasta ingkang sinuhun kangjêng susuhunan pribadi, sarwi ngandika dhatêng Radèn Santri tuwin Pangeran Panêngah: Bocahku ngulama kabèh purihên padha angapalna donga subkanallahi, wong siji-sijine kaping 100, lan padha salata kajat, tasbèh loka, sarêng ing dalu wau butul jablas. Sarêng sami sadalu tumuntên mundhut kamus,

saking ing ngajêng Kangjêng Kyai Pôncawara sumarowong, tiyang santri ngulama sami andonga kajat, sarêng sampun bakda ingkang sinuhun kondur angadhaton, tumuntên ingkang sinuhun kangjêng susuhunan andhawuhakên parentah, kagungan dalêm mariyêm andhungan ingkang wontên ing sitinggil, kadhawuhan ngudhunakên sadaya, katata wontên ing pagêlaran majêng mangalèr, sami dipun isèni sêndawa.

--- 207 ---

Kangjêng Kyai Pôncawara kadhawuhan ngukur lomponganipun badhe kadamêlakên mimis waja, sarta kajagenan prajurit sadaya, Radèn Santri tuwin Pangeran Panêngah sami katingal anggagrak, sami umatur dhumatèng ingkang sinuhun kangjêng susuhunan: Sampeyan dalêm ingkang sinuhun sagêd ambolong Kyai Pôncawara, inggih punika ratu lêlananging jagat, manawi ngadhaton ing sawetanipun bênawi, salèripun padhusunan ing Bêkonang, punika badhe jumênêng karaton waliyolah.

Ingkang sinuhun kangjêng susuhunan angandika: Puluh mangkonoa kae kowe wong 6, padha dijaluk ing Walônda, apa kowe padha dakkukuhi, apa kowe dakulungake apa kapriye bakal dak labuhi.

Aturipun Radèn Santri tuwin Pangeran Panêngah: Ingkang punika kangjêng susuhunan prayogi kaulungakên, tiyang punapa kula, tiyang sêmut, tiyang rayap, olèng-olèng, utik-utik, botên pantês yèn kula dipun kêkahana, dipun labuhi ing sang prabu.

Ananging manawi ingkang sinuhun lingsêm amaringakên, sabab panjênêngan ratu agung binathara, agêng inggil tur kusuma rêmbêsing madu, môngka abdine wong 6, tur padha kinasih padha dibônda Walônda diulungake marang wong kapir, ingkang punika ingkang sinuhun kangjêng susuhunan eca lêlangên kasukan, sarta tayuban wontên ing pandhapa agêng, ing sabên dalu lèdhèkipun lare jalêr.

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Arya Purubaya, akalihan Kangjêng Radèn Adipati Jayaningrat, sami sowan ingkang sinuhun dhatêng karaton, dipun panggihi wontên ing pringgitan, sami pinarak ing jarambah, ingkang sinuhun kangjêng susuhunan ngandika: Wontên karsanipun punapa rama Pangeran Purubaya, dene wangunipun têka gêtêr, apadene kowe

--- 208 ---

kakang Jayaningrat, tumuntên Kangjêng Pangeran Arya Purubaya ngandika matur kalihan muwun, akêkotos: Sunan-sunan, kowe wêlasa ing aku gèr, wêlasana bocah-bocahmu kabèh gèr, lan angemana nagaramu, lan sapa wonge sing koandêlake gèr, anadhahi budi lan karosane uwakamu kakang mas Pangeran Adipati Mangkunagara, nadyan suwargi bapakamu kakang mas sinuhun wêgah, suwargi eyangamu bapak iya kalah, galo kangjêng sunan, uwakamu kakang mas Pangeran Adipati Mangkunagara dijago-jago karo Walônda, kang nêdya angêbrêki karatonmu, dene yèn ana panjaluke Walônda tuwan dêlèr bocahmu nênêm iku wènèhna gèr, ulungêna lan cêkêlên bandanên, têrna mênyang loji, ngemana wêlasa mênyang baturmu kang akèh-akèh.

Ing nalika wêktu punika sampun takdir karsaning Allah, Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping 4 têka miris amiyarsakakên aturipun ingkang rama Pangeran Arya Purubaya, kalihan Kangjêng Radèn Adipati Jayaningrat.

Tumuntên ingkang sinuhun kangjêng susuhunan ngandika: Yèn kaya mangkono kakang Jayaningrat, iya uwis padha cêkêlana banjur pasrahna mênyang Tuwan Dêlèr Krope, lan tabeku marang tuwan dêlèr katêlu pisan paringna.

Ingkang punika Radèn Santri, Pangeran Panêngah, Radèn Wiradigda, Radèn Kandhuruan, Kyai Bahman, tuwin Kyai Nursalèh 6 tiyang sami kacêpêngan, kaladosakên bêbandan dhumatèng ngloji, dipun aturakên dhatêng Tuwan Dêlèr Yan Krope, kalihan maringakên tabe dalêm dhatêng kangjêng tuwan dêlèr têtiga. Wangsulanipun tuwan dêlèr tarima kasih banyak-banyak, tumuntên tiyang 6 kalajêngakên dhatêng ing Samarang, saking Samarang dipun [di...]

--- 209 ---

[...pun] lajêngakên dhatêng ing Batawi. Dene tuwan dêlèr têtiga lajêng sami sowan ingkang sinuhun kangjêng susuhunan, nyuwun pamit badhe mantuk dhumatèng Samarang, saunduripun saking kadhaton wanci sontên jam 4 tindak dhumatèng ing Mangkunagaran, kalihan tuwan mayor sarta tuwan kapitan, punapadene tuwan oprup. Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara gupuh amêthuk, sasampunipun bage-binage lajêng kaacaran sami lênggah, salêbêtipun wontên ing dalêm Mangkunagaran, tuwan dêlèr andhawuhakên bibar ingkang sami pacak baris sadaya, wadyabala ing Ngayogyakarta ingkang wontên ing Kêdhawung, tuwin

wadyabala ing pasisir ingkang wontên Sanawèwu, sarta wadya Kumpêni ingkang wontên Mangkunagaran dalah wadya Madura, sadaya lajêng sami kalilan mantuk. Wondene Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara ingakên têtêp putraning Kumpêni.

Ing sapêngkêripun baris Kumpêni Walandi tuwin prajurit Madura sapanunggilanipun, saking Mangkunagaran, botên watawis wulan laminipun, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara nampèni arta kathahipun sadasa èwu ringgit, saking pakintunipun tuwan guprênur jendral ing Batawi, lumantar tuwan dêlèr ing Samarang tuwin tuwan oprup ing Surakarta, minôngka lintuning prabeya pandamêling panggenan dalah têdhanipun para prajurit nalika wontên ing Mangkunagaran wau, punapa malih wiwit kala samantên Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara kapanci balônja saking Kumpêni sabên wulan Mulud kathahipun kawan èwu ringgit.

Nalika samantên saking kaparêngipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, para abdinipun punggawa sami kaparingan epok, lampit sarta payung ijêm mawi sèrèt praos, dene para mantri dhusun payungipun biru sèrèt, para dêmang payungipun abrit sèrèt.

--- 210 ---

Kacariyos, Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara lajêng kataman gêrah rêkaos, para pangeran tuwin para bopati sami sowan tuwi dhatêng ing Mangkunagaran, tuwan oprup ugi martuwi, sadhatêngipun ing Mangkunagaran lajêng sami kairid lumêbêt dhatêng ing dalêm dening Kangjêng Pangeran Prangwadana. Sarêng tuwan oprup sampun lênggah cêlak ing pasarean, kangjêng pangeran adipati lajêng ngandika dhatêng tuwan oprup: Saudara, lara kula kaya sampun badhe tinêkakake ing janji, ing mangke kula mung mêkas dhatêng saudara, yèn kula kalajêng surud, ingkang kula wênangakên anggêntèni putra kula Pangeran Prabu Prangwadana kayadene wêkas kula dhatêng tuwan dêlèr ing Samarang. Wangsulanipun tuwan oprup: O, inggih saudara, sampun sumêlang ing panggalih saliring wêwêling paduka saèstu kula èstokakên, mila sampun kathah-kathah ingkang kagalih.

Kacariyos, nuju ing dintên Sênèn Pon wanci jam 10 siyang, gêrahipun Pangeran Adipati Mangkunagara kalajêng seda, para èstri ing dalêm Mangkunagaran sami gumêrah nangisi dalah para putra wayah sami karuna. Tuwan Oprup Johan Baron pan dhê Redhe tumuntên dhatêng Mangkunagaran, sarwi ambêkta prajurit Walandi inpantri 24 dalah upsiripun, sarta kapalêri 14 saupsiripun, dene ingkang jumênêng nata ing

Surakarta kala samantên, sampun gumantos ingkang putra, inggih punika Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping 4, ugi tindak ing dalêm Mangkunagaran, kadhèrèkakên para pangeran ing Surakarta sadaya, tuwin Radèn Adipati Jayaningrat, dalah para bopati wadana kaliwon sapanèwu mantrinipun, sarta para bopati môncanagari. Sarêng pangupakaraning layon sampun paripurna, ingkang sinuhun kangjêng susuhunan lajêng kondur, kadhèrèkakên para pangeran [pange...]

--- 211 ---

[...ran] sawatawis, dene para pangeran ingkang sami botên andhèrèkakên kondur dalêm, tuwin radèn adipati sakarerehanipun, sami kantun anênggani layon.

Sarêng wanci jam 2, nunggil siyang wau layon kaangkatakên dhumatèng pasarean Mangadêg, para pangeran ing Surakarta sarta radèn adipati dalah para bopati kaliwon sami angrêmbat gêntos-gêntos, dumugi ing Gladhag kaurmatan ungêling mariyêm saking balowarti loji kaping 9, ing ngriku ingkang ngrêmbat layon lajêng dipun gêntosi dening para panèwu mantri ngantos dumugi ing Baturana, kasabrangakên ing bênawi sarana baita, dumugi sawetaning sabrangan karêmbat abdi ing Mangkunagaran, pangkat ngabèi dêmang sabawah Matesih, ngantos dumugi ing pasarean ardi Mangadêg wau, dene ingkang andhèrèkakên layon, prajurit drahgundêr Walandi kalêbêt tindhihipun sêrsan kathahipun 12, abdi dalêm Kasunanan, prajurit nirpraja dêdamêlipun waos anjajari 40, lurahipun 6, pangagêmipun bopati Kyai Tumênggung Mangkuyuda, tuwin Radèn Tumênggung Suradilaga, kaliwon Radèn Ngabèi Wôngsadirja, Radèn Ngabèi Suryaadiwijaya, panèwu mantri cacah 8. Abdi Mangkunagaran ingkang tumut ngrêmbat layon tiyang madyakrama 44, sami mangangge udhêng, rasukan, sinjang sruwal pêthak sadaya, kêtib 4, suragama 40, ingkang ambêkta waos anjajari prajurit tiyang Kauman madyan 44, prawiran 44, songsong 4, padupan 4, sawur 12 bokor, prajurit gulang-gulang 54, wontên sangajênging layon pangagêngipun Pangeran Arya Purbanagara, 2 Radèn Tumênggung Suryaditruna, tuwin Radèn Ngabèi Rôngga Panambangan kaping 2, ambêkta sawur, arta sêlawat 500 reyal, punggawa 10, lurah lêbêt 4, lurah jawi 6, dêmang 8.

--- 212 ---

Wondene para abdi ingkang botên andhèrèk, sami tuguran ing dalêm agêng Mangkunagaran, saha mirantos dêdamêl. Tuwan Oprup Baron pan dhê Redhe ugi tugur, pondhokanipun wontên ing ngandhap panggung

agêng manggèn kamar kidul kilèn, dhaharipun inggih kawontênakên saking Mangkunagaran, sarta prajurit Walandi ingkang andhèrèk tugur inpantri 20, tindhih litnan, manggèn ing pandhapa anjagèni kori wetan kilèn, lampah giliran, manawi wanci dalu katutup sorog kacêpêng litnanipun. Drahgundêr 14, tindhih ugi litnan, pondhokanipun wontên balemangu, anjagi kori dalêm tuwin kori agêng ngajêngan, manawi wanci dalu katutup saha dipun kunci sorog kacêpêng litnanipun. Mênggah tumindaking panjagi ingkang makatên punika, sadangunipun dèrèng wontên ingkang gumantos jumênêng pangeran adipati.

Ing sasugêngipun Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara kaping 1 wau, apêputra kados ing ngandhap punika pratelanipun.

1. Putri, dèrèng nama seda., 2. Radèn Mas Sura, diwasanipun asma: Pangeran Arya Prabu Wijaya, krama angsal Gusti Kangjêng Ratu Alit, lajêng apêputra, Pangeran Arya Prangwadana, sasurudipun ingkang eyang lajêng jumênêng anggêntosi, asma: Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang kaping 2 ing Surakarta., 3. Nama Radèn Ayu Sombrong, inggih Radèn Ayu Anggèr, krama angsal Radèn Tumênggung Yudanagara ing Banyumas., 4. Radèn Ayu Suryanagara, ing Kaduwang., 5. Radèn Ajêng Sri, nama Radèn Ayu Suryanagara ing Kaduwang, ngarangulu ingkang bok ayu.

--- 213 ---

6. Radèn Ajêng Sêmi, nama Radèn Ayu Ônggadirja, inggih Wôngsadirja., 7. Radèn Ayu Surya, ing Kabanaran., 8. Radèn Mas Slamêt, nama Pangeran Arya Purbanagara., 9. Radèn Ajêng Soblêm, nama Radèn Ayu Rêksanagara ing Têgal., 10. Radèn Mas Sakatun, nama Radèn Mas Suryaditruna., 11. Radèn Ajêng Srêndêp, nama Radèn Ayu Mangkukusuma., 12. Radèn Ayu Puspakusuma, ing Surakarta., 13. Pangeran Arya Padmanagara, ing Wirasaba., 14. Radèn Mas Tumênggung Arya Suryamarjaya, ing Wirasaba., 15. Radèn Mas Tumênggung Arya Suryakusuma, ing Pace., 16. Radèn Ayu Adimênggala, ing Samarang., 17. Radèn Ayu Wiryanagara, ing Lasêm., 18. Radèn Ayu Purwanagara, ing Surakarta., 19. Radèn Ayu Citrasoma, ing Pangampon Samarang., 20. Radèn Ayu Rônggasatata, ing Surakarta., 21. Radèn Mas Arya Amijayasarosa, ing Surakarta., 22. Radèn Mas Tumênggung Arya Suryakaskaya, ing Wirasaba., 23. Radèn Mas Arya Amiyajasantosa, ing Surakarta, 24. Radèn Mas Arya Jayadimulya, ing Surakarta., 25. Radèn Mas Arya Suryadilaga, ing Surakarta.

--- 0 ---

Ringkêsaning cariyos, namung kapêndhêt ingkang pêrlu-pêrlu.

Bab 1 Kaca 5 Pratelan: Sasurud dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana sapisan ing Kartasura, lajêng kagêntosan ingkang putra, inggih punika panjênênganipun nata ingkang nêdhakakên têrah-tumêrahing Mangkunagaran. / Bab 1 Kaca 6 Pratelan: Ewahing adat wiradat karaton ing Kartasura, andadosakên ruwêt-rêntênging praja. / Bab 1 Kaca 10 Pratelan: 1. Ngramanipun Pangeran Balitar, Pangeran Purbaya, tuwin Pangeran Riya. / Bab 1 Kaca 12 Pratelan: 2. Kasrakatipun nagari Kartasura. / Bab 1 Kaca 14 Pratelan: Patih Cakrajaya ing Kartasura kakunjara. / Bab 1 Kaca 19 Pratelan: Sedanipun Pangeran Balitar wontên ing Malang. / Bab 1 Kaca 20 Pratelan: Prigêlipun Tuwan Amral nyêpêng kraman Pangeran Purbaya tuwin Pangeran Riya sapandhèrèkipun sarana mawi nandukakên têmbung alus. / Bab 1 Kaca 24 Pratelan: Wêlingipun sang prabu ing Kartasura dhatêng Patih Danurêja ing salêbêtipun gêrah, dumugi sang prabu seda. / Bab 1 Kaca 25 Pratelan: Surud dalêm sang prabu atilar putra kakung putri gunggung 42. / Bab 2 Kaca 30 Pratelan: Salinthutipun Patih Danurêja kalihan Kangjêng Ratu Agêng, punapadene kirang anon rungonipun duta saking gusti, andadosakên kuciwanipun tindaking praja

--- 0 ---

Bab 2 Kaca 35 Pratelan: Pawèstri ingkang andadosakên kasangsayanipun Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, anggènipun angagêm panggalih ngarah apa, ngantos andadosakên kendhangipun, jalaran saking kirang wiyaring panggalihipun sang prabu. / Bab 2 Kaca 38 Pratelan: Patih Danurêja wontên ing Batawi susah sangêt, ngantos prasasat dipun ukum, jalaran kengis bêbudènipun ingkang botên jujur. / Bab 2 Kaca 41 Pratelan: Wêcanipun Ki Sèh Wanawasa, tiyang ingkang waskitha dhatêng darajading karaton. / Bab 2 Kaca 46 Pratelan: Patih Danurêja kacêpêng wontên ing Samarang, kinunjara lajêng kakendhang, mèh sarêng kalihan angkatipun Pangeran Adipati Mangkunagara kakendhang. / Bab 2 Kaca 49 Pratelan: Putranipun Pangeran Adipati Mangkunagara sadaya gunggung 16. / Bab 3 53 Pratelan: Risaking adil, bibrahing adat, andadosakên puyênganipun para tiyang siti, anjalari gègèring jaman, têmah karaton ing Kartasura kabêdhah dening bôngsa Cina, sang prabu ngantos kèngsêr. / Bab 3 Kaca 56 Pratelan: Wiwitipun Radèn Mas Suryakusuma atilar praja mêdal saking Kartasura, pangramanipun ngantos dumugi kêmpal kalihan Sunan Kuning kaparingan nama Pangeran Prangwadana.

--- 0 ---

Bab 3 Kaca 66 Pratelan: Lolosipun Pangeran Buminata tuwin pêthalipun Pangeran Prangwadana saking Sunan Kuning. / Bab Bab 3 66 Pratelan: Pangeran Prangwadana wiwit mangun brata wontên ing Sokawati, salajêngipun kajumênêngakên nata dening Pangeran Singasari, ajêjuluk Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara. / Bab 3 Kaca 70 Pratelan: Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara katimbalan kondur ing sang prabu dhatêng Kartasura, saha dipun paripih dening pangeran Pancuran saha sêrat ingkang sinawung ing sêkar. / Bab 3 Kaca 76 Pratelan: Pêpanggihanipun Tuwan Hogêndhorêp kalihan Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara wontên ing dhusun Picis. / Bab 3 Kaca 81 Pratelan: Pangeran Adipati Anom Amêngkunagara wontên ing Panambangan jumênêng sultan jêjuluk Kangjêng Sultan Adiprakosa, Senapati Ngayuda Lêlana Jayamisesa Prawira Adiningrat, ing ngriku dhampar lajêng kasambêr ing gêlap, lajêng santun sasêbutan Pangeran Adipati Mangkunagara. / Bab ... Kaca 81 Pratelan: Pindhahipun karaton Kartasura dhatêng ing Surakarta, sarta miyosipun Pangeran Mangkubumi saking Surakarta, saèstu damêl ngêrêsing manah, tujunipun Pangeran Mangkubumi wau tiyang agung ingkang wantêr sarta dibya.

--- 0 ---

Bab 4 Kaca 84 Pratelan: Kasrakatipun Adipati Martapura. / Bab 3 Kaca 90 Pratelan: Kajuliganipun Tumênggung Surawijaya, sampun kakêpang sagêd oncat saking padunungan botên ngantos kapikut. / Bab 3 Kaca 93 Pratelan: Kasrakatipun Pangeran Adipati Mangkunagara wontên ing wana Papringan, ngantos nuwuhakên kaelokan. / Bab 3 Kaca 95 Pratelan: Pangeran Adipati Mangkunagara angsal wêwêngan. / Bab 3 Kaca 97 Pratelan: Pangeran adipati angsal sasmita sarta sagêd ambabarakên kaelokan. / Bab 3 Kaca 99 Pratelan: Pangeran Adipati Mangkunagara angsal guru ingkang linangkung sarta piwulangipun dakik sangêt, têmah tapa antuk pusaka tambur kalihan bandera ingkang langkung elok. / Bab 3 Kaca 111 Pratelan: Pangeran Arya Mangkubumi wiwit anggêbag karaton Surakarta. / Bab 3 Kaca 112 Pratelan: Suraosipun abên gêmak tuwin abên sawung. / Bab 3 Kaca 113 Pratelan: Sedanipun Radèn Ayu Sêpuh wontên ing dhusun Sênêng, wontên kaelokanipun. / Bab 3 Kaca 116 Pratelan: Kapèpètipun Pangeran Adipati Mangkunagara mêngsah Kumpêni ngantos dhawah kalêbêt ing jurang. / Bab 3 Kaca 125 Pratelan: Pangeran Arya Mangkubumi jumênêng sultan wontên ing Kabanaran.

--- 0 ---

Bab 4 Kaca 128 Pratelan: Surud dalêm sinuhun ingkang kaping 2 ing Surakarta, layon sumare ing Lawiyan. / Bab 4 Kaca 129 Pratelan: Jumênêngipun sinuhun ingkang kaping 3 ing Surakarta. / Bab 4 Kaca 144 Pratelan: Sedanipun Pangeran Adiwijaya, mastakanipun katigas dening Kumpêni. / Bab 5 Kaca 149 Pratelan: Sultan ing Kabanaran tampi makutha saking Sultan ing Rum. / Bab 5 Kaca 154 Pratelan: Kasagahanipun Sèh Ibrahim, mikantukakên panduman sapalihipun tanah Jawi dhatêng Sultan ing Kabanaran. / Bab 5 Kaca 156 Pratelan: Têtêpipun Pangeran Mangkubumi jumênêng sultan wontên ing Ngayogyakarta. / Bab 5 Kaca 157 Pratelan: Pêpanggihanipun Sinuhun ing Surakarta, kalihan ingkang rama Sultan ing Ngayogyakarta, wontên ing dhusun Giyanti, bab pambagenipun siti ing tanah Jawi. / Bab 5 Kaca 160 Pratelan: Sedanipun Adipati Pringgalaya amung mawi gêrah kalih dintên, jalaran saking wirang kawêlèhakên tindakipun ingkang botên lêrês dening tuwan oprup. / Bab 5 Kaca 162 Pratelan: Tiwasipun Tuwan Sêkèbêr pêrang wontên ing Grobogan. / Bab 5 Kaca 169 Pratelan: Sêrat paring dalêm Ingkang Sinuhun ing Surakarta dhumatèng Pangeran Adipati Mangkunagara kala wontên ing Gumantar.

--- 0 ---

Bab 5 Kaca 171 Pratelan: Konduripun Pangeran Adipati Mangkunagara sagarwa putra tuwin para abdi sadaya dhatêng ing Surakarta. / Bab 6 Kaca 173 Pratelan: Bab pêpanggihanipun Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ingkang kaping 3 ing Surakarta, kalihan Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, punapadene Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Mangkunagara, wontên ing Salatiga, bab pambagenipun siti tanah Jawi, kajênêngakên dening Dêlèr Harêking tuwin Pèktor ing Samarang. / Bab 6 Kaca 178 Pratelan: Pasulayanipun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta, kalihan ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara ing Surakarta. / Bab 6 Kaca 186 Pratelan: Cidranipun Kangjêng Sultan ing Ngayogyakarta dhatêng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunagara, andadosakên muntabing panggalih. / Bab 6 Kaca 187 Pratelan: Sedanipun Sinuhun Pakubuwana ingkang kaping 3 ing Surakarta. / Bab 6 Kaca 188 Pratelan: Jumênêngipun sinuhun ingkang kaping 4 ing Surakarta. / Bab 6 Kaca 190 Pratelan: Dhadhakan badhe pêrangipun karaton Surakarta, kalayan Ngayogyakarta jalaran saking pamêngku. / Bab 6 Kaca 210 Pratelan: Sedanipun Pangeran Adipati Mangkunagara wontên ing Surakarta atilar putra kakung putri sadaya gunggung 25.

Isinipun Sêrat Punika

Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ing Kartasura, sasurudipun ingkang rama, dumugining kakendhangakên ... Kaca 29 / Bab 3 ... Lêlampahanipun Radèn Mas Suryakusuma (Said) sapêngkêripun ingkang rama kakendhangakên, ngantos dumugining lêlana andon yuda ... Kaca 50 / Bab 4 ... Lêlampahanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, salêbêtipun dêdalêm wontên ing Panambangan (Nglaroh) ngantos dumugi pêthal kalihan Sinuhun ing Kabanaran ... Kaca 78 / Bab 5 ... Lêlampahanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, wiwit pêthalipun kalihan Sinuhun Kabanaran, ngantos dumugi konduripun dêdalêm ing nagari Surakarta ... Kaca 149 / Bab 6 ... Lêlampahanipun Kangjêng Pangeran Adipati Mangkunagara, wiwit dêdalêm ing nagari Surakarta ngantos dumugi ing surudipun / Ringkêsaning cariyos, namung kapêndhêt ingkang pêrlu-pêrlu ... kaca 214

1. Sengkalan: sukaning sarira ngrasa tunggal (Kêmis, 1 Sapar 1681 A.J., Kamis, 6 November 1755 A.D.).
2. § Sampun winêling ingkang pêrlu-pêrlu.
3. § Dalêm ing Mangkuyudan punika inggih ing Mangkunagaran sapunika.
4. Sengkalan: panêmbahing dipôngga angoyak jagad (Kêmis Paing, 5 Jumadilakir 1682 A.J., Kamis, 24 Pebruari 1757 A.D.).
5. têmbungipun.
6. Sengkalan: guna bujôngga rasa wani (Sêtu Lêgi, 5 Jumadilawal 1683 A.J., Minggu, 15 Januari 1758 A.D.).
7. Gusti.
8. Sengkalan: têrus liman ngobahkên jagad (Jumuwah, 15 Jumadilawal 1689 A.J., sic. seharusnya: Jumuwah, 15 Rabingulawal 1689 A.J., Jumat, 23 September 1763 A.D.).
9. 1689.
10. Sengkalan: rupa wadana rasa tunggal (Kêmis Paing, 6 Rêjêb 1691 A.J., Kamis, 19 Desember 1765 A.D.).
11. 1691.
12. Sengkalan: warsa rupa swara tunggal (1714 A.J., 1787/88 A.D.).
13. Sengkalan: bayu putra nitih janma (Sênèn Paing, 29 Bêsar 1714 A.J., Selasa, 30 September 1788 A.D.).
14. ing Ngayogyakarta.
15. katingalipun.
16. Sengkalan: pandhita wadi swara aji (Akat Pon, 2 Sura 1717 A.J., Minggu, 12 September 1790 A.D.).
17. Harêking.